Ираф

IV
2020

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА

УЧРЕДИТЕЛЬ И ИЗДАТЕЛЬ
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания

Журнал издается с февраля 1991 года

Главный редактор
Эльбрус СКОДТАЕВ

Редколлегия
Тамерлан Камболов
Таймураз Тамаев
Руслан Бабочиев
Амурхан Кибиров
Милуся Будаева

Редакция
Виталий Колиев – заместитель главного редактора
Альбина Такоева
Валентина Миндзаева
Наталья Семенова
Джульетта Бузоева

ВЛАДИКАВКАЗ, 2020

Ираæф

IV
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ

ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

Сæйраг редактор
СКЪОДТАТИ Эльбрус

Редколлеги
Хъамболти Тамерлан
Тамати Таймураз
Бабочити Руслан
Къибирти Амурхан
Будайти Милуся

Редакци
КОЛИТИ Витали – сæйраг редактори хуæдæййевæг
Такъоти Альбинæ
Миндзайти Валентинæ
Семенова Наталья
Бузойти Джульеттæ

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2020

НӀМЕРИ ЕС:

Финсгути цӕдеси архайдӕй

Карни фӕдбӕл цӕугӕй 5
Уӕрӕсей Финсгути цӕдеси сӕрдар
Николай Иванови хӕццӕ интервью.....7

Прозӕ ӕма поэзи

Николай Иванов. *Фиццаг ка ӕхсуй, е. Уацау.* 20
Рӕмонти Зӕлинӕ. *Радзурдтӕ* 32
Колити Витали. *Ӕмдзӕвгитӕ* 53
Хъазбегти Хъазбег. *Стъалутӕ нӕ баминӕг ӕнцӕ.*
Скъуддзӕгтӕ романӕй. Кӕрон.....64
Будайти Аслӕнбег. *Ӕмдзӕвгитӕ*.....103

Ноуӕг тӕллауӕ

Александр Вампилов. *Хистӕр фырт. Дыууӕархайдон комеди* 111

Нӕ юбиляртӕ

Касаты Батрадз – 70! *Ӕмдзӕвгӕтӕ*.....159

Сфӕлдистадӕн бунтӕй

Скъодтати Амурхан. *Фӕстаг лӕбурд. Радзурд*.....170
Хайманти Геуӕрги. *Донесӕни. Радзурд*.....174
Цӕрикъати Барис. *Фатимӕ. Радзурд*.....179

Уӕлахиз – 75!

Ку багъудӕй лӕги сӕр. 185

Сабийти дуйне

Бӕгъатӕр Нартӕ. *Идарддӕр*.....232

Нӕ фиддӕлти историйӕй

Цакъоти Руслан. *Тъӕпӕн Дигори ӕхсӕнадӕ*.....236

Публицистикӕ

Дзидзойти Валерий. *Зинвӕндӕгтӕбӕл рацӕуӕг* 244
Мӕрзойти Ислам-бек. Малхъарти Нателлӕ.
Иристонӕй – арви кӕрӕнттӕмӕ. Кӕрон 283

ФИНСГУТИ ЦÆДЕСИ АРХАЙДÆЙ

КАРНИ ФÆДБÆЛ ЦÆУГÆЙ

Еци-еу хузæнæй неци изайуй. Æййевгæ цæунцæ бæнттæ, къуæретæ, мæйтæ, æнзтæ, æностæ... Æййевгæ цæуй адæймаги уавæр, æ цардиуагæ, æ хузæ... Цуппор-фæндзай анзи йбæл цалинмæ рацæуй, уæдмæ ирæзгæ, хъаурæгиндæргæнгæ цæуй, кæд æ иуæнгти тухæ сабургай фæллæмæгъдæр уй, уæддæр – æ зунд, æ фæлтæрддзийнадæ æма, уæдмæ ин ци бантæстæй царди медæгæ исаразун, уони æнхуси фæрци. Хаттгай лæг гурусхæ кæнун байдайуй: кæд махæй аразгæ, æцæгæй дæр, неци æй, кæд, цидæриддæр кæнæн хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр, етæ нæ нихидзиуари финст фæуунцæ рагацау æма сæ мах, нæхе фæрци æнгъæл уогæй, æррæстæ, «курмæрситæй» æнхæст кæнæн. Кæд алкæбæл дæр æвæрд фæууй æхе сæрмагонд ихæс, æма ’й, уой кæнунмæ карнæ хонуй æ фæдбæл, – алкæддæр адæймагæн æ разæй ка цæуй, еци карнæ. Нæ, нæ, нæннæ! «Æма ма си уæд мах ба ци ан, кæд махæй æразгæ неци ’й, уæд, – нæ арази кæнуй адæймаг. – Æма уæд, æз дæр, куд мин æнцондæр уа, уотæ кæндзæнæн», – зæгъдзæнæй, æхе рæстдзийнадæ гъæуайгæнгæй, е.

Дессаг æй алли лæги карнæ дæр: кæмæн – зин, кæмæн ба – æнцон. Нивæ карнæй арæзгæ ’й. Еума дессаг ба е æй, æма зин карни хæццæ дæр адæймаг хаттгай нивгун фæууй. Æ царди гургъахъ нæдтæбæл нæуæгæй рацæунмæ цæттæ ка фæууй, е ’взарæнтæ нæуæгæй бавзарунмæ, уой æнæнивæ куд исхонæн!

Уæхæн лæгтæй еу æй Уæрæсей Финсгути цæдеси сæрдар Иванов Николай Фёдори фурт – æфсæдтон корреспондент, финсæг æма тугъдон. Базонгæ ан Мæскуй, Уæрæсей

Финсгути цæдеси пленуми уогæй 2018-аг анзи цæппорсей мæйи. Рæстæмбесасæ, базæрхуггомау, рохс цæсгони хæццæ. Æ къохистæй дæр бæрæг адтæй, хумæтæги лæг ке нæй, е. Нæ хæццæ ку радзурдта, нигки ба ма пленум куд хаста, уæдта изæрæй ба – æгас Уæрæсей финсгути цæдеси еумæйаг æмбурд, уони фæууингæй ба нæхецæн федар хатдзæг искодтан – Финсгути цæдеси сæргъи ислæудтæй æцæг хъаурæгин лæг.

Николай райгурдæй Страчевой гъæуи Брянски облæсти. Мæскуй суворовонти училище каст фæууогæй, бацудæй Львови уæлдæр æфсæдтон-политикон училищей журналистики факультетмæ. Архайдта Афганистани тугъди 1981-аг анзи, фæстæдæр ба – Цæгат Кавкази. Хуарзæнхæгонд æрцудæй цалдæр тугъдон майданемæй.

1985-аг анзи косун райдæдта журнал «Советский воин»-и уацхæссæгæй, 1992-аг анзи ба иссæй æ сæйраг редактор. Е службæ дæр идарддæр хаста хъалонти пæлици. Николай æй болкъон. 1996-аг анзи уацари бахаудтæй æма ’й исуæгъдæ кодтонцæ цалдæр мæйей фæсте. 2008-аг анзи адтæй конвои сæргъи, Хонсар Иристонмæ гуманитарон æнхус ку ластонцæ, уæд. Æрæги Иванов исцудæй Дзæуæгигъæумæ. Николай архайдта цалдæр рауæнеми, фал рæстæг иссердта журнал «Ираæф»-æн интервью радтунмæ дæр. Адæймагæн мæмæ æ кустæй æхе меддуйне цæмæдессагдæр кæсуй æма мæ фарстатæ адтæнцæ ецирдæмæ арæзт, цæмæй еци лæги хуæздæр базонæн нæхуæдтæ
æма ’й равдесæн нæ журналкæсгутæн дæр.

Ком-коммæ литературæ æма Уæрæсей Финсгути цæдеси архайдбæл ба дзордзинан æ хæццæ иннæ хатт, – Хуцау ку зæгъа, уæд.

Сæйраг редактор

УÆРÆСЕЙ ФИНСГУТИ ЦÆДЕСИ СÆРДАР НИКОЛАЙ ИВАНОВИ ХÆЦЦÆ ИНТЕРВЬЮ

– Зундгонд прозаиктæй беретæ се ’сфæлдистадон куст райдайунцæ поэзийæй. Æмдзæвгитæ некæд финстай? (С. Э.)

– Æз дæр уонæй игъауги нæ разиндтæн, гъай-гъайдæр, финстон æмдзæвгитæ. Æмдзæвгитæ финсун райдæдтон æхсæзæймаг къласи, уой дæр, еци фæдбæл – поэмæ. Мæ хестæр æнсувæр Александр поэмæ финсун райдæдта мæнбæл, мæ сувæллони бонти гъæугкаг миутæ æма хабæрттæбæл, фал уотæ рæхги ба Ашхабадмæ ахур кæнунмæ рандæй, æ тетрад ба нæхемæ байзадæй. Æз æй ку иссердтон, уæд бааргъудтон поэмæ мæхебæл, æма мæ æрфæндæад-

тæй уой изолдæр рахæссун, кæронмæ искæнун. Е адтæй ме ’нсувæри кусти къохдзæфи æнгас, уой стиль. Æма финстон, финстон. Финстон æмдзæвгитæ. Суворови номбæл училищей ба мæ еци архайд нигкидæр ма фетингдæр æй. Уоми дессагæй дæр неци ес, е адтæй психологион фактори фæрци. Расагъæс кæнайтæ, уæгъдебарæ гъæугкаг лæппо-лæги æрлæуун кодтонцæ рæнгъæвæрди, «нихгæдтонцæ» казарми, – ардæмæ æнгъезуй, ардæмæ – нæ. Е, гъо, æнæуой уотæ ’й... **(И. Н.)**

– Цидæр дæ фесхуста медæгæй? (С. Э.)

– Æцæгæй дæр. Мæ зæрдæбæл æрлæууиуонцæ циуавæрдæр цаутæ, хабæрттæ. Зæрдæбæл ести ку æрлæууй, ести ку æримисуй адæймаг, уæд е ба алкæддæр поэзи æй.

Львови политикон училищемæ ку бацудтæн, уæд уоми ба райдæдта ком-коммæ куст журналистики: бунæттæмæ цæун, æрмæгутæ æмбурд кæнун æма финсун. Æма мин, цума, раст, мæ къохтæ æрцавдæй, уотæ æваст фæууагътон ме ’мдзæвгитæ финсун. Уацари ку адтæн, уæд ци æмдзæвгæ ниффинстон мæ кизгæмæ, уой ма нимайæ, æндæра, уæдæй фæстæмæ некæдбæл ниффинстон еунæг поэтикон рæнгъæ дæр. **(И. Н.)**

– Цæбæл адтæй, Николай, уæддæр си еу цалдæр рæнгъи нæ гъуди кæнис? (С. Э.)

– Еци æмдзæвгæй ирдтон мæ кизги ном. Е адтæй, мæ цæститæбæл ка рагъазта, уæхæн æнкъарæн. Мæ кизгæ мæмæ ком-коммæ æрбаледзуй, фал æ бон мæнмæ æрбахъæртун ба нæй. Кæрæдземæ нæ хъæртæн, уомæн æма æз хъадаматæй баст дæн, æз зæнхи буни, уæрми дæн. Æма, цума, хатир корун мæхецæй, уотæ минкъий ма ке æй, уомæ гæсгæ, æ бон мæн уæнгæ æрбаледзун нæй, зæгъгæ. Е адтæй мæ фæстаг æмдзæвгæ, уой адæбæл фæдтæн поэзий хæццæ «дзубандигонд», уомæн æма мин мæ сæри исирæзун кодтонцæ «медæгкаг редактори» æнкъарæн æма аргъ кæнун байдайун, хуарз ци æй уæдта лæгъуз ци æй, а мæ айдагъдæр мæхецæн гъæуй, аци уадзимисæ ба адæнмæ рахæссун дæр æнгъезуй... **(И. Н.)**

– Æцæгæй дæр махæй беретæ «медæгкаг редактор» гъæуагæ æййафунцæ. Æма литературон критиктæ ба, хатгай, сæхуæдтæ поэттæ, прозаиктæ нæ уогæй, киунугæкæсæги гъудитæ фесйардæмæ нийййаразунцæ, автор ци зæгъунмæ гъавуй æ уадзимиси, уой син раст нæ балæдæрун кæнунцæ. Минкъийгомау регионти ба адæн сæ кæрæдзей хуæздæр зонунцæ, фулдæр фæсмæрунцæ. Æма литературон критиктæ сфæлдистадон архайгути зæрдихудтæй дæр тæрсунцæ, – æргом дзурди аййепп нæййес. Ци уа, уой зæгъун гъæуй – æцæг, объективон литературон критикæ къулухæй-къулухдæргæнгæ цæуй. Ду куд, уотæ ба алке бон нæй æхемæ фæрсæрдигæй бакæсун. Уогæ ба, алли скурдиадгун адæймаг дæр гъæуама уа карз редактор, фиццагидæр – æхецæн. Уомæ гæсгæ, хъæбæр ахсгиаг æй, ке загътай, еци гъуди. (С. Э.)

– Журнал «Советский воин»-и кустон, мæ хæццæ училищей ка ахур кодта, етæ ба Ленини номбæл Æфсæдтон академий журналистики факультетмæ уæд бацудæнцæ æма, ести ку ниффинсинæ, уæд сæмæ ’й радтинæ. Уонæмæ ба, цæветтонгæ, практикон ахуртæ уидæ еске уадзимисæ æвзарунбæл. Æз сæмæ ме ’ргон бахаттон, цидæр уадзимисæ кенæ уацгъуди райсинæ мæ хæццæ, уотемæй сæмæ ахури рæс-тæг бацæуинæ, мæхуæдæг сæ куд игъосон, уотæ. Уотæ нæ зæгъун, æма мæбæл фур цийнæй сæ «къæхтæй хаттæнцæ», «дæрæн мæ кодтонцæ», фал сæ гъудæй сæхе равдесун, иннердигæй ба – «кæсай амæ, финсгæ кæнуй, маха ма ахур кæнæн». Гъе, уæхæн дирзæг дзубанди, сауæнгæ хъаугъатæ дæр си рауаидæ, фал етæ алкæддæр пайда хастонцæ. Æз æй æртасун зудтон, ду уотæ дзорис уомæн, æма мин мæхе нæ уарзи, ду ба уотæ дзорис уомæн, æма ’й нæ лæдæрис, ду ба раст дæ... Фал мин пайда ба уой тухxæй адтæнцæ, æма, уадзимисæ фæхxуæздæр кæнунæн ка косуй, уæхæн критикæ мæхемæ есун æнæзæрдихудтитæй. **(И. Н.)**

– Зундгонд æй, æфсæдтон ке дæ, е, Афганистани тугъди æма Кавкази конфликтти ке архайдтай, болкъон ке дæ. Ду бавзурстай, зæгъун æнгъезуй, алли зиндзийнæдтæ, рацудтæ тæссаг нæдтæбæл, фæууидтай берæ æверхъау миутæ. Дæу исхонæн ес æфсæйнагæй конд адæймаг. Æзнæгтæ, лæгмартæмæ уацари еу бон фæуун, æвæдзи, зиндæр æй тугъди бæгъатæрдзийнадæ искæнунæй. Тугъди будури рамæлæн дæр ес, æхсарæ бавдесунмæ фадат дæр. Кенæ мæлгæ кæндзæнæ, кенæ ба – цæргæ... (С. Э.)

– Уацари ба дæуæй аразгæ хъæбæр минкъий æй, æма уомæ гæсгæ – зиндæр... **(И. Н.)**

– Дессаг нæмæ кæсуй, куд рацудтæ уæхæн æнæнади нæдтæбæл, кутемæй дин бантæстæй нæфæразон зинтæн ниббухсун, кæцæй райстай уæхæн егъау нифс æма хъаурæ нæ басæттунмæ, æгъатир æзнæгти нихмæ федар ниллæууунмæ? (С. Э.)

– Нæ, уомæй райдайæн, æма æз нæ дæн «æфсæйнагæй конд адæймаг». Уацари мæ царди медæгæ фиццагидæр хатт багъар æй мæ зæрдæ, иннетæн ци æверхъау миутæ кæнунцæ, уой фæууинунмæ мæ ку ластонцæ, уæд... Балæгъуз дæн, уотæ мин ку загътонцæ: «Нуртæккæ цæуæн кæсунмæ, иннетæн ци «пыткитæ» кæнæн, уомæ. Æма ду уомæ кæсдзæнæ æнæгъæнæ бони дæргъци», – цæмæй мин мæ «цъух райхалонцæ», уой туххæн. Мæ зæрдæ багъар æй, уомæ гæсгæ, æма мæ е нæ фæндæадтæй: е, æвæдзи, хъæбæр тæссаг æй. Уомæ гæсгæ ба ’й нуртæккæ æнкъарун, кæуагæ нæ зæгъдзæнæн, фал дзæвгарæ тæнзæрдæдæр ке исдæн. Мæ дирзæг, мæ карздзийнадæ, хебæлхуæцуни æмвæзадæ фæнниллæгдæр æй. Уой рæуонæ, æвæдзи, æй психологий æууæлти, æгæр берæ фæууидтон уæхæнæй, тæрегъæддаг к’ адтæй, мæ зæрдæ мин ка фæрресун кодта. Иннердигæй райсгæй ба, æз исдæн нигки сентименталондæр. Е ба, æвæдзи, уомæй æй, æма цард фулдæр уарзун байдæдтон. Хъæбæр хуарз æй балæдæрдтæн, æ бон раскъунун ке æй кæцифæнди усми дæр, æвеппайди. Æма,

уомæ гæсгæ ба, уотæ ку ракæнунцæ: «а, уæууæй, цæрун мæмæ нæбал цæуй», зæгъгæ, уæд æз уæхæн дзурдтæй нæ гириз кæнун, нæ гъазун. **(И. Н.)**

– Цæветтонгæ, аци здæхæй, дæу карнæ æй хъæбæр уæззау, уæдта, иннердигæй ба – фур цæмæдессаг. Нæуæгæй дин ку рауаидæ æвзаргæ, уæд ма рацæуисæ еци цардвæндæгтæбæл? (С. Э.)

– Сауæнгæ дæр, фæсмон евгъудæй нецæбæл кæнун. Аци гъуди зæрдæбæл даргæй ба, æвæдзи, рацудайнæ-мæ хæстæгдæр æй. Мах æй нæ зонæн, ци нæ хезуниау адтæй иннæ фездæхæни фæсте, – галеумæ, æви рахесæрдæмæ рандæ адтаййанæ. Нæй зонун, сумахмæ, медæгæй, гъæугкаг нанатæ куд фæккæнунцæ, фал махмæ, Уæрæсей æрфити, ес уæхæн фæткæвæрд: фæстæмæ æздæхун ке багъæуй, е, æнæмæнгæ, гъæуама айдæнæмæ бакæса. **(И. Н.)**

– Махмæ ба къелабæл æрбадунцæ æма дон раниуазунцæ... Сау тикис дæбæл ку рамбæла, уæдта... (С. Э.)

– Уомæ гæсгæ ба, евгъуд цард, уæхæн гæнæн уогæй, нæуæгæй бафæнзинæ. Цидæр миутæ, цидæр уавæрти бахаугæй, ме ’ууæнкæ фулдæр кодта: ме ’мбæлттæ, ме ’цæг æмбæлттæ мæ ке нæ ниууадздзæнæнцæ тухст уавæри. Царди аллихузи фæззелæнти, лæгæвзарæн усмити кодтон нифсгундæр æма федардæр. Еци æууæлтæ зæрдæсаст æма лæмæгъдзийнадæй фулдæр адтæнцæ. Цæветтонгæ, мæ медæгæ райгурдæй уæхæн æнкъарæн, æма, мæнæ уотæ ку фæззæгъунцæ, æ хæццæ разведки цæун æнгъезуй, зæгъгæ, е мæнмæ дæр хауй, уомæн, æма ’й балæдæрдтæн, ме ’мбæлттæ мæбæл ке æууæндунцæ. **(И. Н.)**

– Дæхе, фулдæр, тугъдонбæл нимаис æви литераторбæл? (С. Э.)

– Еци фарста мæ фæдбæл рагæй зилдæй. Æфсæдтон гъудтаги алкæддæр алцидæр хуарз цудæй.

Литератури ба... Нæ курсæй ку æвзурстонцæ, уæд æз исдæн фиццаг редактор, – фиццаг æнтæст, журналтæ, га-

зеттæ... Цидæр усмити мæхе бадæруораминæ, идарддæр нæбал цæуинæ. Цума уомæй уæлдæр къæпхæнмæ исхездзæнæн, уотæ мæмæ кастæй æма рапорт ниффинстон: «Корун уи, мæ кустæй мæ исуæгъдæ кæнетæ, мæн фæндуй киунугæ ниффинсун». Куддæр, æлвæстгай, ме ’ргон фулдæр хатун райдæдтон литературон архайдмæ, уомæн, æма мæ е æхемæ хъæбæрдæр æлваста. **(И. Н.)**

– Æма дин уоми, гъай-гъайдæр, де службæ дæр ести æгъаз куд нæ адтайдæ. (С. Э.)

– Службæ мин фенхус æй, уоми ку нæ хастайнæ ме ’хæс, уæд æндæр рауæн кустайнæ, адæймаг уæддæр естæмæй фæййархайуй аци царди. Мæ фиццаг уацау мухургонд æрцудæй журнали «Октябрь», æ сæйраг редактор Ананьев Анатолий, роман «Танки идут ромбом»-и автор. Уой хæццæ мин адтæй еу фембæлд æма мин Афганистанбæл уацау «Гроза над Гендукошем» ниммухур кæнунæй зæрдæ байвардта. Мæ зæрдæ барохс æй, базуртæ мæбæл базадæй, уоми Прибалтики тар гъæдти хастон ме службæ, ами ба мин Мæску æнай-æнойти уæхæн аргъ кæнуй, зæгъгæ, æма ’й, еу устур финсæги хузæн, мæхецæй ниббоз уогæй, рафарстон: «Анатолий Андрейи фурт, ка ’й зонуй, литературон фæсномуг райсон? Советон Цæдеси справочники Ивановтæ 26 ес. Æз ба 27-аг уодзæнæн æма сæ астæу нæбал разиндзæнæн, уомæ гæсгæ мæ фиццаг мухурæн гъæуй фæсномуг».

Е дæр мæмæ листæг никкастæй ’ма мин уотæ: «27-аг ун дæ нæ фæндуй, уæд 1-аг исуо». Еци фембæлд Ананьеви хæццæ, æ еци загъд дæр мин, æвæдзи, цидæр пайда æрхастонцæ литературон архайди. Уомæ гæсгæ ба мæ æфсад нæ хъор кодта, æфсад мин равардта дессаги гъæздуг æрмæгутæ, æфсад мин равардта берæ адæймæгути карни хецæн хузтæ, рамин игон кодта, ести сосæгдзийнæдтæ нæ, фал цидæр æнæнгъæлæги рауæнтæ, адæни хæццæ кæми фембæлинæ. Етæ ба сæхуæдтæ уадзимиси цæттæ архайгутæ ’нцæ, дæттунцæ киунугæн сюжетти фæззелæнтæ. Уони æз некæд некæми иссердтайнæ.

Æз дæттун, «итинг рауæнтæ»-мæ ка цæуй, еци жур-

налистти курситæ – «Бастион». Æз сæ ахур кæнун, еци змæнст рауæнти хе куд гъæуай кæнун гъæуй, уобæл: цæун кумæ æнгъезуй, кумæ ба – нæ. Дзорун син: лæхъуæнтæ, кумæ æрбацудайтæ, уой зонетæ, – сумах гъæуй æрмæгутæ исамал кæнун. Сумах бацудайтæ командæгæнæгмæ æма си коретæ, ескæци бæгъатæри туххæй уин куд радта информаци. Фал е раст нæй. Ести рæуæнттæ дин ракæндзæй, кенæдта, дæу ка нæ гъæуа, уæхæн таурæхътæ. Сумах гъæуама ниццæуайтæ æрвист бунатмæ, æма уой зонайтæ, тæккæ фæстагдæр хабæрттæ фæуунцæ медбати, цæфтæ кумæ цæунцæ, – цæфтæ ба цæунцæ уордæмæ тæгкæ тугъди будурæй, тæгкæ туфулæй. Сумах гъæуама уайтæ радиоэлектрон тохи пункти, уомæн, æма уоми æмбурд кæнунцæ еугур сосæг хабæрттæ дæр. Сумах гъæуама командæгæнæгæй ракорайтæ, цæмæй уæ пернæйзелгæ хуæдтæхæги рабадун кæна æма уин ести тугъдон операци фæууинун кæна. Уæд командæгæнæг дæр баууæнддзæнæй, æцæг специалист ке дæ еци гъудтаги æма дин уæхæн æрмæгутæ ратдзæнæй, дæ фуни дæр ке нæ фæууидтайсæ. Ку дæ базононцæ, аци лæгбæл æууæнкæ ес, алцидæр зонуй, зæгъгæ, уæд дин бантæсдзæнæй. Фидибæстæн ес сосæггæгтæ, етæ рамæлунцæ салдæтти хæццæ еумæ. Уацхæссæг дæр уой лæдæруй, æма некæд зæгъдзæнæй нæзæгъуйнаг, некæд рауæйæ кæндзæнæй.

Мæ архайди фæзуат æй æфсæдтон фæзуат æма уомæй сæрустур дæн. Фал гъудтаг уой медæгæ æй, æма «итинг рауæнтæ» – е æфсад нæй, е фулдæр æй: **адæймæгутæ æма цæргутæ**. Уæхæн æфсæдтон-адæмон хæрхæмбæлд си рауадæй тугъд æма сабурдзийнадæн, мæлæт æма цардæн. Æз дæр еци хæрхæмбæлди дæн. **(И. Н.)**

– Недзамантæй нурмæ адæймаг æй тохæрвонг. Арази нæ дæ? (С.Э.)

– Алке нæ, адæн фæйнæхузти ’нцæ. Ами мæ зæрди æрбафтудæй еу хабар. Æригон финсгутæн æмбурд исаразтан, æма уинæн, се ’мдзæвгитæй лæги тæф некæцæй цæуй, цидæр иругъд, æнæбундор. Цæй тох сæмæ ес уонæмæ! Тох – е мах ан, уæхæнттæй, ке уæргутæбæл бадтан, цæхæн

зартæ игъустан, ци аргъæуттæ нин кодтонцæ – Дюймовочкæбæл æви Илья-Муромецбæл – биццеутæн. Алцидæр цæуй сауæнгæ дæр ардигæй. Уой фæсте ба адæймаг, ци уавæри ин куд гæнгæ ’й, уой æвзарун райдайуй, уæдта æхуæдæг бундорон кæнун райдайуй æ зæрдихатт, æ меддуйне. **(И. Н.)**

– Уæддæр, ци зæгъунмæ гъавтон, уой фæббæрæгдæр кæнон. Еуæрдигæй, цæуй прогресс, адæн гъæуама зундгиндæргæнгæ цæуонцæ, куд фæстагдæр, уотæ, иннердигæй ба бонæй-бонмæ нигки цъаммардæр, тухуастдæр, мæнгарддæр æма дæснидæр мадзæлттæ æргъуди кæнунцæ сæхе марунмæ. Уотæ нæ уайуй, æма недзаманон адæн нури доги цæргутæй æнæзунддæр н’ адтæнцæ? (С. Э.)

– Æз, æвæдзи, дæ хæццæ æнхæст арази нæ дæн, Эльбрус. Цæми, уой зонис: мæн гъудимæ гæгсæ, маруни цъаммар мадзæлттæ адтæй Астæугкаг æности дæр, адæнбæл гадзирахаттæй рацæунмæ дæр хъæбæр дæсни адтæнцæ. **(И. Н.)**

– Еумæйагæй райсгæй, гъо, адæймаги конд, æрдзæй ин лæвæрд ка ’й, еци минеугутæ, æвæдзи, æййевгæ нæ кæнунцæ. Æрмæстæр – сæ хузæ... (С. Э.)

– Ес цъаммардзийнадæ, ес ба – фенхус кæнун ку фæндæуа. Еци цъаммардзийнадæ уæхæн мæнгард миутæ æргъуди кæндзæнæй – «къæдзелæ ралхъевунмæ», «зонтиккæй барæхуайунмæ», хуæрзгъон, зæрдхæлардзийнадæ ба «дзиггойæй дæр исласдзæнæй». Къагъди бадæн, æма дин нæмæ еууæхæни цъасæбæл æхе еу пакъу æруагъта. Мах æй æрахæстан, фал нæ нæ фæндуй, цæмæй нæ хæццæ е дæр къагъди байзайа. Изæрæй нæ уордигæй ку исистонцæ, уæд еци пакъуй дæр райстан нæ хæццæ. **(И. Н.)**

– Еунæгæй нæ бадтæ? (С. Э.)

– Нæгъæ, æртемæй. Æртемæй нæ куд æрахæстонцæ, уотæ нæ еумæ ниггæлстонцæ, дууæ лæхъуæни – Балхъарæй. **(И. Н.)**

– Цæйбæрцæ рæстæг фæцайтæ уоми? (С. Э.)

– 113 бони, цуппар мæйи минкъий гъæуагæ. Ес уæхæн гъуди, æма адæймаг, æррæстæ, цæруй æхецæн, бæнттæ нæ нимайуй. Ес ба уæхæн, æма еу бони рæстæгмæ æ бон раевгъуйуй. Адæймаг десантон æфсæдти, парашюти хæццæ гæпп кæнгæй, тæссаг уаваери дæр фæууй. Махмæ бон цудæй бон æма æрдæгмæ. Тугъди мæнмæ бон нимад æй æртебæл, уомæн æма уоми фæммард унæй тæссаг æй, уацари ба алкæддæр бон нимад цæуй æхсæз бонебæл. Гъеуæхæн хабæрттæ...

Раст зæгъун гъæуй, уæрмæмæ нин тамакутæ ба æргæлдзиуонцæ, думгæ, дан, кæнетæ. Æз нæ думун, зæгъгæ, син ку загътон, уæдта мин уотæ: «Тухсгæ ма кæнæ, уоми дæуæй лæгдæртæ дæр райдайунцæ». Сагъæс кæнун: куддæр исдумон, уотæ мин мæ нифс басастонцæ. Еци къагъди тæккæ зиндæр ба адтæй, ци афони ан, уой ке нæбал лæдæрдтан, рæстæги цуд ке не ’нкъардтан, е. Æма уæд и тамакутæ æма сирниктæй календартæ кодтан. **(И. Н.)**

– Махмæ, дигорон-ирон адæн хъæбæр берæ уарзунцæ æма нимайунцæ спортсментæ æма æфсæдтонти. Спортæй некæд архайдтай? (С. Э.)

– Æз алкæддæр хуарз арæхстæн турникбæл, дæн гимнаст æма гъæбесæйхуæцæг. Уацари рæстæги нæ еуæйеу хатт гъæдæмæ ракæниуонцæ. Уоми еу турник адтæй, æма йбæл «хор» («солнце») уæдта æндæр гимнастикон миутæ равдесинæ. Е мин лæвардта уæлдай фадуат рæсог уæлдæфæй рауолæфунмæ. **(И. Н.)**

– Уæрæсей финсгути цæдеси сæрдар уогæй, берæ балцитæ кæнис алли рауæнтæмæ. Дæ бийнонтæ цæхæн цæстингасæй кæсунцæ еци гъудтагмæ, дæ цардæмбал дин «хилæ» нæ фæккæнуй? (С. Э.)

– Мæ бийнойнаг, куд адтæй, уотæ байзадæй афицери уосæй, кæд мæ пагонтæ исистон, уæддæр. Еу æцæг хабар ракæнон. Спецназовеци сувæллонмæ фæккæсунмæ æ бийнойнаг фæууагъта, уотемæй ба ’ймæ командир фæззиндтæй,

– цурд, дæ дзаумæуттæ ракæнæ æма фæлледзæн. Фæдеси хабар, – кæмидæр цидæр устур бæллах æрцудæй, адæни аманати райстонцæ, фæзмæлæ! Æма, дан, аци минкъий сувæллони ба кæмæн ниууадзон, ци ’й фæккæнон, зæгъгæ, ймæ дзоруй. Фал е уæдмæ фендæбилæ ’й, – машинæ дæ бунæй хезуй, зæгъгæ, ма ’ймæ фæстæмæ радзоргæй.

И фидæ æфсæйнаг къохицæгтæ радавта æма дзоруй æ сувæллонмæ: «Гъæйдæ, рагъазæн лæгъуз дадати гъæзтитæй. Æз фудгæнæг уодзæнæн æма дæ аманати райсдзæнæн, æма дæмæ уæдта дæ мадæ кенæ нана фæззиндзæнæнцæ ’ма дæ исуæгъдæ кæндзæнæнцæ. Æрмæст, кæугæ ма скæнæ!» – уотемæй æй æ къохæй æфсæйнаг батареймæ рафедар кодта, цæмæй къæразæмæ ма сбура æма уордигæй ма рахауа, æхуæдæгка æ дзæкъолæ раскъафта ’ма æндæдуар фæцæй. Еци усми уосæ ба æ цæгати æ мадæмæ адтæй. Хæдзарæмæ ку ’рбацудæй ’ма сувæллони пъолбæл фунæййæй, æ къохбæл æфсæнцæг кондæй ку фæууидта, уæд нирдеуагæ кодта. Цалинмæ и лæг æ паддзахадон æма æфсæдтон гъудтаги адтæй, уæдмæ йбæл силгоймаг тæрхонмæ балæвардта, фидæй нийерæги бартæ куд райсонцæ, ецихузи. Е дин æфсæдтони цардиуаги дæнцæ...

Мæ бийнойнаг хъæбæр хуарз лæдæруй, алкумæти цæун мæ кустмæ ке хауй, уæдта мин еци хузи цард сфæлдистадон хъаурæ ке дæттуй, адæмæн дæр пайда ке хæссуй, уой. **(И. Н.)**

– Бийнойнаг хуарз ку уа, уæд уомæн аргъ нæййес. Дæ сувæллæнттæ ци архайæг æнцæ, кæд сосæггаг нæ й, уæд? (С. Э.)

– Сувæллæнттæ нур устуртæ ’нцæ, мæн надбæл си неке рацудæй. Фурт косуй юристæй, кизгæ ба Мæскуй облæсти гъæди хæдзаради райони хайади пресс-секретарæй. Мæ фидтæлтæ дæр Брянски гъæди хæдзаради архайдтонцæ, уотемæй «гентæ искустонцæ» цалдæр фæлтæрей фæсте. **(И. Н.)**

– Цæхæн минеугутæ нимайис хуарзбæл уæдта лæгъузбæл адæймагæн? (С. Э.)

– Æз уарзун æргомдзурд, æз уарзун игон, парахат зæрдæ адæн. Æвæдзи, аци финсæги професси мæн исахур кодта листæг миутæ «ахæссунбæл», еци листæг миутæмæ гæсгæ ба, – Чеховмæ куд æй, «де ’нгулдзæ фæййеуварс кодтай, æма уæд интеллигент дæ», зæгъгæ, – дæ бон æй хатдзæгтæ искæнун.

Нæ уарзун цæстæмæ миутæ, козбау. Ниххатир кæнун æнгъезуй, фал, Кавкази куд фæдздзорунцæ, уотæ – «мæ хъури ба ’й некæдбал ниттохдзæнæн». Кенæдта Белов Василий куд загъта, «Нигулæнмæ» ка «рагоц» кодта, уони тухх æн: «балæдæрæн ес, ниххатир кæнæн ба – нæ», Фидибæстæй ке рандæ ’нцæ, уой. Æз аргъ кæнун рæстзæрдæ, кæдзос, æнæсайд адæнæн. Уæрæсей финсгути цæдесæн юбилей ку бæрæг кодтан фæлварæ, æма ку æркæститæ кодтан, гъауай, æнтæсгæ ба нин ци бакодта æртинсæй анзей дæргъци, цæмæй æй нæ бон сæрустур ун, зæгъгæ, уæд мæ сæри ферттивта еу гъуди: «Нæхецæй боз ан, нæ разамонгути цирттæ еу зæнхи ке ’нцæ, æндæарæнтæмæ ни ке неке фæллигъдæй, уомæй»: Соловухин сæхемæ рамардæй. Распутин дæр, кæми райгурдæй, уоми, Иркутски, Белов сæхемæ, Тимонихи гъæуи, Михалков нигæд æрцудæй Новодевичи уæлмæрдти, Бондарев æма Ганичев дæр уоци рауæн. Неке си фæллигъдæй æ Фидибæстæй. Гъæйдæти, æма уомæй уæн сæрустур. «Иннети» бон ба нæй уотæ зæгъун: Коротич, Советон Цæдеси финсгути цæдес райарæзти рæстæги исæзманста, уой рæнгъитæй ракодта фиццаг 200 иуонгей, уæдта фæллигъдæй æ райгурæн бæстæй. Цæмæй адæймагæн æ минеугутæ балæдæрай, уой тухх æй æй хаттай хумæтæг царди уинун гъæуй. Мæнæн ецирдигæй мæ гъудтаг хуарз рауадæй, мæ кусти муггагмæ гæсгæ, æфсæдтонти хæццæ ке æмбалдтæн, цард æма мæлæти астæу ка архайдта, уони. Æз уæхæн гъудимæ æрцудтæн, æма командæгæнæг дони фæстаг фляжкæ кæбæл бауу æнда, е фæууй тæгкæ æнæсайддæр адæймаг. Уæхæн уавæрти рабæрæг уй адæймаг, æдонугæй мæлгæй дæр дони хупп ка не скæнуй, иннетæн æй ауæрдгæй. **(И. Н.)**

– Мæнæ, короновируси нихмæ ци вакцинæ – Спутник-5 исаразтонцæ, уобæл нифс дарис? (С. Э.)

– Æнæмæнгæ йбæл æууæндун. Е конд æрцудæй, советон æма нуриккон медицинæ хуæцгæ незти нихмæ ци хуастæ æргъуди кодтонцæ, уони бундорбæл. Бæлвурд ин ку сбæрæг кæнонцæ е ’дасдзийнадæ, уæд гъæуама адæнæн исбæзза. **(И. Н.)**

– Адæн се ’сони бонбæл ке мæтæ кæнунцæ, уомæ гæсгæ, хатгай, тухсгæ дæр æма тæрсгæ дæр фæккæнунцæ, – куд уодзæй, ци уодзæй, аллихузи таустæ рацæуй растæй дæр æма æнæрастæй дæр. А фæстаг рæстæги хъæбæр ахид кæнунцæ, мæнæ «чипировани» ке хонунцæ, уой кой. Дæу цæстингас ба куд æй уомæ? Адæймаг æхе цардмæ ку нецибал барæ дара, æхемæ ’й ку нецибал гъудтаг уа, уомæй тæссаг нæй? (С. Э.)

– Мæнмæ гæсгæ, разиндзæнæй уæхæн адæн, еци «чипсадзæнтæн заслон» ка нивварæ, «Доллий (адæймаги архайдæй конд фус. С. Э.) клонкæнун ку бауорæдтонцæ. Сувæллонæй, æхсæзæймаг къласи еу радзурд-фантастикæ аргъудтон, уæхæн роботтæ си аразтонцæ æма æфсæйнаг хуæрунæй цардæнцæ. Æдзæрæг сакъадахбæл цидæриддæр адтæй, уони робот бахуардта. Уæд дин е ’ргъудигæнæг, æ исаразæг кæсуй, æма ин монстр æхебæл цауæн кæнун райдæдта. Æма уæд æ зæрди æрбафтудæй, «сугъзæрийнæ» дæндаг ма йбæл ке байзадæй. Адæнмæ тохæнгарз ку нæ уа, уæд барæ-æнæбари райдайунцæ дзубанди кæнун, цæмæй еумæйаг пайдайаг гъудимæ æрцæуонцæ. Уой туххæй ба син алкæддæр фиццагидæр фæгъгъæуй сæ хуæцæнгæрзтæ байсун, уæдта бафедаун æнцондæр æй. Афонадæбæл æрлæууун дæр фæгъгъæуй. **(И. Н.)**

– Урусæн дæр æма махæн дæр нæ рагфиддæлтæ скифтæй рантæстæнцæ. Нæ республикæ Цæгат Иристон-Алани æма æ берæнацион цæргутæн дæ зæрдæ ци зæгъуй? (С. Э.)

– Иристони Уæрæсейæн равардта Хуцау. **(И. Н.)**

– Мах гъуди дæр уæхæн æй: Уæрæсей Иристонæн Хуцау равардта. Нæ республики адæн æй еугурæй дæр зонунцæ, – æнæ Уæрæсейæй махæн фæггæнæн нæййес. Уæрæсе æй нæ еумæйаг Устур Фидибæстæ. Фидибæстæй адгиндæр ба а-дуйнейбæл неци ес... Фидибæсти æнцæ нæ райгурæн зæнхæ дæр, нæ маддæлтæ, нæ фиддæлтæ, нæ сувæллæнттæ æма нæмæ хъазарæй цидæриддæр ес, етæ се 'гас дæр. (С. Э.)

– Сумах айтæ еуæрдигæй – бæгъатæр адæн, иннердигæй ба – тæнуод, зæрдæмæесагæ. Нæ фиддæлтæ рагæй нурмæ дæр еумæ архайунцæ – тугъдтити дæр æма сабур царди дæр. Мæ сæрдари кусти фæдбæл мин кумæти рауайуй цæугæ, уонæй мин уарзондæртæй еу æй ацирдæмæ, Цæгат Иристон-Аланимæ. Исон мæ Дæллаг Новгороди ун гъæуй, æндæра ма мæ хуæнхтæ фæууинун бæргæ фæндæадтæй. Устур арфæ уин кæнун, гъар цæстæй мæмæ ке ракастайтæ, уой тухxæй. Уæ республики адæнæн мæ зæрдæ зæгъуй, сабур царди размæ цæун, кæдзос арви бунмæ. **(И. Н.)**

– Дууæ-æртæ бонемæ алцæбæл зин рахъæртæн æй. Бæргæ фæндадтæй нæхе дæр дæу хæццæ хуæнхтæмæ фæццæун, фал нин и берæ гъуддæгтæ, фембæлдтитæмæ гæсгæ нæбал бантæстæй. Зонгæй фæууæд, иннæ хатт банхæст кæндзинан еци хъортæ. Арфæ дин кæнæн, ке нæмæ исцудтæ, уой, уæдта аци интервьюй тухxæн... (С. Э.)

– «Хуæрзбон» нæма зæгъæн, аэропортмæ цæугæй ма надбæл радзубандитæ кæндзинан... **(И. Н.)**

ПРОЗÆ ÆМА ПОЭЗИ

Николай ИВАНОВ

ФИЦЦАГ КА ÆХСУЙ, Е

Бардзурд радтуни размæ, нæуæг комбат уæлæмæ систа «сау идæдзæ» – мини тумбулæг, – миллион бæхей хъаурæ æ медæгæ ка римæхсуй, уой. Уомæй фæййервæзæн нæййес минити будури, фал сабур царди дæр штаби картæ нарæг стъолæбæл уорамунмæ хуæздæр уæзæг не ’ссердзæнæ. Еци æфсæйнаги хъуæлæй фæууæгъдæ уогæй, картæ цъæх-цъæхид цадитæ, цæугæдæнтти æнæкæрон хæлаури тунтæй идзаг рæгътæ æма кæмтти уæзæй сабургай бунмæ лæсун райдæдта фæйнæгин стардмæ. Лæстæй, цалинмæ комбати цæстингас Цхинвали мора стъæлфæбæл æрлæудтæй, уæдмæ. Майор, гæгъæди бадæруорамгæй, æркастæй сахари фалдзостæмæ æма езгард идзулд бакодта: гурдзибæл къæдзал-мудзулæй ци цæугæдон Кура цудæй, е стъоли тæккæ тегъæбæл æрлæудтæй, номæй еу дамугъа рахаудтæй æма ин бакæсæн адтæй «ура», зæгъгæ. Размæмпурсти федог, фæдеси гъæр æма Уæлахези цийни гъæр. Гъулæггагæн, нур ба гурдзиæгти хæццæ еумæйаг нæбал, – алкæмæндæр æхе киндзæхсæвæр ес...

Æруагъта картæбæл «идæдзи» æма – «ура» æма, нæ нивæ ци уа, е уодзæй:

– Горæтбæл сæхе ку ниццæвонцæ, уæд ин æ кæрæнттæ ниууадздзинан.

Кæрæдземæ æнахур кæститæ бакодтан: Цхинвал æнæ истохгæй радтæн?

Биццеу, æвæдзи, нæ балæдæрдтæй, ке астæумæ бахаудтæй. Мах Грознай алли уæладзугбæл дæр – куд нæхе хæдзæрттæбæл...

– Тохи салдат æхе баримæхсдзæнæй, горæт ба – нæ. Цæмæй æй уæззау дзармадзантæй мабал æхсонцæ, уой туххæй нихмæлæугути гъæунгтæмæ æрбауадзун гъæуй. Уотемæй багъæуай кæндзинан азгъунститæ дæр, цæргути дæр, нæхе дæр. Уой фæсте ба сæбæл ехуарæгау никкалдзинан. Æнæрлæугæй. Фал еугурей нæ марæн. Куд фулдæр цæфтæ си ниууадзæн, уотæ хуæздæр.

Тæрегъæд син кæнуй?

– Етæ гъæуама ледзонцæ, буронцæ, тулонцæ фæстæмæ æма сæ тоги æрхæнтæй тæрсун кæнонцæ сæхеуæнтти.

Е дин, е! Рязайнаг десантон фидхуартæ цæттæ кæнун байдæдта?

– Æма сæ уæдта, ардæмæ ци бæстæ æрбарвиста, е сахъаттитæй е ’рагъи хæсса цæргæбонтæмæ. Федæнмæ син урок. Хецауадæн политикон æррай незæй прививкæ. Ниуæзтæ фингæмæ!

Кæдæй-уæдæй. Æндæра нæ гъостæ нирræсудæнцæ.

Раций фæстейæй ист æрцудæй «Микки Мауси тоги хæццæ» авгæ – спирт æма кока-коли хæлæмулæ уæдта хеуагъд арахъи литр, цума си дæндæгутæ æхснæн пастæ нилламарстæй, уотæ лæкъун, æхснæнтæ дони хузæн.

Комидзаг дæр, агувзитæ дæр майор нæ бахизта. Арахъи банкæ исиста:

– Æфсæдтон дисциплинæ федар кæнуни туххæй. Синхаг батальони.

Уæддæр нæхе лæг æй! Гъема, истохдзинан.

– Нæхемæ ’й нæ федар кæнæн. Махмæ е гъæуама уа æндон æфсæйнаги хузæн.

«Македойнаг æхстæй» – еци-еу рæстæги дууæ къохемæй, хе æрдæгзилд фæккæнгæй, рагæлста æвгитæ бугъдонæ къибиламæ. Тогхуз-уорс ниуæзтæ, бедирай буни цъасæ

иссергæй, ралæстæй фæйнæгин пъолмæ æма къелæстæри хузæн фæццæуй нæуæг комбати батинкитæмæ.

– Дневальный! – къелæстæрæн миуæ бауорамуни тухх æй æваст фæгъгъæр кодта штаби разамонæг. Палатки бацæуæн гъоргъи, цума ести раласги, æвеппайди февзурстæнцæ салдат æма æ ауон. Дуу æ дæр, сæ астæуистæг ниттастæй, уотемæй сæ реутæбæл дардтонцæ фæтти асиггитæ, «Блок памяти», зæгъгæ, уæхæн финстити хæццæ.

– Цифæнди бардзурд дæр иронх кæнуй, – æхе рараст кодта штаби сæргълæууæг.

Комбат стъолбæл е ’нгулдзитæй æрцагъта. И фæззиннæг мелодимæ æригъуста. Æхуæдæг æй фæууорæдта æ батинки æваст цæфæй, спирти æрбатулæг шарик æдзæсгон биндзи хузæн фæцъцъист гæнгæй, æма ’й пъолбæл райгъæндæн гæнгæй.

Къахи æртъæппмæ бедира дæр фæдздзинг кодта, кенæ нæуæг хецауади хæццæ аразий хузи, кенæ ба ймæ инæйнондзийнадæ равдесуни тухх æй. Цогæ, и къибилати равзарæ! Æфсæйнаг!

Дневальный æхе уæлæнхасон «Блок памяти»-й дæр не ссердта, куд ин архайгæ ’й нур, уой æма цавддори хузæн ниссагъдæй æ медбунати. Æ хецауи фæнзгæй, æ сæр æ усхъити астæу ракодта и ауон дæр.

– Ардигæй фæстæмæ тохдзинан æма æфсæдтон гъудтаг хæсдзинан, куд æмбæлуй, уотæ! – хъæбæри нисанæй уæлдай нецибал ниввардта æ гъудиади кæрони майор.

Маха ами ци, гъæладзауæн кæнæн?

Дууей дæр бацæуæнæй раеуварс гæнгæй, комбат хормæ рацудæй.

Палаткитæ лæудтæнцæ æфсæнвæндаги фарсмæ – тæккæ цубурдæр над Калакæй Цхинвалмæ. Тæккæ цубурдæр, ренцъитæ ’ма шпалити сæрбæл æхсæн-мæхсæнти синдзин телти къубулæнттæ, дзæдзурæ ’ма муркъи къотæртæ ку н’ адтайдæ, уæд. Ами нуртæккæ кæд бронепоезд кенæ танкæбæл...

Уогæ, батальон горæти бунмæ ниууагътонцæ, Горийæй Цхинвалмæ гурдзиаг танкити калоннæ ке рацудæй, уомæ гæсгæ. Сæ хъаурæ бавдесунмæ, тас бафтаунмæ æви æваст истохунмæ, уой тухх æй разведкæ неци фегъосун кодта, штирлицтæ хæзна нæ байархайдтонцæ. Еци уавæри, ко-

лоннæ дæхуæдæг фиццаг ниццæвæ, уомæй хуæздæр амал нæййес. Фал уæд еугур æфсæдтон наукити дæр политикæ æ буни æрниуæрддзæнæй: Уæрæсе тухгæнæгбæл нимад æрцæудзæнæй, Гурдзи æма Украини ба НАТО-мæ сурх горцъетæбæл бакæндзæнæнцæ, сæхебæл биндзæ бабадун дæр нæ бауадзгæй. Æма мах е ескæми гъæуй – Брянск æма Сочий бунмæ америкаг инæлартæ ку фæззиннонцæ?

Тæккæ æнцондæр адтæй, еци хуæнхтæбæл дæ къох ракъуæрæ, æма дæ хæдзарæмæ раздæхæ, Астæуккаг Уруси бæрзæндтæмæ. Фал лæдæрд адтæй е дæр, – ирон адæн æма нæхе миротворецти ку нæ багъæуай кæнæн, уæд айдагъ нæхе кадæ не ’сафæн, фал ма æнæгъæнæ Кавказ дæр Мæскумæ е ’нгулдзæй амондзæнæй: сæ адæни багъæуай кæнун ке бон нæ ’й, етæ, зæгъгæ. Ке гъæуй уæхæн хецауадæ? Уæдта, зæгъгæ, уогæ ба Уæрæсе, куд паддзахадæ, уотæ гъæуй?

Уомæ гæсгæ ба десантниктæн ами, хуæнхаг руги бадгæ ’й. «Æхсингутæ» «Рокъи тъунел» исрæмодздзæнцæ æма Хонсар Иристон Уæрæсейæй рахецæн кæндзæнæнцæ, уомæй тæрсун нæ гъæуй: Гурдзий ка æнседуй, тугъдмæ æй ка гæлдзуй, уони уони уæлахез некæми гъæуй. Уонæн сæйрагдæр æй Уæрæсей дæргъвæтийнæ æма фехсуйунгæнæг тугъди бафтаун. Кавказ бабæй ка сасодза, уæхæн зинг æрбагæлдзун æй сæ фæндæ. Уомæ гæсгæ ба лæборгутæ миротворецтæ æма сабур цæрæг адæни мардзæнæнцæ. Мардзæнцæ сæ уæди уæнгæ, цалинмæ Уæрæсей еци ханси архайæг искæнонцæ. Æма гъеуæдта æрцæудзæй сæ сæйраг цæфи рæстæг – Абхазибæл. Сæйраг ба син уомæ гæсгæ ’й, æма Сау денгизи ес берæ порттæ. Цхинвал ба син æй сæ цъаммар фæндæ исæнхæст кæнунмæ райдайæн...

Ниууолæфтæй комбат, Кремли политиктæн æртæрегъæд гæнгæй: хъæбæр зин равзарæн син уодзæй лæгъуз æма бустæги лæгъузи астæу. Салдатæн ба уоци уавæрти ци гæнгæ ’й? Е зонуй, фиццаг ка фехса, е мæлгæ ба дуккаг кæнуй. Акъоппæй «семгæ» си рауайдзæнæй.

Æмбесæхсæви «Град» ехуарæгау никкалдта Цхинвалбæл. Æхсæвигон устур æма хæстæг ка фæууй алкæддæр хуæнхбæсти, еци стъалути рохс баминæг æй, цæфсгæ хæдзæртти пеллон, уæдта еске марунæрвонг арвкæрдæг æрт-

тевагæ трассерти цирен сæ бааууон кодта. Горæтæн æхе хурфи ба, сæ туфлити къелтæ сæтгæй, сæ дзабуртæ надбæл исафгæй, хуæрæндæнттæ æма кафæн фæзтæй лигъдæнцæ кизгуттæ уæрмитæ æма талингæ къумтæмæ. Уосгор лæхъуæнтæ сæ кизгутти уагътонцæ æма иннердæмæ догъ кодтонцæ – хуæцæнгарз райсунмæ æма артæфтауæг æзнаги нихмæ ниллæууннмæ. Уони астæу ба зæнхæмæ нилхъивд æй, ести бардзурд лæвæрд кæмæн нæма ’рцудæй, æма ин ци гæнгæ ’й, уой ка нæма зудта, еци десантон батальон. Ехх, æдта дуккаг ради æхсун ци зин æй, уогæ ба!

– Фæстæмæ рацæуæн? – бабурдæй комбатмæ штаби хецау æ губуни цъарæбæл, бонæй куд унафæ кодтонцæ æрцæуæг тугъди тухх æй, уой нигъгъудигæнгæй.

Украини уагъд советон танкитæ, америкаг инструкторти ахургонд гурдзиаг экипажти хæццæ мæнæ нур ирон силгоймæгтæ æма уæрæсейаг миротворецти æхсун байдæдтонцæ. Хæдзæртти фæрстæ пурх кодтонцæ, Сталини гъæунгæбæл циртдзæвæнти сæртæ хаун кодтонцæ. Фал комбат нæ тагъд кодта. Дзебæл кодта бонивайæни хæццæ, – хуæнхти мæкъуртæбæл ка ниббуцæу æй е ’гас хори тунтæй, уой: нуртæккæ и сæумæ фæууидта, æхсæви куд æхстонцæ, нихфуйнæ кодтонцæ, куд ин батухæ кодтонцæ, уони æма ’й æхе къæсæрбæл уæхæн бæллæхтæ уинун нæ фæндадтæй. Фал дин и нæуæгигурд хъауритæ кæцæй райса. Не ’ссæй æ бон уæйуг рæгътæбæл æрæнцайун дæр, хехгун гъæдти сæртæбæл нихх уæцун дæр æма нæуæг бонæй, тæрсгæрезгæй истулдæй арвмæ. Æндæр рæстæги æ фур цийнæй дзигий гæппитæ кодтайдæ гъæуама – æма, цæй номæн! – 08.08.08. – сæрдигон Олимпиади райдайæн Пекини, Китаййи олимпиаг арт исасугътонцæ...

– Арт! Æхсгæ!

Гъæунги фæззиннæг танкæбæл, раст цума урути дзугурбал сæхе цигъдбæл ниццавтонцæ, уотæ скъоттгæнгæ фæттæ никкалдæнцæ. Никкалдæнцæ æнæ Мæскуй бардзурдæй, – комбат ихæс æхемæ райста. Мийййаг, ирон адæнæн гъар дзол ку нæ ласта еци æфсæн кæфхъундар! Уогæ ба Советон Цæдеси хуарз танкитæ куд нæ кодтонцæ: сæ тæрнихтæ бугъзур, тумбулгонд бронябæл пурхгæнгæй, æфсæн фæттæ мæрдтæй хаудтæнцæ гусеницити бунмæ. Фал

уæддæр еци фатадзагъд фагæ адтæй, цæмæй танкæ сидзмудзи рандæуа фæстæмæ. Кай зонуй, æма цæгæй дæр æфсæдтон техники броня нæ, фал экипаж æй сæйрагдæр?

– Гранатæхсгутæ, размæ! Æма фæттæ. Мæнæн!

Комбат æма штаби хецауи астæу фæззиндтæй, ниллæг хори тунтæй ка ниффудконд къæдзтæ æй, уæхæн ауон «Блок памяти»-й хæццæ. Штаби хецау æй æ тегъæй надгæрон дорбæл æрцавта, æ зæрдæбæл æрбафтаугæй æ салдати уæлæнхасон зонундзийнæдтæ. Асикки фæрстæ фæрки-фæркгай рахаудтæнцæ, листитæ æма тæнæг фæйнæгути æрхъезтæ фæйнердæмæ фæттахтæнцæ, æма æ хурфæй ракалдæнцæ цинки хумпъури тухт упаковкитæ. Гурдзиæгтæн Кащеййи мæлæт изолдæр римæхст адтæй, и дор ба цинки цæф дæр æнæбари æхемæ райста. Аци хатт ба æфсæйнаг цæф къоппи скъудæй сæребарæмæ ратахтæнцæ бæзгин картон гæгъæдий кубиктæ. Уони хурфи ба, назу бæласи гъазæнтау, уарзон тухтæй тухт адтанцæ, танки гусеницити буни ка фæммардæй, еци фæтти фазæнттæ. Сойнæйисæрст лентитæ ба сæ æнгон дардтонцæ.

– Фæстæмæ радæрцæуæн? – æнгъæлдзауæй бардзурд курдта штаби хецау.

Комбат фæстæмæ фæккастæй. Горæтгæрæнттæй уæлæмæ хуæнхтæмæ лигъдæнцæ æд сувæллæнттæ силгоймæгтæ, сæхе сæнæфсери къалеутæй римæхсгæй. Уоми бæрзонди, саст фиййи рагъ, æрдæгсугъд æхсæнкъæрæзгити хæццæ, æ еу уæрагбæл æрæнцайгæй, авд дунгемæ лæудтæй еци саухузæй уæрæсейаг миротворецти штаби азгъунст. Уой æхстонцæ æнæбанцайгæй æма аллирдигæй. Ци ма си иссугъдайдæ, уæхæнæй си нецибæл байзадæй, фал уоми, æрмæст уоми, Уæрæсей фелаугæ турусай бунмæ уидтонцæ цхинвайлæгтæ мæлæтæй фæййервæзуни нифс.

Горæти хурфи тохунмæ комбат ци унæфтæ рахаста рагацау, уонæй неци уадæй. Нæ, алцидæр дессаг хуарз адтайдæ, Цхинвали еци усми сабурцæрæг адæн ку н' адтайдæ, уæд. Фал десантниктæ уой æнгъæл кæцæй адтæнцæ, æма бунæттон цæргутæ сæ хæдзæртти байзайдзæнæнцæ. Æма нура салдати ихæстæ фæддувæр æнцæ: æрмæст тохгæ нæ 'й, фал ма граждайнаг адæни дæр гъæуай кæнун гъудæй:

– Æрцæттæ кæнтæ тохмæ! – рагъæр кодта комбат фæй-

нердæмитæ, уомæн, æма командæгæнгутæ алкæддæр фæуунцæ тугъдон тухти тæккæ астæуи.

Е ба дзурдта æрмæст уобæл, æма батальон изайуй æ бунати. Рахес фланг, поездтæ кæбæл нæбал цæунцæ рагæй дæр, еци æфсæнвæндаги билтæбæл æхе æрæлхъивта, галеу фланг ба берæвольтгин телти бунти дæлæмæ ниццудæй æма еу, дзолфицæн кæми адтæй, уæхæн тукани цори æрлæудтæй. Уоми ацибон гъар гултæ неке исфицдзæнæй.

Изайуй, цалинмæ, цума цагъардони азгъунстити фæрсти фæсте, уотæ салдæтти бронежилетти фæсте миротворецти штаби сæхе нæ баримæхсонцæ бунæттон цæргутæ, уæдмæ. Æнæраст тугъд. Тактикæбæл нæ цæуй...

Тактикæ равардта Гурдзий спецназ. Еугур надæндæргъцæ ци тъæпæнгомау фахс райтигъдæй, уордигæй æрхаудтæй десантникти сæртæбæл. Гурдзиæгтæ тулдæнцæ хуæнхтæй дзугурбæлттæй. Тæрсун кæнунмæ сæ цæсгæнттæ сау хуарæнтæй ниххурстонцæ, раст америкаг киноти куддæриддæр æй, уотæ æма сæ разнадмæ автоматтæй къæр-къæр кодтонцæ. Æвæдзи, Советон Цæдес æхе еугур нигæд бакодта тæккæ еци усми, гурдзиæгтæ уруссæгти нихмæ ку рацудæнцæ, уæд.

Дзæгъæли рацудæнцæ. Уæдта, ке фæттæрсун кæнонцæ, уæхæн иссердтонцæ! Уой бæсти хуæздæр ахур кодтайуонцæ æфсæдтон гъуддæгутæ. Æмпурсгутæ гъæуама уæддæр цуппар-æхсæз хатти хъаурæгиндæр уонцæ, акъоппити ка бадуй, уони хæццæ тохгæй. Гъема, «мæ дзæбæхтæ», уæ хурст къембуртæ цхинвайлаг руги нитътъунсетæ! Дессаг куд нæй, и мæрдтæ цидæр æнахур, æнæнифс хузæнттæй гъæдæгæй цæмæн байзайунцæ. Гъеууотæ сæ низдохунцæ, рантъохунцæ, уæсгоммæ кенæ уæлгоммæ рагæлдзунцæ æдеугурæй издий фараст грамми?

Мæнæ ба и цæфтæ – етæ, сæ фур ристæй, æгас зæнхи къоре дæр сæхе бунмæ ивазунмæ хъауритæ иссерунцæ. Рæуæг цæф ка фæцæй, етæ ба æцæгæй дæр фæстæмæ ралигъдæнцæ, рабурдæнцæ. Ами нæ комбат раст æй – уадзæ, е ба сæхеуæнттæбæл тас æфтауонцæ. Æзмæлун ке бон нæбал æй, уони æрдæмæ ба топпи кæсæн нийййаразун гъæуй: мæрдтæ раласунмæ неке бабуруниау æй, фал цæфтæмæ ба – уæн ес...

Бинокли окуляртæ æрттевæнтæй ауон гæнгæй, майор æ цæстингас рахаста хонхи фахсбæл. Еци фахс сæ спецназæн трамплин не ’ссæй нæ сæрти сабур цæрæг адæни горæтмæ багæпп кæнунмæ. Дуу æ хатти фездахтæй фæснади дормæ æма сау хъæппæлти гурæбæл райдзагъта фæтти дæргъвæтийнæ кезу. И цæфæн æ къах гæрц-гæрц кодта. Нæмуги кæрон ба ин, æвæдзи, æ ахсæн дæр баргъавта, уомæн, æма спецназовеци æнгулдзитæ æрхауæг автоматмæ не ’вазтонцæ, фал губунæрдæмæ. Цубур дзурдæй, ци гъудæй бакæнун, е æрцудæй: лæборгути бæрзæйтæ сæттун.

– Силгоймаги хузæн æй, æмбал майор, – и цæфмæ лæмбунæгдæр никкæсунмæ рæстæг раирдта дневальный. – Дзæбæх цурд æй æргæлстай...

Майор куддæр фегуппæг æй. Еци æдзæллаг, пурхитæ гурæ силгоймаги ке æй, уой æрмæстдæр, анзи бæрцæ сæ ка нæ фæууидта, уæхæн салдат æрæстæфтайдæ. Фал, æвæдзи, фæррæдудæй. Цæветтонгæ, майори æхстмæ силгоймаг цæмæн рацудæй? Фал, уогæ, гурдзиаг спецнази етæ æнцæ...

– Гъема æй прицелбæл дарæ, – и æгæр циргъдзæстæ тугъдонæн бардзурд равардта комбат.

Сæ силгоймаги ба гурдзиæгтæ бавзардзæнæнцæ фæййерæзун кæнунмæ. Æма æ фæсте рацæудзæнцæ тæккæ минкъийдæр дуу æ-æртæ лæги. Уони ба снайперон æхстæй ракъуæрæн уодзæнæй. Е ба уодзæнæй, мах къуарæй æгасæй ка байзайа, уонæй еске. Тугъдон арифметикæ бæрæг бæлвурд æй, фæстаг стъæлфи уæнгæ дæр. Стъæлфæ нæ, фал къæ-дзойнæ ба Хонсар Иристони иссæй спецназæй еци æвзонг кизгæ. Кумæ бурдæй, æдули? Æ ростæ Калаки уорс пудрæй хурстайдæ, Цхинвали сау хуарæнтæй хуаруни бæсти...

– Æз æй не ’рвистон тугъдмæ!

И тох ба бадæрæнцадæй, фиццаг тоги зæйтæ æ хорхи бакалдæнцæ. Гурдзиæн уæлахезон гæпп искæнунмæ еу исуолæфт не схъæрттæй, нур гъудæй хед ниссæрфун, фæттæ æрцæттæ кæнун фæндон æма иннети бахезун. Æрмæст, арв ба хуæдтæхгути æвзестæхуз-изæдтон фатæгтæй хузхæнхитæ кодта. Рæстæгæй-рæстæгмæ исæмбæлиуонцæ сæ комкоммæ уагъд ракетити хæццæ, испæрт кæниуонцæ устур артæй æма къæдзæхтæбæл сæхе ниццæвиуонцæ. Уæддæр тугъд æй. Æцæг тугъд.

Майори сæр ристæй хумæтæг зиннæг зæнхон, нури гъуддæгутæбæл сагъæстæй: миротворецтæмæ балæгæрдæн фенхус кæнунмæ, æви ами байзайæн сабур цæрæг адæни багъæуай кæнунмæ? Хонхмæ нæхе сгæлдзæн, дунгæмæ фæйлауæг турусай бунмæ, æви бинокль устур дормæ аразæн еу хаттæй иннемæ, уæдта ма нин цæмæйдæр æфсæрмий хузи гæнгæ дæр рауайуй.

Фалæ, ку рандæ уæн, уæд фахсбæл ниббадæг спецназ æма горæти цæргути астæу итигъдадæ исуæгъдæ уодзæнæй. Æма уордигæй уордæмæ багæпп кæнунмæ ба Гурдзиæн еунæг исуолæфт дæр фагæ уодзæнæй. Уæдта æнæхуæцæнгарз цæргути хæццæ тохи ба хъаурити бæрцитæбæл дзорун дæр нæ гъæуй...

– Нæтуй, – гун-гун кодта æ гъоси рæбун дневальный.

– Мадта ци гъæуама кæна, заргæ? Æнгæс имæ дарæ æнæсцохæй.

Æхуæдæгка биноклæй цæнгæрийни бæрцæмæ и кизги æрбахæстæг кодта, и хузæ ба фæййирддæр кодта. Гъай-гъай, уæхæн цæфи хæццæ куд нæ нæтай. Фал дæхуæдæг дæ фудгин, зундгин лæг хонхи хæццæ не ’взаруй... Æцæгæй дæр æ ахсæн фæццæф æй. Нур ба æй æ фæсонтæбæл хъанæй лæуун гъæуй æма куд нæ балæгъуз уа, уотæ. Науæдта æ науæртæ æрлæмæгъ уодзæнæнцæ, е ’взаг ранихъуæрдзæнæй æма и кизгæ фенод уодзæнæй. Еу дæс метри еуварсдæрти ку æрлигъдайдæ. Гъе, нура мæнæ дæргъæмæй лæууæ...

– Ци ниссæццæ дæ? – командæгæнæги цæсгонбæл бакæсунмæ ка гъавта, биноклæй ци уинуй, уой, еци салдатбæл фæззуст кодта. – Райсунмæ ’й ку гъавонцæ, фæййергъæв кæнунмæ, уæд, – фæууæд уотæ – ма фехсæ. Силæстæг æй, цифæнди, уæддæр.

Салдат æ усхъæй автомат æриста, комбат ба цидæртæ мурхун райдæдта тукани рази. Ци кустаг ин ес флангтæбæл, уонæнти ротити командæгæнгутæ æма штабти хецæуттæ унафæ кæнунцæ. Комбати бунат – цæрдæг бæхбæл тæккæ астæуæй. Дори бакомкоммæ...

– Неке, – æ сæр батилдта дневальный, майор, æ тæккæ сæрмæ фæтти дув-дуви хæццæ ку фездахтæй æма ревæд асигкити астæу æхе зæнхæбæл ку æрæлхъивта, уæд.

Комбат, æ ахурмæ гæсгæ, æрцæттæ кодта бинокль исе-

сунмæ, фал æнæ уой æнхусæй дæр æ цæстæ райахæста: цæф силгоймаги гæрц-гæрц минкъийдæр гæнгæ цудæй. Еу цалдæр минутей фæсте хор дори сæрти бахездзæнæй æма тугъдон силгоймаги цæсгон байгон уодзæнæй комкоммæ тунтæн. Зинтæй син ниббухсдзæнæй, – хор ами æгæр æнахъæл каст кæнуй...

– Сæхеуæнтти ба уæд цæмæн уадзунцæ? – æ фур десæй бакастæй майор салдатмæ. – Махæн нæхецæн ласгæ æй нур ба?

Дневальныйии ауон уотæ бампулдæй, æма гъæунги фати цæфи къахти дæр бацудайдæ. Алцидæр бæрæг æй, рæхги нæхемæ. Е, служби райдайæни, æвæлтæрд ма ку уай, уæд уой бæллæхæй исуайдзæнæй дæ сæрбæл дзæгъæл фат, служби кæрони ба – æрмæстдæр, гъæла ку уай, уæд. Десантниктæ рахез фарсæй дæр, галеу фарсæй дæр лæудтæнцæ æма топпи кæсæнæй кастæнцæ, ци æхсуни сектортæ сæмæ хаудтæй, уонæмæ. Амæ æхемæ ба – устур тугулдор æма мæлæг кизгæ. Кай зонуй, æцæгæйдæр бавзара уой раласун? Нæлгоймаг си ку адтайдæ, уæд æносмæ, гъома, тугъди кæронмæ уоми хъанæй бæргæ байзадайдæ, силгоймаг ниууадзун ба – куддæр лæги миуæ нæй... Неке ’ймæ бабурдæй? – рафарста тукани еу дууей.

– Мæрдон гъос.

– Мæрдон гъос – е хуарз æй. Æхсарæ нæ, фал, гъайгъайдæр, гъæладзийнадæ ’й знаги артæй раласун. Нигки ба ма, дæхуæдæг ке æргæлстай, уой. Уогæ гурдзиæгтæ, æвæдзи, уотæ нæ бакæндзæнæнцæ. Фал ами ба уæлдæфон-десантон æфсæдти уруссаг майор ес! Биндзи хузæн уордæмæ фæцъуввут кæнæ æма фæстæмæ. Бавзарон? Æма мæ е гъæугæ ба кæнуй?

Ехх, æдта!

– Æхгæнæ мæ, тæрсун сæ кæнæ!

Æ къахидарæси бунæй хуртæ искалгæй, комбат тугулдорæрдæмæ æхе байдзагъта.

Æма – цъаммартæ, нецæййаг цъаммартæ. Етæ прицелбæл дардтонцæ цæф силгоймаги, золкъæ æнгури кæронбæл сайæнæн куд даронцæ, уотæ нæ, фал æй гъæуай кодтонцæ адæгонтæй. Уотæ ма фæссорунцæ халæнтти хойии ести æрдæгхуæдмæл, кенæ цæф цæрæгойиæй.

Майор фидхуар халон бæргæ н’ адтæй, фал ибæл уæддæр фатадзагъд исамадтонцæ, цæргæси тахт бакæнгæй куддæр байгон æй, уотæ.

Æрдудагъ æй комбат. Арвæрдæмæ исхаудтæй фиццаг, уæдта æнарæхст хауд æркодта æ фарсбæл. Тухамæлттæй, æ сæри зунд æма ма æ хъаурæ æхемæ ку адтæнцæ, уæд æ фæсонтæбæл куддæр-муддæрти æрхустæй: æцæгæйдæр уотæ æрхатун фæгъгъæуй гурæ, ахсæн ку фæццæф уа, уæд. Дзæгъæли-хумæтæги нæ амудта æ гъудий æ меднимæр еци мадзал цæф кизгæн.

Æма нигъгъос æй.

Фал штаби хецау ба æ гъæлæсидзаг ниффæдес кодта, æнæфсар дзурдтæй исæлгъиста æма автомати мæлæтхæссæг циййес еугурæй дæр знæгти бадæн æрдозæбæл исæскъардта. Æма æгуппæг арви фæстаг фати фæсте затвори рамæй нидæн къæрц ку фæццудæй, уæд и дуйне еугур гъос ниццæй.

Нæ, нæннæ! Идард Пекини асугътонцæ Олимпиаг арт, Рукъи æфцæгбæл размæ, æнхусмæ æмпурста 58-аг æфсад, сæрисæфæнмæ æсхуайгæй, надбæл ка ниллæудтæй, над ка æхгæдта, еци машинтти. Нейтралон зæнхи тæлмæбæл ба майор æма силгоймагбæл сæ дуйнейтæ тар кодтонцæ. Зæнхон цард нуртæккæ райдæдта цæун æнæ уонæй, æма, еци æнæбондзийнадæ, еци дуйнейæй еппæрддзийнадæ цидæрхузи дессаг амалæй æрлæдæргæй, етæ æвеппайди сæхе сæ кæрæдземæ ивазун байдæдтонцæ сæ тогæйигъанст æнгулдзитæй. Раст цума æй бæлвурд зудтонцæ, æма син фæййервæзæн ес æрмæстдæр еумæ, аци ругæ надбæл æма аци уорсгон тæвдæ арви бунмæ уонæй хæстæгдæр кæрæдземæ ке неке ес. Æрмæстдæр и хор дорбæл ма базелæд æма кизги цæститæ ма æрæхгæнæд æ карз тунтæй. Æ цæститæ куддæр æрцъундæ уонцæ, уотæ ймæ уони нæуæгæй райгон кæнуни хъаурæ нæбал разиндзæнæй. Æ хулуй, тогæйидзаг гурæ æрбамбурдтæгæнгæй, майор тухамæлттæй æхе размæ фесхуста. Е схуст разиндтæй нецæййаг, дзæгъæли, уомæн æма уæддæр фагæ н’ адтæй и кизгæмæ бахъæртунмæ, кæд æма, сæ астæу ци автомат лæудтæй зæнхæбæл гæлстæй, уой хæтæли дæргъæнæй изолдæр н’ адтæнцæ кæрæдземæй.

Æма хор уæддæр фæстугулдормæ базилдæй. Æма æрсастæй и кизгæ, æ цæсти тъæфалтæ æрæхгæнгæй. Еунæгæй æризайæг майор дæр балæдæрдтæй: кæрон! Аци усмæй фæстæмæ уой дæр, æ синхон кизги дæр нæбал багъæудзæнæй сæ цæфтæмæ зæнхи къоре æмбурдтæ кæнун дæр, зæнхæй хе æнтъохун дæр – е æхуæдæг ниццæй мæрдон гъос, аци Хуцауи цагъарти æхемæ райсуни размæ. Æма уæд æ къохи уорс къохмæрзæни хæццæ исистадæй штаби хецау. Сифтæрти фæстейæй æвеппайди, байрæги кæнунæй цума тарстæй, уотæ фæззиндтæй гурдзиаг офицер. Кæрæдзей æрдæмæ баампъезтæ кодтонцæ.

Æма уæд, мæлæтдзаг таси вирустæй ке сæр байдзаг æй, еци дневальный, æхецæй дæр æнгъæл н' адтæй, уотемæй æ пути уæзæн ауон нади фатдзæфæй исласта, æма æ гъæдин къæхтæбæл фæннæхстæр æй штаби хецауи фæдбæл. Хонхи фахсæрдигæй дæр, аци миуæ рауингæй, æ офицери фарсмæ балæуунмæ, фæззиндтæй спецназовец сау дарæси. И цуппар, сæ къахдзæф фæццурддæр гæнгæй, раст цума фæстаг секунди гъавунцæ, исраст гæнæн кæмæн нæбал ес, уой исраст кæнунмæ, кæрæдземæ хæстæг кæнун байдæдтонцæ. Уæдта, байрæги кæнуни тæссæй, догъи рауадæнцæ. Æма сæмæ æнхусгæнæг ратахтæнцæ иннæ салдæттæ дæр, уæдта – дууердигæй дæр. Æмхузæн бæрцæ нимайунмæ сæ нæбал евдалдæй – кæрæдзебæл баууæндтæнцæ тугъд æма инæйнондзийнади рæстæги. Хуарз, æма уæддæр Советон Цæдес ке адтæй.

Æма сæ уæргутæбæл æгæстæ мæрдти цори æрхаудтæнцæ, ис-сæ цох кодтонцæ и æгæр иуазæгуарзон зæнхæй. Исистонцæ, æма сæ арæхсгай рахастонцæ, сабур ампъезтæ кæнгæй, сæ цæстингас, гæрт-гæрт ка кæнуй, еци цæфтæй еуварсгæнгæй. Хастонцæ сæ фæйнердæмæ, хуæцæнгарзæй кæрæдзей нихмæ ефтонгæй ка лæудтæй, еци акъоппитæмæ.

Фиццаг ка фехсуй, е уæддæр мæлгæ ба дуккаг кæнуй.

Фал ами, Цхинвали фæхстæбæл ба дууердигæй дæр Хуцаумæ кувтонцæ, курдтонцæ си, цæмæй цæфтæ æгасæй байзайонцæ.

Дууæ дæр.

Дигорон æвзагмæ
Скъодтати Эльбруси тæлмац

РÆМОНТИ Зæлинæ

Тæрегъæд æй басугъта

Силгоймагæн æрдзи лæварæй æ сæйрагдæр ихæс æй мадæ исун. Лæгигъæдгун, раунциуон, хуарз косæг ку уай, уæддæр мади адæ балæдæрун ба æндæр тæразæбæл лæууй, уæлдæр æмвæзадæбæл. Нæ республики гъæутæй еуеми адтæй хъæбæр дессаг хабар, цæуй ибæл инсæй анземæй фулдæр, дзурдтонцæ ’й цъухæй-цъухмæ, комæй-коммæ. Абони ’й нæ зинаргъ кæсгутæн радзордзæн.

Еу рацæргæ зæронд мадæ ’ма фидæн адтæй еунæг фурт. Имонау æй исхастонцæ, исахур æй кодтонцæ, æрцудæй ин бинонтæ багъуддаг кæнуни рæстæг. Сæ бундор Аслан æхецæн берæ фæййагурдта æнкъай, еу дæр æ зæрдæмæ нæ цудæй, алкæмæ дæр фаутæ иссеридæ, æппунвæстаг æ цæстæ Заретæбæл æривардта, дууæ хатти кæстæр лæхъуæнæй, рæсугъд, даргъ дууæ биди æ фæсонтæбæл цъæп-цъæп кодтонцæ. Нийййергутæ кизги хабар ку фегъустонцæ, уæд сæ къæхтæ ниссагътонцæ, мах хæдзари къæсæрбæл, дан, е не ’рлæудзæй. «Биццеу, рæдуйис, æ мадæ хъæбæр ихæлд силгоймаг адтæй, æ нийййерæги хузæн æнтæсон ку разинна, уæд ма дæ рæбуни къæдзтæмæ лæбордзæнæ, фал нецибал ракæндзæнæ». Аслан некæмæ байгъуста, кизги рæсугъддзийнадæ ин æ сæри зунд усхъуммæ ’схатта. Ци ма кодтайуонцæ хæдзари хестæртæ, исарази æнцæ сæ еунæги æвзурст нивæбæл.

Æстдæсанздзуд ностæ сæ къæсæрбæл бахизтæй. Æригон дуурæ æнкъаййемæн цард раеудагъ æй, исæнтæстæй син сæ еумæйаг царди 3 кизги ’ма æртæ биццеуи. Дууемæй дæр хæдзарæбæл æновуд рахастонцæ, Аслан алли гъуддагмæ дæр хуарз арæхстæй, куста инженерæй. Заретæ зæрдиуагонæй сувæллæнттæмæ зилдæй, æнгъæл кастæнцæ æвдæймаг бæдолæмæ. Æмгъуд афони бинонтæбæл бафтудæй кизгæ. Ами ба, кæсæг, сæрмагонд ханхæ бакæнæн уой, ’ма фæстаг кизгæбæл Зитæ ном исæвардтонцæ. Уой фæсте æ тæрегъæд нийййерæги кæмæн баййафта, еци кæстæр. Зитæ сауæнгæ æ минкъийййæй дæр хъæбæр æмбаргæ саби адтæй. Дууæ анземæ ци нæ зудта ’ма ци нæ лæдæрдтæй, уæхæн берæ н’ адтæй. Сæ синхи уоститæ ибæл десæй мардæнцæ, ку рагъомбæл уа, уæд дессаги зундгин уодзæй, зæгъгæ. Заретæ, кæдæй ин Зитæ райгурдæй, уæдæй бинонтæбæл устурзæрдæ иссæй, æндæмæ æ гъос дарун райдæдта, æ бинонтæ ин æнæуинон иссæнцæ. Ци кæнуй æма ци ’рцудæй, е ин бæрæг н’ адтæй: æдзохдæр гъæр кодта, бинонтæ е ’взаги фæрци кæрæдзей хурфи рауайун кодта. Цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, Хуцау æ зонæг, фал берæ сувæллæнтти мадæн бухсæнтæ нæбал адтæй.

Уæд еу сæумæ æ радон фокустæ ку фæцæнцæ киндзæн, уæд Аслан бацудæй ’ма æ бинойнагæн загъта: «Ци кодтай, ци мард дæбæл æрцудæй? Ци сайтан дин исæзманста дæ сæри хъанз? Кæд дæ цæрун фæндуй, уæд дæхе æрлæдæрæ, кæд нæ – уæдта цо, кæми дин хуæздæр æй, уордæмæ!» – карзæй ниллух кодта лæхъуæн. «Фæммæ тæрсун кодтай, цæмæннæ!!! Мæ хуарз цард уæмæ æримисдзæн! Дæ фидæ – зиндарæн, дæ мадæ – тогцъир, дæхуæдæг – хецмæрез. Уал сувæллонемæ кæсунæй куййи фæллад бадæн, мæ сæр исæргъувуни рæстæг мин нæййес. Æз дæр силгоймаг дæн. Æригон силгоймаг. Мæхе ерхæфсун мæ фæндуй, бауолæфун, ескæци бæститæ фæууинун. Фегъустай? Мæнæй ба хæдзари æфсинæ исаразтайтæ. Уæдта ма еу гъуддаг: дæу дæр нæбал уарзун, дæ бæрзонддзинадæ! Ду мæ нæ тæрис, мæхуæдæг ди цæугæ кæнун хуæздæр цардагор. Уæдта ма мæ фæстаг дзурд – бауарзтон æндæр лæхъуæн, – дæу хæццæ ’й нæ рабардзæн. Зундгин, кадгин, мæн хъæбæр уарзуй».

– Уотæ дæр ма ’й? Æнгъæлдæн мин мæ мадæ æма фидæ раст дзурдтонцæ: æндæдзаст тогæн исфедуйæн нæййес. Мæ хæдзарæ мин фæггириззаг кодтай. Ме ’нæуинон фæууо! – нигъгъæр кодта Аслан. Рауадæй, дуар фегон кодта: «Цо, цуппарæрдæмæ дин урух фæндаг, ка мæ бакæнонбæл фæххæтæ, бæрзæйбурæнттæ ниууо!».

Æ нийййергути хæлхъоймæ фæрсæй ка кастæй, еци кæстæр кизгæ Зитæ диванбæл æхе нилхъивта. Рауидта, æ мадæ хъæппæлтæ куд рамбурд кодта ’ма куд фендæдуар æй, уой. Æ минкъий зæрдæй балæдæрдтæй, сæ бинонтæбæл ци ’рцудæй, уой. Æ мади фæсте фендæбилæ ’й. Мамæ, æз дæр дæу хæццæ цæун, зæгъгæ. Уæхæн дессаг, æ бæдолæмæ кæсгæ дæр нæ ракодта. Заретæ цудæй, æ кизгæ æ фæсте лигъдæй. Бахъæрттæнцæ хеди гъосмæ. Заретæ бауагъта æхе хеди æнцойгæнæнтæбæл, кастæй донуайунмæ, сагъæстæ кодта. Зитæ баздахтæй ’ма хедбæл цæхгæрмæ нихъхъан æй. Исбæлвурд кодта, кумæ цæудзæй Заретæ, уой. Ранæхстæр æй, уинуй, кизгæ хедбæл хъан, бæдолæ дзоруй нийййерæгмæ: «Мамæ, мæн дæр дæ хæццæ райсæ, æнæ дæуæй мæ бон не ’суодзæй. Берæ дæ уарзун», – нидздзиназта цуппаранздзуд саби æ нийййерæгмæ. Фал дорзæрдæ силгоймаг гъуди дæр не ’ркодта æ бæдоли. Бахизтæй æ сæрти, æ цæстæ дæр не ’рникъулдта. Байзадæй минкъий кизгæ æ сау цæстисугæй æхе æхснæнгæ. Хуцау хуарз æма сæ синхонти силгоймаг æрцæйцудæй еци надбæл ’ма фæууидта æнагъом Зити, æ къохбæл ин нихху æстæй ма ’й сæ хæдзарæмæ æрбакодта. Дугкаг бон гъæуи уой дессаг хабарæй æндæр нецибал кодтонцæ. Еци дорзæрдæ адæймаг дори губунæй рацудæй, æ сувæллон дзæгъæлæй ка ниууагъта, æ сæрти ка рахизтæй, е циуавæр зæнхон мæлуйнаг æй?!

Рæстæгутæ цудæй, седзæртæ ирæзтæнцæ, некæд байагурдта уони сæ мадæ, неке си бабæрæг кодта, неке раузта æ гъар гъæбеси. Гъæуи куд дзурдтонцæ, уомæ гæсгæ, Заретæ ци лæги фæдбæл рандæ ’й, е дæр æй ниууагъта, фæххаулли æй æ цард. Æгадæ ’ма еунæгæй кедæр сумпæг къæси æрвиста æ бонтæ. Еу сæумæ æригъал æй, исфæндæ кодта фæццæун туканмæ. Сагъæстæ сæ кæнон кодтонцæ, надбæл ку цудæй, уæд. Е ’гас цард дæр æ цæстити рази

æрлæудтæй. Гъудитæ гæнгæй, нæ балæдæрдтæй, надмæ ке бахъæрттæй, уой дæр. Райгъуста ма хуæдтолги цæлхити хъист... Бони рохс батар æй Заретæбæл. Зиани бони нимад адæм æрцудæй силгоймагæн фæндараст зæгъунмæ. Æгасæй дæр ин æ фудкой кодтонцæ, æ сабитæ ке ниууагъта, ’ма ихæлд фæндагбæл ке ’рлæудтæй, уой тухxæй. Æргъуди кодтонцæ, Зити сæрти куд рахизтæй, æ фæсте куд кудтæй и кизгæ æ цæрæццаг къохтæ ивазгæй. Хъæбæр минкъий цæстисуг бахаста мæрдтæмæ. Æ кæстæр кизги тæрегъæд, дан, æй басугъта. Тæрегъæд ба дори губуни дæр нæ лæууй.

Зæрди рист

...Алли сæумæ дæр нийиерæг мадæ бацæуй ревæд уатмæ, стъолæй æрбаесуй æ адгин бæдоли хузæ, нилхъевуй æй æ реумæ, æма еци æнæуод билтæй ковун райдайуй: «Мæ адгин бæдолæ, аци æхсæвæ дæр бабæй раевгъудæй. Мæ зæрдтаг, зонис, ци берæ уарзун тар æхсæвтæ, уоми дæ фæууинун цубур усмæ мæ фунти». Аци бон дæр мæ рафарстай: «Куд дæ? Ци хъæбæр дæбæл исæрхун дæн». Фал дзуапп радтун дæр мæ арми нæ бафтудæй, уотемæй мæ фун æрбайсавдæй. Зæгъай мин, мæ адгин бæдолæ, кæми дæ агорон, кæци циртбæл æркалон содзаггаг цæстисуг? Нихxатир кæнæ, де ’хцайæй ке цæрун, мæ бон дин ке неци æй, уомæй дæр устур хатир. Бæргæ къахфехсуд бадæн Цæцæни гъæунгтæбæл, кæд ести базонинæ, зæгъгæ. Ка ’й зонуй, кæд ду ци фæндæгтæбæл цудтæ, уонæбæл дæр æрзилдтæн, фал еу игъосæг, еу уинæг дæу куд нæ фæцæй. Сæйгæ æма уодмæгурæй исæздахтæн мæ хæдзарæмæ. Мæ катай мæ еунæг усмæ дæр нæ уæгъдæ кæнуй. Æрæги Мæскумæ хунд æрцудтæн. Æнæном салдæтти æвардтонцæ, мæн хæццæ ма æстдæс силгоймаги дæр Кавказæй, сæ сабитæ æнæбæрæгæй исæвдбæл нимад кæмæн адтæнцæ, уæхæнттæ. Фал еци бон ба мæ нифс ниттадæй. Байвардтон æцæгæлон лæхъуæнтæбæл мæ къох, ниттуппур кодтон мæхе гъарæнгитæй.

Гæгъæдитæ ку фесæфунцæ, уæд сæ æнгъезуй нæуæгæй исмадзал кæнун, хæдзарæ ку басодзуй, уæд нæуæг ис-

кæндзæнæ, фал уомæй зиндæр нæййес, – дæ бæдолæ сау ингæнмæ æрветун. Ци зин кæсæн адтæй иннæ нийййергутæмæ, сæ фиддæлтæ еунæг усмæмæ зæронд лæгти хузæн рацæнцæ. Ду ба, мæ бæдолæ, фиди адæ дæр ку нæ балæдæрдтæ, ку бацарæфтуд æй дæ фидæ фудголи къохæй. Ехх, куд федар дæ, мади зæрдæ, уæхæн уæззау фудтæн ци фæразон дæ. Мæ уодлæууæн, не 'ууæндун уæддæр, ке нæбал дæ. Уæддæр дæмæ æз æнгъæл кæсун. Хатгай мæмæ уотæ фæккæсуй, нуртæккæ дуар æрбайгон уодзæй 'ма æрбахездзæнæ. Дæ ходгæ цæститæ, дæ рæсугъд цæсгом байдзулдзæй, дæ гъæбеси мæ ниттохдзæнæ. Æма нæ уæд некебал фæххецæн кæндзæй». Мадæн æ нарæг усхъитæ цума хъæбæрдæр бампулдæнцæ, базир-зир кодтонцæ содзаггаг цæстисугтæй. Цуппар анзи нийййерæг мадæ гъар хуæруйнаг нæма бахуардта, еу æхсæвæ, æнæ кæугæй, нæ рарвиста.

«О, Хуцау, корун ди, мæн сувæллон нæбал разиндзæй, е исбæрæг æй, фал макебал мади зæрдæ фæрресун кæнæ, макæдбал æруадзæ тугъд нæ минкъий Райгурæн зæнхæбæл. Маке фурт байзайæд æнæбæрæг исæвдæй. Æз фагæ фæккудтæн цуппар анзи, макебал нийййерæг æруадзæд содзаггаг цæстисугтæ. Мæ еунæг бæдолæн фæббадтæн седзæргæсæй, æма мин уой дæр дæ цæстæ нæ бауарзта. Ратудтай мин мæ зæрди уедагæ. Æнæхатир, æверхъау æлгъист мæ ракодтай».

Алли бон дæр силгоймаг кæсуй æнгъæлмæ, фал фурт зиннæг ба нæййес. Æ зæрди къуми ма кæмидæр нифс тæлфуй, фал хумæтæг æма дзæгъæли...

Маст æма цийнæ

Хуцау зæнхи цъарæбæл ци исфæлдиста, уомæй, æвæдзи, нийййерæг æ бæдолæмæ ци уарзтæй баст фæууй, уомæн æмбал нæййес. Æма куд нæ, нийййерæг – æ тæрнихæй фарнæ кæмæн кæсуй. Æ медбилти бахудт хори тунау кæмæн æй. Нæ размиф æккаст, нæ фæстæми фенцойнæ, нæ нифси мæсуг, нæ æнхъуæт бони сатæг ирдгæ, зуймон уазали гъар гъæццол. Нецæй хæццæ ин ес рабарæн.

Нæ райони рагондæр гъæутæй еуеми æ еунæг биццеумæ ислæг унмæ ка æнгъæлмæ кастæй, уæхæн силгоймаг, Заретæ æ ном, раги байзадæй седзæргæсæй. Æ сæрмæ нæбал æрхаста нæуæг бийнонтæ искæнун. Æ еунæг Хетæгæн æ цард иснивонд кодта. Лимæнæй, кæрæдзей уарзгæй, бæргæ цардæнцæ. Æнхус кодта æ мадæн. Адтæй коммæгæс. Æнцон цард кæми кодтонцæ. Берæ цæлхдортæ бахаудтæй сæ развæндагбæл, фал уæддæр иннетæй мæгурдæр не ’руагътонцæ сæхе.

Рæстæг рацудæй, Хетæг скъола каст фæцæй, уой фæсте институт. Фæдздзурдтонцæ æфсади рæнгъитæмæ Зарети еунæгмæ. Бæргæ нæ фæндадтæй нийййерæг мади, никкатайтæ кодта, фал лæхъуæн загъта: «Цæугæ мин æй. Ма тæрсæ, мамæ. Æз ба лæг нæ дæн? Мæ сæрмæ æгадæ не ’рхæсдзæн. Дууæ анзи берæ нæ ’й». Ци гæнæн ма адтæй Заретæн, бæргæ æринкъард æй, фал исарази æй æ фурти хæццæ. Дессаги арфитæ фæккодтонцæ, фæккувтонцæ Хетæгæн. Рафæндараст æй службæ кæнунмæ. Рацæй-рагъæр æй ’ма Афганистанмæ бахаудтæй тæккæ æзмæнстдæр рæстæги. Мадæ уой ку фегъуста, уæд ибæл æхсæвæбон хуссæг нæбал хуæстæй. Постхæссæгмæ æнгъæлмæ кæсунæй æ цæститæ исуорс уиуонцæ, кæд, мийййаг, мæ бæдолæй финстæг райсинæ. Ескæми ку уидæ, уæддæр æ цæститæй æ еунæги фæййагоридæ, кæд æй бæлвурдæй зудта, нæ ’й фæууиндзæй, уæддæр. Рæстæг ибæл ниддаргъ æй, алли бон дæр силгоймаг нимайгæ кодта, æ сæр исуорс æй катай æма сагъæсæй. Ка ’й зонуй, цæйбæрцæ ибæл рацудæй, уæд дин еу бон Заретæ зианмæ ку цæуидæ. Æхе синхи силгоймæгти хæццæ рарæвдзæ кодта. Тегъæбæл къуарæй лæудтæнцæ æма къус-къус кодтонцæ. Сæ размæ ку нихъхъæрттæй, уæд æвваст сæхъ-сум фæцæнцæ. Цидæр зин ин рацæй, фал дзоргæ ба неци искодта. Зиани тургъи дæр адæн сосæггай цидæртæ дзурдтонцæ ’ма никкæсиуонцæ седзæргæсмæ. Зарети зæрдæ цидæр фидбилиз балæдæрдтæй, фал бæлвурд ба неке неци дзурдта, фæрститæ кодта, фал дзуапдæдтæг – нæ.

Дугкаг бон гъæуи рахабар æй – Зарети биццеу бацарæфтуд æй, иссæуй уæззау уаргъæй æ мадæмæ. Сау тог кæбæл ниууардта, еци гъуддаг ка фегъосун кæндзæй цар-

дæфхуæрд силгоймагæн, ка райсдзæй уæхæн ихæс æхемæ. Уæлдайдæр ба, дан, ин игон гæнæн дæр нæййес, æвдесунмæ нæбал бæззуй.

Муггаги хестæртæ рамбурд æнцæ, лæмбунæг ниссагъæс кодтонцæ. Рахастонцæ унаффæ.

Мадæ хабар ку балæдæрдтæй, уæд æхе нихкуаста, æ ростæ ниттудта, æ цæстисуг 'ма гъарæнгитæмæ хуæнхтæ дæр азæлдæнцæ. Æ тæрегъæдмæ кæсун неке фæразта. Ци дессæгтæ кодта æ бундорбæл, ци сагъæстæ æвдирзтонцæ мади зæрдæ, уой радзорунмæ адæймаг не 'сарæхсдзæй, æ цæсгон сæдæанздзуд зæронд уоси хузæн фестадæй еунæг бонмæ. Нийерæг мадæ æ билицъæрттæ ци еунæгмæ фæхуардта, æнæхуссæг æхсæвтæ ке тухкæй æрвиста, уомæн æ цæсгон дæр нæбал фæууидта...

Зиани фæсте рацудæй дуæ мæйи. Заретæ сæумæйизæрмæ æхемæ игъуста, цæрун имæ нæбал цудæй, сæ синхонтæй сæмæ еске ку бацæуидæ, уæд æй æдзохдæр æййафтонцæ еци еу хузи: идардмæ никкæсидæ 'ма дзæвгарæræстæг æ цъухæй хъипп нæ хауидæ, кенæ къæразæй æдзинæг гъæуай кæнидæ. 'Ма æ цæститæбæл рагъазидæ: æ фурт æрбахездзæй, æ хъури 'й никкæндзæй æма бабæй фиццагау зæрдæй-зæрдæмæ нидздзубандитæ кæндзæнцæ, кæрæдземæн нифс уодзæнцæ. Фал бабæй ку æргъуди кæнидæ, æхемæ ку æрцæуидæ, уæдта бабæй аххæй нидздзиназидæ. Нийерæг мадæ æхе бахуардта, рафæндæ кæнидæ æ къох æхемæ исесун, фал, дан, уæд мæрдти размæ бацæуни барæ дæр нæ райсдзæн Нарти кæнти. Уомæй бабæй рауорамидæ æхе. Æгас анз хиститæ фæккодта. Афæййи кæндæ æрлæудтæй...

Уоци ræстæг ба æ райгурæн гъæумæ цидæр æнахур бæлццон тагъд кодта. Æ къахи буни гъæмпи халæ дæр нæ састæй. Æ нифси мæсуг, æ уазал бони гъар гъæццол нуртæккæ ниттабедзæ уодзæй æ фуртбæл. Сæ гъæунгæмæ бахъæрттæй, кæсуй æма сæ дуæрттæ игон. Фæрсуй синхи кæстæртæй еуей: «Анæмæ ба ци хабар ес?» – «Сæ биццеу службæ кæнунмæ рандæ 'й Афганистанмæ, бацараæфтуд æй, абони ин анзи хист кæнунцæ». Æ алли къахдзæф дæр зæрди уæззау цæфау гъæр кодта, уотемæй бахизтæй тургъæмæ. «Мæнæ дессаг!» – ницъцъæхахст кодта еу сил-

гоймаг. Адæм еугур дæр æндæмæ ракалдæнцæ. Заретæ æ биццеумæ батахтæй, æ хъури ’й никкодта, сæ дууемæн дæр сæ цæстисуг фемæхстæй. Тургъи адæн æмхузонæй кудтæнцæ. Цийни æнкъарæнтæн кæрон нæбал адтæй. Хетæги хæдонæ цæстисугæй бауомæл æй.

– Мамæ, ма тæрсæ, некумæбал цæудзæн.

– Мæ царди нифс, некумæбал дæ рауадздзæн. Некумæ...

Мади зæрдæ

Цард гъолондзийнæдтæ ’ма тæрегъæдтæй æмидолæ ’й. Æрсагъæс бабæй кодта абони Уарзетæ æ царди уавæртæбæл ’ма бабæй е ’уæнгтæ æркалдæнцæ. Уогæ ци нивгун адтæй, æ цард Урузмæги хæццæ ку баеу кодта, уæд. Дууемæй дæр фæллойнадон фæндагбæл лæуд, уайтæккæ дæр æрбахæдзарæ ’нцæ. Хуцау син ци фуригъоли хузæн биццеу ислæвар кодта, е ба син адтæй нифс. Уой цæрайæй цардæнцæ. О, фал, æвæццæгæн, Хуцауи цæстæ нæ бауарзта бинонтæн сæ адгин цард берæ рахæссун. Бинонти сæрбонс æнæнгъæлти фæндаггон фидбилизи бахаудтæй ’ма ниффардæг æй е ’носон бунатмæ. Бæргæ дзиназта Уарзетæ, бæргæ берæ бæнтти æхе фæххуардта, фал ма ци гæнæн адтæй. Райста седзæргæси лæдзæг, æхе нигъгъæддух кодта, æ цардæй фулдæр ке уарзта, еци бæдолæн.

Неци гъæуагæ баййафта – нæдæр уæледарæсæй, нæдæр хуæрди ’гъдауæй. Скъола каст фæцæй. Райста уæлдæр ахурадæ. Бинонти гъуддаг бакодта. Дууæ биццеуи ин рантæстæй. Куд хестæрдæр гæнгæ цудæй, уотæ ин æ мадæ æнæуинондæр кодта...

Уоци рæстæг ба зæронд уæледарæси еу рацæргæ силгоймаг сæйгæдони къæразгæй æндæмæ кастæй, æ цæстисуг ба æнæфæрсгæй калдæй ’ма калдæй. Бауомæл æй уæллаггурæ. Уарзетæбæл дохтиртæ дæр, сæйгитæ дæр исахур æнцæ, зудтонцæ ин æ рист. Æма имæ нецибал дзориуонцæ. Æрмæст, æ хæццæ еу пъалати ци силгоймæгтæ хустæй, уонæмæ сæйгæфæрсæг ку ’рбацæуиуонцæ, уæд цардæфхуæрд Уарзетæ уæлдай æнкъард ниууидæ. Æ цард кæмæн иснивонд кодта, еци еунæг бæдолæ еунæг хатт æр-

бакастæй сæйгæдони дуарæй: халат ин æрбаласта, дзабуртæ ба си феронх æй. Загъта: «Иннæ хатт сæ æрбаласдзæн...»

– Ма тухсæ, мæ зæрдтаг, цъоппинтæ мæбæл ес, уæдта кумæ цæун, карз незæй ку ’ркъолæ дæн, – фурт æ цæститæ иннердæмæ рахатта: «Еу гъуддаг дæр ма ес, мамæ, æрмæст дæмæ гъулæг ма фæккæсæд. Зонис, дæ хæдзарæ æдзæрæгæй лæууй, мах ба мæ бинойнаги хæццæ расагъæс кодтан, ду – адзали сæйгæ... Еци хæдзарæ мах ку уидæ, уæд къундæг уавæрти нæбал цæрианæ. Ку радзæбæх уай, уæдта еумæ цæрдзинан. Мæ биццеутæ дæр ци цийнæ кæндзæнцæ. Зонис æй, ци æновуд дæбæл æнцæ». «Нур цæбæлти дзорис, биццеу, æз уобæл дууæ нæ зæгъун. Мæ мулк æгас дæр дæу уæд!» Мади фæстаг дзубандити фæсте фурт æ сумкæмæ равналдта ’ма си гæгъæдитæ исиста: «Мадта мæнæ аци гæгъæдитæбæл дæ къох нивваræ!» Нийерæг æнæгурусхæй æ къохфинст ракодта. «Дзæбæх уо, мамæ, зиндзæнæн дæмæ тагъд ræстæги...» Е адтæй сæ фæстаг дзубанди мадæ ’ма фуртæн.

Ræстæг догъон бæхау уайуй. Бонæй-бонмæ зæронд уосæ æнæхъаурæй-æнæхъаурæдæр кæнуй. Уæддæр силгоймаги нифс нæ тайуй. Æ фурт имæ æрбацæудзæй, уомæ устур æнгъæлдзау æй. Мæнæ бабæй æ цæститæ фæцъцъундæ кодта. Æ цæстити рази æринцадæй, æ фуртæн хуæруйнаг куд гъар кодта, æнæхуссæг æхсæвтæ куд æрвиста, къахбæл куд рауадæй, «мамæ» куд исдзурдта, скъоламæ куд бацудæй... Кæцæй зудта седзæргæс уосæ, ’ма æ фурт алли къуæре дæр дохтиртæмæ æрбадзоруй, цæмæй бафæрса: «Еци зæронд ма æгас æй? Уотæ ку загътайтæ, мæлгæ кæнуй. Е ба дессаг æй. Æвæдзи, Хуцауæй байронх æй...»

Нийерæг ба æгас æй... Хезуй æма æууæндуй, нуртæккæ дуар байгон уодзæй, æ фурт æрбахездзæй, фæлмæн имæ баходдзæй, мади зæрдæ фæттæнæг уодзæй, нийбæл табедзæ уодзæй. Алци дæр ин нихххатир кæндзæй. Алли сæумæ дæр æ фæстаг хъауритæ æрæмбурд кæнуй, тухмадзæлттæй æ хуссæни раргъувуй æхе. ’Ма къæразгæмæ нимдзаст уй: «О, Хуцау, аци æхсæвæ ма мæ бауадзæ, кæд исон мæ фурт фæззиннидæ...»

Седзæри хъисмæт

Раги кæддæр изæрдалингти, Ранетæ æрцæйцудæй Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуебæл. Æ куствæллад къохти æ сумкæ, уотемæй уæздан, сабургай, кæдзос уæлдæфи æ над аразта сæ хæдзараæмæ. Аци æхсæвæ бабæй хъæбæр ниффæлладæй – æ уод кæми ниттадæй, уоци кустуати. Куста дохтирæй. Хъæбæр зæрдиуагонæй тухстæй алли сæйгæбæл дæр. Æма куд нæ, æ минкъиййæй ардæмæ ци дæсниадæбæл фæссагъæс кодта, уобæл исахур кодта, ’ма уайтагъд фæллойнадон фæндагбæл ислæудтæй. Уоци бонæй ардæмæ рацудæй 15 анзи. Фал еунæг бонбæл дæр æ царди нæ фæсмон кæнуй. Ци дессаг дзубандитæ иссеридæ алли сæйгæн дæр, ци фæлмæн! Æрмæст хуастæй нæ дзæбæх кодта незæфхуæрд адæм, фал ма зæрдæлхæнæн дзубандитæй дæр...

Еци гъуддæгтæ æ цæстити рази æристадæнцæ Ранетæн абони хузæн. Дууæ анземæ нæ дохтирæн æхецæн е ’нæнездзинадæ хъæбæр æрхаудтæй. Уæззауræугути нез æхебæл бацæфстæй сæйгитæй. Зудта Ранетæ, – нимайгæ бонтæ ма ке цæрдзæй... Уомæ гæсгæ æ еунæг æнагъом биццеу Генай æхемæ хæстæг нæбал уагъта. Мадта æ цардæмбал Коляй хæццæ дæр цæрунæй нæ бафсастæй. Æ сæйгитæй æй нæ евдæлидæ æхе цардмæ. Æрæгиаугомау иссирдта æ амонд. Нур хуссæнуатмæ ку бахаудтæй, уæд берæ сагъæстæ æздирвтонцæ силгоймаги зæрдæ. Ци хъæбæр æй фæндадтæй, æ сувæллон скъоламæ куд бацæудзæй, уой фæууинун. Æ царди фиццаг къахдзæфтæмæ æркæсун. Фал хъисмæти хæццæ гъæбесæй хуæцæн нæййес. Хуссæни хъанæй лæугæй имæ сæ хæдзараæмæ цæуидæ еу силгоймаг-дохтур – Саркæ, зæгъгæ. Æ риститæ цæмæй сабурдæр уонцæ, уой туххæй ин уколтæ кæнидæ. Ранетæ силгоймагмæ лæмбунæг фæккастæй, цæйбæрцæдæрræстæги фæсте æй лæмбунæг базудта. Цанæбæрæг ма рацудæй, уæдта еу бон Ранетæ Колямæ фæдздзурдта. Се ’хсæн ци дзубанди рауадæй, е ма абони дæр цæмæдеси æфтауй берæ дзиллити, уæдта куд дессаг тухгин уоди хецау разиндтæй сæйгæ силгоймаг, е дæр.

– Коля, æз æй лæдæрун, мæ кæрон æрхъæрттæй, бери

фагæ нæбал дæн. Мæнмæ ци дохтур-силгоймаг фæццæуй, е фæлмæнзæрдæ, зæрдхæлар, сæрæн адæймаг æй. Рагæй имæ мæ цæстингас дарун. Раздæр лæгмæ цуд адтæй, фал ин сувæллон не ’сæнтæстæй. Уой зонун, ’ма мин мæ бæдолæн уодзæй уарзон мадæ, дæуæн ба хуарз цардæмбал.

Коля еу рæстæг къехæй лæугæ райзадæй, уæдта дзоруй: «Нур цитæ дзорис, дæ зæрди ба уотитæ кæцæй æрæфтудæй?»

– Æз æй зонун, ци дзорун, уой.

Цанæбæрæг ма рацудæй, уæдта Ранетæ рамардæй. Берæ дзиллитæ æримбурд æй зиангини тургъæмæ. Хъонц кодтонцæ, æнагъом Гена седзæрæй ке райзадæй, уобæл...

Анзи хисти фæсте Коля, Ранетæ ин куд бафæдзахста, уотæ æрхудта Сарки. Силгоймаг æцæгæй дæр разиндтæй федарзунд ’ма хебæлхуæцгæ. Бинонтæ æхебæл æрбангом кодта, сæ хуарздзийнадæмæ син бæлдтæй. Ранети хæстæгутæн дæр ма уарзон адæймаг иссæй. Генай гъомбæл кодта хе мадау, æ цæстингас имæ некæд балæкъун кодта, е ’рфгутæ некæд балхий кодта. Амудта ин нæ фиддæлти рагон æгъдæуттæ, хуарз цæмæй ахур кæна, уомæ ин бæлдтæй. Æма æцæгæйдæр скъоламæ ку бацудæй, уæд уайтагъддæр ахурбæл фæццæфстæй, е ’гъдау ’ма культурæй адтæй фæнзуйнаг. Дугкаг хатт дзорун некæд багъудæй мади æ фуртмæ. Адтæй коммæгæс. Кæрæдзей æцæг уарзт кодтонцæ бинонтæ, сæ дзурд кæрæдзебæл бадтæй, цардæнцæ лимæнæй. Генай æ фидиуоси хæстæгутæ сæхецæн æнгъæл дæр н’ адтæнцæ, хъæбæр баст сæбæл адтæй саби. Адгин цард бинонтæн раеудагъ æй. Фал син, гъулæггагæн, берæ нæ рахаста. Коля уæззау сæйгæ фæцæй. Минкъий рæстæг, уæдта ниффардæг æй е ’носон бунатмæ. Зиан ку фæххастонцæ, уæд Сарки хестæр æнсувæр дзоруй æ хуæрæмæ: «Мах аци биццеу бауарзтан, куд нæхе бæдолæ, уотæ. Кæд æй дæ бон не ’суодзæй исхæссун, е æй фæххаулли кæндзæнæ, уæд æй мах багъомбæл кæндзинан. Ма фæсседзæр кæнæ, ма фæрресун кæнæ Генай зæрдæ».

«Е ба куд дессаг æй! Æз мæхецæн адгин бæдолæ кæмæй загътон, уой седзæрæй уадзун? Уоци гъуддагæн гæнæн нæййес», – уарзон саби ’ма мадæ кæрæдзебæл æрбатухстæнцæ. Адæми цæстисуг нæуæгæй фемæхстæй.

Уотемæй дууæ æцæгæлон, фал хъæбæр лимæн мадæ ’ма фурт дууемей æризадæнцæ.

Цард æ кæнон кодта. Гена рагъомбæл æй. Скъола каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Бацудæй уæлдæр скъоламæ. Уоми дæр æнтæстгинæй исахур кодта. Косун райдæдта. Æ фидиуосæбæл ба, фиццаг куд æновуд адтæй, уотемæй байзадæй. Некæд ин искъахта æ зæрдæ карз дзурдæй, фудконд миуæй. Ескæми ку уидæ æ лимæнти хæццæ ’ма 5 минутти æрæгæмæ дæр уодзæй, уæд радзоридæ Саркæмæ ’ма ин балæдæрун кæнидæ гъуддаг, цæмæй æ зæрдæ ма дзора.

Гена æ лæхъуæни карæмæ ку бахъæрттæй, уæд æ зæрди æрифтудæй бинонти гъуддаг бакæнун. Æ киндздзаги бинонти хæццæ бафедудтонцæ, киндзæхсæвæр искодтонцæ хъæбæр дессаг. Фиццаг бон лæхъуæн загъта нæуæг ностæн: «Ес мин фиди уосæ, е мæн царди медæгæ некæд бафхуардта, нæ ин гъуди кæнун æ зуст дзурд. Мæ зæрдæмæ ’й райстон хе мади хузæн. Макæд нин нихкæлхъой кæнæ нæ сабур бинонтæ. Нæ царди уагæ куд рæсугъддæр уа, уобæл архайæ. Æнхус кæнæ мæ мадæн, игъосæ имæ. Æз уобæл æууæндун, ’ма дæ галеумæ нæ раздахдзæй». Бæргæ лæмбунæг игъуста киндзæ еци бон æ лæгмæ, фал и дзубандитæй æ царди неци испайда кодта, уой фæсте куд рабæрæг æй, уотемæй. Цума ’й æййевгæ бакодтонцæ æртæ мæйей фæсте, уотæ æндæрхузон фæцæй киндзæ. Лæхъуæн кустмæ рандæуидæ, изæрæй ба Саркæ ’ма киндзи еститæ архайгæ æрбаййафидæ. Уæдмæти син сувæллон райгурдæй. Лæхъуæн уæддæр нецима æрæстæфтæй. Киндзæн ба æфснайæг, хуæруйнаггæнæг, сувæллонгæс – е ’фсийнæ. Лæг кустмæ ку рандæуидæ, уæд ностæ дæр æрбайсæфидæ. Æ лæг кустæй ку ’рбацæуидæ, уæдмæти ба ’й хæдзари æрбаййафидæ. Саркæ ба уæддæр неци дзурдта, æ киндзæн цалдæр хатти ку бауайдзæф кодта, ’ма ’й куййи гъуди дæр ку не ’ркодта, уæд æхецæн загъта: нецибал имæ сдзордзæн, куд æй фæндуй, уотæ кæнæд. Некæд исардудта мадæ æ бæдоли дæр: мæн цъухæй, дан, нихкæлхъой уа сæ цард, уой мæ сæрмæ некæд æрхæсдзæн. Еу бон ку адтæй, уæд Гена кусти фæсте раздæр æрбацудæй ’ма кæсуй: мадæ хуæруйнаг кæнуй, сабимæ дæр кæсуй.

– Кæми ’й киндзæ ба, – адтæй æ фарст. Мадæ нæ зудта, кумæ рандæ ’й, уой. Ци загътайдæ...

Уоци бон лæхъуæн æ бинойнагæн загъта, нæ рагон дзубанди ма гъуди кæнис, зæгъгæ. Мæ зæрдæмæ нæ цæуй, нæ мадæ, кæми адтæ, уой ке нæ зудта, е. Аци бонæй фæстæмæ, уæхæн гъуддаг куд нæбал фæууинон, уотæ бакæнæ. Еци бонæй Гена æ уоси гъуддæгтæмæ лæмбунæгдæр кæсун райдæдта. Неци уæлдай фæцæй киндзæ. Æ уодræвдудта бонсауизæрмæ. Уæд еу хатт лæхъуæн хæдзарæмæ æрбацудæй, Саркæ дзурдгъон дæр нæ ’й, уотемæй бадуй. Ци зонун æй гъудæй, цидæр маст имæ ке ес, е ибæл бæрæг адтæй. Нæбал ниббухстæй æфсийнæ, хабæрттæ кæрæйкæронмæ радзурдта æ фуртæн. Æнæ хъæлæбайæй, æнæ хилæй лæхъуæн, киндзæ ку ’рбахизтæй, уæд ин загъта, цæмæй æ хъæппæлтæ æримбурд кæна. Загъта ин, абонæй фæстæмæ син еумæйаг нецибал ес, уой. Бæргæ ма е ’рæмбуни къæдзтæмæ лæбурдта кизгæ, фал ин гæнæн нæбал адтæй. Æхе къохæй æ цард нийхалдта. Лæхъуæн еу анзи фæсте нæуæг бинойнаг ба-йагурдта – кадæ ин ка кæнуй, æ ном ин ка нимайуй, уæхæн. Хъæбæр лимæнæй цæрунцæ æртемæй дæр. Амонд сæмæ æ медбилти ходуй.

Æнафони иуазæг

Фидибæсти Устур тугъд ку райдæдта, адæм еухузонæй ку фестадæнцæ знаги нихмæ, сувæллон е ’мгъудæй берæ раздæр лæгти æмрæнгъæ ку лæудтæй, зæрæндтæ сæ зæронди карæбæл ку нæбал састæнцæ, Госæма дæр уæд рафæндараст кодта æ еунæг фурт тугъди будурмæ. Ци зæрдæй æрвистайдæ æ еунæг фурт седзæргæс уосæ, уой алкедæр æ цæститæбæл рауайун кæнæд, фал Мухарбег загъта: ма тухсæ, нана, уæлахездзауæй дæмæ зиндзæн. Госæма бæргæ нидздзиназта, фал ци кодтайдæ, лæдæрдтæй æй, хуæздæр гæнæн ин нæййес, бухсунæй æндæр. Еунæг е н’ адтæй, æ еунæг бæдолæ тугъдмæ кæмæн рандæ ’й. Фæскъилдуни ка байзадæй, уони хæццæ æмцуд кодта, æ фæллойнадон хай лæвардта Райгурæн зæнхи сæраппонд. Æрмæст æнафони æ хæдзарæбæл исæмбæлидæ. Уоми

бабæй æ хæдзари куститæмæ равналидæ. Еу афони æ æнхъирттæ къохтæ уодæнцой ку иссериуонцæ, уæдта нийиерæг мади цæстити рази æ фæлмæн бæдолæ æрлæууидæ. Е ’дард уæлмонц гъудитæ ’й раскъæфиуонцæ, Мухарбег ’ма суваллон ку адтæй, еци догæмæ. Нана имæ куд исдзурдта, æ минкъий къохтæ ин æ хъурбæл куд æрбатохидæ. Еу усмæ, уæдта æ цæстисугтæ æ тæнæг ростæбæл æрзæйæ кæниуонцæ. Уой фæсте ба бацæуидæ, арæхстгай скъаппи хурфæй раесидæ финстæгутæ æ фуртæй ’ма сæ æ дирзæг къохæй фæррасæрфæ-басæрфæ кæнидæ, бакæсидæ сæ, уæдта сæ рæсугъд тугъдæй бафснаидæ сæ бунати...

Алли бон дæр седзæргæс уосæ гъезæмæрттæй æрвиста, уæддæр æ нифс нæ басастæй. Æнгъæлмæ кастæй æ бæдолæмæ. Рæстæг цудæй. Уæлахези бон ралæудтæй. Тугъдвæллад адæм сæ хæдзæрттæмæ цудæнцæ. Берæ бинонтæ сау финстæгутæ райстонцæ, – сæ тугъдон бацарæфтуд æй, зæгъгæ. Æ тог кæмæн нæ никкалдæй уоци æнæхатир тугъди, ка нæ фæрристæй еци доги адæмæй, уæхæнттæ нæ байзадæй. Госæмайæн дæр Мухарбегмæ æнгъæл кæсунæй æ цæститæ исуорс æнцæ. Не ’рбацудæй. Не ’риздахтæй уæззау балциæй седзæргæси еунæг. Æнæбæрæги исæфтбæл дæр æй нæ банимадтонцæ, ка бацарæфтуд æй, уони хæццæ дæр н’ адтæй. Куд æнгъæл кастæй фæллад силгоймаг æ бæдолæмæ, уой алке дæр æ цæститæбæл рауайун кæнæд, æ зæрди тæгтæ куд никкалдæнцæ, куд базир-зир кодта æ уод, уой еунæг Хуцау зонуй.

Æ фиццаг рæстæгутæ иснæуæг æнцæ. Хæдзари сæрбонс фæцæй уæззау сæйгæ, аст анзи имæ хуссæнуати фæккастæй. Госæмабæл 27 анзи ку ’сæнхæст æй, уæдта рамардæй æ сæри хецау. Байзадæй син арв æма зæнхи астæу еунæг къаццеу. Исгъомбæл æй кодта, иннæ адæм еци доги куд цардæнцæ, е дæр уой фæнзта. Æ лæхъуæни карæмæ ку исхъæрттæй, уæдта Мухарбег тугъдмæ рандæ ’й, бинонтæ дæр ин нæма адтæй, уотемæй. Тугъдæй нæбал æрфестæг æй бæлццон. Мадæ нæбал ниттухта æ гъар гъæбеси æ фурти. Æрмæст æ гъудитæй еунæг усмæ дæр нæ хецæн кодта. Тугъди фæсте ма цалдæр анзи фенгъæл кастæй Госæма, уæдта æ еунæгæн хист искодта. Басастæй æ нифси мæсуг, æ бæдоли «нæбалæй» æркъолæ ’й æ сæр. Раса-

гъæс кæнидæ, æ фæйнæфарс ка цардæй, еци синхонтæбæл дæр, ’ма уæд еу минкъий фæффедар кæнидæ æхе. Азауæн æ лæг æма æ дууæ фурти фæммард æнцæ. Косерханæн æ дууæ æнсувæри, æ фурт ’ма æ лæг бацараæфтуд æнцæ тугъди цирени. Цубур загъдæй, еунæг н’ адтæй Госæма, уæззау уаргъ е усхъитæбæл кæмæн æрæнцадæй тугъди азараæй.

Авд анзи раевгъудæй, кæдæй Мухарбегæй нецибал хабар исигъустæй. Еу æхсæвæ, æхе бабæй ку ниттуппур кодта кæунæй, уæд игъосуй ’ма сæ дуари хъист фæццудæй. Ка уа, цума, аци æнафони иуазæг, – расагъæс кодта седзæргæс уосæ. Еци сабур раистадæй, кæсуй æма æрбахизтæй, берæ æнæхуссæг æхсæвтæ ке тухxæй рарвиста, еци Мухарбег. Æ цæститæ расæрфта, кæд мæ сайгæ кæнунцæ, зæгъгæ. Уæдмæти имæ æ фурт æ къохтæ бадаргъ кодта. Арв æма зæнхи астæу мадæ ’ма бæдолæй амондгундæр некебал адтæй. Сæ дууемæн дæр сæ цæстисуг фемæхстæй. Еу усмæ æ фурти расæрфæ-басæрфæ кодта, нæ си æруагæс кодта æцæгæй дæр, Мухарбег ке æй, е. – Нана. – Биццеу. – Нана... – Нур ба еумæ еститæ кæндзинан. – Аци æхсæвæ нихxуссæ, исон ба дин кæрæй-кæронмæ мæ хабæрттæ фадздзордзæнæн. – Нур ба æнæмæтæ дæн. Нур ба нин равгæ уодзæй. Абонæй фæстæмæ мæхе мæгур нæбал исхондзæн...

Мæ тугъдон æмбæлццон

Хестæр кари адæмæй еунæг дæр уæхæн нæ разиндзæй, устур уаргъ е усхъитæбæл кæмæн не ’ринцадæй: уæззау цард, берæ нæхъæртондзинæдтæ, стонг æнзтæ, Фидибæсти Устур тугъд... уоци рæнгъæбæл æнгъезуй берæ æфтаун. Еци догæ – мах царди сифæ, еци æнзти минæвæрттæ – махæн уæлдай гъæуайкæнуйнаг. Абони мæ рацуд кæсæги размæ нæ ’й хумæтæг – фæндуй мæ радзорун æцæг хабар, ке фегъустон, уæхæн.

Сослан кæддæр-некæд исфæндæ кодта е ’нсувæрмæ фæццæун е ’гурæн бонмæ. Рабадтæй поезди Мæскумæ æма æ даргъ надбæл сагъæстæ кодта, куд уолæфдзæнæй, ци фæууиндзæнæй... Цалдæр сахаттей фæсте æхецæн

бунат нæбал ирдта. Æ хæццæ ка цудæй, етæ сувæллæнтти хæццæ адтæнцæ, ’ма уони хъæлæбайæй дæр исфæлмæцтæй, рафунæй кæнуни равгæ дæр ин нæ фæцæй. Лæхъуæн цалдæр сахатти фæккатай кодта, уæдмæти ба æ уаварбæл райахур æй. Еу æрлæууæни æрбахизтæй зæронд лæг, æ реубæл ордентæ ’ма майдантæ ауигъд. Ци зонун æй гъудæй, Сослан балæдæрдтæй, Фидибæсти Устур тугъди архайæг ке адтæй, уой. Æ бакомкоммæ ци ревæд бунат адтæй, уобæл исбадтæй:

– Хуарз лæхъуæн, уарзис футбол?

– Уарзун.

Зæронд баба мин цæмæдес хабæрттæ фæккодта футболбæл. Базонгæ ан. Павел Михайлович исхудта æхе. Рафæрститæ мæ кодта, ци архаис, кумæ цæуис, уæдта æхе хабæрттæ дзорун райдæдта.

Павел райгурдæй 1925 анзи. Фидибæсти Устур тугъд райдæдта, скъола дæр каст нæма фæцæй, уотемæй. Сувæллон биццеуæй æ райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ рандæ ’й. Уæззау цæфтæй исæмбалдæй æ фиди уæзæгбæл. Æхебæл ку фæххуæстæй, уæд уæлдæр ахурадæ райста. Уой фæсте бæрнон бунæтти фæккуста, æхсæнадæн пайдайаг æнхус лæвардта, цалинмæ æ бон адтæй, уæдмæ. Фал ибæл 2000-аг анзи ба уæззау хабар исæмбалдæй – е ’гас бинонтæ дæр – авдемæй – фæммард æнцæ. Автобуси цæугæй, бæрзонд хедæй рахаудтæнцæ. Павел дæр гъæуама еци автобуси цудайдæ, фал ибæл æ рагон тугъдон лимæн фембалдæй, ’ма байрæги кодта фидбилизи рейсмæ.

– Эхх, Сослан, уæдæй ардæмæ æз мæ кеми нæбал цæун, нæ сабур кæнуй мæ зæрди рист. Се ’гасей бæсти дæр æз ку фæммардайнæ.

– Æвæдзи, ма аци царди гъæугæ кодтай, æз ибæл гурусхæ дæр нæ кæнун.

– Зонис æй, кумæ цæун поезди аци зæрондæй? Мæ тугъдон цæфтæ мæ змæлун нæбал уагътонцæ, операци мæ гъудæй. Искодтон æй. Бæргæ хуарз рауадæй. Фал мæ зæрдæ мæ райгурæн гъæумæ тагъд кодта, цæйбæрцæ гъудæй, уой бæрцæ нæ балæудтæн сæйгæдони, мæхе раздæр рафинсун кодтон. Электрички рабадтæн. Рафунæй дæн еу усмæ. Ку райгъал дæн, уæд ме ’гас гæгъæдитæ, уæдта мæ кисæ

нæбал иссирдтон. Хуцау хуарз, мæ тугъдон гæгъæдитæ, сæйгæдони справкæмæ нæ бавналдтонцæ, – мæ костюми медæггаг дзиппи адтæнцæ, уæдта поезди билетмæ. Ку рахезон поездæй, уæд бабæй мæ нæ хæдзари уæнгæ электрички цæун гъæудзæнæй. Мæнæн, куд тугъдон, уотæ æмбес аргъбæл æй, дæ бон мин æй 300 соми радтун æфстау? Ку нихъхъæртон, уæдта дин сæ ферветдзæн, мæ книжкæбæл ес æртæ пенсий дæр.

Æз дæр имæ бадаргъ кодтон 300 соми, кæсун, ’ма ветерани цæститæ дони разилдæнцæ.

– Æнæмæнгæ дин сæ ратдзæн, æз сайгæ нæ кæнун, æцæгæй дæр мæмæ ес æхца.

Æвдесуй мæмæ е ’гас гæгъæдитæ дæр, ка ма имæ байзадæй, уони.

– Павел Михайлович, æууæндун дæбæл.

Зæронд лæг раистадæй, поезди ручкæ ’ма гæгъæди агорæг иссæй.

– Æз дин дæ телефон райсдзæн ’ма мæн харзæй арæх дзордзинан, мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудтæ, Сослан. Æз æй алкæддæр зудтон, зæнхи цъарæбæл фæлмæнзæрдæ адæм фулдæр ес. Некæд дин феронх уодзæн дæ хуарздзийнадæ, – ниррохс æй æ цæсгон ветеранæн.

Еу минкъий ма радзурдтон Павели хæццæ, поезд æрлæудтæй, алкедæр ни æхе фæндагбæл рараст æй. Еци бон хъæбæр игъæлдзæг æнкъарæнти хæццæ адтæн, æхцæуæн мин адтæй, уæхæн адæймагæн ести хуарз ракæнун мин ке бантæстæй. Мах сæраппонд æ цард ка лæвардта, уомæн æхцæуæндзийнадæ æрхастон. Цалдæр боней фæсте мæмæ радзурдтонцæ телефонæй, фæрсунцæ мæ, фæсмардтай Павел Михайловичи. Загътон син, еумæ ке цудан, уой. Зæронд лæг мæгур, æ хæдзарæбæл дæр нæбал исæмбалдæй, рамардæй...

Зæнхи цъарæ еу тугъдонæй фæммæгурдæр æй. Еу хуарз адæймагæй исцох æй. Мæ зæрдæ дарун, баба рохс æнкъарæнти хæццæ ке рандæ ’й æцæг дуйнемæ, мæнæн æ фембæлд куд æхцæуæн адтæй, уотемæй. Æнхус кæнтæ адæмæн, уарзетæ хестæр фæлтæр, нимайетæ син сæ фæлтæрддзийнадæ. Уадзæ, æма нæ æхсæнадæ кæдзосдæр кæна, фæлмæндæр уæн кæрæдзей хæццæ, федар кæна нæ адæймагдзийнадæ.

Мæ «хуæздæр» фæливд лимæн

Царди медæгæ, æвæдзи, рæстдзийнадæ ’ма хæлардзийнадæй хуæздæр неци ес, уæдта дæ фарсмæ, федар цæгиндзау, хуарз æмбæлттæ ку лæууа.

Нæ рагфиддæлтæй еу тауæрæхъ байзадæй. Абони ’й, зинаргъ кæсгутæ, уæ размæ рахæсдзæн. Еу лæг адзали сæйгæ æрцæй. Зудта æй – бери фагæ нæбал æй ’ма Хуцаумæ искувта: «О, Хуцау, ма мин исцубур кæнæ мæ бæнттæ. Еу минкъий ма мин рæстæг радтæ!» Уæд имæ дуйнесфæлдесæг дзоруй: «Цæйбæрцæ дин исагкаг кæнон цард?» – «Арвбæл цал стъалуй ес, уой бæрцæ». – «Уомæн гæнæн нæййес!» – «Мадта бæласæбæл цал сифи ес, уал анзи». – «Мæ бон дин уой искæнун нæ ’й. Гъæйдæ, цал æцæг æмбали дин ес, уонæбæл ма дин еугай æнзтæ бафтаудзæн. Арази дæ мæ хæццæ?» – «Арази дæн». Лæг еци фæдбæл æ уод исиста: е ’мбæлттæ ке худта, етæ ин адтæнцæ æрмæстдæр къæбæрлимæнтæ.

Аци гъуддагбæл цæуй еу дæс анзей уæнгæ, дууæ æмбали еу гъæуи цардæнцæ. Адтæнцæ æновуд кæрæдзебæл: цийни гъуддаги, зин хабари еу инней фарсмæ федар лæудтæй, куд фæззæгъунцæ, «еу хæдонæ дæр син урух адтæй». Алцидæр бæргæ хуарз, фал дууæ бинонти фæйнæ социалон уавæрти цардæнцæ: сæ еуетæ – бонгин, иннетæ – мæгур. Сæ дууетæмæ дæр адтæй скъоладзау сувæллæнттæ. Етæ дæр æхцул рахастонцæ кæрæдзебæл. Цардæнцæ, – дæ цæстæ сау син неке загътайдæ. Фал мæгурдæр хæдзари хецау еуæй-еу хатт арф гъудити ранигъулидæ, дзорæги нæбал игъосидæ, уинæгмæ нæбал кастæй. Ци сагъæстæ æздирвтонцæ еци лæги зæрдæ, уой æ бинонтæ дæр нæ зудтонцæ – æ гъæлæсæй хъипп-сун нæ хаудтæй. Еу бон ку адтæй, уæд æ кизгæмæ фæдздзурдта ’ма загъта: «Аци бон дæ лимæн Мæдинæмæ фæдздзорæ, уадзæ е ба бауолæфа махмæ дæр, рагæй дæр нæмæ ку нæбал адтæй.» Хуарз, зæгъгæ, аразий дзуапп равардта æ фидæн. Куд баунаффæ кодтонцæ хæдзари хецауи хæццæ, уотæ Фатимæ Мæдини сæхемæ æрбахудта. Æфсийнæ къеретæ кæнуй. Дууæ кизги кæрæдзебæл ниттабедзæ ’нцæ. Уайтагъддæр сæ къус-къус

иссудæй. Сæ сос дзубандитæ раеудагъ æнцæ. Еу минкъий, уæдта фингæбæл исбадтæнцæ. Хæдзари хецау зиннæг нæййес. Еци уолæфт бадт радæргъвæтин æй. Уогæ фиццаг хатт н' адтæй. Уалинмæ син сæ дуар нидæн хуаст æрбакодтонцæ. Хæдзари 'фсинæ бараггенæй ракастæй.

– Еунæг сибиртт дæр нæ. Ка фезмæла, уомæн мæ дамбаца æ тæрнихбæл исивæрдзæн, 'ма дæ балгъетæг уотæ, – райгъустæй æнахур иуазæги гурумухъ дзурд. Сау хъæппæлти, æ сæрбæл маскъæ, æ къохти хуæцæнгарз – силгоймæгти ниссæлун кодта. Уæд Мæдинæмæ дамбаца фæйййаразта. Æ къохтæ ин фæстæмæ рабаста 'ма 'й уатæй рахудта. Тухæгæнæг лæгмæ æндегæй хуæдтолгæ æнгъæл кастæй. Уоми ба ма ин æ цæститæ рабастонцæ, 'ма фæндаггæнттæ æхсæви тари ранигъулдæнцæ.

Мæдинæ кедæр хæдзари бамедæг æй, куд аманæт, уотæ. Цалдæр бони æ бинонтæ сæ сæрбæл хъел ислæудтæнцæ, гъæр-фæдес исистонцæ – кизгæ уинæг нæ фæцæй. Фатими хæдзарæ дæр хъурдохæнгæнгæ, еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ радзорæ-бадзорæ кодта гъуддагхузæй. Мæдинæ ба кæмæдæр еу уати æргъæвст цъеуи хузæн æрбунæттон æй, мамæлай къæбæр ин радтиуонцæ, æндæмæ рацæуни барæ 'й н' адтæй еци аварæй – дуар ибæл æноси дæр æхгæд. Уæд еу бон хъал хæдзари бинонтæбæл финстæг исæмбалдæй: «Уæ кизгæ – бæлвурд рауæн, æй сæрæгас. Гъæуй ибæл еу милион æхца, 'ма æ дзигкотæй халæ дæр нæ фæгъгъæудзæнæй, уотемæй æрфестæг уодзæй уæ размæ. Идарддæр уин хабар кæндзинан. Медгъуддæгти хайадæмæ ку фегъосун кæнайтæ, уæд кизги уæ цæсти кæронæй дæр нæбал фæууиндзинайтæ».

Бæргæ никкудтæнцæ сæ къоси буни Мæдини бинонтæ, фал сæ бон ци адтæй. Се 'гас лимæнтæ, хæстæгутæ, къабæзтæ æрбамбурд æнцæ. Кæд цæрунгъон хæдзарæ адтæнцæ, уæддæр уой бæрцæ фæрæзнитæ райерунмæ ба фадуат н' адтæй. Еци рæстæги ба æригон кизгæ гъезæмарæй мардæй кедæр хæдзари. Нæуæг финстæг бабæй исæмбалдæй бинонтæбæл: «Нæуæг къуæре, майрæнбони N гъæунги, 88 хæдзари размæ хуæдтолги баддзæй Мæдинæ. Æхца æрбахæсдзинайтæ, надбæл сæ æд чемодан нивварæдзинайтæ машинæй 100 метри идарддæр. Бацæудзæй лæг, æхца

банимайдзæй, цæбæл бадзубанди кодтан, уойбæрцæ си ку разинна, уæд 15 минуттей фæсте кизгæ уæ къохи уодзæй».

Бинонтæ æхца æртумбул кодтонцæ: мулкæй сæмæ ци адтæй, уой ниссатар кодтонцæ, раст зæгъгæй, сæ бонгин лимæнтæ дæр сæмæ фæккастæнцæ. Финстæги куд адтæй, уотæ фæццудæнцæ æхцай хæццæ бæрæггонд рауæнмæ. Сæ дзурд нæ басайдтонцæ и цъаммартæ дæр. Куд бадзубанди кодтонцæ, уотæ æхца равардтонцæ. Кизгæ хуæдтолгæй рахизтæй, æ цæститæ 'ма æ къохтæ баст. Дзой-дзой кодта, æ сæр дууæ мæйемæ исуорс æй скъоладзау кизгæн. Æ нийиергутæ æ размæ ниллигъдæнцæ, цæстисуг фемæхстæй, сæ ахсгиаг бæдоли нихъхъури кодтонцæ.

Аци гъуддагбæл еу анзи 'рдæг рацудæй, уæдта Фатими бинонтæ нæуæг хæдзарæ амайун байдæдтонцæ, цубур рæстæгмæ син исцæттæ 'й, дзаумæуттæ имæ баластонцæ, æндæрхузи раййивтонцæ сæ зунди рахаст дæр. Алкæмæн «салам» дæр нæбал лæвардтонцæ. Мæдинæ сабургай æхе кеми цæун райдæдта. Еу бон ба æ фидæмæ дзоруй: «Папæ, æз аманæти ци хæдзари адтæн, уомæн æ дуари гупп ма кæддæр фегъустон, нур ибæл дзæвгарæ рæстæг сагъæси дæн, фал æй мæ бон æргъуди кæнун нæ 'й». Уæд Мæдинæ æ лимæн Фатимæмæ еу бон иуазæгуати ку ниццæуидæ. Ниццийнæ ибæл æнцæ сæ бинонтæ, фæххабæрттæ кодтонцæ. Хæдзари хецау ку 'рбахизтæй, уæд дуар цидæр æнахур гъæр никкодта. Аманæти уæвæг кизгæн æ зæрдæ ниссæххæт кодта. «Ме 'сафæг, мæ давæг атæ ма уонцæ?» – расагъæс кодта е. Еци усмæ цæвддорау фæцæй кизгæ, дзорунгъон нæбал иссæй. Куддæр адтæй, цидæр адтæй, фал сæхемæ иссудæй 'ма æ фидæн райхалдта æ дзубандий къубулойнæ. – Ци рауæн адтæн давди, уоци уати плинтуси буни æртæ спички байвардтон, кæми, уой хуарз гъуди кæнун. Сæ дуар дæр еци дуари хузæн гъæр кæнуй. Дæ лимæн мæбæл гадзирахаттæй ма рацæуæд?! Гъæйдæ сæмæ ниццæуæн! – Нæ, е уæхæн куст æ сæрмæ не 'рхæсдзæй. Цитæ дзорис? Кæдæй лимæн хæссæн. – Мадта цæмæй тæрсис? Исбæлвурд æй кæндзинан, етæ ке н' адтæнцæ, уой.

Исарази æй фидæ. Туканмæ фæууадæнцæ, цидæртæ ралхæдтонцæ 'ма е 'мбалмæ сæ над исаразтонцæ. Фусунбæл дессæгтæ ниццийнæ 'нцæ. Уæд Мæдинæ дзоруй Фати-

мæмæ, цæмæй зæронд хæдзæрттæй, арфи ци уат адтæй, уой фæууина, уой тухxæй æма син уоми некæдма адтæй. Бацудæнцæ ’ма еу цæстæй бакастæй зундгонд рауæнмæ. Ци зонун ма гъудæй Мæдини:

– Сумах мæнæй æхцатæ кодтайтæ! Еу дæр уи мабал байзайæд! Уæ дзилагæ сæскъунæд! – кизгæн æрлæууæнтæ нæбал адтæй. Фидæ хъæлæбамæ фæццурд æй. Бæстæ æмизмæлд иссæй. – Фашист, бунбауйнаг, – райгъустæй фиди бæзгин гъæлæс, сау хелагæ мæ реубæл нилхъивтон, мæ хуæрзтæ дин ма ниттайæнтæ! Дууæ лæги кæрæдзей нæмунбæл фæцæнцæ. Синх сæбæл æрбамбурд æнцæ. Тухмадзæлттæй сæ партастонцæ кæрæдземæй. Медгъуддæгти хайадæмæ бадзурдтонцæ...

Сæ кæрон уобæл ниллух æй, ’ма Фатими хæдзарæ гъæуæй фестадæй, æ фиди ин нийййахæстонцæ берæ æнзти. Хауæггаг фæцæнцæ, сæ мулк дæр ист æрцудæй. Бæргæ фæсмон кодтонцæ сæ æнæсæр миутæбæл, фал раздахæн нецибал адтæй. Мæдини зæрди ба, ци арф гъæдгом ниуагътонцæ, е ин берæ æнзти дудзигъæр кодта. Æ цæргæцæрæнбонти æхецæн лимæн некæдбал искодта.

КОЛИТИ Витали

САУÆДОНÆ ÆМА ДЕНГИЗ

Æмдзæвгити цикл

Туппур дæркъау, рæуæг мæ гæппитæ,
Мæ тухст маст, тухст зинæй идард дæн.
Нæ мæ кæнуй хъисмæт фæрстъæппитæ,
Дзæнæтбæсти цума æрцардтæн.

Мæ уодæй фæццидæр æй мæ хъурмæ,
Ниссор æй зиндзæуæн цъимара.
Исхъæрттæй мæ думст губун мæ хъурмæ,
Хорхæй ма мæ нур мæн ци мара.

Биндзæ дæр æстъæлфуй мæ сум-суммæ,
Мæ рацуд – мæ зæрдæн æ фæндон.
Гъе нур мæ раевдалдæй финсунмæ,
Фал додоййаг мæ сæр… Ци финсон?

Адæргæй лæборун мæ ростæмæ,
Фæлдисти мин фæууо, мæ бохъ цард…
О, мæ зин, æрæздæхæ фæстæмæ,
Æрæздæхæ фæстæмæ, ме 'нкъард…

Мæхчески зар

Мæ кæстæртæ: Арвид,
Геуæрги æма Миленæн

Уарзон гъæу Мæхческæ,
Фиддæлти рагкъæсæр.
Дæу хузæн зæрдесгæ
Нæйиес мæнæн æндæр.

Базард:

Хор, тунтæ æлвесгæй,
Дæу тавæд æхсицгон.
Зæрдтаг дæ, Мæхческæ,
Æвдадзæ Наргъи дон.

Хастæг уон, идарди,
Дæдтун ибæл дзурд дæр.
Зæнхæбæл мæ царди
Циййес дæуæй хуæздæр?

Фæзæмæ хестæртæ
Хастонцæ сæ æмбурд.
Фæлтæрæй-фæлтæрмæ
Цудæй алкæд дæ дзурд.

Сагсор уонæхсартæ
Нæ бæсти сæрвæлтау
Карз тонхи сæ сæртæ
Нæ кодтонцæ æвгъау.

Нæ гъæуи лæгдæртæ
Æнцæ кади агкаг.
Не 'сони кæстæртæн
Уодзæнцæ фæнзуйнаг.

Гъазæндонæ, Стъона,
Дор-дорæнтæ, Цъилес,
Зæрдæй уæ ка 'стона,
Уæхæн тухæ нæййес.

Ме 'скаст, мæ нихкуст дæ,
Амонд ди æхседæд.
Нæ цитгин Къубус дæ
Фудæнхæй бахезæд.

Индиаг æмбесондмæ гæсгæ

Ес сауæдонæ хонхи буни
Листæг мухцурæй уайæг æй.
Уомæн æ донæй бафсæдунмæ
Арми тъæпæн дæр фагæ æй.

Æй денгиз ба нин кæцæй-кумæ,
Æ дæргъцæ-уæргъцæ – æгæрон.
Æрмæст е 'донуг ниссæттун ба
Нæй еунæг уодæн дæр æ бон…

Тамакуй монолог

Сугъдтæн æз дæр
Зингæй кæддæр,
Хъæрттæй уæларвмæ
Мæ цъæх хъуæцæ.

Еу хъал фудзунд
Фæцæй мæн думд,
Æма фестадтæн
Ругæмхæццæ…

Бæгъæнбад кизгæ

Кедæр кизгæ тагъд мæ рæзти
Бæгъæнбадæй æруадæй.
Уолæфтæн ма тухфæрæзтæй,
Рафæлорс дæн ивадæй.

Æ гуриконд, æ цæрдæгæй
Фæууагъта мин фудæрхæн.
Фæсалæмæ мæ кæрдæгæй
Нæма фæууидтон уæхæн.

Æрвæрттивдау нæ фембæлдæ,
Нæ хецæн ба – æносон.
Æ цæстингас, æ фезмæлдæ
Дардзæнæн реуи носæн.

Ци ма фæууон мæ резæнгæй,
Куд ма цæрдзæн сахъаттæй.
Кæд æма мин бæгъæнзæнгæй
Мæ зæрдæбæл нихxаттæй…

Этюд

Хори тунæ рагъбæл æ ниссæцци
Æгайнæгтæ фæлмæн æстардта.
Уалдæн мегъæ е 'скалди æ хæццæ,
Мæ рохси хай цума нихъуардта…

Дунги неун, къæвда, арви гъæртæ,
Бони цуд æййивта сау мæйдар.
Фахсбæл къолæ æд бунтæ, æд сæртæ –
Фæлабулай ниццæй еугур тар.

Ци мæ кæнуй рæстæг ристигæрдæ,
Реуи маст ци кæнуй æздухсæн.
Уотæ тар ку нæ уайдæ мæ зæрдæ,
Бони тарбæл ба ес ниббухсæн…

Думæстæртæ

О, ци догæ, ци рæстæг æй,
Куд æй зæгъа лæг æргом.
Ка куд фулдæр думæстæр æй,
Уотæ кадгиндæр – æ ном.

Хахуйрадæ, цъамайрадæ
Сæ дæлæвзæгтæй тæхуй.
Ка нæ ба си уæд байрадæй,
Ка нæ ба си æсгухуй.

Уони тауæ, уони 'взарæ
Нæ бахуæрдзæнæй хой дæр.
Дæхæбæл фæлтау ниндзарæ,
Куд нæбал уа дæ кой дæр.

Мæ дзурд дорæй хъæбæрдæр æй,
Уæхæн номи агкаг ун…
Нæ, уой бæсти хаирдæр æй
Æнæ номæй рамæлун…

Фудаг

Хетæгæн

Нæ тикисæн æ бæдолæ
Тугургъæдæй æрзæболæ 'й.
Æвардтон цармæ асийнæ,
Бадардтон имæ мæ суйнæ.
Тæрсгæ-резгæй æрхизтæй,
Ниттудта мæ æ нихтæй.
Уæй, тикис, фæууай бундар,
Дæ фудаги 'й дæ азар.

* * *

Царди фæтки æвæрд – зунд мин æй,
Æгæр хуæрд арсæн дæр нæ батайдзæй.
Цæрт гъæла рауайдзæй зундгинæй,
Гъæлайæй ба зундгин нæ рауайдзæй.

* * *

Ма суадзæ 'схъиудт дæхемæ хæстæг дæр,
Дæхе ма стауæ алкæд: – Æз лæг дæн.
Цæйбæрцæбæл хæссай дæ сæр хъæлдæр,
Уойбæрцæбæл дæ кадæ – ниллæгдæр.

* * *

Цума усхъуммитæ цæмæн æй зунди хатт,
Мæти æфтауй мæ цард æ дессаги.
Ка ниуазуй арахъ – ходуйнагбæл нимад,
Æппун ка нæ цумуй, е дæр федиссаг æй.

* * *

Махмæ ци 'рхауй лæвар къосæй, –
Фæууй хуæрзадæ 'ма фæлмæн.
Нæ хедвæллойнæй ке бакосæн,
Уой хуæрунгъон ба нæ фæууæн.

* * *

Мæ дзурдтæ гъулæг куд нæ уонцæ,
Уой тухкæн дин æргом фæдзæхсун.
Цæмæй дæ уиндæмæ бæллонцæ, –
Дæ уиндæй маке кæнæ тухсун.

Æ къохтæ сугъзæрийнæ хонæгæн

Еу гъуддаг æй махæн зунд,
Еуварсмæ нин дæ æнтъохгæ.
Ке нæййес дæ сæри зунд,
Æппæлис уомæн дæ къохтæ…

Эпитафи зудæ лæги циртбæл

Гъавта ранихъуæрун дуйнетæ,
Кæмæ ба уæд нæ уидæ æнхæл.
'Ма нур ба, – уæхуæдтæ æй уинетæ,
Æхе ин ранихъуардта зæнхæ.

Еу поэт

Æ рæнгъитæ еугур гъæнæ,
Æхе ба хонуй поэт.
Корун, Хуцау, ма бакæнæ
Дзилли уой финсти евгед.

Къуæдепп

Фæсмæрæн дæ дæ хузæй,
Неке уадзис дæ разæй.
Нæ дæ аддæр гогузæй,
Нæдæр ба уоддæр хъазæй.

Уосгин æви æнæуосæ

Æнæ уосæ – уосгин, ка нивгундæр фæууй,
Нæ фидтæлтæ 'й дзурдтонцæ сауæнгæ:
Кæмæн нæййес уосæ – сосæгкай фæккæуй,
Кæмæн ес, – игъусуй æ гъарæнгæ.

Арт æма хъуæцæ

Мæ лимæн æма æрдхуард,
Исарази уо мæ хæццæ.
Куд минæгдæр цæфса арт,
Фулдæр æй уотæ æ хъуæцæ.

Козбау миутæ

Козбау миутæ – æгадæ мæ цæсти,
Кæнгæ миутæ – дæлзæнхæ фæууæнтæ.
Нихходa мæнбæл еске, уой бæсти
Аххæй мæбæл фæлтау фæккæуæнтæ…

Зинæфсес

Æ лæг куста, е ба уæддæр не 'фсастæй,
Дзурдта алкæд: нæййес æхца, нæййес.
Æ лæг рандæ 'й мæрдтæмæ æфсæрбастæй,
Уæддæр кæуй, æхца, нæ лæг, фæдес…

Уæлмæрдти циртдзæвæнтæ

Еу иннемæй ирддæр, даргъдæр уогæй,
Сугъзæрийнæй ниффинст, дедентугъд…
Еугур тар кæбæл ниццæй æ догæ,
Уомæн ма ци дæттуй æ рæсугъд?

Мæнæн ба хумæтæг æй мæ фæндæ,
Мæнæн ба маци раттæ æндæр.
Дигорон сигитбæл, мæ фæсмæрдæ,
Æрмæстдæр куд æндзæва мæ сæр…

Пъолци

Анфисæн

Нæ хæдзарæ æзмæнст, æмæнтъери,
Гæлдздзуйнаг мулкитæй фæууæгъдæ 'й.
Æрмæстдæр ма зæронд шифонери
Дæ сурх пъолци лæууй ауигъдæй.

Цæбæлдæр æууæндгæй, æнæуагæ
Хъæдавæн æнкъарун æ багъар.
О, уæд ма æгас адтæ, мæ мадæ,
Нæма адтæн æз дæр зæрдæгъар.

Рагъазта цæстæбæл æвзонгадæ,
Нæ мæ хæссуй мæ къах æ цорæй.
Æнгъæлун, – æгас ма дæ, мæ мадæ,
Дæ циртбæл ба мæрæ ниддор æй.

Мæ нифсæн ду адтæ æ цæгиндзæ,
Дæ тавст ба – хори туни æмбæлд.
Дæ бацæуæн нур ба – хæрæгсиндзæ,
Дæ бахезæн нур ба – сор хæмпæл.

Ци уодзæй? Алцæбæл дæр арази,
Хуцауæй хуæздæр ма ци корон…
Еунæг хатт ма æристæ мæ рази,
Мæ сæрæй дин ниллæг æрковон.

Цæмæ гæсгæ мин цард нур фенадæ 'й,
Цæмæ гæсгæ исдæн нур æндæр?
О, уæд ма æгас адтæ, мæ мадæ,
Цæрунгъон ма адтæн уæд æз дæр.

* * *

Л-мæ

Нæ дин дзорун æппæлæнтæ,
Фал мæ цори нæ дæ, уæд
Æрбауодзæн тæппæлæнгæ,
Нæдæр ба зиндзæй мæ фæд…

Зæрдауиндзæнбæл нихæст дæ,
О, ме 'скаст æма мæ цард.
Æнæ дæуæй æнæнхæст дæн,
Æнæ дæуæй – уæлемард.

* * *

Ма байрайæ, уарзтæндзарæг,
Кæд ци хуæри мæн æдзох.
Ку нæбал дæн мæхе барæ,
Кумæ хæссон мæ хъурдох.

Ку раевгъуис мæ рæзти,
Æрбакæнгæй æхсгæ каст,
Æрфæндуй мæ уæд, – ай бæсти
Цавддор фестæ, ехх, æвваст.

Дзоргæ-дзоргæй, мæ дзурдтæгтæ,
Нецигъон бал фæууй зунд.
Куд не 'стæфи дæхуæдæг дæр,
Фур æрхунæй абузун.

Фæгъгъæла дæн зæрæрдæмæ,
Мæ катай иссæй дæ кой.
Куд цæрдзæнæн æнæ дæуæй,
Ци фæууодзæнæн де 'ной…

Этюд

Хори бæндæни къæдзелæ
Æрæууилдта æрвгæрон.
Сатæг думгæ, изæрмелæ,
Уоди катай – æгæрон.
Рæвдауй мæ æнæвгъауæй
Дæ дзигкоти æставд бид.
Бæргæ гъæуй æрихалун
Мæ дзурдтæгти алдæмбид.
Æнæнгъæлти æрбакъуæтти,
Ранихъуардтон кæд ме 'взаг?
Нидæн усмæ… Фæсауу æнтти –
Хæдзарæмæ дæ фæндаг.
Мæ зæгъуйнаг æнæргомæй
Ниццæй реуи æздухсæн.
Мæ бауæрбæл ниддæлгоммæ 'й
Æнæлæдæргæ æрхæн.
Даргъ æхсæви фæлмæн гъарæй
Æй дуйне рæвдуд, æфсæст.
Æрмæстдæр ма зæрди тарæй
Исигъусуй уазал дзæхст…

ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег

СТЪАЛУТÆ НÆ БАМИНÆГ ÆНЦÆ

Скъуддзæгтæ романæй

(Кæрон. Райдайæн
Журнал «Ирæф»-и аци анзи 2-аг номери)

4-аг сæр

Æриздæхт

Е адтæй мартъий фæстаг бонти. Мети хъæпæнтæ ратадæнцæ.

Хор æ нивæндгæ гъар тунтæй зæнхæ æртавта, уæлдæфи накæ кодтонцæ уалдзигон цъеутæ æма аллихузон гъæлæстæй бæстæ игъæлдзæг кодтонцæ. Æнæгъæдгин зæнхи гæбæзтæбæл фæззиндтæй кæрдæги тауæ æма цъæх-цъæхид радардта. Уалдзæги æууæлтæ æрдзæбæл фæббæрæг æнцæ, фал ма карз тохи бæрæггæнæнтæ нерæнги сæхе æвдистонцæ, æма ивадхуз кодтонцæ фæлабулай аййевдзийнадæ.

Ку еу рауæн, ку иннæ рауæн сугъд танкити æгъзæлæнтæ, сæ бæрзæйтæ æркъолæгæнгæй, æдзæмлæууæ кодтонцæ. Нæуæгконд циртити сæрти ратæх-батæх кодтонцæ сау халæнттæ, пурхæнтæй лæудтæнцæ фæндаггæрæнтти машинттæ, дзармадзантæ æма æндæр уæхæн хуæцæнгæрзтæ.

Уæлдæф-еу ку æрбафелауæнтæ кодта, уæд æ хæццæ Ростовæрдиги æрбахæссидæ топпи хуаси хъуæцæсмаг.

Æфсæнвæндагбæл Ростовæрдæмæ цудæй еу æфсæдтон лæг, æ уæле, хормæ æ хузæ кæмæн исæййивта, уæхæн æмпъузт цинел, æ сæрбæл ругæйдзаг пъилоткæ ниппæлæхсартæ ’й, æ рагъи, æ ком хуæрзæлвæст кæмæн адтæй, уæхæн баркъигонд.

Е адтæй Батæрбег. Адтæй нæуæгдаст, æрмæст æ фиййи бунæй ба зиндтæнцæ, хъæндели базуртау ка ниффæйнердæмитæ ’й, уæхæн бецъотæ. Фæндаггонæн æ цæсгон кæми фæррохс уидæ, кæми ба фæттарæнгæс. Махоркæй конд тамаку ку исуолæфидæ, уæд-еу æ хъуæцæ рафутт кодта æ фиййи цъæсгитæй. Уотемæй цудæй æ фæндагбæл æфсæдтон лæг, æ еу къахбæл къулухæнцайгæй. Бæлццон тагъд кодта Ростовмæ.

Батæрбеги сæри æвзурстæй аллихузон гъудитæ æ тугъдон царди нивтæй, хъæбæр боз адтæй госпитæли косгутæй, уæлдай хъæбæрдæр ба стæвдтæарæзт хирург Боролидзейæй.

Раст ин Боролидзе куддæриддæр загъта, æ гъуддаг уотæ рауадæй, – æ гипс ин исистонцæ, цалдæр боней фæсте ба ’й рафинстонцæ æма мæнæ цæуй е ’фсæдтон хаймæ. Гъæуама исон фембæла е ’мбæлтти хæццæ, Астапенко, Егонский, Чихишвили æма иннети...

Батæрбег æвеппайди дзухълæуд фæккодта, æ гимнастерки дзиппæй исиста Егонскиййи финстæг æма ибæл сæрæй бунмæ æ цæстæ æрхаста, уæдта гъæрæй бакастæй: «Агнесси хабæрттæ дæмæ гъавтон бæлвурддæр ниффинсунмæ, фал мæ гæгъæди фæуд кæнуй». Батæрбеги цæстити рази æристадæй Агнесси сорæт, æ фæлмæн цæстингас, æ зундгин дзубандитæ.

Уотемæй гъудитæгæнгæ, бахъæрттæй Батайскмæ.

Мегътæ бамбарзтонцæ хори цæстæ. Станцæмæ аци бон фиццагдæр хатт ма, кæдæй-уæдæй, æрбацудæй æфсæдтон состав Сталинградæй. Æфсæдтонтæ эшелонæй тагъдтагъдæй истонцæ сæ дзаумæуттæ æма хуæцæнгæрзтæ.

Поезд кæдæй æрлæудтæй, уæдæй рацудæй еу дæс минути, уæдта æвваст нитътъизмæ ’нцæ, нинниудтонцæ сиренитæ, станци рупорæй райгъустæй гъæлæс: «Уæлдæфон фæдес!» «Уæлдæфон фæдес!» Зениткитæ цума зæнхи скъудæй фæззиндтæнцæ, уоййау сæ хæтæлтæ исивазтонцæ арвæр-

дæмæ, æма сæ хуфун исигъустæй. Станци адæм фæснад къанаувæдти сæхе æрримахстонцæ. Силгоймæгти цъæхахст æма сувæллæнтти æрдеуагæ исæмхæццæ æнцæ.

Станци ци нæуæг эшелон æрлæудтæй, уой локомотив æ тулфæ рауагъта æма Батайск æ буни никкодта.

Гъæу Койсухæрдигæй стахтæнцæ кунæггæнгутæ, сæхе тагъд-тагъд исистонцæ бæрзондмæ æма хъуæци фæлми фæййауон æнцæ. Уæлдæфи игъустæй дзармадзанти æма пулеметти унæр. Уæлдæфон тугъд раеудагъ æй...

Уæларвæй цума голлæгутæ еске гæлста, уойй ау хаудтæнцæ немуци бомбитæ æма æфсæнвæндагон станцæмæ хæстæг ихалдæнцæ. Знаги хуæдтæхгутæ мегътæй фæххецæн æнцæ æма сæхе эшелонæрдæмæ саразтонцæ, фал нæхе кунæггæнгутæ сæ цори февзурдæнцæ æнæнгъæлти. Нæуæгæй бабæй зениткитæ æма пулеметти дæрæгъдзæгай иситинг æй. Разæй ци «хенкельтæ» цудæй, уонæй дууемæн сæ хъуæцæ искалдæй, уой фæсте ба испеллон кодтонцæ. Уой фæууингæй, иннæ хуæдтæхгутæ цæхгæр фæззилдтонцæ сæхе æма ледзæги фæцæнцæ.

Уæлдæфон тугъд цудæй еу 15–20 минутей бæрцæ. Знаг æ размæ ци ихæс исæвардта, е æ арми нæ бафтудæй. Æфсæдтон эшелон гъигæдард не ’рцудæй, æрмæст станци æфсæдтонтæ æма сабурцæрæг адæмæй ба еу цалдæремæй фæммард æнцæ.

Уæлдæфон тугъди фæсте Батæрбег батагъд кодта, знаги бомбитæ кумæ æрхаудтæнцæ, уордæмæ.

Еу рауæни къанаумæ хæстæг æрæстæфтæй, еу фондз анзи кæбæл цудæй, уæхæн сувæллон. Сувæллон бадтæй мард силгоймаги цори æма хæкъурццæй дзурдта: «О, нана, фестæ!» – зæгъгæ.

Батæрбег сувæллони цормæ бацудæй æма имæ фæлмæн гъæлæси уагæй ’сдзурдта:

– «Ма ко, нанай бæдолæ, – æхуæдæг ба ин æ дзиппæй сæкæри къæртт исиста. Сувæллон фæгъгъос æй æма сæкæри къæртт æ цъухбæл февардта. Батæрбег сувæллони къохтæбæл бамбалдæй. Етæ адтæнцæ сахуазал, æ цæсгон, æ билтæ ба ницъцъæх æнцæ. Силгоймаги æрæсгарста. Уомæн бомби æрхъез æ сæри фарсбæл исæмбалдæй æма æ тог уæдмæ мæрæбæл баласта.

– О, бецайуаг, – дæ цард ци хъæбæр æнæнгъæлти рахустæй, – хуæрздзæгъæлæй ку байззадæй де ’нагъон бæдолæ, æ зæрди арфæй ниуунæргъгæй, схаудтæнцæ Батæрбегæй еци дзурдтæ.

Мардмæ хæстæг лæудтæй æ минкъий дзæкъолæ. Батæрбег баст райхалдта æма си разиндтæй еу цалдæр дзоли къæреси æма гæгъæдий тугъдонæ. Гæгъæдий разиндтæнцæ æ паспорт, æхца æма цалдæр финстæги. Еу финстæги дзурдтæ ма тухх æйти зиндтæнцæ, фал си Батæрбег бакастæй цубур рæнгъитæ: «Зинаргъ Машæ! Тохун Мæскумæ хæстæг. Нæ уавæр æй уæззау, фал мин мацæмæй тæрсæ. Уæлахез мах уодзæй. Кæд дин фадуат ес, уæд дæхе Кавказæрдæмæ райсæ. Корун ди æма мин багъæуай кæнæ мæ еунæг биццеу Валерикки...»

Идарддæр нæбал бакастæй финстæг Батæрбег, фал бакастæй сувæллони цæсгонмæ. Куддæр имæ Батæрбег æхе фæззилдта, уотæ бабæй сувæллон ба æхе æ мадæрдæмæ рахатгæй, нигки хъæбæрдæр никкудтæй: «Нана, уæ нана, фестæ æма цæуæн», с зæгъгæ. Батæрбег æ рæдуд ралæдæрдтæй æма æхе фæгъгъæддугъгæнгæй, сувæллонмæ исдзурдта:

– Валерик, кæугæ ма кæнæ, ду дзæбæх сувæллон ку дæ, – зæгъгæ, æма бабæй ин сæкæри къæртт февардта.

Сувæллон бабæй æ кæунæй фæгъгъос æй, æма, æвæдзи, бадес кодта, аци æнæзонгæ лæг ин æ ном кæцæй зонуй, зæгъгæ, æма æ къохтæ бадаргъ кодта Батæрбегмæ.

Батæрбег сувæллон æ гъæбесмæ исиста, æхуæдæг ба гъудити ранигъулдæй: «О, мæгурдæйраг, дæ мадæ дæ нæбал фæууиндзæнæй. Цъаммар знаги къохтæй бацудæй мæрдти бæстæмæ. Ка ’й зонуй, айфонмæ мæн нийййергутæ дæр уæхæн уавæри æнцæ.»

Биццеу ислæудтæй кæунæрвонг, фал бабæй æй Батæрбег нæуæгæй басабур кодта.

– Ма ко, Валерик, ма ко, мæ хор! Дæ нана бафæлладæй æма бафунæй æй. Цæуæн, æз ба дин къанфеттæ балхæнон, уæдмæ дæ мамæ дæр æригъал уодзæй, – зæгъгæ.

Сувæллон æ бор сæр разилдта Батæрбегмæ æма имæ æ листæг цъæх цæститæй æдзинæг никкастæй, уæдта ин æ реубæл æ сæр бакъолæ кодта.

Батæрбеги зæрди цæхгæрмæ рахизтæй сувæллони æргом цæстингас æма æ зæрдæ нирристæй, ке æй рафæливта, уомæй.

Еу усмæ къехкæсæгæнгæй райзадæй, уæдта сувæллони æ реумæ æнгондæр æрбалхъивта æма фæрраст æй Батайски станци комендатурæрдæмæ. Æфсæдтон дзæбæх æнкъардта минкъий сабийи зæрди гупп-гупп.

Арвбæл мегътæ тарæй-тардæр кодтонцæ. Думгæ сабургай æхе æвдесун райдæдта æма Ростовæрдигæй хаста тугъди унæр, сугъд хæдзæртти хъуæцæ æма топпихуаси тæф.

Батæрбег гъудити ранигъулдæй æхемедæг, уæдта кæцæйдæр æ зæрди арфæй исервазтæй: «Нæ, ауæхæн æфхуæрдæн ниххатиргæнæн нæййес. Нæ сæребарæ бæсти аразтан сабур цард, архайдтан, адæймагæн æ ном, æ кадæ, æ хъаурæ дуйней тæккæ бæрзонддæр хонхи цъоппæй никки уæлдæр исесунбæл. Ци фæнди мæсугæй дæр федардæр адтайдæ, цæмæй рæстдзийнадæ адтайдæ уæлахез, дуйне ба – дзæнæтау рæссугъд. Архайдтан сабурдзийнадæбæл, фал, сæ хор кæмæн фæннигулуй, еци маргзæрдæ знæгтæ æрбампурстонцæ нæ бæстæмæ, танкити цæлхити буни æнсæндунцæ нæ хуаргун будуртæ, содзунцæ нæ горæттæ, нæ гъæутæ. Ауиндзунцæ, цæгъдунцæ нæуæг догæ, нæуæг цардаразæг адæми. Валерикки хузæн сувæллæнттæ байзадæнцæ æнæ мадтæлтæ, æнæ фидтæлтæй, æма неунцæ, дзиназунцæ фашистти цулухъти буни. Нæ, уомæн ниххатиргæнæнтæ нæййес. Лæгæн ма райгурæд, æ райгурæн бæстæ ка нæ багъæуай кæна, æ адæми маст ка нæ райса, Валерикки хузæн сувæллæнтти еци маргæйдзаг хелаги комæй ка нæ фæййервæзун кæна...»

Уæхæн хузи гъудитæгæнгæй, Батæрбег æрбахъæрттæй комендатурæмæ. Адæм бабæй нæуæгæй базмалдæнцæ станци, æфсæдтонти эшелон ревæдæй раевгъудæй къурццæвæнмæ, æфсæдтон хæйттæ римахстонцæ сæ тохæнгæрзтæ.

Сабурцæрæг адæм агурдтонцæ се ’мбæлтти, фарстонцæ, Бакурдæмæ поезд кæд уодзæй, уобæл. Медицинон косгутæ зилдæнцæ æма æнхус кодтонцæ цæфтæн.

– Æмбал комендант, барæ мин раттæ медæгмæ бахезу-

нæн, – æ рахез къох æ тæнуадолæмæ исесгæй, сдзурдта Батæрбег.

Медæмæ ку бахизтæй, уæд лæмбунæг æрдзурдта сувæллони туххæй. Сувæллон байзадæй комендатури, Батæрбег ба азгъунстæй рахезгæй, идарддæр ранæхстæр æй æ фæндагбæл.

Бон изæрæрдæмæ хæстæгдæр кæнун райдæдта. Хори тунтæ мегъти æхсæнти зихъиртæй ку еу рауæнæй æркæсунцæ, ку ба иннæ рауæнæй. Думгæ дæр æ суф-суфæй фæссабурдæр æй.

Батæрбег Ростовмæ куд хæстæгдæр кодта, уотæ тохæнгæрзти дæгæрна хъæбæрдæр игъусун райдæдта. Дзармадзанти нимæдзæ и къæхтити фулдæрæй-фулдæр кодта. Хуæдтолгитæ фæд-фæде ниббардзæ ’нцæ фæтти асиккити хæццæ.

Хор æппунфæстаг мегътæй фæххецæн æй æма бабæй зæнхи еу гæзæмæ барæвдудта æ гъар тунтæй. Батæрбег Ростовмæ куд хæстæгдæр кодта, уотæ ’й арæхæй-арæхдæр уорамун райдæдтонцæ постбæллæугутæ æма ин æ гæгъæдитæмæ ку æркæсиуонцæ, уæд ин бауайдзæф кæниуонцæ.

– Æмбал хестæр лейтенант, дæ гæгъæдитæ рæвдзæ æнцæ, фал еунæгæй куд цæуис дæ æфсæдтон хаймæ?

Батæрбег алкæмæндæр лæдæрун кодта æ хабар, æфсæдтон хаймæ ’й тагъддæр бахъæртун ке гъæуй, уой туххæн, æма ин еунæгæй цæунмæ барæ лæвæрд ке ес.

Хорнифтуйунмæ берæ нæбал гъудæй, уотæ Батæрбег дæр бахъæрттæй Донмæ. Устур хед, тохгæй æй кутемæй фæууидта, уотæ ихæлдæй лæудтæй, æрмæстдæр æ цæгатварсæрдигæй арæзт æрцудæй гъæдин хед æма ибæл æнæсцохæй цудæнцæ хуæдтолгитæ. Батæрбег æрлæудтæй Дони билгæрон æма арф гъудити ранигъулгæй, æдзинæг кастæй дони уолæнтæмæ. Дон цудæй сабур æма уæззау. Минкъий сакъадæхти уæлгоммæ фæлдæхтæй лæудтæнцæ наубæлæгътæ, сæ фулдæр сæститæ, æма сæ дони уолæнтæ ку базмæлун кæниуонцæ, уæд цума сæ тар фунæййæй фегъал уиуонцæ, уотæ уæзгæковæ ракæниуонцæ дуурдæмæ.

Батæрбег æрбадтæй, махоркæ æрæууРста, гæгъæдий гæбази æй батухта æма сдумдта:

– Цард ци дессаг æй, – æхенимæр дзурдта Батæрбег, – кæсай, номдзуд Дон æ уолæнти фæйлауæнтæ сабургай хъæртун кæнуй денгизмæ. Раги кæддæр ба нæ рагфидтæлтæ цардæнцæ аци дони билгæрæнттæбæлти. Гъæуай кодтонцæ сæ сæребарæдзийнадæ, сæ тог калдтонцæ. Æностæ раевгъудæнцæ бонтау, æведуйгæ Дон ба фиццагау цæуй, – уотæ адæм дæр. Фæлтæр æййевуй иннæ фæлтæри, цæунцæ размæ, цард еу асийнæй иннæ асийнæмæ хезгæ цæуй рæсугъд догтæмæ, æма æз дæр хуæрзæрæги, нæ фидибæстæ гъæуайгæнгæй, тох кодтон знаги нихмæ сæрустурæй. Цудан æхсæвигон сгарæни. Цудан æма æнхæст кодтан паддзахадон ихæс. Нур уартæ еци бæлæгътау, сæ ихæс бафедгæй, ами æностæмæ æрæллау æнцæ мæ тугъдон æмбæлттæ. Аци будурти топпихуаси хъуæцæ бамбарзта хори цæстæ, адæймаги сæр тугъди унæрæй фæкъкъуру æй. Топпитæ, пулеметтæ, дзармадзанти æмнæрд, бомбити сræмугъд, æфсæдтонти мæлæтдзаг гъæрзун. Еугурдæр байзадæнцæ дони иннæ фарс. Мæ хæццæ, мæ мадæй райгургæ æнсуæртау ка царди зинг бахустæй. Сæ ихæс кади хæццæ исæнхæст кодтонцæ, сæ сорæттæ нæ зæрдити цæрдзæнцæ æностæмæ. Рохсаг уæнтæ!

Уотитæ гъудитæгæнгæй, Батæрбег фестадæй е ’мдæргъцæ æма тæфирфæсгæнæги лæуд æркодта. Батæрбегæн æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ: сау æхсæвæ... плацдарм... немуци къæхтитæ, æвзаги байст... тоги пурхæнтæ...

Батæрбеги зæрдæбæл æрбалæудтæй медсанбат.

Тогведуд фæцæй æма æнæгъæнæ суткæ æхе нæ лæдæрдтæй. Дугкаг бон еу рæстæги æхе æрлæдæрдтæй æма фæууидта пъалати фæрстæ. Æ уæлсæргъæ лæудтæй циуавæрдæр силгоймаг æма имæ фæлмæн цъухи уагæй сдзурдта: «Батæрбег, ма фæттæрсæ».

Е адтæй Агнессæ. Æнæнгъæлти фембæлд... Цума нур ба ци фæцæй?.. Батæрбег бабæй нæуæгæй æ дзиппæй исиста Егонскийи финстæг æма бабæй ибæл æ цæстæ æрхаста. Финстæгмæ кæсгæй, æ цæстингас фæррохсдæр æй.

5-аг сæр

Фембæлд

Бон изæр кодта. Ростови центр адтæй стæгдарау æдзæр. Еуæй-еу хæдзæртти хъуæцæ ма калдæй. Горæти кæрæнтти цæргутæ ба сæхе цæттæ кодтонцæ æхсæйвон бомбæдзагъдмæ, уомæн æма ’й хуарз зудтонцæ, куддæр æрбаизæрмелтæ кæна, уотæ бабæй немуци æхсæвтæхæг хуæдтæхгутæ ке æрбатæхдзæнцæ, уой.

Æфсæдтон хæйттæ дæр цæттæ адтæнцæ æхсæйвон тугъдтитæмæ, прожектортæ фæлвæрд, мадта зениткитæ дæр сæ æфсæнцъухтæй æсмустонцæ арви идæрдтæмæ.

Æстæн хатт ма арвбæл мегъти ауунæй давгутау фæззинниуонцæ немуцаг хуæдтæхгутæ, гъавтонцæ хедмæ батомар кæнун, фал сæ уайтæккæдæр нæхе советон хуæдтæхгутæ сорæги расориуонцæ æма етæ дæр сæ бомбитæ æндæр рауæнти æрæгъзалиуонцæ. Адæн нæ, фал ма фонс дæр лæдæрдтæнцæ тонхи уæзæ. Зениткити унæр æма бомбити срæмугъдтити фæсте-еу фонс зир-зир кæнун райдаиуонцæ, уасгæ дæр цидæр æнахур гъæлæсæй кодтонцæ, куйтæ сæхе бафæсвæд кæниуонцæ æма уордигæй игъусидæ сæ неунгъæр, тикистæ сæ фур тæссæй агурдтонцæ къæхтитæ, гæнæн син ку нæбал уидæ, уæдта сæхе куйти буни дæр раниуæрдиуонцæ, æрмæстдæр-еу Батæрбег уæхæн сахат игъæлдзæгæй рахезидæ дугкаг механизацигонд танкити корпусæй.

Æма уогæ игъæлдзæг дæр куд н’ адтайдæ, кæд æма æ фæндон исæнхæст æй, – барæ ин лæвæрд æрцудæй æхе æфсæдтон хаймæ раздæхунмæ.

Батæрбегæй еци бомбæгъзалæн сахатти æ тасдзийнадæ дæр феронх æй, уотемæй тагъд-тагъд кодта Матвееви обаумæ. Рахъæрттæй Ростови цæгатварсмæ, уоми ба сæйраг фæндаг цалдæрæрдæмитæ фæссагелæ æй. Фæссагелæгонди лæудтæнцæ амонæнтæ. Уонæй еу адтæй сурх хуарæнæй хурст. Е амудта Батæрбеги æфсæдтон хаймæ здæхæн.

Куддæр фæндаггон æ цæстингас фергъувта амонæнæй, уотæ ба æ фарсмæ æрæстæфтæй еу æфсæдтони, æма кæ-

рæдземæн салам равардтонцæ. Еу усми, кæрæдземæ кæсгæй, сагъдауæй райзадæнцæ. Фембæлæгбæл адтæй старшинай пъагæнттæ, хорсугъд цинелæй калдæй топпи хъуæци смаг, асæмæ гæсгæ – рæстæмбес, сауцъарæ, æ бецъотæ биндзи базуртау, æ ростæ гъунтъуз, æ усхъæбæл автомат.

– Чихишвили?! – фæрсæгау гъæрæй сдзурдта Батæрбег æма æ цæсгонбæл фæззиндтæй циуавæрдæр æхсицгондзийнади нисанеуæг.

– Батæрбег, – æ устур дес нæ уорамгæй, сдзурдта Чихишвили æма сæ кæрæдзей зæрддагон хъури никкодтонцæ.

– Дессаг! Дессаг! Генацвале! – фунфæууинæгау, ходгæй, дзурдта старшина, – нæбал дæ базудтон, дæ хузæ фендæр æй, дæ цæсгони цъарæ фæууорсдæр æй, болгау хуæрздаст.

– Фиццаг дæмæ ку фенгаст дæн, уæд дæбæл фæггурусхæ дæн, – а, зæгъун, Батæрбег ма уа, генацвале.

– Æнбал старшина, фæдди иронх æй æфсæдтон æгъдау. Æз дæуæн генацвале нæ дæн, фал гвардий хестæр лейтенант Биботи.

– Æнбал гвардий хестæр лейтенант, Биботи, æз æнæмæнгæ фæррæдудтæн, – сдзурдта Чихишвили, æ къох æ пъилоткæмæ исесгæй. Нæуæгæй бабæй æнсувæртау кæрæдзебæл ницийнæ æнцæ.

– Цæй, ци нæуæг хабæрттæ ес æфсæдтон хаййи, куд æнцæ не ’нсувæртæ, циуавæр ихæс æвæрд ес нæ размæ, – бафарста Батæрбег.

– Æз мæхуæдæг еу минкъий фæцъцъæрæмухст дæн, фал фæстæмæ радзæбæх дæн, куййи хуæстæн, дан, æ хуасæ æхе гъунæй дзæбæхгæнгæ æй. Еу изæр æсгæрсти рандæ ан æма, бади æруагæс уæд, бонисцъæхтæмæ æрбадзæбæх дæн. Нæ командир Военков дæр саг-сирди хузæн æй, игъæлдзæг, Егонский ба еудадзугдæр кæнуй дæ кой... Ци ма дин радзорон?

– Тугъдон хабæрттæ ба?

– О, хæдæгай, фæццæй ми иронх кодта. Æнæнгъæлти фембæлд мæ æ уæлнихтæ фæххаста.

– Æма ести лæгъуз хабар æрцудæй? – æваст рафарста Батæрбег, æ цæстингас фæттар гæнгæй.

– Æзинæ Матвееви обауи рахезфарсæрдигæй еу дууæ

батальони сгæрст саразтонцæ топпадзагъди хæццæ. Куд зæгъунцæ, уотемæй еци мадзали нисан адтæй, знаги федæрттæ æма хуæцæнгæрзтæ кæми æнцæ, уой сбæлвурд кæнун. Немуц сæхе ниссабур кодтонцæ, фал не ’фсæдтæ дзæвгарæ ку бацудæнцæ, уæд сæ дууердигæй ниццавтонцæ æма голлаги бахаудтæнцæ. Берæ зиантæ æрцудæй уонæй дæр, махæй дæр. Немуц сæ цæг хъæбæр æрфедар кодтонцæ. Абони ба Астапецмæ фæдздзурдта инæлар Кулачев æма ин, куд балæдæрун кодта, уотемæй аци æхсæвæ аразунмæ гъавунцæ бампурст, цæмæй фехалонцæ знаги федæрттæ.

Дууæ æфсæдтон æмбали фæгъгъос æнцæ. Батæрбег гъудити ранигъулдæй, æ цæститæбæл рагъазтонцæ, знаги цæгмæ ка бахаудтæй, еци сурхæфсæдтонтæ, сæ уæззау уавæр.

Чихишвили дæр цудæй æнæдзоргæй, æ зæрдæ цъоппидзаг адтæй мастæй фудæзнагмæ, мастмæ – тох, тогмæ –тог.

Хор æхе æрримахста нигулæни. Мегътæ сурх-сурхид радардтонцæ, цума сæ тоги есге сæвдулдта, уойййау. Тугъди унæр дзæбæх игъустæй. Знаги дзармадзанти фæттæ хæстæгути ихалдæнцæ, æма-еу дууæ фæндаггони хаттæй-хатт сæхе раримæхсиуонцæ къæхтити. Уæдмæ сæ гъостæбæл рауадæй знаги хуæдтæхгути гув-гув.

– Æрбахъæрдтан, – сдзурдта Чихишвили, æма дууæ лæги бараст æнцæ арф къагъд траншейти. Еци дзурдтæ Батæрбеги сæримагъзи февзурун кодтонцæ нæуæг гъудитæ, мæнæ æрбахъæрттæй æ тугъдон хаймæ, уотæ берæ кæмæ бæлдтæй, еци тугъдон æмбæлттæмæ. Нур бабæй ин фадуат фæууодзæй уæлахези сæраппонд æ тухæ æма æ нифс æрбаеу кæнунæн.

– Дæлæ е æй штаби сæргълæууæги блиндаж, – загъта Чихишвили, уæдта ин æ къохæй раамудта сгаргути роти бунат дæр.

– Æрмæстдæр мæн тухæй маци зæгъæ. Зиндзæнæн нуртæккæ. Бадзубанди кодтан?

– Хуарз, – сдзурдта Чихишвили æма фæййауон æй.

Батæрбег блиндажмæ нæма бахъæрттæй, уотæ уæлдæфæй райгъустæй æнахур скъот. Немуци бомбитæ æрхаудтæнцæ штабмæ хæстæг æма метæмхæццæ сикъити къу-

булæнттæ исæмæнтъери æнцæ топпи хуаси хъуæцæ æма саутар уæлдæфи хæццæ. Бæстæ фæлабулай еугур æмидолæ иссæй.

Батæрбег уæхæн уавæртæбæл ахур адтæй, фал аци хатт, æ цормæ хæстæг ци бомбæ исрæмугъта, е ба æй куддæр фæкъкъуру кодта. Ци сикъити фæхцитæ ибæл бакалдта, уони æ уæледарæсæй æрцагъта, е 'мдæргъцæ исистадæй æма бахудтæй.

Æ цори уæдмæ болкъон февзурстæй:

– Хестæр лейтенант, – загъта е, – фегъустай, горæт Ростови сæрбæл тугъдтити ци бæгъатæрдзийнадæ равдистай, уой тухæн дин уæлдæр командæкæнунадæ исаггаг кодта Паддзахадон хуæрзеуæг – «Фидибæсти тугъди» орден.

– Æнбал болкъон, æз нæ фегадæ кæндзæнæн, ци æууæнкæ мæмæ равдистайтæ, уой, – сдзурдта Батæрбег æма сæрустур, нифсгинæй рацудæй блиндажæй.

Æ сæри магъзи фегурдæй нигки нæуæгдæр гъудитæ, æма етæ нигкидæр фæннифсгундæр кодтонцæ Батæрбеги зæрдæ. Æма куд нæ? Æ æфсæдтон хай ин æй æхе хæдзарау. Æма æ хæццæ ка æмтох кæнуй, етæ æхеуонтæ нæ 'нцæ, кæд ами фиццаг хатт фембалдæнцæ тугъди будури, уæддæр ин ами ба æнцæ æхе æнсувæртау.

Сæ тугъдон уæлахезмæ турнундзийнадæ æй еу, сæ хуарздзийнадæбæл син цийнæ кæнуй, фæндуй æй, цæмæй се 'гас дæр уонцæ æнæфидбилиз. Етæ дæр ибæл цийнæ кæнунцæ еу хæдзари бийнонтау.

Кæд ци 'й фæндуй зин фадуæтти æй дивизи, кæд сæ æхсæвæй-бонæй немуц æхсунцæ дзармадзантæй, бомбитæй, кæд болкъон ци 'й фæндуй æнæевдæлон æй, уæддæр Батæрбегбæл исæмбалдæй устур æхцæуæндзийнадæ æма хæларзæрдæдзийнади хæццæ, æхе фидау æй барæвдудта, радзурдта ин сæ хабæрттæ, сæ уавæрти тухæй.

Фидтæлти дзурд æцæг æй – «зин уавæри равдесуй æхе æцæг лимæн», зæгъгæ. Абæл ма мæ бафтаун фæндуй, – «адæймаг тугъди ци лæмæнтæ иссера, уонæн ба си бустæги æмбал нæййес».

Уотитæ гъудитæгæнгæй, Батæрбег фæццæйцудæй æ полки командæгæнæн пунктæрдæмæ. Цалдæребæл фембалдæй æ зонгитæй æма кæрæдзебæл зæрдтагон табедзæ

бакодтонцæ. Пулеметтæ æма топпити фæттæ скъот кæнунцæ траншейти сæрти уотæ, æма адæмæн æмраст ислæуунæн уогæ дæр нæбал ес фадуат. Батæрбег еу траншейæй иннемæ губур-губурти цæуй.

Дæлболкъон Военкови блиндажи цори ба Батæрбег хæрх-æмбæлд фæккодта æ адъютант, хестæр сержант Семеновбæл. Сæ кæрæдзей нихъхъури кодтонцæ, уæдта сæ кæрæдзей рарафæрс-бафæрси фæсте ба блиндажи фæммедæг æнцæ дууемæй дæр.

Унгæг блиндажи къумтæ рохс кодтонцæ дзармадзани фæтти хъозгитæй конд цирæгътæ, фæтти асиккити фæйнæгутæй конд стъолбæл æвæрд адтæй тугъдон къартæ æма телефон.

Дæлболкъон кедæр хæццæ дзурдта æма сурх кърандаси кæронæй бунæттон къартæбæл цидæртæ агурдта. Военковмæ хæстæг ма бадтæнцæ цалдæр афицери. Етæ дæр райтигътонцæ сæ æфсæдтон къартитæ æма сæбæл цидæртæ бæрæг кодтонцæ.

Блиндажи уæвгутæ уойбæрцæбæл æнæевдæлон адтæнцæ, æма, ка æрбахизтæй, уони æстæфгæ дæр не ’ркодтонцæ.

Батæрбег, медæмæ бахезгæй, фиццаг æфсæдтон уагæмæ гæсгæ æ къох æ сæрмæ исиста, фал хабар ку балæдæрдтæй, уæдта нецибал исдзурдта æма æнгъæлмæ кастæй.

Военковæн уидта æрмæстдæр æ фæтæн фæсонтæ æма æ хормæййивд пъагæнттæ, иннæ афицертæй ба неке зудта.

Батæрбеги хъæбæр фæндæ адтæй еци усми æ зинаргъ командирмæ бауайун æма ’й зæрддагонæй æнсувæрау нихъхъури кæнун, уæдта æфсæрми дæр некæмæй фæцайдæ, фал аци усми ба рæстæг æма уавæр æндæр хузи амудтонцæ хе дарун.

Военков телефони хæтæл æрæвардта, æ къартæбæл ма цидæртæ фæббæрæггæнæнтæ кодта, уæдта æхе дуарæрдæмæ разилдта.

Батæрбег бабæй нæуæгæй æ къох æ сæрмæ фæхъхъел кодта æма куддæр салам раттунмæ рагъавта, уотæ ба æ гъостæбæл æруадæй æ командири цийнæйдзаг дзурд.

– Батæрбег! Е ду дæ? – рæуæггомау фæггæпп кодта æма

æ къох Батæрбегмæ бадаргъ кодта. Батæрбег дæр æ дуурæ къохемæй фæллæбурдта командири къохмæ æма ’й æхсицгон æлхъивд никкодта, уæдта федар гъæлæсиуагæй загъта:

– Æз дæн æнбал... – идарддæр ма цидæр исзæгъунмæ гъавта, фал æй дæлболкъони дзубандитæ фæкъкъулумпи кодтонцæ æма сæмæ е дæр зæрдиагæй нийгъуста.

– Дессæгтæ! Æнæнгъæлти, – дзурдта Военков æма æ цъæх цæститæ æ борхелæ цæсгомæй идзулдæнцæ Батæрбегмæ, æ тæрнихбæл ци зинвæдгин хæнхитæ адтæй, етæ дæр аци хатт цума сæ тардзийнадæ раримахстонцæ, уоййау фæллигъздæр æнцæ æма æвдистонцæ сæ æхсицгондзийнадæ.

– Нæ хуарз лимæн, Батæрбег!.. Дæ цæсгони хузæ дæр еу минкъий æхе раййивта. Мадта бецъотæ дæр, уæй?.. Неци кæнуй. Зонис, дæ хуæрзеуæг дин Астапецæй госпитæлмæ рарветуйнаг адтæн, фал дæхуæдæг æрбахъæрттæ, раздæр ба нæ къохти нæ бафтудæй, уомæн æма нæ немуц еу минкъий батухсунтæ кодтонцæ.

– Фегъустон æй, æнбал гвардий хестæр лейтенант.

– Неци кæнуй. Цæй, бадгæ... О, хæдæгай, базонгæ уо мæнæ аци афицерти хæццæ дæр, – дзурдта идарддæр Военков, – нæуæг æрбацæуæг командиртæ æнцæ, абонæй фæстæмæ еумæ уодзæнцæ нæ тохтæ æма нæ уæлахезтæ дæр.

Батæрбег базонгæ ’й нæуæг афицерти хæццæ.

– Хуарз бæргæ адтайдæ, ахсæви нæ хæццæ ку рацудайсæ, уæд, – сдзурдта дæлболкъон.

– Æз цæттæ дæн, – дзуапп равардта гвардий хестæр лейтенант Биботи.

– Нæ, не ’сræвдзæ уодзæнæ, – сдзурдта расагъæсгæнгæй, Военков. – Нæдæр хуæцæнгарзæй, нæдæр ба уæледарæсæй нæ дæ ræвдзæ.

– Неци кæнуй, – æз мæхе рарæвдзæ кæндзæнæн, – корæгау сдзурдта Батæрбег.

– Мадта уæд капитан Астапеци иссерæ, е дин гъуддаг лæмбунæгдæр балæдæрун кæндзæнæй. О, фæндаггон ке дæ, е ба ми мæрдирæнхæ æрбацæй, – загъта дæлболкъон æма æ адъютант Семеновмæ фæдздзурдта. Семенов æ хецауи цæстæнгасбæл уотæ исахур æй, æма имæ дугкаг

хатт дзорун нæбал гъæуидæ. Нур дæр стъолæбæл уайтæккæдæр къаробкæ райвардта къансервти хæццæ, сау дзоли къæбæртæ, уæдта къубуцки сæр разилдта æма жестæй конд агувзи арахъхъ рауагъта.

– Æнбал афицертæ, – загъта Военков, агувзæгонд æ къохмæ райсгæй, – æнбал хестæр лейтенант Бибой-фурт, нæ хуæздæр, бæгъатæрдæр æма арæхстгиндæр сгарæг, æ æфсæдтонти хæццæ æрбакодта 32 «æвзаги». Цалдæр хатти фæцæй уæззау цæфтæ, фал бабæй нæуæгæй исæмбæлуй е ’фсæдтон хайбæл. Мæнæ бабæй нур дæр æриздахтæй æма нæмæ æгас цæуæд!

– Æгас цæуæд, – æмцъухæй сдзурдтонцæ афицертæ дæр. Дæлболкъон æ агувзæ баниуазта æма бабæй идзаг агувзæ афицертæй кæмæдæр балæвардта, уæдта Батæрбегмæ дæр.

Батæрбег афицертæн зæрдибунæй арфæ ракодта æма блиндажæй рахизтæй.

Бон изæрæрдæмæ фæкъкъолæгомау æй. Хуæдтæхгути унæр арæхæй-арæхдæр кодта. Сæ унæрмæ гæсгæ æнцон рартасæн адтæнцæ, – нæхеуонтæ æнцæ, æви знаги хуæдтæхгутæ, е. Аллирдигити искарз æй пулеметтæ æма автоматти къæр-къæр.

Батæрбег цудæй æ фæндагамонæг, хестæр сержант Семенови хæццæ. Брустверæй сæбæл знаги нæмгутæй сикъит æрæгъзæлуй, æма уæд сæхе фæггубур кæнунцæ. Сгаргути блиндаж адтæй еу туппури буни. Астапец æма Батæрбеги фембæлд кæрæдземæн уотæ æхцæуæн адтæй, æма сæ цийни цæстисугтæ рагъардтонцæ сæ дууемæн дæр. Батæрбегмæ ходуйнаг кастæй æ дзиппæй æ фийсæрфæн къохмæрзæн исесун æма си æ цæстисугтæ ниссæрфун, уомæ гæсгæ ба æ фий исцумæ-исцумæ кодта, уотемæй исдзурдта:

– Гъи, Астапец, æгас ма дæ?

– Æгас, уæллæгъи, Батæрбег!

– Куд бабæй фембалдан?

– Æма нин фæххецæн ун дæр нæййес, нæ тог еумæ нихсистæй, нæ Фидибæсти сæраппонд содзæн еци еу арти, иснæ гъомбæл кодта Советон хецауадæ, Ленини-Сталини парти æма нин уомæ гæсгæ ба исæфæн нæййес, – дзурдта,

æ цийнæ нæ римæхсгæй, Астапец, æ сауцъарæ цæсгонæй æ мудхуз цæститæ цæхæртæ калдтонцæ, уотемæй.

Æсгаргути къуарбæл уайтагъддæр рахæлеу æй Батæрбеги хабар æма имæ еугурæй дæр цудæнцæ фæууинунмæ.

Гвардий сержант Егонский дæр, æ радæ ку бахъæрттæй, уæд æхцæуæнæй ниттухстæй Батæрбегбæл. Еци усми æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, Батæрбег æй мæлæтæй куд фæййервæзун кодта, еци хабар.

Старшина Чихишвили развæлгъау æрцæттæ кодта цæхгун кæсæлгитæ, къалбас, фиди къансервтæ, æндæр уæхæн цидæр раскъауйнæгтæ. Уæдмæ Астапец топографион къартæ еуварсмæ райста, фатæй конд цирагъ стъоли бæрæгастæу æрæвардта æма сæ æнæнгъæлти фембалди æхцæуæндзийнадæ райдæдта.

Егонский æ кæрзцъæх цæститæ Чихишвилимæ æрникъолгæй, бакълашкæмæ бавналдта, фал ниуазæнмæ Батæрбег фæццурддæр æй, æ баркъи фегон кодта æма си, литри æрдæги бæрцæ кæми цудæй, уæхæн авгæ исиста, уæдта арф ниууолæфгæй, сдзурдта:

– Аци авгæ æлхæд æй Тихорецки. Госпитæлæй куддæр рацудтæн, уотæ ме ’ргом исаразтон базармæ, фæндаггагæн, зæгъун, еу раниуазон, фал куддæр ниуазæн мæ билтæбæл исæвардтон, уотæ ба фæкъкъехау дæн. Гæр, æз ба ардигæй мæ тугъдон æмбæлттæн æмбæлæггаг ма фæххæссон? Æма мæ дзурд исæнхæст кодтон, – уотæ исдзоргæй, идзаг агувзæ Астапецмæ балæвардта.

Бадт нæ ниддæргъвæтийнæ æй. Фæйнæ баниуазтонцæ, искомидзаг кодтонцæ, радзубанди кодтонцæ, уæдта сæ фæсте рафснайдтонцæ. Батæрбеги зæрдæбæл æрбалæудтæй штаби хецауи фæдзæхст æма Астапеци фæрсунтæбæл фæцæй.

Астапец хуарз лæдæрдтæй, Батæрбеги хузæн сгарæг сæ ахсæви, устур ихæс æнхæстгæнгæй, хъæбæр æхсицгон ке гъæуй, уой, фал кутемæй? Нурма нуртæккæ ку æрбахъæрттæй Батæрбег е ’фсæдтон хаймæ, æ уæледарæс æнæййивд, æнæ хуæцæнгарз, сæйрагдæр ба е æй æма ’й нæуæг сгаргутæ фæсмæргæ дæр нæма кæнунцæ.

– Ку неци, Батæрбег, нерæнги нæмæ ку неци ма фæххабар кодтонцæ, кæд ести уодзæй, уæддæр. Æнæгъæнæ бон

фестæгæй цæуис, фæллад дæ. Мæнæ бал Егонскийи хæццæ цотæ æма еу минкъий дæ фæллад исуадзæ, æхуæдæг ба къартæ æрбайста æма лæмбунæг никкастæй, нисæнттæ æвæрд кæми адтæй, еци бунæттæмæ.

Егонский æма Батæрбег рацудæнцæ сæхе минкъий блиндажмæ. Уоми фарсбæл ауигъд адтæнцæ Егонскийæн æ хуæрти æма æ дохтури хузтæ.

Нур дууæ лимæнемæн фадуат фæцæй сæ кæрæдзей рафæрсæ-бафæрсæ кæнунæн, уомæ гæсгæ ба дзубанди кæрæдзей цъухæй истонцæ. Фал уæддæр Батæрбегæй ба еу усмæ дæр не ’ронх кодтонцæ Военкови дзурдтæ, цо, Астапец дин хабæрттæ хуæздæр балæдæрун кæндзæй, зæгъгæ, æма нур дæр Егонскийи корæгау рафарста:

– Ма мæбæл æй басосæг кæнæ, зæгъгæ. Зæгъай мин æй, циуавæр ихæслæвæрд ес нæ роти размæ?

– Нæ зонун, – арф нигъгъудигæнгæй, загъта Егонский.

– Мадта мин Военков цæмæ уотæ загъта, уæдта Астапеци ку бафарстон, уæд дзуапп раттуни фæсте æхе къартæбæл цæмæн ниццавта, цæмæ нæ рарвиста, цæмæннæ нæ бауагъта рафæстеуат кæнун?

Егонский гъудити ранигъулдæй, дзæвгарæ рæстæгутæ æ цъухæй дзурд дæр нæбал хаудтæй, уæдта арф ниууолæфтæй æма райдæдта:

– Дæхуæдæг æй зонис, æмбал, хестæр лейтенант...

– Корун ди, æма мæмæ ауæхæн уавæри дзорисæ мæ номæй, – сдзурдта Батæрбег.

– Хатир корун, фал дин, Батæрбег, уой ку дзорун, – æ дзубанди идарддæр ниванста Егонский. – Командири дзурд алкæддæр æй æнхæстгæнгæ. Фал мæ уотæ æрдомгæй кæми фæрсис, уоми мæ бон дæу фæссайун нæй, уæдта дин дæ курдиадæ ма исæнхæст кæнон, е дæр мæ бон нæй. Исон нæ ротæ гъæуама сгæрст исараза, цæмæй уæгъдæгонд æрцæуа, знаги къохмæ ци æфсæдтон хай бахаудтæй, е. Цæмæй, роти размæ ци ихæслæвæрд æрцудæй, е æнхæстгонд æрцæуа, уой туххæй ба къуæрдтæ дехтæгонд æрцудæнцæ. Дæлболкъон Военков æ размæвæрд ихæсти пъланмæ ку кастæй, уæд загъта: – Ех, нур ма нæ хестæр лейтенант Биботи ку уайдæ, уæд роти сгæрст хуæздæр бæргæ рауаидæ. Хуцауистæн, æцæгæйдæр уотæ загъта.

– Мадта мин уæд Астапец куд неци иской кодта, фæрсгæ дæр æй ку кодтон, уæд мæбæл æй цума цæмæн басосæг кодта? Æви мæбæл æ зæрдæ нæ даруй? – æхе исбостæхуз кодта Батæрбег æма тамаку здохунбæл фæцæй. Естæбæл ку тингун кæнидæ, уæд тамаку æ кустаг уотæ искæнидæ.

– Нæ, Батæрбег! Рæдуйгæ кæнис. Уой зонæ, æма Астапец дæубæл некæд фæггурусхæ уодзæнæй, æ фæстаг тоги æртæх дæр дин нæ бавгъау кæндзæнæй дæ сæрбæлтау, фал гъуддаг уобæл нæ 'й. Нуртæккæ мæ дæу хæццæ ку рацæйæрвиста, уæд мин уой развæлгъау балæдæрун кодта, гъома, дан, Батæрбег фæллад æй, æнæхуæргæ, уæледарæс æма хуæцæнгарзæй дæр рæвдзæ нæ 'й, уæдта нæуæг æфсæдтонти дæр нæма базудта, уомæ гæсгæ ба ин маци иской кæнæ нæ исони сгæрсти тухxæн, кæд æй, ци фæнди хъæбæр фæндуй цæун, уæддæр. Уæдта ма нерæнги дæ къахбæл дæр рæстмæ федар нæма цæуис.

Батæрбег æ сæр æ дууæ къохебæл æрæнцойнæ кодта, еу рæстæгути гъудити ранигъулдæй, уæдта æвеппайди фестадæй æма федар гъæлæсиуагæй загъта:

– Нæ, уомæн уæн нæййес. Дууæ батальони знаги æрхъолай, кæфхъундар сæмæ е 'наггаг ком нийвазта. Уони сæраппонд адæм мæлæтдзаг тохмæ гæлдзунцæ сæхе, æз ба ами æнцад бадон? Нæ, уомæн уæн нæййес. Мæ къах къулух? Нæ, е рæуонæн нæ бæззуй. Зонис, Егонский, е мæнæн устур æфхуæрд æй... Æз тæккæ нуртæккæ цæун гвардий капитан Астапецмæ, – зæгъгæ, æ бунатæй фестадæй Батæрбег, фал Егонский æ размæ фæллæудтæй æма ин æ фæндаг байахæста.

– Ци кæнис, мæлæтæй тæрсис?

– Æ Фидибæстæ ка уарза, е мæлæтæй некæд тæрсуй.

– Батæрбег, лæдæрун æй, ке нæ ниллæудзæнæ, уой. Нур æй изæри аст сахатти. Рæстæг берæ нæбал ес. Цуппар æма инсæй сахаттемæ гъæуама уæн рæвдзæ сгæрстмæ. Æррæстæ дин еу гъуддаг зæгъуйнаг дæн...

– Циуавæр гъуддаг æй?

– Ци нæ фæууй, Агнесси тухxæй.

– Агнесси тухxæй? Ци?

– Тæссаг гъуддагæй неци æрцудæй.

– Ци фегъустай?

– Уæдæйти дæр дин мæлæти кой уой туххæй скодтон, тугъд тугъд æй æма ци нæ фæууй? Уомæ гæсгæ ба дин æй зæгъун, Агнесси фæууинун æй дæ бон.

– Хуцау мин æй нихxатир кæнæд! Нæ Фидибæстæ, нæ адæми фæууæлахези сæраппондбæл гъудитæ мæ уотæ арф нийййахæстонцæ, æма ми Агнессæбæл рафæрсун иронх дæр ма фæцæй, – ниллæг гъæлæси уагæй сдзурдта Батæрбег, æхе фарсбæл банцойнæгæнгæй, æма æ тамакуй кæрон ферттивта. Уой фæсте æхе разилдта Егонскиймæ æма имæ æхе бакъолæ кодта:

– Дзорæ дæ хабæрттæ.

– Абони сæумæй адтæн санхаййади. Фæндæ мæ адтæй Агнесси фæууинун, фал æй нæ евдалдæй. Куд балæдæрдтæн, уотемæй æй ахсæви æрветунцæ знаги цæгмæ, цæмæй фæййервæзун кæна уæззау цæф дæлболкъон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Бортникови.

– Аци æхсæвæ.

– Гъо.

– Агнессæ. Нæлгоймагæй тухгиндæр, бæгъатæрдæр.

– Гæнæн ес æма ма ’й байййафай. Санбат хæстæг æй, ес имæ еу 2-3 километрей бæрцæ, ардæмæ ци надбæл æрбацудтæ, уоми фæззелæни галеуæрдиги. Уоми фæууиндзæнæ стур пъалаткæ. Е æй санбат.

Агнесси коймæ еу рæстæгмæ Батæрбегæй æрбайронх æнцæ, æ размæ ци ихæслæвæрдтитæ лæууй, етæ дæр. Æ цæсгон гæзæмæ барохс æй, æ сау цæститæ ферттивтонцæ, ходуни нисæнттæ æ билтæбæл фæббæлвурддæр æнцæ, фал цубур усми фæсте ба æ тæрних фæстæмæ æ фиццаг тархуз райста.

– Агнессæ! Æма уæд нæ сæйраг ихæс ба?

– Рæстæг ма дин ес. Фæффæсмон кæндзæнæ. Е дæу еу минут дæр ку нæ иронх кæнуй, ку нимайуй, – ду æ пахампар ку дæ.

Батæрбеги цæстити цори бабæй нæуæгæй æристадæй Агнесси сорæт, æ фæлмæн дзубандитæ, æ бакаст, æма Егонскийи æ хъури ракодта:

– Раст зæгъис, мæ тугъдон æмбал. Арфæ дин кæнун дæ æргом зæрдиуагæй.

Немуци хуæдтæхгутæ фиццагау лæгарстонцæ хедæрдæ-

мæ. Ку еуæрдиги æргæлдзиуонцæ сæ бомбитæ, ку ба иннердиги. Нæхе хуæдтæхгутæ дæр уæхæн сахат æгуст некæд адтæнцæ. Пулемети гъæр еу усми фæгъгъосдæр æй. Дзармадзантæ ма еу æстæн æхст фæккæниуонцæ.

Батæрбег цæуй траншейти æхсæнти. Берæ ’й нæбал гъудæй медсанбатмæ, фал уæдмæ æнæнгъæлти бахъæрттæй æндæр æфсæдтон хаймæ. Нур бабæй æй гъæудзæнæй нæуæг пропуск, фал фæлтæрдгун сгарæги уæхæн цæлхдортæ нæ уорамунцæ.

Синхаг æфсæдтон хаййи цорти еу минкъий ку рауадæй, уæд æ цæстæ æрхуæстæй, ком-коммæ имæ ка æрбацудæй, уæхæн салдатбæл.

– Пароль?

Еци усми фæлтæрдгун сгарæги зæрди æрбафтудæй дзурд, Ленинград, зæгъгæ, æма ’й гъæрæй исдзурдта.

Æфсæдтон идарддæр раевгъудæй, Батæрбег ба хуæрзцубур рæстæгмæ балæудтæй санбатти.

Радигæс æркастæй Батæрбеги гæгъæдитæмæ æма ’й бафарста:

– Æнбал гвардий хестæр лейтенант, Бибой-фурт, ду дæ?

– Æз, æнбал гвардий майор! – æма ин æ цуди сæр балæдæрун кодта.

– Агнессæн ихæсгонд æрцудæй бæрнон ихæс.

– Кæд ма ’й баййафинæ, – уотитæ куд гъудитæ кодта, уотæ ба æ гъостæбæл хуæдтæхæги гъæр æрцудæй.

– Байрæги кодтон, – æ зæрдæ ниссæххæт кодта Батæрбегæн. Минкъий фæстæдæр немуцæрдигæй арви нæрунау нийййагайдтонцæ зениткитæ. Арв ферттевæ-ферттевæ кодта, фал хуæдтæхæги унæр нæ баминæг æй.

6-аг сæр

Æхсæйвон тугъд

Апрели æхсæвæ тарф фунæй бацæй. Стъалутæ сæ цæститæ æрцъундæ-æрцъундæгæнгæй, кастæнцæ тугъди будурмæ. Æрмæстдæр ма хуæдтæхгути гув-гув æма пулеметти гъæрахст рæстæгæй-рæстæгмæ фехалиуонцæ æхсæви

тардзийнадæ. Æрмæстдæр ракетчиктæн н' адтæй æруолæвди барæ. Етæ рохс дардтонцæ тугъди раззаг ханхæ.

Адтæй фиццаг сахат. Сгаргутæ цæттæ адтæнцæ. Астапец Батæрбегмæ фæдздзурдта æма имæ, размæ гъæуай гæнгæй, автомат бадаргъ кодта.

– Æнбал хестæр лейтенант, – загъта Астапец, – мæн хъæбæр нæ фæндадтæй, цæмæй аци æвеппайдæй, æнхæст кæронмæ дæр нæма сдзæбæх уогæй, нæ хæццæ ранæхстæр адтайсæ аци сгæрсти, фал уотæ еузæрдиуонæй ке ниллæудтæ, дæхе кæми исцæттæ кодтай хъазауатдзийнадæ равдесунмæ, уоми ба цæуæн æма дин лæвар кæнун, Сталингради карз тохи бонти мæ хæццæ ка сфæлтæрдтæй, мæ хæццæ ка бафæразта, пеллон артæй ка некæд фæттарстæй, мæ еци автомат.

Батæрбеги цæсгонбæл испеллон кодта æгæрон устур арази æма боздзийнадæ æма автомат æ федар къохтæй æрбайсгæй, æ фур æхсицгонæй, резгæ билтæй дзуапп равардта:

– Æнбал гвардий капитан, ард дин хуæрун, дæу æфсæдтон лæвар мæнæн уæлахези нисан ке уодзæнæй, уобæл, ке некæд фегадæ кæндзæнæн, хъуæцæ æма артмæ цæугæй, нæ фудголтæбæл уæлахезгæнгæй, æз Берлини сæйраг плацбæл аци автомати хæццæ уæлахезæй ке рацæудзæн, уобæл, – æхуæдæг ба автомати хуæцæнæн, æрдхуарддзийнади нисанæн зæрдибунæй нибба кодта.

Сгæрсти райдайæнмæ берæ нæбал гъудæй. Капитан Астапец фæдздзурдта кæстæр командиртæмæ æма син балæдæрун кодта, æ хуæдæййевæг, гвардий хестæр лейтенант Бибой-фурт ке æй, уой. Уæдмæ телефони зуммер ниддиз-диз кодта.

– Æнбал капитан! – сдзурдта имæ старшина Чихишвили.

Астапец телефони хæтæл æ гъосбæл февардта æма еу усми æнæдзоргæй фегъуста, уæдта цубур æма федар гъæлæсиуагæй загъта:

– Æнбал, инæлар! Мах цæттæ ан! – æхуæдæг ба хæтæл æрæвардта, уæдта æ сахатмæ æркастæй. Астапеци фæлабулай ци командиртæ лæудтæй, етæ æнгъæлмæ кастæнцæ, ци зæгъдзæй, уомæ.

– Цæй, Егонский, гъæддугъ лæууæ. Тугъди будури æна-

фони æнхусгъæуагæ маке ниууадзæ, – уæдта æхе командиртæмæ разилдта æма æ медбилти байдзулгæй, загъта:

– Æнбал командиртæ, уæ ихæс лæдæрдгонд æй?

– Лæдæрд æй, æмбал капитан!

– Мадта нæ рæстæг æрхъæрттæй. Куд баунаффæ кодтан, уотæ цæудзинан дууæ къуаремæй. Знаги раззаг ханхæбæл ку бахезæн, уæд фембæлдзинан къотæрти фæсте. Æз мæхуæдæг цæун галеу фланги къуари хæццæ, рахезфарсæрдиги ба цæунцæ мæ хуæдæййевæг, гвардий хестæр лейтенант Бибой-фурти къуар.

– Лæдæрд æй, – сдзурдта æндон хъурæй Батæрбег.

– Нæ нисан бæлвурдгонд æй?

– Бæлвурд æй, – дзуапп равардта командиртæй еу, – цъæрæхснæги уаст.

– Мадта нæ размæ ес устур ихæс æвæрд. Не ’сгæрстмæ æ гъос дардзæй сæрмагондæй инæлар æхуæдæг. Ка ’й зонуй æма уин ести тæссаг уавæр ку сæвзура, ци нæ фæууй, уæд-еу æртæ цъæх ракети арвмæ исуадзетæ æма ’й лæдæрдзинан. Федар-еу лæууетæ. Æнбал старшина, документтæ еугурæй дæр райстай?

– Раст уотæ, æнбал капитан!

– Сгаргутæ алцæмæй дæр рæвдзæ æнцæ?

– Рæвдзæ æнцæ, æнбал командир! – дзуапп равардта гвардий старшина Чихишвили.

Астапец ма еу хатт æрæсгарста сгаргути уæледарæс, цæмæй, бургæ-бурун зæлланг маци кæна. Уæдмæ бабæй нæуæгæй райгъустæй зуммери тъифсун. Аци хатт Астапецмæ дзурдта дæлболкъон Военков. Е фегъосун кодта, сапертæ сгаргути фæндаг минитæй ке ракæдзос кодтонцæ, уой тухкæй.

Стъалутæ арвбæл бонæрдæмæ фæццæй фунæй кодтонцæ, æма сæ мингай цæститæй тæбар-тубур кодтонцæ.

Уалдзигон уæлдæф æ хæццæ топпи хуаси смаг хаста. Сгаргутæ дууæ къуари фæцæнцæ, фæббурунцæ знаги траншейтæ ’рдæмæ. Хатгай-еу пулеметтæ æма топпитæ ниддæрæгъдзæгай кæниуонцæ æма фæттæ, æрттевæнтæ калгæ, сæ хæццæ хастонцæ скъотгæнгæ, мæрдон уазалдзийнадæ.

Еци усми фæсте æрдзæ дессаги æнахур сабур ниууидæ. Думгæ дæр, цума уæлдай сибирттæй тæрсгæ кодта, уотæ

кастæй адæймагмæ. Арвбæл ци еугай мегъи пъæстутæ зиндтæй, етæ фæлабулай уотæ æрæмбарзтонцæ, цæмæй сахъ советон сгаргутæ гъигæдард мацæмæй æрцæуонцæ. Сауæнгæ ма сифтæ дæр сæ сæбар-субурæй банцадæнцæ, цæмæй знаг ма фегъал уа æнæнгъæлти, цæмæй сæ ихæслæвæрд исæнхæст кæнонцæ, цæмæй, знаги æрхъолай ка бафтудæй, еци сурхæфсæдтонтæ уæгъдæгонд æрцæуонцæ, цæмæй сæ сæумæй немуц æнæхатирæй ма ниццæгъдонцæ, цæмæй сæ суваллæнттæ æнæдарæгæй ма байзайуонцæ, цæмæй... цæмæй...

Сгаргутæ хæстæгæй-хæстæгдæр кодтонцæ знаги траншейтæмæ. Зæрдити нифс æма бæгъатæрдзийнадæ федарæй-федардæр кодта. Уойбæрцæ ба ма фидибæстæмæ уарзондзийнадæ зæрдити тухгинæй-тухгиндæр кодта. Цæститæбæл уадæнцæ сабийтæ, сабур царди нивтæ, сæ зæрдитæбæл æрлæудтæнцæ сæ фидтæлти тохи бонтæ Октябри революций рæстæг, сæ цард куд лæвардтонцæ сæребарæбæл, сæребари туруса сæ тогæй сурх куд исхурстонцæ, еци хабæрттæ.

Батæрбегæн æ зæрдæбæл æрбалæудтæй Хазбиййи сорæт. Æ мадæ ин æй дзоридæ – цагъардзийнади бæсти сæребарæ цардбæл кади хæццæ рамæлун хуæздæр æй, зæгъгæ. Æма нур дæр æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ Хазбиййи дзурдтæ: «Ходуйнаги бæсти – мæлæт», – зæгъгæ. Нигки ба ма æ цæстити цори æристадæй æ уарзон Агнесси фæлгонц, ка ’й зонуй, æма нуртæккæ æ тоги æвдулуй, ка ’й зонуй æма ’й мæнæ ами хæстæги знæгтæ тохæнæй марунцæ, æ кæдзос ном æма ин æгъдауæй гириззаг исаразтонцæ.

Кенæ ба, кæд еци фудæвзарæнти уогæй дæр, мæн ном имисуй...

Æма сгаргутæ цæйбæрцæбæл хæстæгдæр кодтонцæ сæ нисанмæ, уойбæрцæбæл сæ бæрнондзийнадæ уæзгæдæр кодта, уойбæрцæбæл сæ ихæс тухгиндæр кодта райгурæн бæсти цори. Уæхæн сахат, сауæнгæ ма сæ бауæртæ дæр исдиз-диз кæниуонцæ, цума мулдзугути гобакбæл æрæнцаиуонцæ, уой хузæн.

Сгæрст нивæбæл ку рауайа, уæд фæййервæзун кæндзæнцæ сæ тугъдон æмбæлтти знаги цæгæй, уæд сæ райгурæн бæсти бардзурд исæнхæст кæндзæнцæ. Уотæ ку нæ

рауайа, уæдта ходуйнаг æма аллайаг, уæд сæ присяги ардбахуæрд не ’сæнхæст кæндзæнцæ, фæцъцъумур кæндзæнцæ Сталини гвардий кадæ æма цитæ. Уомæ гæсгæ ба си алке дæр æ меднимæр дзурдта: «Нæ, уомæн уæн нæййес».

Уалинмæ сæ гъостæбæл рауадæй пихсити сæбар-субур. Сгаргутæ зæнхæбæл æрнихæстæнцæ, сæртæбæл разадæй сæдæгай гъостæ, сæ цæститæ ниббæгъет æнцæ. Къохтæ цæттæ адтæнцæ хуæцæнгарзмæ февналунмæ, фал уæдмæ стуф æргъос æй. Æнæкæрон сабурдзийнади уолæнтæ радаргъ æнцæ. Уæдмæ бабæй уæлдæф æрбахаста цидæр сæбар-субур.

Батæрбег балæдæрдтæй, немуци хæццæ фæрсæйфæрстæмæ ке æнцæ, уой. Цъæрæхснæги уастæй балæдæрун кодта, еу рæстæг баæнгъæлмæ кæсун ке гъæуй, уой.

Цалдæр минути ма рацудæй, уæдта сæ гъостæбæл рауадæй немуцæгти дзубанди. Куд балæдæрдтæнцæ, уотемæй немуцæгтæ сæ медастæу дзурдтонцæ, сæ рази ке неке ес, тæссаг ке нецæмæй æй, æррæстæ кæрдæг ке æзмалдæй æма уобæл ке фæггурусхæ æнцæ.

Нæуæгæй бабæй къотæртæ базмалдæнцæ. Советон сгаргутæ сæхе лæмбунæг æрцæттæ кодтонцæ, лæдæрдтæнцæ, нуртæккæ мæлæтдзаг тох ке райдайдзæй, уой, фал бабæй къотæрти – сæбар-субур идарддæр раевгъудæй.

Нæуæгæй бабæй райгъустæй цъæрæхснæги цъæр-цъæр æма сгаргутæ балæдæрдтæнцæ, сæ командир, гвардий хестæр лейтенант Бибой-фурти нисанеуæг æма бабæй сæхе зæнхæй исесгæй, размæ фезмалдæнцæ. Мæнæ сæ размæ немуци траншейтæ. Батæрбеги гъостæбæл сум-сум рауадæй. Бибой-фурт балæдæрдтæй, траншейи бадæг гъæуайгæнæг саумæрдæмæ хуссæги тухгин дзæмбути ке бахаудтæй, уой. Нæуæгæй бабæй райгъустæй цъæрæхснæги уасун. Сгаргутæ сæхе бацæттæ кодтонцæ. Куддæр Батæрбег æхе æрцæттæ кодта, уотæ немуцаги дзурд æ гъостæбæл рауадæй:

– Вас ист лес? Варум зи шлафен?

Æма бабæй сгаргутæ сæхе зæнхæбæл æрнихастонцæ. Немуци дзубанди дæргъвæтийнæ н’ адтæй.

Акъоппитæбæл зелæг немуцаг афицер цалдæр æфхуæрæн дзурди сгæлста æ хъурæй æма идарддæр раевгъудæй.

Рацудæй бабæй еу цалдæр минутти æма сум-сум нæуæгæй исигъустæй. Немуци бæрæггæнгути удзæл ку некæцæйбал райгъустæй, уæд Батæрбег балæдæрдтæй, ка бафунæй æй, еци гъæуайгæнæг еунæгæй ке æй, уой. Батæрбег æхе еци-еу гæлст бакодта немуцагмæ æма 'й сибирт искæнун дæр нæбал бауагъта, уотемæй ин пъæсту æ гъæлæси рацавта. Немуцаг ма æ пулеметмæ бæргæ рагъавта фæллæборунмæ, фал ибæл уæдмæ голлагæ æргæлстонцæ æма 'й хæрдмæ фелвастонцæ акъоппæй.

«Æвзаг», – зæгъгæ, рагъуди кодта Батæрбег, æма уайтагъд сæхе фæстæмæ райстонцæ сгаргутæ. Сгæрст рауадæй дессаги хуарз. Сгаргутæ сæ «æвзаги» хæццæ бурунцæ фæстæмæ сæ фæдфæлевæн надбæл.

Бони фæцъцъæх æхе æргомдæрæй æвдесун райдæдта. Сгаргутæ фæххæстæг æнцæ, Астапец син ци бунатмæ загъта, уордæмæ. Мæнæ сæ размæ февзурдæнцæ нисангонд къотæртæ. Батæрбеги гъостæбæл бабæй нæуæгæй рауадæй цидæр æстуф. Нур, куд некæд, уотæ ниддиз-диз кодта æ бауæр: сæ размæ ци ихæс æвæрд æрцудæй, уой уæлахези хæццæ исæнхæст кодтонцæ. Немуцаг уацайраг, гъуддаг ку балæдæрдтæй, уæд бæргæ рагъавта нигъгъæр кæнунмæ, фал æ фиййи бунмæ бæлдой хузæн тумбул къох ку æрæстæфтæй, уæдта ниссабур æй.

Уæдмæ бабæй райгъустæй къотæрти сæбар-субур æма цъæрæхснæги уаст. Е адтæй Астапеци гъæлæс.

Астапеци нисанеуæг Батæрбеги къуари иуæнгтæн уотæ æхцæуæн адтæй, æма си кадæртæ сæ бунæттæй фæггæппитæ кодтонцæ сæ фурцийнæй, рагъавтонцæ сæ уарзон командирæн рахъури кæнунмæ, фал...

Дууæ сгарæг къуари фембалдæнцæ æма дууетæ дæр дес кодтонцæ, куд æнæ сум, æнæ зианæй цæунцæ немуци къохти бунæй.

– Мадта си махмæ дæр дууæ «æвзаги» ес, балæдæрун кодта Астапец Батæрбегæн. Дууемæн дæр еци хабар хъæбæр æхцæуæн ке адтæй, уой балæдæрун кодтонцæ сæ къохти æлхъивдæй.

– Æрæгæмæ кæнун нæбал гъæуй, – загъта Астапец æма аууæнтти бурунбæл фæцæнцæ. Æрдæгвæндагмæ куд бахъæрттæнцæ, еу обаугонди еувæрсти куддæр фæййеуварс

кодтонцæ, уотæ ба сæ гъостæбæл рауадæй кæрдæгути сæр-сæр.

Нур сгаргутæ балæдæрдтæнцæ, æнæмæнгæ, немуцæгтæбæл хæрхæмбæлд ке фæцæнцæ, уой. Астапец, цæмæй гъуддаг нигки хуæздæр балæдæрдтайдæ, уой тухχæн еу цалдæр минути фæссабур æй, уæдта сгаргутæй еуемæн бардзурд равардта, цæмæй еуварсмæ рабура æма ракетæ исуадза. Кæрдæги сæбар-субур банцадæй, фал ма немуцæгти сосдзубанди ба уæддæр дзæбæх игъустæй. Цалдæр минутей фæсте немуцæгти сæрмæ ракетæ зир-зиргæнгæй, стахтæй.

Астапец æма Батæрбег еци цубур усми æрæстæфтæнцæ, немуци сгаргутæ махонтæй дууæ хатти фулдæр ке адтæнцæ, уой.

Ракетити рохсмæ дууердигæй дæр пулеметтæ базмалдæнцæ, немуцæгтæ дæр цалдæр гранати æрбагæлстонцæ. уæдта сæ хуæдфæсте ба автоматти къæр-къæр дæр райгъустæй, фал сæхе куд дардтонцæ, уомæ гæсгæ ба, цума нæ балæдæрдтæнцæ, циуавæр ракетитæ адтæнцæ, уой, ци нисан син адтæй, ке хæццæ фембалдæнцæ.

Уæлдæфи сабурдзийнадæ бабæй еу усми фæгъгъосдæр æй, уæдта бабæй райгъустæй немуцæгти гъæлæс:

– Рус, сдавайс!

– Сдаюсь, – зæгъгæ, сдзурдта махонтæй кадæр æма цæттæгонд къохти хæсгæ пулеметтæ æма автоматтæ ецие у æмцæф никкодтонцæ немуцаг сгаргутæбæл, еци ’рдæмæ ратахтæй цалдæр гранати дæр æма еу усми фæсте сæ уæззау гуппитæ райгъустæнцæ.

Карз тугъд раеудагъ æй. Еци унæрмæ базмалдæнцæ дууердигæй дæр тохæнгæрзтæ, минитæ ихæлун райдæдтонцæ. Дууердигæй дæр бæргæ лæдæрдтæнцæ, сгаргутæ ке рарвистонцæ, уой, фал бæрæг-бæлвурд ба нæ зудтонцæ, кæци ’рдæмæ æхсун гъудæй, уой.

Цæфтæ æма мæрдти нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр кодта дууердигæй дæр. Фæстагмæ, немуц дзæвгарæ фулдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ уæлахез кæнун райдæдтонцæ.

– Астапец, ракетитæ!

– Æз дæр уобæл рагъуди кодтон.

Уайтæккæдæр æртæ цъæх ракети арвмæ, тæмæнтæкал-

гæ, истахтæнцæ, уæдта, немуц кæми адтæнцæ, еци ’рдæмæ сæхе фæкъкъолæ кодтонцæ.

Уæдмæ зæнхæ æмæзмæлд никкодта. Е, советон дзармадзантæ фæттæ нигъзалдтонцæ, ракетитæ ци ’рдæмæ ниххаудтæнцæ, еци ’рдæмæ. Фæтти сræмугъдæй гъостæ æмир кодтонцæ. Дзармадзанти фæттæ ба хаудтæнцæ, раст кумæ гъудæй, уордæмæ. Немуц искатай æнцæ. Размæ цæуæн син нæбал адтæй, фæстæмæ ба сæ уадзгæ нæ кодтонцæ советон сгаргутæ. Гъуддаг хуарз цудæй. Алли сræмугъдæй дæр знаги хъаритæ лæмæгъдæр кодтонцæ.

Уæдмæ Астапеци гъостæбæл рауадæй Батæрбеги гъæлæс – нæ фæсте æрбабурунцæ немуц.

– Цæфтæ æма «æвзæгутæ» дæ бæрнæхсти, – ци гъæуй, уой зонис, – цубурæй балæдæрун кодта Астапец æма бабæй æртæ цъæх ракети сæхе арвмæ бæрзонд исистонцæ, æма ракъолæ æнцæ, сæ фæскъилдунмæ ци немуцæгтæ æрбацæйгъузтæй, уони ’рдæмæ.

Советон фæлтæрд артиллеристтæ æма минометчиктæ уайтæккæдæр сæ цæхæр еци ’рдæмæ исаразиуонцæ, æма бабæй фæттæ ехуарæгау никкалдтонцæ, кумæ гъудæй, еци ’рдæмæ. Нур Астапец къилдунæрдигæй федасдæр æй æма рахаста размæ æмпурсуни унаффæ.

Нæуæгæй бабæй нигъзалдæнцæ советон сгаргути фæттæ æма гранæттæ немуцаг сгаргути сæрбæл æма уæлдæфи райгъустæй Астапеци нæргæ гъæлæс:

– Хенде хох-хх!

Немуц уæхæн истохмæ не ’нгъæлмæ кастæнцæ æма ма си уодæгасæй ка байзадæй, етæ æнæнгъæлти сæ къохтæ сдардтонцæ.

Астапеци сæри магъзи гъудитæ арви ферттивдау февзурдæнцæ. Е уидта, бон æ бартæ райсунмæ ке гъавуй, уой. Гъудæй сæхе бафæсвæд кæнун, цæфти æдас рауæнмæ райсун. Бон ку æрбарохс уа, уæдта еци гъуддæгтæ зиндæргæнæн уодзæнцæ. Фал сæ цума советон артиллеристтæ лæдæргæ бакодтонцæ, уотæ сгаргутæ ’рдæмæ æрбахстонцæ цалдæр хъуæцæгæнæг фати æма хъуæцæ зæнхæбæл хæрæ мегъау æрбадтæй, фал знаги минометтæ дæр еу рауæн кæми бадтæнцæ.

Астапец е ’мбæрцæ фестадæй, е ’фсæдтонтæмæ

раамудта æма еу цæйдæрбæрцæ размæ бауадæнцæ. Фал уæдта æ маст æ хурфи раирадæй, Батæрбег ба ци фæцæй, зæгъгæ, æма æхе фæстæмæ сонт зилд фæккодта, фал уæдмæ æ гъостæбæл рауадæй Батæрбеги гъæлæс:

– Мах еугурæй дæр ами ан, – зæгъгæ.

Нур бустæги æхемæ æрцудæй Астапец æма бабæй нæуæгæй еума размæ бампурст исаразтонцæ, æма хæрхæмбæлд фæцæнцæ, æнхусмæ сæ ци æфсæдтон хаймæ рарвистонцæ, уонæбæл.

Цалдæр минутей фæсте Астапец инæларæн фегъосун кодта.

– Æнбал инæлар-лейтенант. Уæ бардзурд æнхæстгонд æрцудæй. Немуцæй уацари ке райстан, етæ æнцæ æртæ, æрмæст сæ еу фæццæф æй, кæд сæ хъæбæр гъæуай кодтан, уæддæр. Фæстæмæ здæхгæй, немуцбæл фембалдан, æма си уацари райстан нигкидæр ма фараст. Нæхеуонтæй æртæ фæгъгъудæй, фондземæй ба æнцæ цæфтæ!

Инæлар сгаргутæн зæрдиаг арфитæ ракодта, æхуæдæг ба «æвзæгти» фæрсунбæл фæцæй. Бон цæйбæрцæбæл ивайгæдæр цудæй, уойбæрцæбæл тох итингæй-итингдæр кодта.

Уацайрæгтæ равардтонцæ ахсгиаг бæрæггæнæнтæ сæ æфсæдти уаваæри тухæн.

Инæлар Свиридов телефонæй фегъосун кодта æфсади командæгæнæгæн, æма цубур рæстæги фæсте уæлдæфи фæззиндтæнцæ нæ хуæдтæхгутæ, танкитæ. Артиллеристти змæлдæй зæнхæ æмрезæги ризтæй.

Сæуми фараст сахаттебæл райдæдта нæ æфсæдтон хæйтти ниббурст, танкитæ фезмалдæнцæ, сæ фæдбæл ба пехотæ. Знаг лæудтæй фæразонæй, рагъавта советон æфсæдти бабурст фæссик кæнунмæ æма, æ цæгмæ ци дууæ батальони бафтудæй, уони ницъцъист кæнунмæ, фал нæ нихмæ берæ тохун нæ бафæразта. Еуæндæс сахаттемæ знаги федæрттæ дæрæнгонд æрцудæнцæ. Æмбесбонмæ ба нæ дууæ батальони уæгъдæгонд æрцудæнцæ знаги къæппæгæй æма нæ уаваæр фæххуæздæр æй.

Немуци цæги ка бахаудтæй, етæ æнæ хуæруйнаг, æнæ фагæ хуæцæнгæрзтæй тумбул гъæуайгæнæн мадзал исаразтонцæ æма фулдæр хуæстæнцæ дамбацатæй, уотемæй

æгæрон бæгъатæрдзийнадæ æвдистонцæ сæ Фидибæстæ багъæуай кæнуни сæраппонд. Æма нур сæ ервæзунгæнгутæбæл ку сæмбалдæнцæ, уæд сæ фурцийнæй сæ цæстисугтæ калдæнцæ сæ фулдæремæн.

Немуц сæдæгай хуæдтæхгутæ æма танкитæй цалдæр хатти саразиуонцæ æрбампурститæ, фал федар нихкъуæрд райсиуонцæ уæлдæфи дæр æма зæнхæбæл дæр.

Изæрдалингтæ кæнун райдæдта, уотæ арæзт фæцæнцæ сæ акъоппитæ сгаргутæ дæр. Кæд Астапецæн æ къахræуæг цæф адтæй, уæддæр æ постæй нæ рандæ 'й, уойхигъд федардæр кодта нæуæг арæсæнтæ. Фæстугъд бабæй нæуæгæй æреумитæ æнцæ цуппар æнбали, фал се 'фсæдтонтæй ба еу фæгъгъудæй.

Акъоппитæй еуеми блиндажгонд райаразтонцæ Чихишвили æма Егонский сæ уарзон командирæн. Талингæ æхсæвæ æ раздарæнæй æрæмбарзта рахæнгун зæнхæ. Тохи бон æ хæццæ æрхаста уæлахездзийнадæ, æнтæститæ, фал си беретæн ба сæ цард раскъудæй, æностæмæ бафунæй æнцæ, фал сæ бæгъатæрдзийнадæ, сæ кадæ ба æностæмæ байзадæнцæ сæ æнбæлтти зæрдити. Топпи хуаси хъуæцæ зæнхæбæл уæззаубадт æркодта. Тох æрсабур æй æма цалдæр сахаттей разæй мæлæтдзаг тугъди ка архайдта, уонæмæ устур дессагау кастæй аци æрдзи сабурдзийнадæ, цума уæхæн æнцойнæдзийнадæн уæн дæр нæйиес, уойиау.

Астапец æма Батæрбег еумæ æрбадтæнцæ сæ унгæг блиндажи. Сæ цæсгæнттæбæл зиндтæй фæллад æма маст, дууемæй дæр гъуди кодтонцæ се 'нбæлтти фæззианбæл, æма уомæ гæсгæ сæ цъухæй, стæнхаттæй уæлдай, дзурд дæр нæ хаудтæй.

Уæдмæ блиндажмæ æнæдзоргæй бахизтæй Чихишвили æма зæнхæбæл æрæвардта еу фанери гæбазæ, уобæл ба райвардта игон къансервти банкæ, сор къæбæртæ æма къалбас, уæдта Астапецмæ комкоммæ бакæсгæй, загъта:

– Генацвале, ци æрцудæй, уомæн фæстæмæ раздахæн нæбал ес, фингæмæ равналетæ.

– Раст бæргæ зæгъис, Чихишвили, – сдзурдта Астапец, æ цæстæ фæцъцъундæгæнгæй, уæдта ма æ дзубандибæл бафтудта: – Патрультæ æвæрд æнцæ?

– Æнæмæнгæ, æнбал капитан.

– Батæрбег, фунæй бадæ æви ци? Æз ба ма дæуæн зарунæй мæхе ку мардтон, ду ба мæмæ игъосгæ дæр ку нæ кодтай.

– Куд нæ, æнбал капитан, хъæбæр зæрдиуагæй дæмæ игъустон.

– Игъосай, – Чихишвилимæ хийнæхудт бакæнгæй, сдзурдта Астапец. – Æндæр нин зæрдæ нецæмæй æвæрис?

Чихишвили хуарз зудта æ командири. Астапец ниуæзтæбæл æхцул некæд адтæй, фал æй хаттæй-хатт ба æ зæрдæ æрагоруй æма е ба æ цæстингасбæл дæр бæрæг фæууй. Чихишвили æ цинели бунæй къубуцгæ фелваста æма ’й идзагæй балæвардта Астапецмæ.

– Мæнмæ дæуæн алкæддæр æвæрд фæууй, фал дæмæ нæ фендеун, уомæн æма ефстагмæ фæнниуазис.

– Абонæй фæстæмæ ’й зонæ, – дæуæй хуарз философ рауадайдæ, – загъта Астапец æма ниуазæн æ къохмæ райста.

– Айдагъ философ нæ, фал хуарз материалист, – æ дзурд багæлста Батæрбег дæр, æма æ медбилти бахудтæй.

– Гъе, уотæ мæ гъæуй, æз еудадзугдæр сумах мæтæ фæккæнун, – æ дзурд багæлста Чихишвили дæр.

– Æнбæлттæ, – райдæдта æ дзубанди, зæнхæмæ кæсгæй, Астапец, – зæнхæбæл уæхæн адæймаг некæд ма райгурдæй, æма дуйнетæмæ ка фæццардæй. Уой не ’гас дæр зонæн, уомæн æма адæймагæн æ мæлæт дæр æ хæццæ райгуруй. Цард алкæддæр тох кæнуй мæлæти нихмæ, фал бауæр цæйбæрцæбæл фулдæр фæццæруй, уойбæрцæ ба лæги зундæн фулдæр бантæсуй, ци адæми æхсæн райгуруй, уонæн естæмæй фенхус раздæр ракъахдзæф кæнунмæ. Адæнæн ести хуарз фæуун ба æвæрд фæууй æрмæстдæр æцæг адæймаги усхъитæбæл.

Æз æцæг адæймагбæл нæ нимайун, – размæ раззæгти хæццæ ракъахдзæф кæнунбæл ка нæ фæййархайуй, царди раззаг фæндагмæ ка нæ фæттомар кæнуй, æ амонд адæми амонди хæццæ ка нæ фæббæттуй, æрмæстдæр æхе тухæй ка райгуруй æма уомæй идарддæр ка нецæбæл фæгъгъуди кæнуй.

Æз æцæг адæймагбæл нæ нимайун, æ Фидибæстæ ка нæ уарза, багъæуаги сахат уой сæраппонд æ фæстаг тоги

æртæх ка байауæрда, тохи бон фæстегæй ка байзайа, федар æма еузæрдиуон ка нæ уа, тохи будури зиндзийнæдтæй æ нифс кæмæн сæтта, зин уавæрти æнкъарддзийнадæ уæлахез кæбæл фæууй, – е адæймаг нæ 'й.

Æма æзинæ дæр ма мæнæ аци афони ци æфсæдтонти хæццæ дзубандитæ кодтон, уонæй нæ хæццæ нуртæккæ цалдæр нæбал ес, дуйнебæл се 'хæс бафистонцæ сæ Фидибæсти сæраппонд.

– Раст дæ, – арф нииуолæфгæй, сдзурдта Батæрбег дæр.

– Гъе, мадта, син гъæуама рохсаг зæгъæн, – æ дзубанди идарддæр ниванста Астапец. – Кæд сæхуæдтæ нæбал æнцæ, уæддæр сæ сорæттæ ба гъæуама нæ зæрдити байзайонцæ.

– Рохсаг уæнтæ, – зæгъгæ, иннетæ дæр сæ ходтæ исистонцæ, æма етæ дæр зæрдæй иссирдтонцæ сæ тугъдон æнбæлтти ном. Уой фæсте берæ радзорæ-бадзорæ нæбал фæккодтонцæ. Еу цалдæр сахатти сæ гъудæй сæ фæллад исуадзун.

Чихишвили рандæ 'й æ ихæстæ æнхæст кæнунмæ.

Æхсæвæ адтæй мæйдар. Æрмæст еуæй-еу хатт райгъусидæ пулеметти къæр-къæр. Етæ æхстонцæ хуæдтæхгутæ.

Æфсæдтонтæн æрмæстдæр æхсæвигон фæууй фадуат сæ гъудити ранигъулунæн, сæ евгъуд царди фæлхæнтæбæл рафæлгæсун, уæдта уæхæн гъудити хæццæ ба æрæгиау бафунæй ун.

Кæд Астапец уайсахатдæр æрбафунæй æй, æ цæфи рист дæр си æрбайронх æй, уæд Батæрбегæн ба талинги æ цæститæ игонæй лæудтæнцæ, æ хуссæг идард кумæдæр фæллигъдæй, æ фæллад дæр си феронх æй. «Цæмæ бæлдтæн, уомæй еу цидæртæ æрцудæй. Фиццаг бонти бал фæййервæзун кодтан не 'мхузон æфсæдтонти мæлæтхæссæг скъæппæгæй. Æма уоми мæн байвæрд дæр ес». Фал уæддæр Батæрбеги зæрдæ цидæр æхсилкъæ кодта. Агнесси сорæт æ цæстити рази æристадæй е 'цæг хузи: æ сау дзигкотæ дууæ бидемæй, æрфгутæ еци къæлæтæй, æрвхуз цæститæ, уорс бæздайæнтæ, цæсгон сурхвазæ фæткъуйау.

Сирени къотæрти буни сæ фиццаг фембæлдæ, еци æвзестæхуз æхсæвæ, æрттевагæ мæйæ, стъалути зирзиргæнгæ цæстингас, сæ зæрддагон хъуритæ, билти ранидзæвд... Мадта нур ба кæми æй?

Еци фарста куддæр æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, уотæ бабæй Агнессæ æ цæститæбæл рагъазта. Æрмæстдæр æй нур æндæр хузи уидта: пъилоткæ, æфсæдтон уæледарæс æма алцилæдæрæг цæстингас. Кæми 'й нуртæккæ цума? Аци фарста æхемæ цалдæр хатти равардта Батæрбег, фал ибæл исдзуаппгъон ба нæй. Аци бон беретæбæл исæмбалдæй, знаги цæгæй уæгъдæгонд ка æрцудæй, уонæй, фал цума кæрæдзей хæццæ дзубанди бакодтонцæ, уоййау æмцъухæй дзурдтонцæ:

– Фегъустан, циуавæрдæр хуæдтæхæг æрбадтæй, еу дохтур си æрбатахтæй, æма уæззау цæф комбат, Советон Цæдеси Бæгъатæр Бортникови хуæдтæхæги сæвардтонцæ æма фæстæмæ фæттахтæнцæ...

Ратахтæнцæ. Мадта уæд нур гъæуама ами кæмидæр хæстæг ескæми уа, æма е дæр айфонмæ мæнбæл гъуди кæнуй, уомæн дæр æ зæрдæбæл лæууй Батæрбег, уотæ зæрдтагонæй ин æ фæууиндмæ ка бæллуй... Гъæуама тæккæ исон исæмбæлæн Агнесси хæццæ æма нæ кæрæдземæн нæ зæрди дзубандитæ фæдздзорæн, – скарста æхецæн Батæрбег. Уæхæн рæсугъд гъудити хæццæ Батæрбег æрцæйфунæй æй æма 'й æ рæусæнттæ сæ базуртæбæл идард Кавказмæ, Иристони будуртæмæ фæххастонцæ...

7-аг сæр

Сайдт æнгъæлдзаудзийнадæ

Дессаги сæумæ. Тугъди рæстæг ауæхæн бонтæ æстæнхатт фæуунцæ. Еунæг дзармадзани унæр дæр некуцæй игъустæй, нæдæр пулеметти къæр-къæр. Мадта хуæдтæхгутæ дæр дессаги гъос ниццæнцæ. Тугъдæфхуæрд, цæфтæ зæнхæбæл тæнæг мегъæ æхе райтигъта. Хори тунтæ зилдæги зилдæнцæ фæлабулайти.

Дæлболкъон Военков хилæмхæццæ дзурдтæбæл нæ ауæрдгæй, загъд кодта сгаргути командир Астапецци хæццæ.

– Алли гъуддагæн дæр ес æхе уагæ. Æфсади командæкæнунадæ дин де 'сгарæн архайдæн скодта устур аргъ. Фал

гумеридзийнадæ ба аййев нæй. Советон Цæдесæн адæймаг æй зинаргъ æрмæг. Æфсæдтон уагæвæрд гъæуама æнхæст кæна алли советон адæймаг дæр. Кæсай, – цæф ниррæсудæй, уæддæр гвардий капитан Астапец ба мæ бардзурд не ’нхæст кæнуй.

Уой фæсте фæдздзурдта старшина Чихишвилимæ æма ин байхæс кодта, цæмæй нуртæккæ ранæхстæр уа Астапеци хæццæ санчастмæ, æхуæдæг ба тамаку сдумдта.

– Æнбал дæлболкъон, – æхе имæ бахадта Батæрбег, – хатир ди корун, фал мин дзурди барæ радтæ.

Военков æ цъæх цæститæй ходæги каст бакодта Батæрбегмæ, тамакуй хъуæцæй æ рæугутидзаг исуолæфтæй, уæдта бустæги хæлар цæстингасæй бакастæй хестæр лейтенантмæ:

– Игъосун дæмæ, хуæнхаг цæргæс.

– Корун ди æма Астапеци санчастмæ фæхъхъæртун кæнуни барæ мæнæн радтæ. Ме ’рбаздæхтмæ ба ами мæ бæсти уодзæнæй гвардий старшина Чихишвили.

Дæлболкъон Военков нæуæгæй исуолæфтæй тамаку, еу гæзæмæ æ цæстингас зæнхæмæ саразта, æ бор æрфгутæ сæхе гæзæмæ æрбамбурдтæ кодтонцæ, уæдта фæстæмæ æ цæстингас Батæрбегбæл æрæвæргæй, бафарста:

– Мæн базонун фæндуй, санчастмæ цæунмæ дæ бæттæнтæ цæмæ гæсгæ тонис, уой. Æви æй Чихишвили нæ бахъæртун кæндзæй? Æви ма дæхе цæфтæмæ дæ зæрдæ æхсайуй?

Батæрбег еу усми æ цæститæ зæнхæмæ æруагъта, цæбæлдæрти расагъæс кодта, нæ лæдæрдтæй, дæлболкъонæн куд исдзуапп кодтайдæ, уой, уæдта Военковмæ æргом бакæсгæй, сдзурдта:

– Æнбал дæлболкъон! Мæнæн аци æфсæдтон хай æй мæхе бийнонтау, некæд си некæбæл фæддузæрдуг дæн сауæнгæ уæззау бонти дæр. Мæхуæдæг дæр саг-сирдау æнæнез дæн, – аци рауæн бабæй Батæрбег никъкъухцитæ æй, куддæр радзæгъæлтæ æй, уæдта бабæй нæуæгæй æ цæстингас зæнхæрдæмæ саразгæй, æ курдиадæ нæуæгæй баæнхæстдæр кодта, – фæндуй мæ мæ командири цæфи уавæр бæлвурддæрæй базонун, уæдта ма мæ еубæстаги фæууинун дæр.

Гвардий болкъон Батæрбеги дзубандитæмæ игъосгæй, балæдæрдтæй, Астапеци æнæнездзийнадæй уæлдай ма Батæрбегмæ цидæр сосæгдзийнадæ ке ес, уой æма загъта:

– Æнбал Чихишвили.

– Игъосун дæмæ, гвардий дæлболкъон.

– Цалинмæ хестæр лейтенант Биботи фæстæмæ здæха, уæдмæ æ бæсти ду байзайдзæнæ.

– Балæдæрдтæн, гвардий дæлболкъон!

– Æнбал дæлболкъон, – сдзурдта Астапец, – зонун æй, неци уоййасæбæл тæссаг æй мæ цæф æма мин барæ раттæ ами байзайунæн.

– Бардзурд æнхæстгæнгæ æй, – федарæй загъта Военков, æма акъоппæй рахизтæй. Æ фæдбæл рахизтæй æ адъютант Семенов дæр.

Госпитæли дохтуртæ лæмбунæг æркастæнцæ къахи цæфмæ. Цæф уæлæнгай адтæй, фал сæйраг хирург куд загъта, уотемæй зараженийæй тæссаг адтæй. Аци дзурдтæ содзийни фæррæхустау сæмбалдæнцæ Батæрбеги зæрдæбæл, æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, æхуæдæг госпитæли цæйбæрцæ фæххустæй, е æма, æхуæдæг дæр æй нæ балæдæрдтæй, уотемæй æ цъухæй схаудтæнцæ дзурдтæ:

– Уомæн уæн нæййес!

– Е ба дин ка ’й? – рафарста сæйраг хирург Астапеци.

– Е ба мæ хуæдæййевæг, – сдзурдта, æ цæстæ минкъий æрникъолгæй, капитан æма æ медбилти байдзулдæй.

Хирург Батæрбегмæ бакастæй, уæдта загъта:

– Мах дæр е хъæбæр нæ фæндуй, æнбал гвардий хестæр, лейтенант. Ку неци тæссаг ин уа, æ рæсуд ку æрбада, уæд æ цæф ба уæлæнгай æй æма уæмæ хуæрзрæхги зиндзæй, мацæмæй ин тæрсетæ. Нур ба бал æй ами уагътæ мах барæ.

Уæззау къахдзæфтæгæнгæй, рахизтæй Батæрбег хирургион палатæй. Аллихузон гъудитæ игурдæнцæ æ сæри магъзи Астапеци туххæн, фал бабæй уæддæр æ цæстити цори ба Агнесси фæлгонц февзуридæ. Уотемæй æ медбунати дзухълæуд фæккодта.

Фæстæмæ хирургион палатæмæ бацæун æ цæсгон нæбал бахуæстæй æма еу усми сагъдауæй байзадæй. Мадта нур куд? Ци хузи æгъдауæй базона нур Агнесси хъисмæт?

Фæстæмæ хирургион палатæмæ ку бацæуа, уæд Астапеци цори æ сосæгдзийнадæ раргом уодзæй, иннердигæй ба, капитан ку бангъæла, – ардæмæ æрмæстдæр... Агнесси тухæй æрбацудæй, зæгъгæ. Нæ, е ба сæрмæ æрхæссуйнаг нæй.

Сабургай рахизтæй, цæфтæ ци палати адтæнцæ, уордæмæ æма санитарки аййевæй бафарста:

– Бахатир кæнæ, гвардий хестæр лейтенант, фал дин ка æй, кæбæл фæрсис, е?

Батæрбег абони уæнгæ сайд дзубандитæ некæд ма некæмæн ракодта, фал аци хатт ба, æ цæсгон еу усми фæссурх уогæй, дзуапп равардта:

– Е адтæй мæ батальони командир, бахаудтæй знаги цæгмæ, уæззау цæф фæцæй, æндæрæбонæхсæвæ ’й сæ исуæгъдæ кæнуни агъонмæ хуæдтæхæги æрбаластонцæ æма мæ æ æнæнездзийнадæ базонун фæндуй.

Еци сахат палатæмæ æрбахизтæй санбати хецау æма ’й медицинон хуæрæ бафарста:

– Æнбал майор, мæнæ гвардий хестæр лейтенанти фæндуй сæ батальони командири уавæр базонун.

Майор фæрсæгау бакастæй Батæрбегмæ, уæдта цæбæлдæр рагъудигæнгæй, сдзурдта:

– Кæд нæ рæдуйун, уæд ду фарстай хирург Беройти Агнессæбæл?

Батæрбег къæппæги бахаудтæй, балæдæрдтæй, фæлевæн ин ке нæбал ес, уой æма ком-коммæ загъта:

– Раст æй дæ дзурд, æнбал майор. Æз дæ фарстон Беройти Агнесси тухæн. Кæми ин ес фæууинæн?

Майор æ дзиппæй цидæр гæгъæдий гæбазæ исиста, æримæ кастæй, уæдта Батæрбегмæ бакæсгæй, бафарста:

– Æнбал гвардий хестæр лейтенант, ду Биботæй нæ дæ?

– Раст уотæ, æнбал майор.

– Дæ ном Батæрбег хуннуй?

– Раст уотæ!

– Лæдæрун дæ, – сдзурдта майор, уæззау ниууолæфгæй, æма идарддæр ниванста æ гъудитæ, – мæнæн Агнессæ адтæй мæ хуæри хузæн. Раст зæгъун гъæуй, хирургæй дæр дæсни хирург адтæй.

Батæрбег ин æ дзубанди фескъудта æма ’й тарст гъæлæси уагæй рафарста:

– Фæммард æй?

– Ку нæ загътон уотæ, фал лæмæгъ ун æнæхъаурæдзийнади бæрæггæнæн æй. Нерæнги ма гъуддаг бæлвурдгонд нæма æрцудæй, фал хуæдтæхæг æ бунатмæ нæбал æрбаздахтæй. Ескæми æрбадтæнцæ, е дæр бæрæг нæй, тугъди алцидæр фæууй...

Батæрбег цæвддорау фæцæй, æ цæсгон æхсæггагæй фæлорсдæр ниццæй, æ дууæ æфсæри кæрæдзей нæбал æргъавтонцæ, цæбæл ма бафарстайдæ, идарддæр ма ци дзурдтайдæ, уой дæр нæбал тергади кодта, æрмæстдæр ма æ цæститæбæл уадæй æ зинаргъ æнбал, æ уарзон, æ ервæзунгæнæг Агнесси фæлгонц. Уотæ имæ кастæй, цума æ зæрдæ еугур ревæд иссæй, уотæ æнкъардта æхе, цума æ тогдадзинтти тоги бæсти издий къанæуттæ цудæй, æ бауæр мæрдон уазал рацæй, цума æ фæсонтæбæл мулдзугутæ дуурдæмæ кодтонцæ æхсилкъитæ гæнгæ.

– Æнбал хестæр лейтенант, – мæнæ дин æ æрдæгфинст финстæг. Е стъолæбæл ин æй иссердтон. Хабæрттæ бæстондæр базондзæнæ æма дæмæ игъусдзæнцæ, æнæуой ба дæхебæл фæххуæцæ. Сгарæгæн уотæ лæмæгъ ун не ’мбæлуй, – загъта санбати хецау æма Батæрбегмæ финстæг бадаргъ кодта.

– Арфиаг уо, гвардий майор, – загъта Батæрбег, æма æрдæгфинст пъисмо æ къохмæ райста, æхе фæззилдта æма госпитæлæй рахизтæй.

8-аг сæр

Блиндажи

Тугъди будур цидæр æнахур сабур адтæй, æрмæстдæр ма-еу æрдзи сабурдзийнадæ фехалдта еугай минити сræмугъди дудзигъæр. Хатгай автоматтæ, пулеметти къæр-къæр дæр райгъусидæ, кæми ба хуæдтæхгутæ дæр фæззинниуонцæ æма уайтагъд фæффæстæмæ уиуонцæ. Æрмæстдæр нæ тагъд кодта «Рамæ».

Кæд, будур ци ’й фæндуй сабур адтæй, уæддæр фронтæн æ дууæ фарсæрдигæй дæр куст еунæг усмæ дæр нæ сабур кодта, арæзт цудæнцæ траншейтæ, блиндажтæ, акъоппитæ.

Æнæгъæнæ бон архайдтонцæ еци кустити сгарæг роти салдæттæ дæр. Чихишвили еу цалдæр æфсæдтоней хæццæ цæттæ кодта блиндаж сæ командирæн. Рæстæггай сæмæ фенхус кæнунмæ фæззиннидæ Егонский дæр. Кæд Батæрбеги берæ ихæстæ исæнхæст кæнун гъудæй, уæддæр арæх райсидæ æ къохмæ бел къахунмæ. Еци куст ин цидæр æхцæуæндзийнадæ хаста, æ зæрди уæззау мæститæ ин иронхдæр гæнгæ цудæй.

– Æнбал хестæр лейтенант, – æ хед сæрфгæй, сдзурдта Чихишвили, – аци уæрмæгонд мах барæ уадзæ, æви дæмæ уотæ кæсуй, æма мах ауæхæнттæ некæд ма исаразтан.

– Мæнæн дæр зин нæ уодзæй, ме ’уæнгтæ ку райвазон, уæд, æндæра цалдæр мæйи госпитæли фæххустæн æма ми еугур магоса рауадæй, уæд ма уæрмæ саразунмæ дæр, зæгъæн ес, æма нæбал сарæхсдзæн, уомæ гæсгæ ба мæхе гъæуама исахур кæнон.

– Куд нæ, куд нæ, – дзурдта Егонский, æ цъæх цæститæй хийнæкастгæнгæй, – хестæр лейтенант нæбал зонуй уæрмитæ къахун, фæсси иронх æй. Кенæ ба знаги хорхи сæдæ мини нихххæсса, мах аци фудæбæнттæ ке тухххæн аразæн. Уæдта сæбæл сау еминæ ку бахуæцидæ, уæд сæ анæмити æнæзийнадæй бæргæ ниннигæнинæ.

– Ва, генацвале, дæ фудгол дæр уотæ фæууæд, етæ нигæд куд æрцæудзæнцæ. Мулдзугутæн, дан, се ’сæфт ку æрцæуй, уæд сæбæл базуртæ базайуй, – дзурдта Чихишвили.

– Мацæмæй тæрсетæ, – Сталин куд загъта, уотемæй тагъд мах синхи дæр уодзæй бæрæгбон.

– Е бæргæ раст æй, фал ма мах уæдмæ рауотæхсдзинан, – æ дзурд багæлста Егонский.

– Уобæл ба цæмæн гурусхæ кæнетæ, – мах æнæмæнгæ æгас уодзинан, гæнæн ес æма бабæй ни еске фæцъцъæræмухст уа, фал е тæссаг нæ ’й, – дзурдта Батæрбег, æма æ дзиппæй тамакутæ исиста. – Цæй, Егонский, фæйнæ си исæлвасæн, уæй?

– Æмбæлгæ гъуддаг æй е дæр, æнбал гвардий хестæр лейтенант, – загъта Егонский æма фæйнæ тамакуй исдумдтонцæ, – уæхуæдтæ ’й уинетæ, – еу бон Астапецæн хъæбæр истарстан, госпитæли ма уотæ дæр дзурдтонцæ, кæд, дан, имæ, мийййаг, æ тогмæ ести незхæссæг бауæргъæдтæ

бахастæй, зæгъгæ, æма, раст зæгъгæй, æз ма тæрсгæ дæр искодтон, уомæн æма æ къах бустæгидæр ниддумстæй, æзинæ ба мин хирург ходгæй уотæ зæгъуй: «Мацæбæл тухсæ, гвардий хестæр лейтенант, – еу дууæ бонемæ радзæбæх уодзæй æма уæмæ зиндзæнæй.»

– Мах ин е ’рæздæхтмæ цæттæ кæнæн дессаги уæрмæгонд, гъæуама ни фæббоз уа, – дзурдта Чихишвили, тамакуй хъуæцæ æ фиййи цъæсгитæй рауолæфгæй. – Гæнæн ес, æма нæ батькæ тæккæ абони дæр фæззинна, – æццæйнæ, Егонский, куд гъуди кæнис?

– Гæнæн ес, æма дин уæд мæнæй магарич.

– Циуавæр магарич, – æхе имæ фæззилдта Чихишвили.

– Замманай украинаг борс дин исцæттæ кæндзæнæн, уой зонæ, æнбал гвардий старшина, æма Гурдзий уæхæн хуæрзадæ хуæруйнаг неке бон бауодзæй исцæттæ кæнун, нигки ба ма Астапец уæхæн цумуйнаг бустæги берæ уарзуй.

– Ва, генацвале, ду Гурдзий некæд ма адтæ, æма син нæ зонис сæ хуæруйнæгтæ. Уогæ топпи хуаси хъуæцæмæ смотунæй æндæр ци лæдæрис.

– Зæгъай æй уæддæр, ци уæмæ фæууиндзæн?

– Ци? Алцидæр. Замманай сæнæфсертæ, замманай царви хузæн персиктæ, мандаринтæ, гранаттæ.

– О, дæхе æрбамарай! – сдзурдта Егонский, æма æ гъæлæсидзаг нихх æл-хæл кодта. – Æма гранаттæ ба ами тугъди будурæй фулдæр кæми ес ма фæууинæн?

– Нæ дин загътон, топпи хъуæцæй æндæр некæд ма неци фæууидтай, зæгъгæ.

– Уæ дзубанди раст æй, – сдзурдта Батæрбег, æ тамакуйæй ма фæстаг æлвæст искодта æма ’й еуварсмæ рагæлдзгæй, – Уæ дууæ дæр раст айтæ, – нæ советон бæстихæйттæй алкæми дæр ес, цæмæй сæхе раппæлонцæ, уæхæн бунæттæ æма хуарздзийнæдтæ.

Раст тæккæ еци рæстæг блиндажмæ фæззиндтæй постхæссæг æма æрбалæвардта газзеттæ, уæдта финстæг Чихишвилий номбæл.

Куддæр Егонский Чихишвилий къохи финстæг фæууидта, уотæ æ цъæх цæститæ ферттивтонцæ æма гиризгæнгæй сдзурдта:

– Уайтагъддæр æй зудтон, нуртæккæ бабæй имæ æ уар-

зонæй уодзæй еци финстæг. Æццæйнæ, Натæй нæ ’й пъисмо?

Чихишвилий бон фур æфсæрмæй нæбал иссæй исдзорун, уотемæй е ’рфгути бунти Батæрбегмæ бакастæй.

– Неци кæнуй, гвардий старшина, е бабæй дæмæ хицæ кæнуй, уарзондзийнади арт кæми нæ содзуй, е цæй уодгоймаг æй? Уарзондзийнадæ, æрмæст кæдзос уарзт æй адæймаги зæрди сауæр, уой билтæбæл зайунцæ æрмæстдæр царди амонди дидингутæ æма сæ рæсугъддзийнадæй, сæ тæфæй нихседун кæнунцæ зæрди хурфи æгæрон хъаурæ, сæребарæдзийнадæмæ турнундзийнадæ. Цагъар адæймагбæл царди рæсугъддзийнадæ федаугæ дæр нæ кæнуй. Е кæми нæ уа, уоми цард бафунæй уй, хускъæ си кæнуй уодгоймаг. Кæд, Егонский куд зæгъуй, æцæгæйдæр уотæ ’й, уæд дæ хъаурæ некæд байсусдзæй. Æгайти ма, гвардий старшина, еци амонд æма æнкъарæнæй æнхæст дæ. Е хъæбæр хуарз æй æма дæмæ Егонский дæр уомæ гæсгæ хицæ кæнуй.

– О, генацвале, пъисмо мæмæ финсуй, еумæ ци колхози кустан, уой звеной хецау. Сумах куд гъуди кæнетæ, уæхæнæй си неци ес.

Цалдæнмæ Чихишвили еци дзубандитæ кодта, уæдмæ Егонский рафæлдахта газзет «Сталинон гварди», æма æнæнгъæлти устур цийнæдзийнади хæццæ сдзурдта:

– Æнбæлттæ! Стур æхцæуæндзийнадæ!

Уæрмитæ ка къахта, етæ имæ фиццаг сæ гъос уойбæрцæбæл не ’рдардтонцæ, æ гириз дзубандитæбæл ин фæлтæрд адтæнцæ æма æнгъалдтонцæ, кæд бабæй ести хийнæдзийнадæ æ сæри зелдох кæнуй, зæгъгæ.

Фал, цидæр æхсицгон хабар ке кастæй газзети, е æ цæстингасбæл дæр бæрæг адтæй, æма старшина æхе нæбал ниууорамгæй, сдзурдта:

– Ва, генацвале, ци хабар æй, гъæрæй æй бакæсай, кæд бабæй дæ дзубандитæй нæ кæнис, уæд, – æма æнгъæлдзау цæстингас Егонскиймæ саразта.

Егонский гъæрæй райдæдта:

– Немуцаг оккупантти нихмæ тохи рæстæги æ ихæс кадæ æма намуси хæццæ ке исæнхæст кодта Фидибæсти размæ, уой тухxæй уæлдæр командæкæнунадæ хуæрзеугутæ дæд-

туй: «Тугъдон Сурх Турусай» орден – гвардий капитан Астапецæн, гвардий хестæр лейтенант Биботийæн.

Сгаргутæ фестадæнцæ æма кезугай Батæрбеги сæ хъури никкодтонцæ, зæрдиаг арфитæ ин ракæнгæй.

Батæрбег син æ кæдзос зæрдæй раарфæ кодта æма загъта, идарддæр тохи дæр æ хъауритæ ке нæ бавгъау кæндзæнæй, уобæл. Иннетæй дæр ма цалдæремæн лæвæрд æрцудæй паддзахадон хуæрзеугутæ.

– Æнбал хестæр лейтенант, – сдзурдта Егонский, – цæй æма нæ батькæн зæрдиаг арфитæ ракæнæн, нæфæразгæ æй æма ин æхцæуæн уодзæй.

Куддæр уотæ сдзурдта Егонский, уотæ ба блиндажмæ æрбахизтæй Астапец. Тугъдон æмбæлтти хæлар æма зæрддагон цийнитæн кæрон нæбал адтæй. Æхсæвæ æ бартæ раги байста, уæддæр ма, уæхæн сабурдзийнадæй пайдагæнгæй, сæ кæрæдземæн сæ дзубандитæ кодтонцæ Астапец æма Батæрбег...

Редакцийæй. Гъулæггагæн, къохфинст уобæл фæцæй. Агордзинан Хъазбегти Хъæзбегти архивти, кæд ма æ иннæ хай дæр къохи бафтуидæ. Уæд уæ æнæмæнгæ зонгæ кæндзинан Батæрбег æма Агнесси идарддæри хъисмæти хæццæ.

Аци къохфинст нæбæл исæмбæлун кодта Тменати Дзерассæ, æма ин зæрдиагæй арфæ кæнæн.

БУДАЙТИ Аслæнбег

Сосæг уарзт

Сæумæраги ду уæ размæ
Сæрбæрзондæй фæллæууис.
Кæсис, цума хорискастмæ,
Ме ’рдæмæ ба нæ кæсис.

Гъасти кафгæй, кизгуттæмæ
Листæг кастæ фудæнæн.
Лæвардтай син деденгутæ,
Нæ лæвардтай ду мæнæн.

Кастæ мæнмæ сосæггити,
Нæбал зудтай ду фæллад.
Зелæн кодтай нæ рæбунти,
Искодтай нæ рæзти над.

Еу хорбони сауæдонмæ
Цалдæремæй фæццудан.
Ду фæззиндтæ уæд нæ размæ.
Берæ дæбæл фæххудтан.

Мæ гогойнæ ду раскъафтай,
Нæ фæттарстæ нæ, мæнæй.
Дæ цæститæ исаразтай
Мæн æрдæмæ, нæ дзоргæй.

Берæ рæстæг зæрди хастай,
Уарзти цæхæр сосæггæй.
Рагæй зудтон, – ке мæ уарзтай,
Кастæ ме ’рдæмæ ходгæй.

Хатир мадæй ракоретæ,
Махмæ адтæй сосæг уарзт,
Нур Хуцаумæ баковетæ,
Цæмæй нин уа рæсугъд цард.

Аланти Нана

Сувæллæнттæ берæ уарзта
Задæлескæн сæ Нана.
Æхебæл сæ æнгом баста,
Мадта, мæгур, ци кæна?

Саумарг Тимури лæгмартæ
Лæбурдтонцæ берæгътау.
Цагътонцæ сæ и цъамартæ,
Кумæ кастæй уæд Хуцау?

Нæ адæми нин мардтонцæ,
Сувæллонæй, устурæй.
Ка дæ, уомæй нæ фарстонцæ,
Тог ба донау ивулдæй.

Карки цъеутау ниппурх æнцæ,
Гъæди къумти дзæгъæлæй.
Еу рауæнмæ нæ цудæнцæ,
Тас син адтæй мæлæтæй.

Куд цæронцæ æнæ мадæй,
И сау гъæди – æнæ фидæй?
Ниммæлдзæнцæ æдзардæй,
Тæссаг адтæй и сирдтæй.

Хуцауæй син æрвист адтæй
Задæлескæн æ Нана,
Еу рауæн е нæбал бадтæй,
Седзæрти æмбурд кодта.

Цудæй, мæгур, нур сæ фарсмæ,
Бунатмæ сæ е хаста.
Лæудтæй сæйгитæ æ размæ,
Сæ хъурти син дон уагъта.

Фæййервазтæнцæ адзалæй,
Иссæй рæстæг гъазунæн.
Бафсастæнцæ хори гъарæй,
Арфæ кæнæн Нанайæн!

Будайти тугъдон фæсевæди зар

Уалæ нин Хæресæй зæйтæ рацудæй,
Зæйтæ рацудæй Дигори гъæубæл,
Уарзон фæсевæди цæун багъудæй
Тугъди будурмæ кæрæдзей фæдбæл.

Будайти фæсевæд тугъдмæ цудæнцæ,
Сæ маст есунмæ æзнаги нихмæ, –
Муггаги рæхисæй ард бахуардтонцæ:
– Некæд ратдзинан фиддæлти зæнхæ.

Берлини уæнгæ тардтонцæ æзнаги,
Мæлæтдзаг цæфтæй кодта е сæргой.
Уæ цæфтæй æзнаг бабун æй уæ рази,
Фесæфæд царди æзнагæн æ кой.

Ирæфи сæрмæ, дан, сау мегътæ бадтæй,
Сау мегътæ бадтæй, уарунмæ гъавта.
Мæгур нийййергутæн сæ хуссæг рандæ ’й,
И хор дæр уони ку нæбал тавта.

Сау поезд сабургай цудæй цæгатæй,
Тугъди хабæрттæ е махмæ ласта.
Тогæйдзаг пъисмотæ кæсун багъудæй,
Нæ зæрдитæ нин бунтон басаста.

Æзнаги федæрттæ етæ састонцæ,
Гъæуай кодтонцæ нæ федар Цæдес.
Кади туруса бæрзæндти хастонцæ,
Æрхастонцæ нин устур Уæлахез.

Бабай кæрцæ

Бабай кæрцæ берæ уарзун,
Е гъар фæууй æ гъунтæй.
Арæх хуссун æз æ фарсмæ,
Уæд хъал фæуун мæ фунтæй.

Баба бацудæй хуссæнмæ,
Уоми æруагъта æхе.
Сабургай цæун кæрцæмæ,
Уоми батухтон мæхе.

Нæ тикис дæр уæд мæ размæ
Æрбацудæй сосæггæй.
Æрхустæй е дæр мæ фарсмæ,
Уайтагъд хур-хур иссудæй.

Дессаг кастæй е нанамæ,
Мах и кæрци куд хустан.
Бакæсидæ е бабамæ,
Сæ ходун син игъустан.

Амонди деденгутæ

Нæ дзæхæрай хебæраги
Деденгутæ ирæзтæй.
Уони уингæй, ду мæ рази
Цума лæууис арæзтæй.

Уæдмæ рæсугъд, ду, фæззиндтæ,
Мæ цæститæ расæрфтон.
Нæ дзæхæрай ду æрзилдтæ,
Дæ ном гъæрæй исдзурдтон.

Берæ уарзун деденгутæ,
Ду сæ астæу ку фæууис.
Æрттевунцæ дæ цæститæ,
Медбил ходгæй ку кæсис.

Сæумон æртæх деденæгбæл
Æртухта æхе æнгом.
Æмбæлис цума ростæбæл,
Нæ кæсис мæнмæ æргом.

Дæ цæстити хор фæууинун,
Фæлледзун дæ размæ тагъд.
Фæсмон уобæл некæд кæнун,
Ке бауарзтон дæу æвваст.

Ирæзетæ, ирæзетæ,
Деденгутæ рæсугъдæй.
Дууæ уоди искæнетæ,
Куд цæронцæ æмзундæй.

Нæ кадгин хестæртæ

Кадгин хестæртæ, сумахмæ дзорæн,
’Нæнездзийнадæ сумахæн корæн.
Федар кодтайтæ бундор нæ цардæн,
Цæмæй рохс кæна нæ зæрдæ махæн.

Æзнæгти нихмæ тохмæ цудайтæ,
Нæ царди фарнæ размæ хастайтæ.
Гъæуай кодтайтæ нæ уарзон Цæдес,
Æрхастайтæ нин устур Уæлахез.

Аланти фарнæ бæрзонд хæссетæ,
Сæ кадæ уонæн фулдæр кæнетæ.
Кадгин хестæрти берæ уарзетæ,
Сæ лæгдзийнадæ зæрди даретæ.

Гъæуи кæстæртæн сæ каст сумахмæ,
Уасгерги алкæд уонæн сæ фарсмæ.
Адæми фарнæн уомæ коветæ,
Уарзондзийнадæ уонæн коретæ.

Арфæ уин кæнæн, кадгин хестæртæ,
Гъомбæл кæнетæ дзæбæх кæстæртæ.
Кæрæдзей уарзгæй, берæ цæретæ,
Гъæздуг бæркæдтæ еумæ хуæретæ!

Сурх-Дигори зар

Уазай хонхæй Дигоргоммæ,
Хори тунтæ идзулдæй.
Нарæг комæй Терки донмæ
Ирæфи дон ивулдæй.

Нæ хуæнхбæстæй гъæдгæронмæ,
Раййивтонцæ сæ бунат.
Даргътагæн ба æ кæронмæ –
Сурх-Дигорæн цæрæнуат.

Силтанухъи сау зæнхитæ
Хумæ кодтан мах бæхтæй.
Царди уагътан нæ фæндитæ,
Некæд тарстан мах кустæй.

Орденхæсгутæн сæ кадæ
Алкæд æвæрæн бæрзонд.
Ниууагътонцæ нин сæ фарнæ,
Некæд уодзæнцæ иронх.

Нæ кизгуттæн сæ бакастæй
Лæги зæрдæ рохс кæнуй,
Хуæздæр гъасти ка ракафдзæй,
Уобæл ерис нур цæуй.

Нæуæг киндзæ авдæнæмæ,
Бæдолæмæ идзулдæй.
Сувæллонæй и мадæмæ
Цийни тунтæ игурдæй.

Нæ хуасдзаутæн и Даргътагæй,
Уасгергий зар игъусуй,
Нæ гъæубæстæ, Сурх-Дигорæ,
Зæрди фæндон ирæзуй.

Нæ хор

Ерун си мæ бийнойнаг Рими
рохс ном

Нæ дзæхæрай и бæлæстæ
Ирæзунцæ сæ фæндон.
Кæдзос дарунцæ сæ рæзтæ,
Рагæй хезунцæ нæ Хор.

Тавунцæ сæхе æ гъармæ,
Цийнæ кæнунцæ фæндон.
Фæббæлдтæнцæ дзæбæх цардмæ,
Фал ин æрцудæй кæрон.

Бахуардта Талингæ Хори –
Алцæмæн дæр кæрон ес.
Дессаг æрцудæй нæ доги,
Гъæр кæнтæ нур ба, фæдес.

Берæ рæстæг æрвон царди
Тарстæн дæуæн талингæй,
Фал не ’рцудан, нæ, мах фарсти,
Нæ бафсастæ цæрунæй.

Уазал думгитæ – цæгатæй, –
Нæбал гъæр кæнуй нæ бон.
Мæйæ рандæ ’й æ бунатæй,
Е дæр агоруй нæ Хор.

Агордзинан мах нæ Рими,
Нæ бафсастан æ уиндæй.
Некæд уодзæнæй иронхи,
Е нæ тавта æ тунтæй.

СФÆЛДИСТАДОН БУНТÆЙ

СКЪОДТАТИ Амурхан

ФÆСТАГ ЛÆБУРД

(1918–1919 æнзти Æхсæрисæри)

Фæззигон мегъæ Бестауæрдигæй зуст æмпурст кодта, Ирæфиком æнгон æрæмбарзта. Тæрсæ бæлæсти сифтæй лæдæрстæй ставд æртæх. Æрдзи æгомуг сабурдзийнадæ ихалуй Ирæфи дони хæл-хæл, рæстæгæй-рæстæгмæ уомæ бафтуйуй куйти фæлмаст рæйд. Фиццаг хатт исæмбæлæг адæймаг зæгъдзæнæй: «Ами цæрæг нæййес», – цалинмæ устур надбæл бафтуйгæй, рараст уа, æма фæууина егъау дæргъæмæ гъæунгæ.

Хуссуй Æхсæрисæр... На-а! Хусгæ нæ кæнуй... бон æй, рæфтæмæ æмвахс, уæддæр адæймаги стуф, фонси унæр ба некæцæй игъусуй.

Куйти рæйд минкъийгай рахæттæй, зæрдæ ка ’хсилкъæ кæнуй, уæхæн æнкъард ниудмæ.

Нур балæдæрун æнгъезуй, къæсæргæс куйтæ ке гузавæ кæнунцæ сæ фæсмард адæмбæл, уой. Фæдæсмотæ кæнгæ, разелæнтæ кæнунцæ тургъити, гъæунгæбæл си еуæй-еуетæ фæрраст унцæ, фал ка ци адæймаги фæййагоруй, е исхæлæмулæ уй къахдзæфти фронти æма нецибал февзаруй смотæн оргæн. Куййæн цума æ билтæ ниццавдæуй, уотæ цæхгæр æхе фæззелуй, æ фæстæгутæбæл æрбабадуй, къембур арвæрдæмæ исаразуй æма, «у-у-у-у!» – зæгъгæ, æндагъддæр неун райдайуй.

Къахвæдтæ амонунцæ, гъæуи цæрæг адæм æд-минкъий, æд-устур ке баевгъудæнцæ æгомуг тар сау гъæдæмæ.

Ду дес кæндзæнæ, æма ци хабар адтæй, зæгъгæ.

Хабар ба адтæй уотæ: раст бони февади хæццæ, Æхсæрисæри гъæумæ хорискæсæни ’рдигæй фæдесон сурд кæнгæй, сурх аласайæй æрхизтæй «Кермени къуарæй» еу бæхгин. Адæм куд бафеппайдтонцæ, уотемæй гъæуи хецауæн цидæр æвеппайди тасдзийнади хабар ракодта, æма фæстæмæ дæр соргæ къахæй раевгъудæй.

Гъæубæстæ рагæй адтæнцæ таси уавæри, уомæ гæсгæ ба сæ некуцон дзаумаутæ арф бафснайдтонцæ уæрмити, фонси сагъæсæй ба адтæнцæ цох, уотæ ма сæ гъомурун гагадзагъд никкодта. Еузагъдæй, адæм адтæнцæ ледзун-ефтонг.

Мадта Серебрякови хæлæфгæнæг бандæ хæстæг ке адтæнцæ, уой ба фæндаггон бæлццæнттæ дзурдтонцæ æмцъухæй, сæ цъаммар миутæбæл дес кодтонцæ рамбæлгутæ.

Бæхгини раевгъудæй 15 минути фæстагдæр гъæуи федог Рунгæбæт гъæр кодта, фæдес: «Уо-уу-уй! Байгъосетæ! Бандæ æрбацæунцæ! Лæг ка ’й, – ледзгæ гъæдæмæ!»

Еци æверхъау хабар адæми зæрдитæ ниррезун кодта. Зæронд мадтæлти зæрдихалæн гъарæнгæмæ адæми цæсгæмттæбæл æнæвгъау зилдæнцæ цæстисугтæ, æнагъом суваллæнттæ æнкъардæй кастæнцæ сæ нийййергутæмæ. Размæ ледзгæ æма фæстæмæ кæсгæй, къуар минуттей дæргъци гъæуæй рафедудæнцæ адæм.

Изæрдалингити адæм æрæнцадæнцæ æгомуг тар кæмтти.

* * *

Дууæсæдæ бæхгиней разæй, æвзестæй арæзт саргъбæл, сугъзæринттæ, æвзеститæй нæ зингæй, æдас цуд кодта генерал Леус.

Фæззигон мегъæ Бестауæрдигæй зуст æмпурст кодта, Ираæфи билæбæл Æхсæрисæри гъæуи æнгом æрæмбарзта. Тæрсæ бæлæсти сифтæй лæдæрстæй æставд æртæх.

Хуссуй Æхсæрисæр... На-а! Хусгæ нæ кæнуй...

Уæлæ гъæуисæри хæдзари тургъæй адæймаг фелвæстæй, æвеппайди ци бæхгин æфсад рауидта дæргъæмæ гъæунги, уомæй зæрдæ нирризтæй: «Ледзун мæ хуасæ, фал кумæ? Кæмæ?»...

Æнцад хуссæг гъæу фæссонт æй, топпи гъæр, пулемети къæр-къæр, бæхти гæбар-губур байеу æнцæ.

Фал кæбæл тохунцæ? Тургъи фæззиннæг 12 анзон Геуæрги æ цурд къæхтæбæл раги баевгъудæй е ’ргъæвгæнæг гъæдæмæ...

Уорсгвардиуон бандит зæнхæй фелваста хизин, кæци фесхъиудтæй тарст биццеуæй. Устур лæварау æй бахаста генерал Леусмæ.

– Ваше превосходительство, господин генерал Леус! Сумка большевика! – æма имæ ’й балæвардта. Леус киунугутæ рахатæ-бахатæ фæккодта æма сæбæл иссирдта финст: «Ученик Махческой сельской школы – Георгий Христофорович Скодтаев».

– Уловить! Уловить! Уловввить! – зæгъгæ, гъæр кодта Леус, фал сæ арми нецибал бафтудæй.

Æрдзæ бабæй райста фиццагон сабурдзийнадæ, стуф, змæлæг нæййес. Æхсæйвон тар мæйдар æ сау пæлæзæй æрæхгæдта æдзæрæг гъæу. Хаттæй-хатт ма исигъусуй «у-у-у-у!» – зæгъгæ, куйти зæрдресæн ниуд.

– Астемур, Цæрай, Тъох! Цæуæн, базонæн знаги уавæр!

– Цæуæн!

Арæхст æрæвæрунцæ къæхтæ, къæрцгъос игъосунцæ алли фезмæлдмæ. Дæс, дууадæс... ампъези æма рафедуйдзæнæй гъæдæ.

Мегъмæйдар фæттæнæгдæр æй, нур уинун æнгъезуй къуар ампъеземæ.

Зæронд кæлди сæрмæ цауæйнони хилд фæккæнуй большевикти къуари разæй Тъох.

Топп хæссуй æргъувдæй, кæсуй ’дзинæг æ размæ. Кæлди сæрæй Тъохи искаст æма топпи гъæр фæййеу æнцæ. Топпи гъæрæн дзуапп равардта Тъохи кæрæбин. Æмбæлттæ уидтонцæ, Тъохи æхстæй сæрбехъулæнттæй куд разилдæй уорсгвардиуон бандит, æ фарсмæ бадæг ба сонт лигъд ракодта урдугмæ цæгати фарсбæл.

Цæсти фæнникъулдмæ гъæуи алли фæрстæй æхст æхсти æййафун райдæдта, бæрæг адтæй, дзæвгарæ хъаурæй ке гъæуай кодтонцæ æдзæрæг гъæуи, е.

Сæумæ поститæ ист æрцудæнцæ. Гъæуи бандиттæ æмæзмæлд кодтонцæ. Дæрæгъдзæгай фестадæй æнæстуф гъæу. Сæ цъаммар миутæ кодтонцæ æнæфсæрмæй. Къахтонцæ уæрмитæ, тугуртæ, къæбицтæ, хæлæф кодтонцæ мулкитæбæл, рæнгъ-рæнгъитæй рахалæ æнцæ Ирæфи билтæбæл дзаумауæй идзаг уæрдунтæ, сæ фæсабæрцæбæл хурдзинтæ тъунсгæ-нæнгæ никкодтонцæ. Иссердтонцæ ниуазуйнаг дæр. Æнаккаг æлгъиститæ, гъæла ходун, зарун, игъæлдзæг дзубанди – æнæбанцайгæ.

Æдзæсгон царæстъегъгутæ, æнгъæл æнцæ æма байзайдзæнцæ æнæфхуард. Рараст æнцæ устур фæндагбæл, сæ разæй къохтæ бастæй надбæл фæттæрунцæ хуæнхаг фиййауи.

Большевиктæ минкъийгай сæхе цæттæ кæнунцæ æнæхонгæ иуазгутæбæл исæмбæлунмæ, æхсунмæ æрцæттæ кодтонцæ топпæйæхсгутæ коми хурфи рахезфарсæй. И нади сæрмæ къæдзæх, фæхстæ кæлдæрвонг, Задæлески бунмæ над унгæг. Еузагъдæй, – скъæппæг.

– У-у! Ма кæнæ! Мабал мæ фехсæ!

– Æхсун-æхсун, мæ къохтæ нæбал лæуунцæ.

Уæдмæ фæццудæй гæрах.

Ком нийййазæлдæй топпадзагъдæй. Сæ раздзæуæг, размæ бахаугæй, æ зæнгæ рабуройнæ кодта. Бандæ фæстæмæ фæззилдæй, сæ бон, сæ тухæй æвзарунцæ фæстæмæ ледзун, фал син нæбал æнтæсуй. Сæ сæр сæ кой иссæй...

Газзет «Социалистон Дигорæ»-й ист,
1941 анз.

ХАЙМАНТИ Геуæрги

ДОНЕСÆНИ

Сæрдигон æхсæвæ хуæнхбæсти æхе æруагъта. Арв нигулæн æма искæсæн æрдиги æмхузон æрталингитæ ’й. Ефстаг стъалутæ мегъти цохтæй арви реуæй гæзæмæгомау фæззиннунцæ, тæмæнтæ калунцæ сау зæнхи бауæрмæ. Мæйæ арви тæгкæ астæуæй нигулæн æрдæмæ æхе рауагъта, еу къуар минуттемæ байауон уй бæмпæг мегъти æхсæн, кæми ба разиннуй, æма хумтæ, хуари будуртæ исзиннунцæ. Комæй думуй æнцад уадусмæ. Ираæфи унæр кæми ниннидæн уй, кæми ба нæуæгæй исигъусуй. Сауæдони мухцургонди билæй фæйнердæмæ схъеунцæ дони стъæлфæнтæ, æ фалæмбулай дортæбæл сæ, цæстисуги къобæлттау, нихасуй.

Еци афони гъæугæройнаг хæдзарæмæ баздахтæй дуинфондзанздзуд лæхъуæн, къахæн æма фиййаг æ рагъи, уотемæй; фæллад хизт искодта дорин хедбæл. Тургъи кæронмæ æрлæудтæй. Дзаумæутти æфснайдмæ æркастæй, бæрæг æй – хæдзари хецау ке ’й. Æ тамаку били кæронбæл нихасæгау ракодта æма билгæронæй хæрæги саргъ райста. Фæрсрæбун æй гоми фæйнæгбæл æрæвардта æма ма тамаку еу къуар думди искодта, уæдта ’й зæнхæмæ æргæлста æма хæдзари исмедæг æй. Цъилингай рохсæй бацæуæг лæхъуæни цæсгомбæл бæрæг æй – фæлладхуз, ругæ æма цæститæ куддæр æнæхуссæг сурх ниццæнцæ.

Бацæуæгмæ æхе разилдта нæуæгцуд ностæ.

– Ци æрæгæмæ адтæ, раги ку гъавтай æрцæунмæ?

– Уæллæгъи, уосай, мæ куййи фæллад бакодтон, раги нæ, фал... – дзуапп равардта хæдзари хецау Алийхан. Æ сæрæй æ донхуз буйнаг ходæ исиста, къохбæл æй æртъæпп кодта æма фæллад бадт æркодта къелабæл.

– Кæд фæууодзинайтæ? – бафарста уосæ æма амæнтæнмæ разилдта е ’ргом, къохмæрзæни къæбазæй æ билтæ радаугæй.

– Нæ зонун, уæллæгъи, ци нин испайда уодзæнæй еци над, уойбæрцæ, нæ ургфиутæ ибæл ку никкалдтан... – æма цæмæдæр æнгъæлдзау каст æрбакодта, – еу ниуазуйнаг нæмæ ци уа?..

– Нæуæг дон нæмæ нæййес, – дзуапп равардта уосæ.

– Гъæйдæ мадта, тас, хъувгъан мин æрцæттæ кæнæ æма бауайæ уазал донмæ, – куддæр, цума лихстæ кодта уосæн, еци гъæлæсæй загъта Алийхан, даргъгомау нийнæфгæй.

Киндзæ нецибал исдзурдта, цæргæси бæдолау æрзилдæй хæдзари æма уайтагъд æ лæги размæ æрхи тас æма хъувгъан донæйдзагæй февардта. Алийхан фестадæй. Цохъай дустæ медæмæ батулдта æма райдæдта æхе æхснун.

Рæсугъд Мисурæт хизæ æ сæрбæл багæлста, къибилатæ цонгбæл бакодта, цæхгæрмæ ба сæбæл гъæдæ æма уайтагъд хæдзарæй фендæдуар æй.

...Мæйæ мургъуз бурд кæнуй, арвбæл ма ци ефстаг мегъи цъоппитæ адтæй, уони æхсæнти. Мисурæт арвмæ искастæй, алли ’рдæмæ ибæл разелæ-базелæ ракодта æ цæститæй æма арф, зæрдиуаг ниууолæфтæй. Æвæццæгæн, æрдзи æвæрд æ алли фæззилдæй дæр имисун кодта иронх уарзондзийнади минуттæ. Цæуй размæ, фал æ развæндагæй берæ не ’взаруй, евгъуд нивтæ баластонцæ сæхе дондзауи цæститæмæ. Уарзта... сугъдæй... пеллон уагъта æ реуи æ зæрдæ кедæр уарзондзийнадæй. Нур уонæн сæ рæстæг фæцæй. Нур уосæ ’й, еугур еци цаутæн сæ афонæ ратахтæй.

– Тæходуййаг, ка ма уæ æрæздахдзæнæй,– хæлæфæй нидæнгомау исдзурдта е, æ цæстисугтæ æрæгъзалгæй.

Сауæдони уæлгъосмæ кутемæй бахъæрттæй, уой зонгæ дæр нæ бакодта Мисурæт, цалдæнгæ хæрхæмбæлд нæ

фæцæй, ауæхæн æнафони, æнкъардбадгæнæг нæлгоймагбæл. Е æнцад бадтæй, тамаку думдта, неци исдзурдта Мисурæтмæ. Мисурæт дзавгарæ дæлдæрти бацудæй къахвæндагæй. Донесгæй, хатгай фæккæсуй фæстæмæ. Тамаку думæг е 'нцаддзийнадæ не 'халуй, æ цæстæ даргæй уосæ 'рдæмæ.

Къибилатæ усхъæмæ нæма исхæтдзæ 'нцæ, уотæ æнæзонгæ æ бунатæй фестадæй, уоси развæндаг æрахæста. Бакатайтæ æй Мисурæти зæрдæ: «Ка уа, цæй туххæй», – зæгъгæ, æма æрбараст æй.

– Де 'хсæвтæ хуарз, – æ къох æрбадаргъ кодта е. Аци дзурдтæмæ зæрдæ цирен исуагъта, гъостæ сæри магъзмæ сæ фæдесон дзæнгæргутæ ниццагътонцæ æма евгъуд уарзондзийнади тухæ зæриндагæ пеллонтæ искалдта, æвзаг дзуаппмæ нæбал исарæхстæй. Донæйдзаг къибилатæ, цъæлхъгæнгæ, зæнхи равзурдæнцæ, æхуæдæг ба лæхъуæни размæ лæмæгъ хауд æркодта.

– Ци кæнис Мисурæт, ци аразис, æви дин мæ фембæлд зæрдæхцæуæйнаг хабар н' адтæй? – сабургомау фæрсуй лæхъуæн Хасæхъо.

Мисурæт неци дзурдта, æнæдзоргæ сор бацæй, æ фæлорс тæрнихæй хед уазал уайæ райдæдта, къохтæ æнæлæдæргæ ацуд кодтонцæ лæхъуæнбæл.

Æрæгиау æрлæдæрдтæй Мисурæт. Лæмæгъ ист искодта æхе зæнхæй æма лæхъуæни æфцæгбæл ниттухстæй. Билтæ кæрæдзебæл ниндæдзæг æнцæ. Неци унæр бал игъусуй, æрмæст еци афони уоддзæф Ираефи фæдесгъæр коми пурхæндæг кæнуй.

– Куцæй мæмæ æртахтæ ахæст маргъау, – æрæгиау нидздзиназта уосæ, – æви е нæ дæ, æ уарзондзийнадæй фезонæгау кæмæн исфунх дæн, еци Хасæхъо? Куцæй? Ци таргъæдти фæууй дæ цард, кæми никкæнис дæ сæри буни сау гъæддон целæ? Кæми фегъосис зумæргъти зардмæ, цæмæннæ дин æрлæуун кæнунцæ дæ зæрдæбæл гъæууон уарзт, адæм – силгоймæгтæ æма æмгæртти? Ци анз æма æрдæг раевгъудæй, уоми мæбæл ниттар æй мæ бон. Нур сæрдигон афонæ æ тæмæни æй, фал мæнæн ба мæ киндзи æрковунæй ардæмæ мæ зæрдæ мæ реуи ниссалдæй. Нæййес, æвæццæгæн, неке тæфæй бал æртæфсдзæнæй... –

æ дзубанди нæ фæцæй кæронмæ: зæрди содзагæ цæстисугтæбæл æруæзæ кодта.

– Ниууадзæ, ниууадзæ дæ уарзт, – Мисурæти цæстисугтæ радаудта Хасæхъо, æ реумæ ’й нилхъевгæй. – Дæуæн дæ амонд – Алийхан, ду гъæуама уой амонд æма дзæбæхдзийнадæн хæссай нивондæн дæхе. Цæмæн кæуис, – абæрег, ’стъегъæг ке хонунцæ, уой размæ, ци ма ракæндзæнæ дæ еци цæстисугтæй, ке ма си æрхондзæнæ сабур гъæууон цардмæ? Дæу сау цæстисугæй нæ ратондзæнæнцæ цагъарон рæхистæ, дæу разæй ма ибæл дæ уавæриуæвæг адæмтæй беретæ архайдта, зин æй уой райхалун – дæ хъйамæт фæсмойнаг ма кæнæ. Феронх уо паддзахи службæй ледзæг абæреги. Хуæздæр æй паддзахи уæззау уæргъти бунæй мæнæн сæребарæ абæрегон цард: уæлдайдæр ауæхæн изæрти – гъæддаг сирдтæ, æгомуг бæлæстæ, ме ’намонд хайуан зæрдиуаг æригъосунцæ мæ хъурмæ зармæ. Æ цæстисуг æрæгъзалуй цæхæрцæстæ уг æнафони. Кæуæд, кæуйнаг ку уа цард...

– Ох, тæходуййаг, ме ’намондæн бабæй ами фæдтæ, – искудтæй Мисурæт, – ци ма кæндзæнæн, куд ма цæрдзæнæн, де ’намонд раздæри уарзондзийнадæ мин мæ реуæй мæ тог мусуйау ку цъируй...

– На, мæ хори хай, тухсгæ ма кæнæ, алци адæймаги фæндон нæ ’й. Æрцудæй царди устур рæдуд, фенæхай ан нæ уарзтæй. Махæй алке дæр гъæуама амондбæл исæмбæла, уогæ абæреги цæй амонд хезуй, топпи нæмугæй æндæр... хъурмæ ма кæнæ, берæ пайда си не ’рхæсдзæнæ, фæлтау дæ зæрди дуæрттæ байгон кæнæ æма си дæ къаййи уарзтæн федар бунат раттæ. Мæн уарзондзийнадæ ба дæсгай æнзти фæсте ме ’стæгдари фалдзос сау зæнхи реубæл хъал уарзондзийнади деденæг æрсаддзæнæй, игъæлдзæг баходдзæнæй хори рохсмæ... – цидæр ма зæгъунмæ гъавта лæхъуæн, фал мæнæ риндзи фæззелæни æрбазиндтæй кадæр. Хасæхъо фæллæуирдта.

– Кумæ, цæмæннæ мæ хонис дæ хæтдзæ, кæд, мийййаг, еци сау гъæдти амондæй æз дæр фæххайгин уайнæ! – дзурдта уосæ лæхъуæни фæсте. Фал Хасæхъо раевгъудæй, райзол æй уæдмæ...

Уосæ зæнхæбæл ниддæлгоммæ ’й, никкудтæй. Гъости уа-

диндзтæ диз-диз кæнунцæ. Лæхъуæни фæсте ма ракæсунмæ бæргæ гъавта, бæргæ ма ’й фæндадтæй думги уолæни æ зæрди содзаггаг рарветун, фал ферæгæмæ ’й, æ рази Алийхан февзурдæй.

Сонт кæсæ фæккодта æ уосæмæ. Цæститæ цæхæр искалдтонцæ, маст арф райабузтæй...

– Æз уарзун, – кодта æнæцохæй Мисурæт, æ æнамонд къобалæ рахауæ-бахауæгæнгæй.

...Лæг ’дзинæг кастæй, фал æвеппайди цæститæбæл, хойи цæститау, тоги цæгиндзитæ рабадтæй. Мæйрохсмæ хъæма ферттивта...

– Уарзæ, уарзæ!.. – загъта Алийхан æма зæрдисæрæй хъæма тогæйдзагæй раласта...

Фæстæмæ дæр нæбал ракастæй, уæззау евгъуд бакодта гъæуæрдæмæ.

Бæстæ дзæбæх æрæнцадæй. Мæйæн дæр рафедудæй æ над æма æнкъард бурд никкодта хуæнхти фæстемæ. Æхсæйвон мæйдар æхе æруагъта æрдзæбæл. Коми уадусми уолæн къæдзæхтæбæл гъазгæ цæуй. Уозуй Ираæфи цæхъалтæ...

Сæумигон дондзаутæ æгас гъæубæстæмæ хабархæссæг фæцæнцæ. Гъæу æдцъелæ-æдмелæ сауæдони сæргъæмæ æрбафæдес æй...

Ами лæудтæй рæсугъд Мисурæт тогæйдзагæй дæлгоммæ... къохтæ фæйнердæмæ гæлст... дæндæгутæ сигитæй идзаг... Еугур еци хузтæ адæмæн дзурдтонцæ, æ мæлæти сахатти ци хузи уорæхст кодта, уони.

Кизгуттæ, киндзитæ сæ фæрстæ æлхъивтонцæ. Сæ еугурей цæсгомбæл дæр бафеппайæн адтæй уæззау хъурмæдзийнадæ...

– Бурцитæ фæууа æнæбари дзаман, лæги иуæнгтæн райвазæн кæми нæййес, – уотæ дзоргæ цудæнцæ адæм марди фæсте.

Газзет «Социалистон Дигорæ»-й ист,
1941 анз, 7 июнь

ЦÆРИКЪАТИ Барис

ФАТИМÆ

Радзурд

Темур адтæй зингæ цæрæг гъæуи медæгæ, уæдта айдагъ еци гъæу нæ, фал Темури, куд гъæздуг лæги, зудтонцæ иннæ хæстæгдæр гъæутæ дæр. Темур арæх цæуагæ адтæй балци, фал берæ ба некæми сабур кодта, уайтагъд фæстæмæ фездæхидæ, уотæ ’ма æ уосæ Мерет-Ханбæл берæ рæстæг нæ бухстæй, кæрæдзей уарзондзийнадæй адтæнцæ нивгун æма игъæлдзæг. Берæ уарзтонцæ сæ цæуæти – Омар æма минкъий Фатими.

Фал цард еудадзуг лигъз кæми фæууй... Мерет-Хан фæссæйгæ ’й тæвдæнезæй. Кæд ин Темур фиццаг уоййасæ нæ тарстæй, уæддæр е ’рдзæбæхбæл ба хъæбæр архайдта. Рæбуни гъæутæй еунæг молло дæр евгъуд нæбал ниууагъта, дуатæ æма «хуастæй» байдзаг æнцæ Мерет-Хани дæлагистæ, фал – неци... Мерет-Хан рахецæн æй дуйней рохсæй... Седзæрæй байзадæнцæ Омар æма минкъий Фатимæ.

Темур арæх кудтæй æ уарзон æнкъайбæл, кæми сувæллæнтти сосæггай, кæми ба æргомæй дæр. Фæстагмæ исфæндæ кодта, æхе æнамондбæл ци гъæуи банимадта, еци гъæуæй идард фæлледзун. Фатимæн идардмæ хæссæн н’ адтæй, æгæр æнагъом ке адтæй, уомæ гæсгæ, фал Омари ба исфæндæ кодта æ хæццæ хонун. Æ фæндæ балæдæрун кодта æ хæлар, Мерет-Хани къохбæлхуæцæг Оразæн. Ораз уæлдай нецибал загъта Темури фæндонбæл, райста минкъий Фатими æхемæ.

Темур ма фæстаг хатт цудæй уæлмæрдтæмæ, æ уарзон

æнкъаййи уазал циртбæл къох байвæрунмæ. Уæди хатт ма æ хæццæ адтæй Омар дæр. Къох байвæргæй, гъавта æхе федар дарун, – не ’скæун. Фал Омари зæрди ку æрбафтудæнцæ мади гъар рæвдудтитæ, уæд æ хæкъурцц æма цæстисугæн уорамæн нæбал адтæй. Темур дæр уæд æргом æркудтæй...

Цудæй рæстæг, æма Фатимæ дæр ирæзтæй. Орази хæдзари зиндзийнадæй неци зудта, хуарз цæстингас имæ адтæй хæдзари ’рдигæй, берæ ’й уарзтонцæ æгас гъæубæстæ дæр. Æма куд нæ!.. Æгас рæбунти гъæути кæд æ кой игъустæй, куд рæсугъддæр æма æгъдаугиндæр кизгæ. Берæ лæхъуæнтæ сах кæсгæ байзаиуонцæ Фатими фæууингæй. 18 анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд æхе бунтондæр исæвдиста – сау зæлдагæ дзигготæ дууæ бидемæй хъæрттæнцæ е ’скъелтæмæ, уорс цæсгомбæл даргъ нарæг сау æрфгутæ – сунти базуртау, дууæ тумбул сау цæсти хорау худтæнцæ.

Берæ уосгортæ бабæрæг кодта Орази хæдзарæ, фалæ си хъипп кæнун дæр некæд неке бауагъта уæхæн гъуддагбæл, – раздæхиуонцæ. Фатимæ хъæбæр боз адтæй Оразæй еци гъуддаги туххæй. Фал цæмæн?.. Есгæддæр еци кари кизги нæ фæффæндуй лæгмæ цæун, е ба ин дзилли астæу уарзон нæ фæууй?.. Уобæл зин баууæндæн æй. Æрмæстдæр Фатимæн н’ адтæй уарзон, нæ ’й фæндадтæй лæгмæ фæццæун дæр.

Мæ хъазар кæсæг, е уотæ адтæй. Фатимæ ку фембаргæ ’й, уæд базудта адæми дзубандитæй, кæд æма ци хузи æрбафтудæй Оразмæ. Зудта æ нийййерæг мади цирт æма æ зæрди дзубандитæ уазал дорæн арæх кодта. Цалдæр анзей дæргъци æ фидæ Темурæй кой дæр некæцæйбал игъустæй. Зин адтæй Фатимæн, æ фидæ æма æ еунæг æнсувæрæй дзæгъæлæй ке байзадæй, е. Гъе уомæ гæсгæ ба федар дзурд равардта æ нийййерæг мади уазал дорæн, уони бæрæг æнæбазонгæ, æхецæн æнкъай ке нæ равзардзæнæй, уобæл.

Цæуй рæстæг. Æййивта Фатими цардиуаг дæр. Æнсувæри цæстæй кæмæ кастæй – е ’схæссæг Ораз, уой зæрдихатт æндæр хузи лæдæрун байдæдта. Кæд хъæбæр æведауцæ ’й, уæддæр Орази æрфæндадтæй рæсугъд Фатими æхецæн уодæмбал искæнун... Нур рабæрæг æй, Ораз уосгорти æмвахс ке нæ уагъта, е хумæтæги ке н’ адтæй, е.

Уæдæй фæстæмæ Фатимæ æхе ергъæв кæнунмæ дардта æ реуи æ болат кæрдæн. Лæг рамаруни нифс имæ н’ адтæй,

фал мадзал ку нæбал адтайдæ, уæдта æхе рамарунбæл ба адтæй æвæсмон – ходуйнаг æрхæссуни фæлтау.

Ораз æ цъамар цæсгом равдиста еу бон. Фатимæмæ, равги ’й иссергæй, бампурста. Гъæбесæй тугъд раеудагъ æй. Фатимæ ку балæдæрдтæй, гъуддаг хъаурæбæл ке адтæй, уой, уæд, æ фæндæ æнхæстгæнгæй, æ кæрдæн æ къохи февзурстæй. Æ цонг фæууæгъдæ уогæй æй бæрзонд фæззилдта æма гъавта æ реу ниттонун, фал цæф æрæргъавта Орази галеу уонæ. И налат сирдæн æ бауæр ниддиз-диз кодта, æ хæран тог æрфæд кодта курæти думæггæгтæбæл. Тæхсгæ рист ин æрбайронх кодта æ сирди гъуди, æ цæнгтæ фæууæгъдæ ’нцæ, æма Фатимæ ралигъдæй гъæунгæмæ, мæрдон ивад æма кæунсугти хæццæ.

Ораз рæуæг цæф адтæй, æ цæф бабæститæ кодта æма исевгъудæй гъæуи писæри хæдзарæмæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй Ораз зудта Темури адрес æма ниффинсун кодта мæнæ уæхæн æдзæсгом дзубандитæ: «Æз, куд загътай, уотæ исгъомбæл кодтон Фатими, фал разиндтæй цæсгом цъумургæнæг. Хæтун райдæдта. Еу бон æй феййафтон еу лæхъуæни хæццæ æнафони, ’ма ин æ фуд зæгъунмæ куд гъавтон, уотæ ба мæ кардæй рарæхуста...»

Темури мастæн кæрон нæбал адтæй, загъта æ фурт Омарæн: «Цæуæн æма еци сæрæвгæрдæги рамарæн», – зæгъгæ. Еу къуар боней фæсте æрбафтудæнцæ сæ рагон гъæумæ. Изæрдалинги гъæугæрон бауолæфтæнцæ. Темур арф нийнæфтæй æма, зæнхæмæ кæсгæй, дзорун райдæдта:

– Æз гъæумæ нæ цæун, – мæ зæрдæ нæ бакордзæнæй... фал ду ба бацо, расайæ еци налати гъæдæмæ æма ’й нивгæрдæ.

– Дæ фæдзæхст банхæст кæндзæнæн, – загъта Омар æма бацудæй гъæумæ. Омар куд æнгъалдта, уотæ нæ рауадæй гъуддаг. Орази хæдзари нæ разиндтæй Фатимæ. Уæд хъæбæрдæр баруагæс æй Омарæй гъуддаги æцæгдзийнадæ...

– Мæ артиуазал, Фатимæ, еу æнахур лæхъуæн дæ агоруй, – зæгъгæ, тарстхузæй фегъосун кодта Кете, – Фатимæ, æ тæргайи фæсте ци седзæргæс уосæмæ æрфусун кодта, е. Фатимæ къæразгæй ’дзинæг никкастæй, уæдта базургин маргъау ратахтæй æма æхе æртухта Омарбæл. Нæ феронх æй

кæддæри минкъий Фатимæ æ еунæг æнсувæри. Кæд цийнæ кодта, уæддæр Омари реубæл ба æ цæстисуг сауæдæнттæй лæдæрстæй. Фал уонæй Омармæ неци гъардта, – марæги зæрдæ ехин цæгиндзитæй конд æй, зинаргъ кæсæг.

Омарæн бантæстæй Фатими гъæдæмæ расайун, гъома, нæ фидæ нæ уоми хезуй, зæгъгæ, еци рæуагæй. Фатимæ æма Омар бацудæнцæ, нур, æносмæ хуæрзæбон зæгъунмæ, сæ мади циртмæ. Омар къох байвардта, уæдта æнцад лæудтæй, фал Фатимæ ба, циртбæл æхе ниддæлгоммæгæнгæй, æ цæстисугæй исгъар кодта уазал цирти сикъит...

...Арф кæмттæ. Æгомуг тар гъæдæ. Сау мæйдар æхсæвæ – унгæг си кодта зæрдæ. Уæддæр уони нецæмæ дардта Фатимæ. Тундзтæй æ уарзон фиди цæсгон фæууинунмæ. Цæмæй зудта, æ еунæг æнсувæр имæ марæги зæрдæ ке даруй, уой. Æрмæст æй базудта уæд, æма ибæл Омар æрра гъæртæ ку никкодта: «Æрлæууæ! Нур дæ цардæн – кæрон! Сæрæвгæрдæг», – еци гъæрти хæццæ ба ибæл сау-цумæ лæдзæг листæг къуæхтæ æркодта, сау надæй æй мæлæтдзаг бакодта, æма ’й фæууагъта, мæлæтдзаг хæр-хæргæнгæй. Фæндагбæл рамардта еу фус æма уой тогæй ба авгидзаг æрхаста æ фидæмæ. Рандæ ’нцæ бабæй хæтæг-хауæги фидæ æма фурт...

Фатими унæргъунмæ гъæрзæги гъæрзтæнцæ æгомуг къæдзæхтæ, æносон тæрсæ бæлæстæ базир-зир кæниуонцæ... Раевгъудæй æхсæвæ... Де ’нæуарзæгбæл уæхæн æхсæвтæ евгъуйæд... Мæйдар æхсæвæ æ сау думæггæгтæ исиста. Исрохс æй. Мæлæтдзаг каст ракæнуй Фатимæ, фæндуй æй дон баниуазун, фал кæми?.. Æхебæл исхуæцуй, равзаруй цæун, фал кумæ, кутемæй?.. Бауæрæй сау тæлмитæ, сау кæлмитау, æртухстæнцæ алли рауæнти, ниррæсудæнцæ фæрстæ... Кæд аци сахат Фатимæмæ хуæздæр кастæй æ цардæй æ мæлæт, уæддæр, мæ хор, уод хъазар æй, æгади мæлæт ихæс некæмæн æй. Буруй æ цуппæртæбæл. Буруй æма бабæй бауолæфуй... Фæззигон бон изæрæрдæмæ рахæттæй, уæд Фатимæ æхе бафсаста мæскъи лæдæрсæн донæй. Æ уæргутæ фæффедардæр æнцæ, лæдзæгæнцойнæй цæуй къахвæндагбæл. Нур 2-аг суткæ къæбæри гъæстæ нæбал фæцæй, æ хъауритæ исусун райдæдтонцæ. Фал амонд æма æнамонддзийнадæ дууæ æнсувæри æнцæ, амонд хестæр æнсувæр æй, уой хъаурæ тухгиндæр æй, æнамонддзийнадæй ба, кæд адæймаг æхе

хъæбæр фæгъгъæуай кæнуй, уæддæр ескæцæй ба фæззинуй. Фатими амонд адтæй æма ибæл исæмбалдæй зæронд фиййау Огъуллу. Кæд Фатими фиццаг фæууиндæй тухуаст фæттарстæй, уæддæр æмбаргæ зæронд базудта æфхуæрд силгоймаги, æма 'й исæмбæлун кодта æ уотарбæл...

...Огъуллу æ лæги замани фæабæрег æй. Рамардта паддзахи пъиристæфи, æ хуæри ин ке фæхходуйнаг кодта, уой туххæй. Рафтудæй тар-сау гъæдæмæ. Æрфусун кодта æведзуг рауæн. Дардта фустæ еу къуар æма уони рæуаги æ бæнттæ æрвиста. Æ уосæ Салуйæн зæнæг н' адтæй.

Фатими мæгурбæнттæ лæмбунæгæй ку базудтонцæ, уæд æй сæхецæн кизгæн райстонцæ. Фатимæ дæр идарддæр цæунвæндæ некумæбал искодта. Дууæ зæронди, æма Фатимæ дæр еци рæстæг нимадтонцæ сæ царди тæккæ амондгундæр рæстæгбæл, æма е æцæгæйдæр уотæ адтæй. Фатимæ бабæй æхсæйвон мæйрохсау исæрттивта, феронх æй æ берæ зинтæ. Еу 6 мæйей фæсте Огъуллуй бабæрæг кодта е 'нсувæри лæхъуæн Хасан. Хасани фиццаг фæууиндæ Фатими зæрди рагъарун кодта уарзондзийнади ходгæ хори тунтæ. Хасан адтæй 25 анзон лæхъуæн, æмбаргæ æма бæгъатæр игурд. Хасан Фатими ку фæууидта, уæд ибæл æ сæр разилдæй. Кæд æй раздæр Фатимæ нæ зудта, уæддæр Хасан ба уой рагæй зудта, къуар хатти гъавта Оразмæ минæвæрттæ барветун, фал æ нифс нæбал бахаста, æгæр берæ уосгортæ 'здахт ку 'цудæй, уæд.

Уæддæр æ сæр нæ ахæста, Фатимæ кутемæй рафтудæй ардæмæ, æ хабар ин фегъуста, æ фиди хæццæ идард бæстæмæ рандæ 'й, зæгъгæ. Нур ин гъуддаг балæдæрун кодта Огъуллу. Хасан еци фæндагбæл неци загъта, цæугæ ку кодта, уæд Фатими фæлмæн къох райста æма ин æ сæрæй ниллæг ракувта.

Æртиккаг бон бабæй фæззиндтæй, æ хæццæ ма адтæй е 'нгарæ Аслæнбег. Аслæнбег æ гъæлæсæй кæсгæ байзадæй Фатими фæууингæй. Еци фæдбæл цæттæ адтæй æ уоси рауадзунмæ æма сахи рæсугъди хæццæ æ цард исеу кæнунмæ... Кæд Аслæнбег Хасани берæ уарзта, уæддæр ин нур ба цæстифуд фестадæй, фæндадтæй æй, æппундæр ку нæ уайдæ, е дæр.

Идзаг фингæ син сæ размæ æрхаста Салу. Фатимæ ба æнцад лæудтæй æма фæлмæн цæстингасæй кастæй æ еунæг уарзон Хасанмæ.

– Хатир ди корун,– загъта Хасан, – фал æз мæ цард мæхецæн адгин нæбал искæндзæнæн, Фатими зæрдихатт ку нæ базонон, уæд. Мæн фæндуй уодæмбалæн райсун седзæр Фатими, æма еци гъуддаг базонунмæ рацудтæн мæ хуарз æмгари хæццæ.

– Ай-гъай, – зæгъгæ, бафедар кодта Хасани дзубанди æ хийнæйдзаг æмбал Аслæнбег.

– Царди ка цæуй, еци гъуддаг æй е. Фал Фатимæ берæ зинтæ бавзурста е ’ригон уодæй. Æма æз уой хевастæй некæмæн ратдзæнæн. Æхе ци фæндæ уа, уобæл ба æз дæр нихмæ некæд рацæудзæнæн, – загъта зундгин Огъуллу.

Фарст æрхъæрттæй Фатимæмæ.

– Ци ’й баримæхсон, адæймаг ку фæццæруй, уæд ести амонд фæууинунмæ фæббæллуй. Некæд неке райста мæ зæрдæ, рохсæй нецима фæууидтон, нур ба арази, – дзуапп равардта Фатимæ.

Равгитæ нимайгæй, берæ æнгъудтæ нæбал искодтонцæ – бафедудтонцæ. Дууæ зæронди ма сæ хъури æртухтонцæ сæ енцег кизги æма ’й рараст кодтонцæ æ уарзони хæццæ.

Берæ рацудæнцæ тар кæмтти. Аслæмбег ракæсæ-бакæсæ кодта сахи рæсугъдмæ, еу фæккасти ба имæ æ цæстæ дæр æрникъулдта... Æвеппайди дамбацай инод гъæр райгъустæй æма Хасан бæхæй расхъиудтæй, – е Аслæнбег банхæст кодта æ талингæ гъуди, гъавта Фатими æхе ’рдигæй фæккæнун, фал ин нæ бантæстæй, æхе цъамар тог æ гъудий феддони никкалдæй. Фатимæ Хасани болат хъæма фелваста æма ’й Аслæнбеги фарси рахезун кодта иннердæмæ. Æхе цард дæр фæццубур кодта – æ реуи фæйнæг æнæвгъау цæф никкодта æнæхатир хъæмайæй æма Хасани реубæл æ дуйнейæй рахецæн æй.

Дууæ уарзоней æнамонд хабар Огъуллубæл исæмбæлун кодта Хасани бæх. Огъуллу æма Салу дууæ уарзоней байвардтонцæ еу цирти – фæрсæй-фæрстæмæ. Аслæнбег гадзирахатæй ке рацудæй, уой ба зундгин Огъуллу, фиццаг æркасти дæр базудта. Æ мардбæл ин синдзитæ æрæмбурд кодта æма ’й басугъта.

Газзет «Социалистон Дигорæ»-й ист,
1941 анз.

УÆЛÆХЕЗ – 75!

КУ БАГЪУДÆЙ ЛÆГИ СÆР

Цæгат Иристонæй ци берæ мингай фæсевæд ранæхстæр æй, фæццо æма мабал æриздæхи фæндагбæл, уони хæццæ адтæнцæ Дигори æма Ирæфи райони гъæутæй дæр сæдæгæйттæ.

Беретæн си сæ зинг æносмæ бахустæй тугъди цæхæри, беретæ си нæбал исæмбалдæй сæ фиди уæзæгбæл. Дигорон дон баниуазунмæ ма сæ били цортæ хуæргæй, æносмæ хусгæ байзадæнцæ Уæрæсей æма æцæгæлон бæстити зæнхитæбæл. Рохсаг уæнтæ, æ цард мах сæрбæлтау нивондæн ка æрхаста, етæ еугурæй дæр. Кадæ æма син намус!

Фидибæсти Устур тугъди райдайæни айдагъ Ирæфи районæй нæ Райгурæн бæстæ багъæуай кæнунмæ æрвист æрцудæй цуппæргай фурттæ 116 бийнонтемæй. Уонæй æртигай фурттæ кæмæй нæбал исæздахтæй, уæхæнттæ æнцæ 89.

Фал ма си адтæй, хъисмæтæй уонæй нивгундæр ка разиндтæй, уæхæн тугъдонтæ дæр. Æма кæд етæ дæр минкъийдæр зинти сæрти нæ рахизтæнцæ, кæд æрдæгсугъдтитæ æма цæфтæй æриздахтæнцæ, уæддæр ма фæстæмæ исæмбалдæнцæ сæ хæдзæрттæбæл.

Еци тугъдонтæй алке цардвæндаг дæр æй хецæн киунуги агкаг.

Æнзтæ сæ цуди кой кæнунцæ. Ами ке кой кæнæн, еци æфсæдтонтæй ма абони сæрæгасæй байзадæй æрмæстдæр æртæ, иннетæ ба не ’хсæн нæбал æнцæ, – рохсаг уæнтæ.

Сæ царди æма тохи фæндæгтæбæл финст æрмæгутæ ист æрцудæнцæ киунугутæ: «Сыны Осетии в Великой Отечественной войне», – зæгъгæ, еци серийæй. Гъулæггагæн, сæ еугурей нæмттæ æримисунæн нин ами фадуат нæййес, фал е уобæл дзорæг нæ ’й, æма нæ зæрдитæй цох æнцæ. Сæ ном цæрдзæнæй, цалинмæ ма нæ зæнхæбæл еу цæрæг уод уа, уæдмæ.

Редакци

ХОХОЙТИ Энвер

ЦÆЛЛАТИ ТЕБОЙ ФОНДЗ ТУГЪДОНЕЙ НОМЕРÆН

Весь под ногами шар земной,
Живу. Дышу. Пою.
Но в памяти всегда со мной –
Погибшие в бою.
С. Щипачев

Хъисмæти хæццæ нæййес хуæцæн гъæбесæй,
Царди фæткæ уорæд некæд æрцудæй.
Тебо ба хуаси рагъ исцурхта æмбесмæ,
Фæккæсæг нæлæстæг æй бæргæ гъудæй...

Сугъзæрийнæ хъал фæззæг хæссуй бæркæдтæ,
Цæбæл искатай æнцæ æхсиргортæ?!
Сахар фæрсуй, хузтæмæ кæсгæй, сæ фуртти:
– Кæм' йайтæ?! Исæнхæст кæнтæ уæ хъортæ!..

Фæсуазал бабæй рæстæг куд цурд рахор æй,
Æрмæст мах ба уой нæбал адтан æнгъæл.
Байзадæй Аким ба æносмæ уосгорæй. –
Фæккодта сосæг уарзони фудæнгъæл.

И хъæзлайраг фиййау ба æ устур дзогæ
Æнкъæйттæй нурма нæма фæцæй нимад...
Цæхæрцæстæ Акимæн ба, лæхъуæн уогæй,
Ку ниффунук æй, ехх, æносмæ æ йарт.

Æрæгвæззæги хъурройтæ ба Хонсармæ,
Цъæхахстгæнгæй, рацæйкодтонцæ сæ над.
Ка нин бадзордзæнæй, мадта, Бидзигамæ,
Нæбал игъусуй, хуасæ кæрдгæй, гъæр зард...

Къадати дон ба, ке некæд, уой, ци раги
Арф коми æнæнгъæлæги байсустæй.
Хæнæзи Цæллати тургъæй ба цал хатти
Зæрдæскъунæн сау гъарæнгæ райгъустæй?!

Цурд фиййау фусти дзогæ тæруй Хæресæй,
Сурхи бæрзондбæл ба фæсалæ ’ссугъдæй...
Советон Цæдес знагбæл фæууæлахез æй,
Тебой фурттæй ба некебал æрцудæй...

Ка бафсастæй Къæрæугоми уолæфунæй,
Фулдæр рæстæг си бæргæ фæуун гъудæй.
Тебо зæгъуй: – Мадта, ци хъæбæр нивгун æй:
Æ фурттæ кæмæн ’сæздахтæнцæ тугъдæй!?

Адзал неке фæрсуй: еугур æгъатир æй,
Нимад имæ нæ ’й лæги карæ æппун.
...Тебой фурттæ фæммард æнцæ бæгъатæрæй,
Сæребархæссæг нæ комуй мæлун.

Иристони фæллад бæлццæнттæ изолæй
Раздæрау бабæй æркодтонцæ фусун.
Се ’мгæрттæмæ рист седзæртæ ба сæркъолæй
Нæбал фæразунцæ зæрдхъурмæй кæсун.

Æзнæт Ирæфи дон æ билтæй ракалдæй,
Фæсуарун ку райвулдæй медком, гъеуæд...
Тебой фурттæ ниууагътонцæ ахил ’нкъардæй,
Сæ сабийтæн ка кæндзæнæй фидеуæг?!

Еу бæхгинæн ба, Байради хæрди уайгæй,
Ку фефтудæй æ фæсабæрцæй – хурдзин.
Уохх, æдта хеуонтæн, уе ’мгæрттæмæ тайгæй,
Цæрун ци хъæбæр зин æй, мæ хор, ци зин?!

Сæрдигон бон ба ку нæ уарзуй æмгъудтæ,
Цъæх кæрдæгбæл ба ку райвулуй уорсаг...
Цæллати Тебой фондз фурти – сахъ игурдтæ,
Тугъди ку нæ бавгъау кодтонцæ сæ цард.

Фурæндзарстæй пец иссæй еугур мæтæга...
Нæуæг уалдзæг бабæй фæууæд рæствæндаг!..
Асæге, Хадзо, Хæмæт, Аким, Бидзига,
Нæ сæ феронх кæндзйан: æносмæ – рохсаг!!!

ХУДÆЛТИ Темирсолтан

ГУЛУТИ
Темурхъани фурт Хизир

Фæскуст Темурхъан æриздахтæй сæхемæ. Суваллæнттæ хæдзари къуми бамбурд æнцæ æма циуавæрдæр киунуги хузтæ рахатæ-бахатæ кодтонцæ. Хæдзари бийнойнаг амæнтæни сæргъи архайдта. Темурхъани сæри æмбохъула кодтонцæ аллихузи гъудитæ: æхуæдæг æ карæй рахизтæй (бийнонти гъуддаг æрæгиау бакодта), æ сабийтæ ба ма нерæнги цъигъинтæ æнцæ. Куд уодзæй сæ царди уагæ, сæ хъисмæт аци уæззау рæстæгути? Уотемæйти, гъудитæгæнгæй, сæццæкаст кодта æ æхсæз бæдолемæ. «Рæхги ба ма сæбæл æвдæймаг дæр бафтуйдзæй», – æхе меднимæр рагъуди кодта нæлгоймаг, – уой æнгъæл ка адтæй æма дуйне уотæ ниггупп кæндзæнæй.

Бустæги мæти ба ’й æфтудта æ хестæр фурт. Æрæги æхе æ фидæмæ бакъолæ кодта æма цæхгæр ниллух кодта æ фæндæ: «Æз нур лæг дæн æма гъæуи нæлгоймæгти æмварс æрлæудзæнæн».

Фал Хизир нурма цæй лæггонд æй, æдеугур ибæл 15 анзи дæр æнхæст ку нæма цæуй? Авд къласемæй уæлдай каст ку неци ма фæцæй. Раст зæгъун гъæуй, асæрдигон комбайнертæ Тамати Мурат æма Махъоти Исай хæццæ æнхусгæнæгæй бакуста æма ин етæ æ кустбæл хъæбæр банвæрстæнцæ. 1941 анзи сентябри куста Мæздæги бунмæ акъоппитæ къахæн кустити. 1942 анзи, фæстæмæ Чиколамæ æрæздæхгæй, бахизтæй 8-аг къласмæ. Уой уæлæмхасæн ма фæсуроктæ хуæруйнаг хаста будурикустгæнгутæн, колхозонтæн игъосун кодта Совинформбюрой нæуæг ахсгиаг игъосунгæнуйнæгтæ, куста комбайнерти хæццæ, тиллæг æфснайдта, фал тугъдмæ рандæуни гъуди ба æ сæрæй нæ цох кодта. Уомæ гæсгæ ба ахур кодта, райони æфсæдтон комиссариати цори рæстдзæвийнæ æхсгутæбæл ахур кæнунмæ ци курситæ байгон æй, уоми, æма сæ каст фæцæй æнтæстгинæй.

Изæрдалингтæ кодта. Темурхъан катаййи бацудæй: «Хизир

абони кæсалгæ ахæссунмæ рандæ ’й æма нур дæр нæма зинну й». Уотемæй мадæ æма фидæбæл æмбесæхсæвæ иссæй, Хизир ба уæддæр некуцæй зиндтæй. Рафæрститæ кодтонцæ синхæнтти, е ’мбæлтти, фал си бæрæг-бæлвурд дзуапп неке равардта. Æрмæстдæр е ’мбæлттæй еу æрæгиау иской кодта, Хизир горæтмæ рандæ ’й, фронтмæ ке æрвистонцæ, уони хæццæ, – зæгъгæ.

Дугкаг сæумæ Темурхъан уодаистæй райони æфсæдтон комиссари косæнуати балæудтæй.

– Æз дин дæ фурти хуарз зонун æма ’й тугъдмæ нæ рарвистон, – стъоли лагъз байгонгæнгæй, си цалдæр курдиади исиста æфсæдтон комиссар æма сæ Темурхъанмæ бадаргъ кодта. – Æвæццæгæн, æхе фæндæй рандæ ’й.

– Æма уæхæн цъæдæхтæ дæр есунцæ тугъдмæ? – десгæнæгау æй рафарста Темурхъан.

– Тугъд тугъд æй, кумæ бахауа, уомæ гæсгæ æй.

Темурхъан ма рагъавта горæти æфсæдтон комиссариати фæрци æ фурти фæд иссерун, фал æ къохи нецибал бафтудæй æма фæстæмæ Чиколамæ раздахтæй.

Хизир ба дугкаг бон Малгобеки æхебæл æфсæдтон уæледарæс рабарæ-бабарæ кодта. Æ гимнастеркæ хъæрттæй æ уæрагисæртæмæ, æ хæлаф ба æ зекъи уæнгæ. Фал уæддæр æ цийнæн кæрон н’ адтæй, – хуæцæнгарз ин æ къохмæ равардтонцæ æма иннети æмрæнгъæ æхе нимадта Райгурæн бæстæ гъæуайгæнæгбæл, æхе нимадта салдатбæл.

1942 анзи октябри райдайæни ба Чиколамæ Темурхъани номбæл æрцудæй финстæг: «Мæ зинаргъ нийййергутæ Хæбебæ æма Темурхъан! Мæ хъазар хуæртæ æма æнсувæртæ! Мæхе фæндæ ке ратардтон, уомæй уе ’гасемæй дæр устур хатир корун. Æз нур дæн сурхæфсæдтон, тугъди гулфæнмæ нæма бахаудтæн. Ахур нæ кæнунцæ æфсæдтон дæсниадæбæл. Рæхги нæ гъæуама рарветонцæ фронтмæ. Мæнбæл æппундæр ма мæтæ кæнтæ, нæхъæртондзийнадæ нецæмæй æййафæн. Мæ хæццæ ма ами æй нæхе гъæуккаг Чихтисти Гуатдзау. Мæ адрис уин не ’рветун, уомæн æма ’й мæхуæдæг дæр нæ зонун, исон кæми уодзæн, уой. Саламтæ нæ синхонтæн, ме ’мбæлттæн».

Темурхъан æма Хæбеби цийнæн кæрон нæбал адтæй. Æппунфæстаг сæ фурт разиндтæй, дзæбæх, æнæнез æй. Уæ-

дæй фæстæмæ Темурхъан æ кустмæ цудæй сæрбæрзондæй.

Уотæ имæ кастæй, цума æ хестæр фурт уой бæсти рандæ ’й тугъдмæ. «Уадзæ æма мах бийнонтæй дæр еске еса знагæй нæ адæми маст», – гъудитæ кодта æхецæн рацæргæ лæг.

271-аг æхсæг дивизий 865-аг полки æхсæг взводи рæнгъон, еумæйаг колонни дууæ сахатти фæццæугæй, балæдæрдтæй, артиллерион дæгарна галеуæрдæмæ, цæмæдæргæсгæ, рахизтæй, уой фæсте ба фæстегæй кæмидæр байзадæй.

Полки колоннæ фæснæдтæ уагътонцæ танкитæ, хуæдцæугæ дзармадзантæ, кавалери. Етæ цудæнцæ Мæздæгæрдæмæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй немуц сæ них исаразтонцæ Грозна, Махачкала æма уой фæсте ба Бакумæ.

Æнæгъæнæ дууæ сутки салдæттæ ломтæй хуастонцæ доргун зæнхæ акъоппитæн. 1942 анзи 26 октябри ба итигъд будури кæронæй æрбазиндтæнцæ знаги танкитæ. Сæ фæсте руги къубулæнттæ уадзгæй, тагъд-тагъдæй лæгарстонцæ, махуонтæ ци гъæуайгæнæн бунæтти æрфедар æнцæ, еци ’рдæмæ.

Дзармадзани фиццаг æхстæй Хизир хæрдмæ фесхъиудтæй, æ фæсте ба дугкаг, æртигкаг гæрах. Уæдмæ немуци танкитæй цалдæр сау хъуæци буни фæцæнцæ, иннетæ ба, фæппурх уогæй, æхсун райдæдтонцæ нæхеуонти федæрттæ. Зæнхæ æмæзмæлд кодта дзармадзанти фæтти срæмугъдæй. Уалинмæ мегъи фæлми æрæстæфтæй, гитлеронти фестæгдзæуæг салдæттæ куд æрбацæйлæгарстонцæ, уой.

200 метри ма имæ ку гъудæй, уæд Хизир фиццаг æхст фæккодта немуцæгтæ ’рдæмæ, уой фæсте дугкаг, æртигкаг, цуппæрæймаг. Тугъд итингæй-итингдæр кодта. Уалинмæ акъоппитæмæ æрбахъæрттæнцæ немуц галеуæрдиги æма рахезæрдиги дæр.

Гулуй-фурт лæдæрдтæй, дууæ-æртæ минуттей фæсте ин æ акъоп танки цæлхитæ ке ралихъæ кæндзæнцæ, уой. Хизир æ фарсмæ цæф салдат санитартæмæ хæрхæрласæ бакодта æма ’й уоми фæууадзгæй, фæстæмæ æ бунат нийййахæста. Æ сæри еци усми адтæй еунæг мæтæ, – куд фулдæр ниццæгъдон æзнагæй. Æма мæнæ æ фæттæ фæцæнцæ. Раст тæккæ еци рæстæг æ тæккæ сæрмæ акъопмæ æрбатулдæй немуцаг танкæ. Хизир еуварсмæ æхе рагæлста æма æхе мардæфсон искодта. Æфсæйнаг кæфхъундар æхе акъоппи сæрмæ цалдæр хатти æрзилдта. Къагъди сæрти æрбагæппитæ кодтонцæ немуцæгтæ, сæ еу си æ топпи цъухæй ресагæ æсхуст

никкодта Хизири фæсонтæ, уæдта иннетæн сæхе ’рдигонау бардзурдтæ дæтгæй, идарддæр ледзунбæл фæцæй.

865-аг æхсæг полки тугъдонтæ бæргæ бæгъатæрæй уорæдтонцæ сæ арæнтæ, фал немуци тухтæ фулдæр адтæнцæ.

279-аг дивизий командир уæлæмхасæн тухтæ ку бафтудта, æрмæстдæр уæд æрцудæнцæ фæстæмæ гæлст немуц.

Хизир баагурдта сæ командири æма ин лæмбунæг æрдзурдта æ хабæрттæ. Æфсæдтонтæ ба ’й мардбæл банимадтоцæ æма ’й уодæгасæй ку фæууидтонцæ, уæд сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй, хъуритæ ’й кодтонцæ.

Хайади командир сержант Иванов загъта: «Рæнгъон Гулуй-фурт, арфæ дин кæнун, 10 гитлерони ке ниццагътай, уой тухх æн».

«Службæ кæнун Советон Цæдесæн!» – дзуапп равардта æригон тугъдон.

Абони дæр æ зæрдæй нæ цох кæнуй æ фиццаг тугъдон бон. Еци скъуæлхтдзийнади тухх æн ба Гулути Хизирæн агкаггонд æрцудæй Сурх Стъалуй орден.

1942 анзи декабри Мæздæги бунмæ ниллæудтæй æнæуагæ уазалтæ. Уазал хъæрттæй 20–25 градусмæ. Гитлеронтæ арæх исаразиуонцæ топпæхститæ, уæдта æркалиуонцæ бомбитæ.

1942 анзи 21 декабри фашисттæ раззаг хаймæ хæстæг æрæвардтонцæ сæ гъæрдзорæн ефтонггæрзтæ æма фæсседтæнцæ махонтæмæ, цæмæй сæ тохæнгæрзтæ æрæвæронцæ æма немуцмæ сæхе уацари радтонцæ. Дугкаг батальони командири бардзурдмæ гæсгæ сурхæфсæдтонтæ Петров æма Гулуй-фуртæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй еци машинæ гъосгонд æрцæуа. Дууæ тугъдони машинæмæ хæстæгдæр багъузтæнцæ æма автоматтæ райдзахтонцæ гъæрдзорæнбæл, уæдта, æ фæлабулай ци немуцаг салдæттæ адтæй, уонæбæл.

Машинæ иссугъдæй, 12 гитлерони ба фæммард æнцæ. Хизири цинел еугур сихирна ниццæй, æ цæсгом æма къохтæ ба æсхъеуæтдзæгтæй фæцъцъæрæмухститæ æнцæ æма сæ тог калдæй, фал уæддæр Хизир госпитæлмæ нæ бакумдта.

1943 анзи январи райдайæни Фæскавкази фронти цæгаттаг къуари хæццæ уогæй, атаки рацудæнцæ. Гулуй-фурт нисангонд æрцудæй пулеметæйæхсæг роти «Максим»-и командири хуæдæййевæгæй. 1943 анзи æ командир уæззау цæф фæцæй, æма Хизир командæ æхемæ райста. Æнæринцойнæй немуцæрдæмæ æхсгæй, нæхеуонтæн фæндаг къæртт кодта

Хизири-фурт. Фал мæнæ æ тæккæ цори фехалдæй знаги дзармадзани фат. Гулуй-фурт æхе нæбал балæдæрдтæй, фæцæй уæззау цæф, контузи райста, е ’фсæртæ ниппурх æнцæ, нигки ба ма фæтти æсхъеуæтдзæгтæ исæмбалдæнцæ æ сæрбæл, æ тæрнихбæл, пулемет ба срæмугъди хæццæ хæрдмæ фæххаудтæй, уæдта Хизири фæсонтæбæл дæлгоммæ æрхаугæй, багъигæдардта æ астæуистæг.

Мæйæ æма æрдæг фæххустæй Хизир Махачкалай госпитæли. Æ уавæр адтæй хъæбæр уæззау. Дзорун æ бон нæбал адтæй, игъосгæ хуарз нæбал кодта, æ галеу цæстæй ба уингæ нæбал кодта. Æ бæрзæй тасгæ нæ кодта.

Хизир æхемæ ку æрцудæй, уæд фиццагидæр банкъардта, еугур бауæр дæр цидæр æнахур хузи æлхъевæнтæбæл баст ке лæууй, æзмæлун æй ка нæ уадзуй, сауæнгæ ма е ’фсæртæ дæр æнгом цæмæйдæр баст æнцæ.

«Æппундæр мацæбæл тухсæ, хуæнхаг цæргæс, – æ медбилти имæ бахудтæй уорсхалатгин дохтур. – Æз ма дин дæу кари ку уайнæ. Рæхги дæ дæ къæхтæбæл ислæуун кæндзинан, æма бабæй знаги дæрæн кæндзæнæ».

Дохтур ин æ билтæбæл бадардта уомæл бæмпæги цъопп æма, цæмæдæргæсгæ, Ирæфи хæл-хæл æ зæрдæбæл æрбалæудтæй æригон тугъдонæн.

Бонтæ кæрæдзей æййивтонцæ. Хизир æ къæхтæбæл ислæудтæй. Лæдзæгбæл æнцойнæгæнгæй, фæлвардта нæуæгæй фиццаг къахдзæфтæ ракæнунбæл. Æрмæстдæр æ галеу цæстæ æма галеу къох ба адтæнцæ баст, уæдта е ’фсæртæ дæр цæмæйдæр адтæнцæ æнгом æлхъивд.

Хизир финста æ мадæмæ: «Нецибал мин æй, æрдзæбæх дæн. мæн мæтæ ма кæнтæ. Нæхемæ мæ рарветунвæндæ искодтонцæ, гъома, бауолæфæ, зæгъгæ, фал син не ’сарази дæн. Фашистти фæстæмæ тæрун ку райдæдтан сæ лæгæтмæ, уæд æз ба Чиколай бадон? Æзинæ нæмæ митинг адтæй Сурх Æфсади бæрæгбони фæдбæл. Мæнæн дæр равардтонцæ дзурди барæ. Æз ме ’мбæлттæн загътон, еунæг фæндон мæмæ ке ес, – тагъддæр тугъдмæ. Саламтæ мæ уарзон гъæубæстæн. 1943 анз. 24 февраль».

Бустæги зæрдæхцæуæн финстæг нæ райста фæстæмæ æ мадæй Хизир. Немуц ин æ райгурæн гъæу ку баахæстонцæ, уæд æ фидæ Темурхъан фæммард æй, сæ гъæуи, уæдта

сæхе хæдзари мортæ дæр син гитлеронтæ ниффалгæрон кодтонцæ. Æрмæстдæр ин æхцæуæндзийнадæ æрхаста еунæг хабар, – фæззиндтæй ма ин кæстæр æнсувæр Хасан.

Хизирæн лæвæрд æрцудæй дугкаг хуæрзеуæг: Фидибæсти Тугъди II-аг къæпхæни орден.

1944 анзи мартъий немуци атаки нихмæ тохгæй бабæй Хизир уæззау цæф фæцæй. Æ галеу къохи цæнгæрийнæ æма галеу къах листæг пурхæ ниццæнцæ знаги фати æсхъеуæтдзæгтæй: аци хатт æ фæййервæзун кæнунбæл архайдтонцæ Еревани госпитæли дохтуртæ. Незбæл бæргæ фæууæлахез æнцæ, æ къæхтæбæл бæргæ ислæудтæй, фал сахъатæй ба байзадæй. Тохуни агкаг нæбал æй, зæгъгæ, уобæл æй банимадтонцæ.

Æ зæрдæ гæбар-губур кодта, Чиколай гъæуисæри никкæсæнæй æ гъæумæ ку никкастæй, уæд. 15 анздзудæй рандæ ’й тугъдмæ æма æстдæсанздзудæй ба тугъди инвалидæй исæздахтæй æ дууæ тугъдон орденей хæццæ.

Тугъдæн æхе хуарæнтæ ес. Фæккардзуддæр æй Хизир. Æ галеу къох æ реумæ баст, уотемæй, къулух æфсæргæй, бахуаста сæ къæсæри дуар.

Мадæ бадтæй пеци фарсмæ æма дивилтæ æмпъузтитæ кодта.

– Хуцау! Хизир ку дæ! – æ фур дессагæй нигъгъæр кодта Хæбебæ. Е адтæй 1944 анзи декабри. Уайтагъд райгъустæй гъæубæл хабар. Адæм имæ арфитæмæ уадæнцæ. Бæргæ син æмбалдæй сæ цори фингæ æрæвæрун, фал хæдзари неци адтæй, æрмæстдæр цъатайæй цумуйнаг.

Цалдæр бони фæцæй сæ хæдзари, уæдта бацудæй колхози правленимæ æма сæрдарæй ракурдта, цæмæй ин ести куст радтонцæ.

– Кустæгутæ берæ, фал дæхуæдæг дæ къæхтæбæл туххæйти ку лæууис, дæ къох, дæ къах цæф, – æфсæрмихузæй ин загъта сæрдар.

– Тугъди нигки зиндæр адтæй. Ести куст мин байхæс кæнетæ.

Уотемæй æфснайун райдæдта нартихуар «процентæбæл». Фæстæдæр æй сæвзурстонцæ колхози фæскомцæдеси секретарæй.

Фæстугъд Хизир куста хæдзаридзаумагæнæн фабрики кадрти хаййади сæргълæууæгæй.

Гъе, уæхæн бæгъатæр лæг æй Гулути Темурхъани æригон тугъдон.



Виталий ЛУКЬЯНЕНКО

БИЧЕГКУТИ
Бердий фурт Алихан

Журналисти кусти арæхдæр уотæ рауайуй, æма ескæци адæймагбæл æрмæг ку финсай, уæд имæ, фарста ратгæй, райсдзæнæ хуæрзцубур дзуапп, иннæ хай ба дæхуæдæг æфтауæнтæ кæнæ. Бичегкути Алихани хæццæ дзубандигæнгæй ба рауадæй иннердæмæ, гъома, æз фарста раттинæ, идарддæр ба мæ е æнхæст кодта.

Фидибæсти Устур тугъди Уæлахези бæрæгбони хуæдразмæ фембалдан, Уæлахези паради ка архайдта фæстугъд, еци ветерантæй Иристони ка цæруй, уони хæццæ. Етæ адтæнцæ æхсæрдæсемæй. Се ’гас дæр радзурдтонцæ, æрмæст хуæрзцубур.

Бичегкути Алихан ци радзурдта, уой лæмбунæг ниффинстон æма ’й нур ба хæссун уæ размæ:

– Нæудæс анзи мæбæл ку цудæй, уæд архайдтон Сталингради тугъди, дзармадзанæй æхсæг къуари командир уогæй.

Нæ æфсæдтон хæйттæ архайдтонцæ Сталингради цæгат-нигулæнæрдигæй уæззау тохти. Августи кæрон бардзурд райстан, цæмæй немуцаг арæсæн байсæн. Фашисттæ æхсæвæй-бонæй, æнæсцохæй æхстонцæ, цæугæдонбæл æнцондæр бацæуæн кæми адтæй, еци рауæнтæ, хуæдтæхгутæ ба нæбæл бомбитæ уотæ æгъзалдтонцæ, æма сæр исдарæн н’ адтæй. Фал уæддæр нæ арми бафтудæй еци æхсæн бунат байсун.

Уоми устур лæгæхсарæ æма гъæддухдзийнадæ ке равдистонцæ, уой тухæн 63-аг æфсади тугъдонтæн лæвæрд æрцудæй гвардиони ном. Уæлдай зæрдæбæлдаргæ ба мæнæн адтæй, уомæн æма мæ уæд райстонцæ Коммунистон партий рæнгъитæмæ.

Нæ размæниббурст ку райдæдтан, уæд æз мæ реуи дзиппи хастон мæ партион билет.

1942 анзи сентябри райдайæни нæ 203-аг æхсæг дивизий хецæн хæйттæ уæззау тохти хæццæ бахизтæнцæ цæугæдон – Дон-и – сæрти æма знаги хæццæ истохгæнгæй, уони дзæвгарæ фæстæдæрмæ рагæлстонцæ билгæронæй. Не ’фсæдти къохи бафтудæй минкъий, фал ахсгиаг гъæугæ зæнхи гæппæл. Знаг ма бæргæ рагъавта уой фæстæмæ махæй байсунбæл, фал сæ къохи нæбал бафтудæй.

Цалдæр хатти устур æрбабурститæ исаразиуонцæ, фал фæггуз уиуонцæ. Советон æфсæдтонтæ сæ тог калгæй æма сæ цард не ’вгъаугæнгæй, æнхæст кодтонцæ нæ райгурæн бæсти бардзурд: «Еунæг къахдзæф дæр фæстæмæ нæ», – зæгъгæ.

Уой фæсте еци байст зæнхи гæппæлæй райдæдтонцæ не ’фсæдтæ Сталинград уæгъдæ кæнун.

Еци удзести асæ зæнхæбæл кадæриддæр тухтæй, етæ еугурæй дæр уолæфтæнцæ уæлдæфæй нæ, фал топпи хъуæцæй.

Нæ дивизи адтæй берæнацион, уони хæццæ ба не ’мзæнхонтæ дæр. Етæ устур бæгъатæрдзийнадæ æвдистонцæ Сталингради бунмæ тохти, кади хæццæ исæнхæст кодтонцæ сæ тугъдон ихæс... Сталингради бунмæ тугъдтити рахез фланги тохгæй, сæ цард равардтонцæ: Дзабайти Степан, Томайти Константин, Бичегкути Дрис, Гетъоти Сосник, Бæлоти Тотраз, Будайти Дзæуæг æма иннетæ. Еци зæнхи гæппæлбæл ма тухтæнцæ, устур дессагæн, сæрæгасæй ма си ка раервазтæй, етæ: Бозурти Виктор, Гетъоти Гагуц, Цорити Хасан, Дедегкати Хусин, Гобети Саулæг – мæ еукъласон, Хуцистати Сергей æма иннетæ.

Тугъди алли бон, алли æхсæвæ дæр æнæ ести цау æрцæугæ нæ уидæ. Беретæ си феронх æнцæ, фал адтæй уæхæн цаутæ, æма сæ, цалинмæ цæрон, уæдмæ дæр нæ феронх кæндзæн. Уæхæн цау адтæй, немуци Сталинградæй фæстæмæ ку тæлæт кодтан, еци бон дæр.

1942 анзи 19 ноябри сæумæ адтæй уазалгомау. Нæ артиллерион къуæрдтæ сæ бунæттæ æрахæстонцæ. Уалинмæ æнæнгъæлти мингай дзармадзантæ æма «Катюшитæ» æмæхст кæнун райдæдтонцæ. Кæрæдзей дзурд игъосгæ дæр нæбал кодтан. Нæ буни зæнхæ æмæзмæлд кодта, раст ислæууæн ибæл н’ адтæй.

Æз, командæ ци дугкаг дзармадзанæн кодтон, е æвæрд адтæй кæмидæр астæуæй. Æнæгъæнæ сахат æма æрдæг æнæбанцайгæй, æхстон нæ тохæндзаумауæй.

Уæхæн артиллерион цæттæдзийнади фæсте ба уæлдæфмæ сæхе исистонцæ нæ хуæдтæхгутæ, танкитæ ранæхстæр æнцæ, сæ фæсте ба фестæгдзæугутæ. Мах дæр æнцад кæми бадтан, кæд нæ дзармадзанти хæтæлтæ фур æхсунæй сурх зинг иссæнцæ, уæддæр. Нæ æхст исаразтан знаги тухти астæумæ. Уæд нæмæ уотæ кастæй, цума еугур Советон бæстæ дæр махбæл æ нифс даруй, нæ еу дæр ни æхе мæтæ нæ кодта. Æма æцæгæйдæр æрмæстдæр уотемæй ес фæууæлахез ун знагбæл.

2

Еу хатт бабæй мæмæ æрбацудæй Бичегкуй-фурт редакцимæ æма мин ракодта уæхæн хабар.

Цæветтон, Алихани æнсувæр цардæй Молдавий æма уоми рамардæй. Алихани багъудæй уордæмæ ратæхун. Кировогради хуæдтæхæг æрбадтæй, фал ин фæстæмæ идарддæр истæхуни фадуат ба нæбал адтæй, арв еугур мегъæмбæрзт адтæй. Багъудæй æй идарддæр таксий рабалци кæнун, уомæн æма зианмæ æрæгæмæ кодта. Дубоссары-Тирасполи фæндагбæл ба еу рауæн шофир бауорæдта æма загъта:

– Ами еунæг фæндаггон нисан дæр нæййес æрлæууннмæ, фал махæй алкедæр е ’хæсбæл нимайуй аци рауæн бауорамун æма циртдзæвæни цори æнæдзоргæй ралæуун.

Алихан дæр рахизтæй таксийæй, обаугондмæ исхизтæй, æма æ зæрдæ уазал сæххæт никкодта.

Подстаментбæл лæудтæй танкæ, æ бунмæ хузистæй ба имæ кастæнцæ æртæ тугъдони. Алихан сæ уайтæккæдæр рафæсмардта. Етæ адтæнцæ Советон Цæдеси бæгъатæртæ Корнеев æма Шикунов, еумæ ке хæццæ тухтæй 203-аг æхсæг дивизий, етæ.

Алихан шофераен балæдæрун кодта, уонæй еу ке æй е ’мзæнхон: Советон Цæдеси Бæгъатæр Григорий Ивани фурт Корнеев, æ бийнойнаг Антонинæ Григорий кизгæ æма æ кизгуттæ Иринæ æма Аллæ г. Орджоникидзей ке цæрунцæ, уой.

«1943 анзи 24-25 октябри æхсæвигон Г. И. Корнеев хизтæй

цæугæдон Днепри сæрти Новый Кичкаси райони. Сæ къуари адтæй 30 тугъдони. Григорий æвваст балæгарста немуцæгти акъоппмæ æма сæ къуар немуци хæццæ фæгъгъæбесæй-хуæст æнцæ, уотемæй си ниццагътонцæ 41 салдати æма 2 афицери. Акъопп байахæсгæй, дууæ сутки сæхемæ неке æрбауагътонцæ, кæд сæбæл знаг фæттæ ехуарæгау æгъзалста, уæддæр.

Еци тохи ци лæгдзийнадæ равдиста, уой тухæй Корнеевæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Уой фæсте ма Бичегкуй-фурт архайдта Украинæ, Молдави, Румыни, Венгри, Чехословакий зæнхитæ знагæй исуæгъдæ кæнуни тохти. Тугъди фæсте ба ма сæ багъудæй Идард Хорискæсæни Японий хæццæ тугъди архайун дæр. Æнæгъæнæ 8 мин тугъдон километри нæ багъудæй рацæун, 20 цæугæдоней сæрти бахезун. Сæдæгай горæттæ æма гъæутæ æрцудæнцæ уæгъдæгонд знаги дзæмбутæй. Уони хæццæ адтæнцæ горæттæ Запорожье, Никополь, Одессæ, Брно æма æндæртæ.

3

Нæуæгæй мæ фæндуй раздæхун 1945 анзи Уæлахези Парадмæ.

– Рæнгъистади æз лæудтæн бæтæльони фиццаг рæнгъæбæл. Уæдмæ парад райдæдта. Маршæл Г. К. Жуков æ уорс бæхбæл мах рæнгъистадмæ ку æрбахъæрттæй, уæд мæн тæккæ бакомкоммæ лæуд рауадæй. Уæд мæ зæрдæ ниссæхæтт кодта, æма мæ меднимæр рагъуди кодтон: «Мæ халæ исхаудтæй!», – зæгъгæ.

Фал уæдмæ райгъустæй Г. К. Жукови нæргæ гъæлæс: «Байраетæ, æмбæлттæ курсанттæ!» Мах ин æмгъæлæсæй дзуапп равардтан: «Хуарз байрайæ, æмбал Советон Цæдеси маршæл!» Æма бабæй нæуæгæй: «Арфæ уин кæнун Германибæл фæууæлахези фæдбæл!» Æртæ хатти «Ура»-йæй ин дзуапп равардтан. Уой фæсте ба, нæ къæхтæ æмистгæнгæй, рацудан Паради В. И. Ленини мавзолеййи рæзти.

Фæстугъд Бичегкути Алихан ниллæудтæй кусти æма фæсауонмæ ахур кодта нæхемæ педагогон институти историон факультети. Институт фæууни фæсте ба ахургæнæгæй фæккуста нæ горæти цалдæр скъолаеми.

БАТÆРТИ Урусбий

ГЕТЪОТИ
Чичий фурт Хъайсæн

Гетъоти Хъайсæни Фидибæсти Устур тугъд æрæййафта Смоленски бунмæ, 64-аг æхсæг дивизий, 30-аг полки ФЛКЦ-и бюрой секретарь уогæй, сæрдигон лагерти.

Хъайсæн райгурдæй 1916 анзи 12 декабри Ираæфи райони Стур-Дигори гъæуи мæгур зæнхкосæги хæдзари. Райдайæн скъола каст фæцæй сæхе гъæуи, астæугкаг ахурадæ ба райста Дур-Дури гъæууонхæдзарадон техникуми 1930 анзи. Фæстæдæр уæлдæр ахурадæ райста Цæгат-Иристони педагогон институти. 1939 анзæй фæстæмæ адтæй Коммунистон партий рæнгъити. Институт æнтæстгинæй каст фæууогæй, Хъайсæн æрвист æрцудæй Сурх-Дигори астæугкаг скъоламæ æма си бакуста 1939 анзи сентябри уæнгæ, уой фæсте ба ’й иснисан кодтонцæ партий Ираæфи райкоми фиццаг секретари хуæдæййевæгæй.

1939 анзи æрвист æрцудæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Уæлдæр ахурадæ имæ ке адтæй, уомæ гæсгæ ’й хуæрзрæхги исæвзурстонцæ полки фæскомцæдесонти разамонæгæй.

Хъайсæн куд зæгъуй, уотемæй: «Фашистон Германи нæ Райгурæн бæстæмæ ке æрбалæбурдта, еци хабар фегъустан радиойæй. Нæ полк нин тагъдгомау исистун кодтонцæ æма нæ г. Мински бунмæ бакалдтонцæ. Нæ дзаумæуттæ æнхæст дæр нæма райстан хуæдтолгитæй, уотемæй нæбæл немуцаг хуæдтæхгутæ бомбитæ æгъзалун райдæдтонцæ. Мах бон ба син фæстæмæ нихкъуæрд раттун дæр нецæмæй адтæй. Нæ лагери хуæцæнгарз æрмæстдæр адтæй командиртæмæ – пъистолеттæ, сурхæфсæдтонтæмæ ба – топпитæ, фал уонæн дæр фæттæ н’ адтæй, фæндагбæл нин гъæуама байурстайуонцæ, фал неци. Уомæ гæсгæ не ’хсæн мæрдтæ æма цæфти нимæдзæ радзæвгарæ æй. Фал уæддæр

арæсæнтæ ба байахæстан. Фиццаг тухтан десанти хæццæ, 3-4 боней фæсте ба сæйраг тухти хæццæ. Уæдмæ немуц Минскмæ хъæбæр æрбахæстæг æнцæ.

Немуци гæрзефтонг тухтæ цалдæр хатти тухгиндæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ сурхæфсæдтонти багъудæй фæстæмæ цæун, уони хæццæ ба мах 64-аг еугонд дæр, кæми тохгæй, кæми ба, фæттæ ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ æнæтохгæй. Берæ салдæттæ фесавдæй уæд нецæй тухæй. Еци исхуæстити фæммард æй ме ’мзæнхон Хайманти Петр дæр. Æрмæстдæр г. Оршмæ ку æрбахъæрдтан, фæттæ нин уæд равардтонцæ».

Смоленски буни ба æрбунæттон æнцæ æфсæдтонтæ, æрмæстдæр æнæ Хъайсæнæй.

– Июли кæрони мæмæ фæдздзурдтонцæ фронти штабмæ, уордигæй ба мæ рарвистонцæ Мæскумæ. Уоми цубур æмгъудмæ раахур кодтон немуци фæскъилдуммæ партизанти къуæрттæ аразунбæл, уæдта мин 1941 анзи августи ба мæ къохмæ равардтонцæ циуавæрдæр баркъи æма мин ниффæдзахстонцæ: зæнхæбæл ку æрбадай, уæд базонгæ уодзæнæ, æ хурфи ци ес, уой хæццæ. Адтан 11 нæлгоймаги. Фембалдан фиццаг хатт. Разамунд нин лæвардта еу болкъон, æ ном, æ муггаг дæр ин нæ зудтан.

Уотемæй сæ парашютæй рагæлдзгæй, Хъайсæн æхсæви дууæ сахаттебæл æрбадтæй г. Рогденеви райони. Сæумæй, бон ку фæцъцъæх æй, уæдта райхалдта æ баркъи. Ами адтæй топографион къартæ бунæттон азгъунстити хæццæ. Æ уод цæбæлдæрти фæххуæцун кодта, уой фæсте ба ранæхстæр æй циуавæрдæр гъæуæрдæмæ. Е адтæй Теребыня. Бахуаста кæронккаг хæдзарæмæ. Разиндтæй си зæронд уосæ æма æ бæдоли-бæдолæ 12-13 æнздзуд. Хъæбæр тæрсгæрезгæй æй бауагъта медæмæ зæронд уосæ. Куд базудта тугъдон, уотемæй гъæуи нæдæр немуцæгтæ адтæй, нæдæр ба пъæлицæйæгтæ.

Хъайсæн фиццаг бонти раархайдта бунæттон цæргутæй партизанти къуар исаразун, фал ин си неци уадæй. Е нæ, фал ма ибæл ходгæ дæр кодтонцæ, гъома, дан, гъæр-гъæрæй ку æппæлдтайтæ уæхе, – мах нæ зæнхæбæл нифсæрун неке бауадздзинан. Нур ба ци, ампъез нæ, фал сæдæгай километртæ ку нийййахæстонцæ, æма кæми айтæ?

– Адæм мæстдзагъæлттæ кодтонцæ мæн æрдæмæ, фал мæбæл си цъух ба неке хаста. Цубур рæстæги фæсте бацуппар ан, фæстæдæр ба нæ къуар дзæвгарæ фæффулдæр æй бунæттон цæргутæй, уацарæй кæмæн бантæстæй раледзун, уæхæн сурхæфсæдтонтæй æма æндæр, уæхæн æууæндтаг, адæмæй.

1941 анзи 15 августæй фæстæмæ Смоленски облæсти Куйбышеви райони Касеватаг партизанти къуар æ куст кæнун райдæдта. Комиссар Гетъой-фурти æма æфсæдтон специалист дæлболкъон Ивлеви разамундæй партизанти къуар бабурсидæ гарнизонтæмæ, немуцаг колоннитæмæ, ихалдта хедтæ, поездтæ рафæлдæхун кæнидæ.

Зæгъæн, 1942 анзи 23 октябри партизанти къуар (адтæй си 131 адæймаги) æхсæви дууæ сахаттебæл райхалдта æфсæнвæндаг, – æ дæргъæ 16 метри, уæхæн гæппæл Рослявли райони. Уотемæй цалдæр минуттемæ фæффæлдæхтæнцæ 14 вагони знаги салдæттæ æма тохæнгæрзти хæццæ.

1943 анзи 17 июли ба знаги хæццæ истохгæй, айдагъ фашисттæ нæ баййафтонцæ æстъæлд, фал сæхуæдтæ дæр партизантæ æрцудæнцæ гъигæдард. Уæззау цæф фæцæй комиссар æхуæдæг дæр. Хуæдтæхæгбæл æй фронти ханхи сæрти бауодбилæ кодтонцæ, уой фæсте ба ’й Мæскумæ госпитæлмæ рарвистонцæ. Ами ибæл исæмбалдæй æ хуæрзеуæг дæр – Сурх Турусай орден.

Хъайсæн бæргæ бадзæбæх æй, фал тугъдмæ фæстæмæ æрветунмæ ба нæбал исбæзтæй. Еу рæстæгутæ адтæй фронти политуправлений æвæрди, фал æй уой фæсте ба Цæгат Иристони обкоми курдиадæмæ гæсгæ Иристонмæ исæрвистонцæ.

Мæхчески райони коммунисттæ, устур æууæнкæ имæ равдесгæй, Хъайсæни исæвзурстонцæ партий райкоми фиццаг секретарæй. Æма бабæй райдæдта Хъайсæн нæуæгæй тох кæнун. Æрмæст немуци нихмæ нæ, фал тиллæгæрзад, фонсдарунади къабазæ райрæзун кæнунбæл. Фæстæдæр Хъайсæн æрвист æрцудæй СЦКП-й ЦК-й Уæлдæр партион скъоламæ ахур кæнунмæ. Фæстæмæ ку æрæздахтæй, уæдта бабæй нæуæгæй косун райдæдта райкоми.

1955 анзи Гетъой-фурт нисангонд æрцудæй Алагири еугонд колхоз «Коммунист»-и сæрдарæй. Æзиниккон фæсте-

изад хæдзарадæ Хъайсæни разамундæй хæссун райдæдта æфтуйæгтæ, фæстæдæр ба иссæй раззагдæртæй еу.

1961 анзи августи Гетъой-фурти сфедар кодтонцæ Алагири гъæдикустгæнæг комбинати директорæй, 18 анзей фæсте ба косун райдæдта хæдзаридзаумааразæн фирмæ «Хъазбег»-и æма си фæккуста сауæнгæ пенсимæ рацæуни уæнгæ.

Кæми фæнди косгæй дæр, Гетъой-фурт æ хъаритæбæл некæд бааурста, «фиццагон» æма «фæстæдæри» фарстатæ имæ некæд адтæй. Се ’гас дæр æмхузон ахсгиаг уиуонцæ Хъайсæнæн. Дæсгай кади грамотитæ лæвæрд æрцудæй Гетъой-фуртæн æ уодуæлдай кусти тухæн.

Æ реубæл цæхæртæ калунцæ 20 паддзахадон хуæрзеуæги. Уони хæццæ ба: «Сурх Турусай», «Фидибæсти тугъди» I-аг къæпхæни, «Фæллойнадон Сурх Турусай», «Кади Нисани» дууæ ордени æма майдантæ.

Гетъоти Чичий фурт Хъайсæни хузæнттæй федудта цард, уомæн æма етæ сæ еугур цард дæр, сæ еугур хъаритæ дæр нивондæн хастонцæ райгурæн бæсти хуарздзийнадæн.



ХУАДОНТИ Ехйа

ХАМИХЪОТИ
Хаджеумари фурт Хасанбег

Дигоргоми алæмæттаг æрдзи гъæбеси уæлвæзи, Къæрæугоми хуæдбунмæ, Ирæфи фалгæрон, нæзи бæлæсти æхсæн, æринцадæй Нæуæггъæу. Ами 1924 анзи Хаджеумари фæрнгун хæдзари исæнтæстæй фурт, – гъоли хузæн биццеу, æма ибæл номæвæрæни кувди исæвардтонцæ Хасанбег.

20-аг æнзти дугкаг æмбеси Дигоргоми цæргутæн фадуат фæцæй сæ цæрæнбунат будури гъæутæмæ раййевунæн, æма Хамихъоти бийнонтæ дæр ралигъдæнцæ 1930 анзи Сурх-Дигорæмæ.

1939 анзи Хасанбег каст фæцæй бунæттон скъолай 7 къласи, фæстæдæр ба æ ахур раидарддæр кодта г. Владикавкази педагогон училищей, фал æй кæронмæ каст ба нæ фæцæй, – райдæдта Фидибæсти Устур тугъд.

1941 анзи июли 3-аг курси студент Хамихъоти Хасанбегмæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсадмæ æма ’й рарвистонцæ Владикавкази гарнизони 58-аг артиллерион полкмæ.

Ами Хасанбег райста тугъдон цæттæдзийнадæ, каст фæцæй полки скъолай бастдзийнадæ даруни дæсниадæбæл сæрмагонд курситæ.

Уотемæй бастдзийнадæдарæг Хамихъоти Хасанбег 58-аг артиллерион полки хæццæ архайдта, Кубани ци тогкалæн тугъдтитæ цудæй, уонæми.

Станицæ Крымскаяй бунмæ тохти Хасанбег фæццæф æй æма хустæй полки лазаретти. Еци тугъдтити бастдзийнадæ даруни гъуддаги лæгдзийнадæ ке равдиста, уой тухæн хуарзæнхæгонд æрцудæй æ фиццаг майданæй: «За отвагу».

Хасанбег æхуæдæг куд зæгъуй, уотемæй станицæ Крымскаяй фиццаг хатт фæууидта, зæнхæ куд содзуй, уой. Æнæгъæнæ хæдзæрттæ спички къаропкитау хæрдмæ фæххауиуон-

цæ, сауæнгæ дугкаг сæумæмæ сæ содзунæй нæ банцадæнцæ хъæзæй æмбæрзт тугуртæ.

Цæгат Кавказæй немуц сурд ку æрцудæнцæ, Тамани æрдæгсакъадахи ба дæрæнгонд, уæд ма уой фæсте Хасанбег архайдта Керчь, Симферополь, Севастополь, Прибалтикæ æма скæсæн Прусси знагæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити.

– Мах цитæ фæууидтан Кубани, Хъирими, Смоленщини, Прибалтикæ, Скæсæн Пруссий, уони макæдбал маке бавзарæд, – зæгъуй Хасанбег. – Деси мæ æфтауй, Советон салдæттæ ци еузæрдиуондзийнадæ равдистонцæ, е. Абони дæр ма бæргæ архайун тугъди æбуалгъ цаутæ феронх кæнун, фал мæ зæрдæй нæ цох кæнунцæ.

Хасанбеги Уæлахез æрæййафта 1945 анзи 18 майи г. Кенигсберги нигулæнæрдигæй, гъæу Фишхаузени цори. Ами дæрæнгонд æрцудæй, æхе уацари раттуни зæрди æппундæр ка нæ адтæй, немуци еци фæстаг тухгин гæрзефтонг къуар.

Тугъди устур бæгъатæрдзийнадæ æма лæгæхсарæ ке равдиста, уой тухкæй Райгурæн бæстæ Хамихъой-фуртæн исаггаг кодта «Фидибæсти тугъди» дууæ ордени, «Сурх Стъалуй» орден, майдантæ: «За отвагу», «Кенигсберг байсуни тухкæй», «Берлин байсуни тухкæй», «Германибæл фæууæлахез уни» тухкæй æма ма ниггидæр берæ майдантæ. Севастополь знагæй исуæгъдæ кæнуни тухкæй, Литвай немуци федæрттæ батонуни æма æндæр уæлахезти тухкæй Хамихъоти Хасанбегæн 7 хатти лæвæрд æрцудæй Сæйраг Командæгæнæг И. В. Сталини номæй арфи гæгъæдитæ.

Хасанбег фæстæмæ Иристонмæ исæздахтæй 1948 анзи. Ци дивизий тухтæй, уордигæй ин лæвæрд æрцудæй арфи гæгъæди, кæцими финст адтæй:

«Фидибæсти Устур тугъди архайæг, гвардий сержант Хамихъоти Хаджеумари фурт Хасанбегæн.

Зинаргъ æмбал! Райгурæн бæсти сæрбæлтау тог никкалун ку багъудæй, уæд дæ цард æма дæ хъаритæ нæ бавгъаугæнгæй, бæгъатæрæй тох кодтай немуцаг-фашистон лæгмарти нихмæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау.

Фидибæсти Устур тугъди тогкалæн тугъдтити архайгæй, нæ цитгин, «Сурх турусай» æма «Суворови» ордентæ хæссæг Тамани гвардион дивизи æхецæн æносмæ ном æма кадæ

искодта. Дивизий æфсæдтонтæ тох кодтонцæ Цæгат Кавкази хуæнхræбунтæй ба сауæнгæ Берлинмæ.

Ци лæгæхсарæ равдистай, уой тухæй дин лæвæрд æрцудæй нæ цитгин Сталини номæй 7 арфи гæгъæдий.

Немуци хæццæ тохгæнгæй, ци хъазауатдзийнадæ равдистай, уой тухæй дин нæ дивизий командæкæнунадæ зæрдиагæй арфæ кæнуй. Нæ зæрдæ дин зæгъуй сабур царди устур уæлахезтæ!

Æфсæдтон еугонди командæгæнæг
гвардий инæлар-майор Пашков.
Политхаййади сæргъæлæууæг,
гвардий болкъон Пшеничный».

Фæстугъд Хасанбег еу минкъий рæстæг æ фæллад исуагъта, уæдта фæстæмæ бацудæй Владикавкази гарнизони æфсæдтон хæйттæй еуемæ службæмæ.

1951 анзи ба Хасанбег рандæ ’й г. Ленинградмæ æма 40 анзей дæргъи фæккуста Октябрски æфсæнвæндагон кустуæтти. Хамихъой-фурти къохи устур фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæ ке бафтудæй, уой тухæн ма æ тугъдон хуæрзеугутæ фæффулдæр æнцæ – «Фæллойнадон Сурх Турусай» орден æма майдан «Фæллойни ветеран»-æй.

Хамихъой-фурт хуæрзæригонæй æ гъос дарун райдæдта поэзимæ. Финсун райдæдта 14 анздзудæй. Æ æмдзæвгитæ мухури фиццаг хатт фæззиндтæнцæ 1938 анзи газзет «Социалистон Дигори» фæрстæбæл.

Хасанбеги æмдзæвгитæн æмбæлгæ аргъгонд æрцудæй газзет «Ленинец»-и фæрстæбæл 1986 анзи.

Хасанбег ма цалинмæ æгас адтæй, уæдмæ æ къохи бафтудæй еу æмбурдгонд рауадзун. Æ финститæй берæ фесавдæй тугъди хæлхъой æнзти дæр.

1991 анзи Хасанбег фæстæмæ æриздахтæй Иристонмæ æма дзæвгарæ рæстæг фæккуста Владикавкази 5-аг арæзтадон управлений.

2005 анзи Хамихъоти Хаджеумари фурт Хасанбег рахецæн æй æ цардæй. Æ фæсте ниууагъта фурт, цæуæти-цæуæт, уони кæстæрти æма, æ ном ин æнæферонхгæнгæ ка кæнуй, æ еци зæрдæмæгъаргæ æмдзæвгитæ.

ДЗОПОЙТИ Юрий

ХУАДОНТИ
Аслæмурзи фурт Ехйа

Хуадонти Ехйайæн æ тугъдон службæ райдайæнæй кæронмæ баст адтæй бастдзийнадæ дарæг æфсади хæццæ. Æ тугъдон фæндаг ба райдæдта 1942 анзи Владикавкази бунмæ æма фæцæй Хингани хуæнхти Япойнаг самурайти хæццæ тохгæй, 1945 анзи. Берæ тогкалæн тугъдтити архайдта Ехйа, фал æ дессаг уой медæги æй, æма тугъди тæккæ фæстаг бони уæнгæ еунæг бон дæр нæ фæййевгъаудта, адтæй хуæцæг æфсади рæнгъити.

Тугъди бастдзийнадæ дарун, е уæлахези рахуæцæнтæй æй еу. Сæ сæйраг ихæс адтæй, командиртæн сæ дæлбарæ хаййæдти хæццæ æппунæдзохдæр федар бастдзийнадæ цæмæй адтайдæ, уомæ цæстæ дарун. Æма еци ихæс ба Хуадони-фурт æма е ’мбæлттæ алкæддæр æнхæст кодтонцæ æнтæстгинæй.

– Мах фæлтæр нимад цæуй тугъдон фæлтæрбæл, – зæгъуй Ехйа. – Тугъд нæбæл æ фæдтæ æгæрдæр ма ниууагъта, нæ райгурæн бæсти хъисмæтбæл нæ арф ниссагъæс кæнун кодта, цард æцæгæйдæр ци адæ кæнуй, уой нин балæдæрун кодта. Æвддæс анзи дæр мæбæл нæма цудæй, æфсæдтон комиссариати къæсæрæй ку бахизтæн, уæд. Фал мæ кари фæсевæдæн сæ нисан адтæй еу: Фидибæстæ багъæуай кæнунбæл тонхи архайун.

Хуадонти Ехйа райгурдæй 1925 анзи Чиколай зæнхкосæг лæги хæдзари. Бийнонтæ берæ адтæнцæ, – фондз æнсувæри æма дуурæ хуæри. Аслæмурзæ æма æ бийнойнаг Хадизæт сæ сабийти гъомбæл кодтонцæ, Дигорæмæ хуæздæр ци æгъдæуттæ адтæй, уонæбæл. Уомæ гæсгæ кæстæртæ адтæнцæ коммæгæс, кустуарзагæ, хуæдæфсармæ. Сæрдигон каникулти рæстæг Ехйа æнхус кодта æ хестæр æнсувæртæн хæдзари кустити, æхсаста дзæхæра, зилдæй фонсмæ, куста постхæс-

сæгæй дæр фæсуроктæ. Хестæр кълæсти ку ахур кодта, уæдта, куд отличник, уотæ ’й снисан кодтонцæ скъолай библиотекæрæй, кæми ба баййевидæ кæстæр кълæсти ахургæнгути дæр æма сувæллæнттæн лæвардта уроктæ.

Фидибæсти Устур тугъд ку райдæдта, уæд Ехйа æ ахур раййивта изæйрон скъоламæ, бонигон ба куста колхози æма уомæй æнхус кодта фронтæн. Цалдæр хатти æрбацæуидæ æригон цæппо-лæппо райони æфсæдтон комиссариатмæ, курдта, цæмæй æй фронтмæ рарвистайуонцæ.

– Тугъдмæ мама тагъд кæнæ, Ехйа, – загъта ин æфсæдтон комиссар майор Кухарчук, – дæу ихæс бал æй нуртæккæ хуарз ахур кæнун, дæс кълаcи каст фæуун æма колхозмæ æнхуси хай хæссун. Тугъдмæ цæунмæ ба дæу радæ дæр хъæртдзæй. Æнæмæнгæ дæ агордзинан багъуди сахатти.

Æма еци багъуди сахат ралæудтæй 1942 анзи. Тугъд цудæй Иристони зæнхæбæл Мæздæги бунмæ æма Елхотти фæлабулайти.

1942 анзи 23 сентябри Хуадонти Е. хебарæй бацудæй Сурх æфсади рæнгъитæмæ. Астæугкаг ахурадæ имæ ке адтæй, уæдта æвзаг хуарз ке зудта, уомæ гæсгæ ’й рарвистонцæ Фæскавкази фронти 942-аг хецæн ротæмæ. Еци роти салдæттæбæл æвæрд адтæй уæлдай устурдæр ихæстæ: гъæуама бастдзийнадæ кустайдæ Фæскавкази штаби фронтæн Генералон штаби хæццæ, фронти штаби, корпусти æма хецæн æфсæдтон хæйтти хæццæ.

Еугур специалисттæ дæр иурст адтæнцæ хецæн командитæбæл, æма си алкедæр æнхæст кодта сæрмагонд ихæс. Ехйай хæццæ ма еу роти службæ кодтонцæ е ’мбæстæгтæ: чиколайаг – Мæрзойти Марат, дигорайаг – Такъоти Анатоли, Дзæуæгигъæуæй – Беликкати Барис, хæтæлдойнаг – Елойти Хазбий æма æндæртæ.

Æригон салдат Хуадони-фурт æрмæстдæр дууæ къуæрей раахур кодта æфсæдтон ахурти бастдзийнадæ дарæг специалистбæл. Сæ ахуртæ цудæнцæ 12-14 сахатти сутки дæргъи. Ахур ба кодтонцæ г. Владикавкази фестæгæфсæдтон училищей, бунæттон ахуртæ ба – Гæмæх хонхи рæбунтæ. Ахур кодтонцæ бастдзийнади техникæ, æхсæн дзаумауæй пайда кæнун, фестæгдзæугути тактикæ. Ехйа лæмбунæг игъуста, цидæриддæр ин дзурдтонцæ, уомæ, æма сæ æвардта æ сæри.

1942 анзи октябри кæрони Ехйа архайдта Владикавкази бунмæ тугъдтити. Еци бон немуци хуæдтæхгутæ бомбитæ æркалдтонцæ Владикавказ æма æ хурфи ци æфсæдтон хæйттæ адтæй, уонæбæл. Еци уавæрти Ехйа е ’мбæлтти хæццæ итигъта кабель, кæд сæ фæлабулай дзармадзанти фæттæ æмихæлд кодтонцæ, уæддæр. Немуци бомбитæ æркалди фæсте дууæ сахатти дæр нæма рацуæй, уотемæй бастдзийнадæ фæстæмæ æркуста.

1942 анзи 2-11 ноябри Владикавкази, Гизæли æма Æрхонки бунмæ цудæй тогкалæн тугъд. Хуадони-фурт еци рæстæг бастдзийнадæ дардта штабæн гвардий 11-аг æхсæг корпуси хæццæ. Фашисттæ æнæсцохæй дæрæн кодтонцæ корпусти æфсæдтон хæйттæ дзармадзантæ æма минометтæй, танкитæ æма æндæр фæрæзнитæй. Еци рæстæг уæлдай лæгæхсарæ равдистонцæ Ехйа æма е ’мбæлттæ, нæдæр фæттæй, нæдæр минитæй тæрсгæй. Æнæгъæнæ 10 бони нæ банцадæнцæ тогкалæн тугъдтитæ, æма еци рæстæг 942-аг хецæн роти бастдзийнадæдаргути ’рдигæй къулумпи некæд æрцудæй. Æхсæвæ-бон нæ зудтонцæ Ехйа æма е ’мбæлттæ. Бастдзийнадæ арæх фехæлидæ, фал æй уайтагъддæр фæстæмæ раараз иуонцæ, сæхе царди тасдзийнадæ нецæмæ даргæй.

1942 анзи 11 ноябри немуци тухтæ саст æрцудæнцæ Гизæли, Саниба ба – уæгъдæгонд.

1942 анзи декабри 942-аг бастдзийнадæдарæг роти рази æвæрд æрцудæй æндæр ихæс: Цæгаттаг æфсæдтон къуарæн гъудæй бастдзийнадæ исаразун Владикавказ ’ма Грознай æхсæн.

Хуадони-фурт æ имисуйнæгти зæгъуй:

– Владикавказæй Грознай æхсæн ес 120 километри. Ами нæмæ адтæй телигъæдтæбæл линитæ. Нæ зæрдæ сæмæ не ’хсайдта. Фал бунæттон цæргути æхсæн адтæй, Советон цардиуаги хæццæ арази ка н’ адтæй, уæхæн фудгæнгути къуæрттæ æма етæ айдагъ нæхе салдæтти нæ мардтонцæ, фал ма аразтонцæ аллихузон фидбилизтæ дæр: телтæ ратониуонцæ, мардтонцæ бастдзийнадæдаргути.

1942 анзи декабри кæрони Советон æфсæдтæ райдæдтонцæ Цæгат Иристон немуци дзæмбутæй уæгъдæ кæнун, уой фæсте ба Кæсæги зæнхитæ, Ставрополи æма Кубани гъæутæ.

Хъæбæр зинтæй лæгарстонцæ размæ не ’фсæдтæ. Уазал думгæ, бурдæнтæ, æвæндаг рауæнтæ. Немуц сæ фæсте ихалдтонцæ хедтæ, цæугæдæнттæ ба нæма нийййех æнцæ. Нæ бастдзийнадæдаргутæ дæр цудæнцæ сæ фæсте æма нæуæгæй аразтонцæ телеграфи æма телефонти линитæ.

Январи æмбеси бустæги æрбауазал æй, думгæ фæттухгиндæр æй, бурдæн итигъд будуртæ хъæпæнтæй байдзаг кодта. Еци уавæрти Ехйа æма е ’мбæлттæ еунæг усмæ дæр æнцойнæ нæ зонгæй, архайдтонцæ, цæмæй бастдзийнадæ ма фæкъкъулумпи адтайдæ, уобæл. Уой фæрци Цæгат-Кавкази фронтæн сæ бон адтæй Сæйраг Командæкæнунади Ставки хæццæ еумæ куст æмбæлгæ уагæбæл райаразун.

Мæйи дæргъи Хуадони-фурт æма е ’мбæлттæ бастдзийнадæ исфедар кодтонцæ 700 километрей дæргъцæн. Кæми тели гъæдтæ сагътонцæ, кæми кабельтæн зæнхæ къахтонцæ еци салдæй, еузагъдæй, сæхебæл некæд некæми бааурстонцæ.

Уой фæсте ма адтæнцæ уæззау тохтæ Краснодар, Славянск, Кубань, Тамань æма сæ фæлабулай гъæутæ исуæгъдæ кæнунбæл. Уæдмæ Хуадони-фурт нимад адтæй фæлтæрдгун тугъдонбæл.

1944 анзи декабри, Хуадони-фурт ци роти службæ кодта, уой æвæстеуатæй рарвистонцæ Мæскумæ, куд хуæздæр бастдзийнадæдарæг ротæ, уотæ. 1945 анзи январи ба ’й Хъириммæ æрбагæлстонцæ. Ами Хуадони-фурт бастдзийнадæдарæг 6-аг хецæн полки хæццæ архайдта устур Паддзахадон ихæс æнхæст кæнуни кусти. Полки службæгæнгутæ бастдзийнадæй ефтонг кодтонцæ Ялти конференций куст. Куд зонæн, уотемæй си архайдтонцæ Сталин, Черчилль æма Рузвельт. Ехйа сæрустур адтæй, уæхæн сæрмагонд бæрнон ихæс сæбæл æвæрд ке æрцудæй, уомæй.

Бастдзийнадæ си уотæ арæзт адтæй, æма хуæрзцубур рæстæгмæ фæййеу кæнун æмбалдæй кæци фæндуй фронти хæццæ дæр, Генштаби, Англий, Америки, Мæскуй. Цалдæр бони фæккуста конференци, æма си куст еунæг хатт дæр нæ бакъулумпи æй. Уой туххæн Хуадони-фурт æма е ’мбæлттæн арфæ ракодта Генштаби сæргълæууæг æфсади инæлар Антонов.

Тугъди фæсте сæ рагæлстонцæ Хинганмæ. Тугъди рæстæг æхе æхсаргинæй ке бавдиста, уой туххæй ин Райгурæн бæстæ исагкаг кодта Фидибæсти Тугъди орден æма 14 майдани,

9 хатти ба арфи гæгъæдитæ райста Сæйраг Командæгæнæг И. В. Сталини номæй.

Фæстугъд Хуадонти Ехйа службæ кодта Камчатки. 1956 анзи ба запасмæ рацудæй капитани цини. 1960 анзи каст фæцæй Цæгат-Иристони пединститут, фæстæдæр ба – аспирантурæ. Дзæвгарæ рæстæг фæккуста партион æма Советон оргæнти. 1986 анзæй фæстæмæ Хуадонти Ехйа æй пенсий, фал еунæг бон дæр æгуст некæд адтæй. Активонæй архайуй ветеранти змæлди. Ес ин бийнонтæ, – æхе хузæн фæнзуйнаг цæуæт. Æ цардæмбал Раисæ Хъазий кизгæ – педагогон фæллойни ветеран, æ фурт Ермак – экономикон наукити доктор, Цæгат-Кавкази технологон университети профессор, æ кизгæ Тамарæ ба каст фæцæй Ростови паддзахадон университети журналистики факультет æма косуй телерадиокомпани «Алани»-й редакторæй.

Боз æй æхецæй Ехйа, уомæн æма, æ тог ци федæнбæл никкалдта, е бæллеццаг разиндтæй.

ГИБИЗТИ Руслан

ЦАГЪАТИ
Хангерий фурт Исмаил (Гæмурзæ)

Цудæй 1919 анз. Уорсгвардионтæ сосæгкити Донифарсбæлти æрбагъузтæнцæ æма сæ пулеметтæ исаразтонцæ Задæлескæ, Нарæ æма Хæнæзæ ’рдæмæ, фал гъæуи хурфæмæ ба нæ цудæнцæ, æнгъæл кастæнцæ. Еци бон Цагъати нæуæг киндзæ Борæхан къеретæ кодта. Æ цардæмбал Хангерий ба архайдта хæрæги æфтаугити хæццæ. Хори тæмæнкалгæ тунтæ фæлмæн рæвдудтонцæ фæлабулай туппуртæ Задæлески рæбунти.

Еци тунтæй æнæрæвдуд н’ адтæнцæ Цагъати дорæй даст хæдзари къолтæ дæр.

Уæдмæ ба æвеппайди Задæлески гъæунгти ниггæбар-губур кодта пулемет. Хангерий хамут еуварсмæ рагæлста æма фæггæпп кодта æ медбунатæй, Борæханæн ба æ цæсгом æрбанцъулдтæ ’й æма сабургай уæззаугомау æ медбунати æрбадтæй.

Борæхан æнæуодбарæ адтæй æма тæккæ еци рæстæги батухстæй, æрхъæрттæй æ еруни рæстæг. Гъе уотемæй, пулемети дæгæрнамæ исæнтæстæй Цагъати хæдзари тæрна æма ибæл ном исæвардтонцæ Исмаил.

Берæ тог никкалдæй 1919 анзи медбæсти. Æппунфæстаг ралæудтæй сабур царди догæ дæр. Кæд ма дуйней фæткæвæрд тæссонд адтæй, уæддæр адæм бавналдтонцæ сæ царди уавæртæ хуæздæр кæнунмæ.

Фал уæдмæ адæми тæссонд сабурдзийнадæ æнæнгъæлти фехалдта 1941 анз. Исмаил бахаудтæй г. Прохладныйи хонсайраг фронти фæсæвæрци полкмæ. Уæдмæ Ростови горæт бафтудæй немуци къохмæ, фал æй хуæрзцубур рæстæгмæ ба фæстæмæ байстонцæ нæхеуонтæ. Исмаил ци 75-аг æхсæг полки адтæй, е лæудтæй цæугæдон Миуси билгæрон. 1942 анзи бабæй сурхæфсæдтонти багъудæй нæуæгæй Ростов ниууадзун. Уæззау тохти хæццæ не ’фсæдтæ сæхе фæстæмæ райстонцæ г. Новочеркасскмæ, уоми ба уавæр уæхæн адтæй, æма си еунæг метри бæрцæ дæр зæнхæ нæбал байзадæй, знаги дзармадзани

фат кæми не ’сæмбалдæй. Хуæдтæхгутæ бомбитæ калдтонцæ æнæбанцайгæй. Адæмæн сæ сæр сæ кой иссæй æма сæ уодтæ фæййервæзун кæнуни фæрæзнæн сæхе байстонцæ бунæттон аргъауæнмæ æма уоми бакъупхæ æнцæ. Уæдмæ знаги бомбæ сæмбалдæй аргъауæни сæрбæл æма ’й ниттудта.

Исмаил ци 82-аг батальони адтæй, уой минометти хæтæлтæ сурх зинг фестадæнцæ. Адæм, салдæттæ цагъди кодтонцæ. Уотæ зиндтæй, цума дуйней исæвд æрцудæй, фæлабулай адæми тог къанæуттæй мизтæй. Адæймаг ку æрхауидæ мардæй, уæд имæ кæсгæ дæр неке кодта. Уайтагъддæр ин æ бунати æндæри феваериуонцæ æма е минитæ идарддæр лæвардта æхсæгмæ. Еци тохти, Исмаил ци роти адтæй, уонæн се ’мбес байзадæй æносмæ хусгæй, тугъди будури.

1943 анзи 29 январи 350-аг æхсæг дивизи суæгъдæ кодта г. Майкоп. Æма кæд уавæр уæззау адтæй, уæддæр сæ дивизи исуæгъдæ кодта г. Шахты æма е ’рух рахатта Киевæрдæмæ. Киев æма Житомири æхсæн еу рæстæг басабур æнцæ, рæстæгæй-рæстæгмæ æрбабурсиуонцæ немуци танкитæ æма фестæгдзæуæг æфсæдтæ, фал син лæвæрд æрцæуидæ федар нихкъуæрд. Нæ дзармадзантæ, комкоммæ æхсгæй, сугътонцæ танкитæ, минометтæ ба кунæг кодтонцæ салдæтти.

Цагъай-фурт ци къуари сæргъи лæудтæй, етæ кæрæдзей фæсте æрвистонцæ немуцæрдæмæ, сæ уæзæ æртæ килей бæрцæ кæмæн адтæй, уæхæн фæттæ.

Уотемæй 1943 анзи 12 ноябри уæгъдæгонд æрцудæй Житомир, 1944 анзи 19 мартъий ба – г. Кременец.

Уæдмæ сурхæфсæдтонтæ æрбунæттон æнцæ г. Бродыйи рæбун. Сержант Цагъати Исмаил, сержант Чернышов æма рæнгъон Батраков сæхе исистонцæ обаугондмæ, цæмæй горæти æвæрдмæ хуæздæр æркастайуонцæ, уой тухкæн.

Еци усми горæтæрдигæй райгъустæй пулемети къæркъæр, æма сæ рæбун бæлæсти сæртæ цæхгæрхауд фæккодтонцæ. Куд балæдæрдтæнцæ, уотемæй сæмæ немуц горæтæрдигæй сæ цæстæ дардтонцæ.

– Лæппотæ, гъæйдæ, уотæ бакæнæн æма фæйнердæмæ рауай-бауай ракæнæн, цæмæй немуц бангъæлонцæ, ома, ами туппурбæл тугъдонтæ ес, зæгъгæ, – загъта Исмаил.

Куд рафæндæ кодтонцæ, уотæ кæнгæ дæр бакодтонцæ, æма немуцæй æцæгæйдæр байрагæс æй, уоми æфсæдтонтæ

ес, е. Цубурдзурдæй, цидæриддæр тохæнгарз сæмæ адтæй, уомæй гъæрæхст исаразтонцæ туппурæрдæмæ.

– Нур ба бунмæ уæхе нийесетæ, – бардзурд равардта Исмаил.

Еу сæумæ бахъæрдтæнцæ цæугæдон Нигулæн Буги билгæрон циуавæрдæр гъæумæ.

– Фæсарæнти уи ка нæма адтæй? – сдзурдта сæмæ сæ роти командир. – Нерæнги ма Нигулæн Украини ан, уой фæсте ба Польши зæнхитæ райдайунцæ.

Уæдмæ фæззиндтæнцæ хуæдтæхгутæ.

Бомбитæ æмихæлд кодтонцæ, пулеметтæ æхстонцæ æнæнцойнæй, хæдзæртти гъæмпин сæртæ пеллонæй сугъдæнцæ.

Исмаил ци хæдзари цори лæудтæй, уой фæлабулай фехалдæй цуппар бомби. Исрæмугъди уолæн кумæдæр фехста Исмаили, еу усмæ æ гъостæ баймир æнцæ.

Цæугæдон Бугбæл иннæ билгæронмæ хизтæнцæ накæгæнгæй. Минометтæ ба ластонцæ бричкити, г. Кончевницæмæ хæстæг ба æрæвардтонцæ сæ хуæддзæугæ æхсæндзаумаутæ. Уæдмæ æнæнгъæлти еу туппургонди фæстейæй фæззиндтæй немуци 8 танки. Нæхеуонтæ сæбæл дзармадзантæй фатуарæ никкодтонцæ, фал си фæстæмæ фесхъеуиуонцæ. Сæ хуæддзæугитæ иннецирдæмæ разилдтонцæ, цæмæй танкитæ фæрсæрдæмæ æхстайуонцæ, æма сæ астей дæр иссугътонцæ, немуци фестæгдзæугути ба уæдмæ минометчиктæ искунæг кодтонцæ.

Цæугæдон Висли сæрти бахезунæн нæ салдæттæ хед исаразтонцæ понтонтæй, фал син æй немуци авиаци æма дзармадзантæ фæддæлдон кодтонцæ.

Изæрмæ Исмæили минометчикти къуар кæмидæр наубæлæгъ исмадзал кодта, æма, сæ миномет уоми исæвæргæй, банакæ кодтонцæ Висли иннæ билгæронмæ, фал билгæрон разиндтæй цæхгæр хæрд. Ами Исмаил æрбаймиста нæхе хуæнхтæ æма бардзурд равардта: «Кæрæдзей усхъитæбæл ислæууайтæ», – зæгъгæ.

Уотемæйти фæууæлбилтæ æнцæ. 3 взводи æма æхсæз минометы равзурстæнцæ немуци арæсæнти ’рдиги. Талинги цæстæ æвзурста азгъунсти æндарг.

– Фæстегæй мæ æмбæрзетæ, – зæгъгæ, сдзурдта Исмаил, æхуæдæг ба азгъунстæрдæмæ æ них саразта. Азгъунст разиндтæй устур сарагонд. Æ хурфи ба асиккитæ цурхт немуцаг

минометти фæтти хæццæ цъоппидзагæй. Исмаили цийнæн кæрон нæбал адтæй, уомæн æма немуцаг минометти фæттæ мах минометтæн дæр бæзтæнцæ, уомæ гæсгæ ба сæ дони иннæ билгæронæй ласуни сæр нæбал гъудæй.

Сæ хæтæлтæ сурх зинг иссæнцæ нæ минометтæн. Цагъайфурт ци полки адтæй, етæ немуци æнæгъæнæ дуурæ бони «хинстонцæ» сæхе фæттæй.

Рæстæг хаста уазал. Æрæгвæззæг æхе æвдиста. Дивизибæл исæмбалдæй уæхæн таус, ома, дан, Гитлер бардзурд равардта, цæмæй Висли цæугæдони нигъулд æрцæуонцæ, сæ нихмæ ци сурхæфсæдтонтæ лæууй, етæ еугурæй дæр. Уой тухxæн нæ нихмæ рацудæнцæ æртæ танкити æма дуурæ мотоæхсæг немуцаг дивизий. Фал не ’фсæдтонтæ нæ фæккиудтæнцæ. Æнæгъæнæ фондз мæйи федар лæудтæнцæ, цæмæй знаги тухтæ сæттонцæ, уой тухxæй.

Цæугæдон Одери сæрти бахизтæнцæ зумæги ехбæл. Сæ них саразтонцæ Потсдаммæ. Берлин ист æрцудæй 2-аг маййи æма сæ тæккæ еци фæдбæл багæлстонцæ Чехословакимæ. Фулдæр цудæнцæ фестæгæй. Ами дæр немуци æфсæдтæ гагадзагъд никкæнгæй, фæстæмæ æрвист æрцудæнцæ Германи, Польшæбæлти нæхе бæстæмæ Житомири облæстмæ æма идарддæр тох кодтонцæ бандеронти хæццæ.

Уæлахезтæ, уæлахезтæ!.. Хуæрзеугутæ еу инней фæсте. Тугъди æма фæллойни ветеран Цагъати Хангерий фурт Исмаили стъолбæл кæрæй лæууцæ æ хуæрзеугути гæгъæдитæ, сæ фарсмæ ба хуæрзеугутæ сæхуæдтæ: «За отвагу» – дуурæ майдани, «Намуси» III-аг къæпхæни орден, «Сурх стъалуй» орден, майдантæ «Берлин байсуни тухxæй», «Германибæл фæууæлахез уæвуни тухxæй», «Фидибæсти тугъди» орден, «Жукови номбæл» майдан. Фæстугъд адæмон хæдзарадæ райрæзун кæнуни гъуддаги устур бæрæггæнæнтæ æ къохи ке бафтудæй æма нартихуар хуарз ке æрзайун кодта æ бригадæ, уой тухxæн ба ма сæбæл бафтудæй «Ленини» орден дæр.

1947 анзи Исмаил æ цард баеу кодта Дзотти Замири хæццæ. Исæнтæстæй син цуппар фурти æма дуурæ кизги. Гъулæггагæн, 1988 анзи æ цардæмбал бацудæй е ’носон дуйнемæ. Исмаил цардæй е ’ртигкаг фурти хæццæ. Ес ин фæнзуйнаг кæстæртæ, уомæн æма æхуæдæг дæр фæнзуйнаг цард кодта. Исмаил æ цардæй рахецæн æй аци анзи райдайæни.

ДЗОПОЙТИ Юрий

ГÆМАТИ
Мæхæмæти фурт Мухарбег

Гæмати Мухарбеги тугъдон фæндаг райдæдта Терки билгæронæй æма фæцæй сауæнгæ Прибалтики еци еу полки, еци еу дивизий. Сæрустур æй, артиллерий 907-аг полки ке службæ кодта, уомæй. Уæлдай сæрустурдæр ба æй Гæмай-фурт, Кавказ багъæуай кæнуни тохти ке архайдта, уомæй. 1942 анзи гъæуай кодта Цæгат Иристони зæнхæ.

Гæмати Мухарбег райгурдæй Дигоргоми Хæнæзи гъæуи, гъомбæл кодта берæсувæллонгин бийнонти æхсæн. Мæхæмæт æма Лæуханæн адтæй цуппар кизги æма цуппар фурти. Нигки ба ма сæ хæццæ цардæнцæ се ’мхуæрифурттæ дæр. Æвзонг биццеутæ æма кизгуттæ еумæ æмхузонæй æнхус кодтонцæ хæдзари кустити сæ нийиергутæн, зилдæнцæ фонсмæ, карстонцæ æма æнтудтонцæ хуасæ, хумæ кодтонцæ сæ минкъий хуми гæппæлтæ. Æма кæд цийфæндуй гъæуагæдзийнæдтæ æвзурстонцæ, уæддæр сæ цардæй нецæмæй гъаст кодтонцæ, цардæнцæ æнгом бийнонтæй, кæрæдзей уарзгæй.

Мухарбег ахурмæ райдайæнæй фæстæмæ дæр тулаваст адтæй. Фиццаг 4 къласи каст фæцæй Задæлески райдайæн скъолай, уæдта æ ахур раидарддæр кодта Фæснæли астæугкаг скъолай. Уордæмæ æма фæстæмæ ба аллибон дæр цæун гъудæй 24 километри.

Фидибæсти Устур тугъд ку райдæдта, уæд Гæмати муггагæй тугъдмæ рандæ ’й æхсæз лæхъуæни: Дзæппо, Сослæмбег, Батæрбег, Борнæф, Афæхъо æма Мухарбег. Гæмати æнсувæртæ тухтæнцæ Севастополи, Мæскуй, Сталинграда бунмæ, Кавказ багъæуай кæнунбæл.

Райгурæн бæстæ гъæуайгæнгæй, сæ цард равардтонцæ Дзæппо, Батæрбег. Борнæф æма Афæхъо, Сослæмбег æма Мухарбег ба тугъдæй исæздахтæнцæ цæфтæй.

Сæ кæстæр æнсувæр Тотразбæл уæд цудæй 14 анзи, фал æ хуæртæ Закирæ, Дофга, Верæ æма Полини хæццæ

æвæллайгæй кустонцæ колхози æма се ’новуд фæллойнæй хæстæгдæр кодтонцæ Уæлахез.

Алкедæр си хуарз лæдæрдтæй, сæ размæ ци ихæстæ æвæрд ес, уой, уомæ гæсгæ ба си уæлдай хатун некæд некæмæ багъудæй.

Мухарбегмæ тугъдмæ фæдздзурдтонцæ 1942 анзи октябри. 347-аг æхсæг дивизий хæццæ архайдта Мæздæги бунмæ тохти. Асæй бæзæрхугтæ арæзт ке адтæй, нигки ба ма имæ астæуккаг ахурадæ, уомæ гæсгæ ’й снисан кодтонцæ 907-аг артиллерион полки сгарæгæй.

Мухарбег æнтæстгинæй æнхæст кодта е ’хæстæ, нимад адтæй арæхстгин сгарæгбæл, æдæрсагæ, нифсхаст, тохи рæстæг æхе æвдиста æхсаргинæй. Æ бæгъатæрдзийнади туххæн ин Райгурæн бæстæ сагкаг кодта «Фидибæсти» I-аг къæпхæни орден, дууæ майдани ба – «За отвагу» – тæмæнтæ калдтонцæ æ реубæл. Дууæ хатти райста арфи гæгъæдитæ Сæйраг Командæгæнæг И. В. Сталини номæй.

Берæ тогкалæн тугъдтити архайдта Мухарбег, фал си уæддæр уæлдай хъæбæрдæр ба æ зæрдæбæл бадардта, Мæздæги бунмæ ци цаутæ æрцудæй, уони. 1942 анзи октябри-ноябри ами тох уæлдай хъæбæрдæр иситинг æй. Дууæ мæйей дæргъи, Гæмай-фурт сгарæг уогæй, исбæлвурд кодта знаги арæсæнтæ 40 бæрцæ: пулеметтæ, минометтæ, блиндажтæ, фæлгæсæн пункттæ, фестæгдзæуæг æфсæдтонти къуæрдтæ æма уотæ идарддæр. Етæ сæ еугур дæр уой фæсте æхст æма ихæлд æрцæуиуонцæ.

Абони дæр ма Мухарбег хуарз гъуди кæнуй, рæнгъистади размæ ’й куд ракодта командир, капитан Майоров æма ин куд раарфæ кодта, æ ихæс æнтæстгинæй ке исæнхæст кодта, уой туххæн. Бафеппайун æмбæлуй, 1941–1942 анзи сурхæфсæдтонтæн хуæрзеугутæ стæн хатт лæвæрд цудæнцæ. Уонæмæ сæ нæ евдалдæй. Фал уæддæр арфи дзурд ба æхцæуæн адтæй.

1942 анзи 20 декабри, Гæмай-фурт ци арæсæнтæ исбæлвурд кодта, уонæми дæрæнгонд æрцудæй фондз пулеметти, дууæ дзармадзани æма æртæ минометти. 20 немуцаг салдати æма афицери ба бацарæфтуд æнцæ.

1943 анзи январи Мухарбег архайдта Мæздæги райони гъæутæ знагæй исуæгъдæ кæнуни тохти. Артиллерион пол-

ки сгаргути къуари хæццæ Гæмай-фурт æгасей разæй балæгарстонцæ г. Ставропольмæ. Феврали ба архайдта горæттæ Азов, Ново-Батайск æма Изобильный исуæгъдæ кæнунбæл тохти.

«Кавказ багъæуай кæнуни туххæй», – еци майдан дæр уæд исæрттивта æ реубæл.

1943 анзи 23 октябри уæгъдæгонд æрцудæй г. Мелитополь. 347-аг æхсæг дивизи еци тохти æхе равдиста уæлдай æхсаргиндæрæй. Уомæ гæсгæ ба ин лæвæрд æрцудæй ном «Мелитопольская дивизия». Еугур тугъдонтæн дæр раарфæ кодта сæрмагондæй Сæйраг Командæгæнæг И. В. Сталин. Гæмай-фуртæн ба ма лæвæрд æрцудæй майдан: «Тугъдон скъуæлхтдзийнæдти туххæн».

Цубур рæстæги фæсте ефрейтор Гæмати Мухарбег нисангонд æрцудæй хестæр сгарæгæй.

1944 анз. Севастополь иссæребарæ кæнуни фæдбæл тугъдтитæ. Ами дæр бабæй æхе æхсаргинæй ке равдиста, уой туххæн Гæмай-фуртæн лæвæрд æрцудæй майдан «За отвагу».

Еци бонти ма Мухарбегбæл æрцудæй еу устур хуарздзийнадæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй е ’нсувæр Сослæмбег дæр архайдта Хъирим æма Севастополь знаги дзæмбутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити æма аци зæнхæбæл кæрæдзей хæццæ исæмбалдæнцæ дууæ æнсувæри. Сослæмбег дæр уæдмæ хуарзæнхæгонд æрцудæй «Сурх Турусай» æма «Фидибæсти тугъди» ордентæй. Цубур адтæй сæ фембæлди рæстæг, фал уæддæр кæрæдзей уиндæ ба æхцæуæн адтæй сæ дууемæн дæр. Æримистонцæ сæ хестæр æрвадæ Дзæппой ном.

1944 анзи сæрди 347-аг æхсæг дивизи гæлст æрцудæй Прибалтикæмæ æма хаст æрцудæй Прибалтики фронтмæ. Ами архайдтонцæ горæттæ Шауляй, Митавæ исуæгъдæ кæнуни тохти. Еумæйаг гъуддагмæ æ байвæрд бахаста Гæмай-фурт дæр.

Митави бунмæ тохти Мухарбег, сгарæг уогæй, исбæлвурд кодта знаги 19 арæсæнемæй фулдæр.

1944 анзи 10 октябри ба уæззау цæф фæцæй г. Паланги бунмæ. Знаги фати æрхъезтæ исæмбалдæнцæ æ бæрзæй æма сæрбæл. Æдеугурæй ба Мухарбег фæццæф æй дууæ хатти, æртæ хатти адтæй контузигонд. Уой фæсте æхе дзæ-

бæх кодта г. Двински. Кæронмæ æхе нæма æрдзæбæх кодта, уотемæй ралигъдæй госпитæлæй æма æхе полки исмедæг æй.

Уæлахези бонбæл Гæмай-фурт исæмбалдæй г. Лиепай. 1947 анзи ба Мухарбег исæздахтæй Иристонмæ æма косун райдæдта адæмон хæдзаради къабази. Фæсауунмæ каст фæцæй педагогон институт, куста Мæхчески, Чиколай бунæттон оргæнти, фæстæдæр ба ЦИ АССР-и Министрти Совети. 1974 анзи ба ин æ уодуæлдай кусти тухæй лæвæрд æрцудæй ЦИ АССР-и Сæйраг Совети Президиуми Кади грамотæ. Тугъди æма фæллойни ветеран æ бийнойнаг Надеждæ Басяти кизги хæццæ исгъомбæл кодтонцæ дуæ кизги. Гæмати Мухарбег æ царди фæстаг исуолæвди уæнгæ дæр еузæрдион адтæй æ адæмбæл, æгæрон уарзтæй ке уарзта, сæ сæрбæлтау æ тог кæбæл никкалдта, æ еци адæмбæл, æма ’й етæ дæр хуарзæн имисунцæ.



БАТÆРТИ Урусбий

ИКЪАТИ
Сарæбийи фурт Адулгери

1941 анзи 22 июни нæ бæстæмæ немуцаг фашисттæ ку æрбампурстоцæ, уæд хъæбæр тæссаг уавæр исæвзурдæй.

Германий фарс айдагъ Итали, Венгри æма Финлянди н' адтæнцæ, фал ма иннæ бæститæй дæр беретæ, кæцитæ æнгъæлмæ кастæнцæ, фадуат син кæд фæууодзæй Гитлери фарс рахуæцунмæ. Уонæмæ хаудтæй Ирани бæсти хецауадæ дæр.

Цитгин Октябри революци ку фæууæлахез æй Уæрæсей, уæд Ирани хæццæ нæ рахастдзийнæдтæ адтæнцæ хъæбæр зæрдæмæдзæугæ, фал Фидибæсти Устур тугъди райдайæни агъоммæ ба цæхгæр фехалдæнцæ.

Тугъд ку райдæдта, уæдта рацæй-рабæрæг æй, Гитлер æма Ирани шах Реза Пехлевий æхсæн бадзурд ке адтæй, куддæр Гитлер Цæгат Кавказ æма Бакуй нефтдæттæг кустуæттæ байахæстайдæ, уотæ Иран дæр æ гæрзефтонг тухтæ æрбакалдтайдæ Советон Цæдеси хонсаргæрæнттæмæ. Нигки ба ма исбæлвурд æй, Гитлери зæрди ке адтæй Кавказ, Иран æма Афганистанбæлти Индимæ балæборун, еци гъуддаг дæр.

Уомæ гæсгæ ба Советон æма англисаг æфсæдтонтæ бардзурд райстонцæ, цæмæй 1941 анзи 21 августи Ирани фæлабулай æртеголæ уонцæ. Фæскавказæй уордæмæ бакалдтонцæ 44-аг æма 47-аг æфсæдтæ, Туркменæрдигæй ба Серахси районæй æнсæндæн кодта 4-аг бæхгин корпус. Еци еугæндти службæ кодтонцæ сæдæгай ирæнттæ, сæ хæццæ Икъати Адулгери дæр.

Адулгери райгурдæй 1918 анзи фæллойнæуарзагæ зæнхкосæги хæдзари. 1938 анзи каст фæцæй астæугкаг скъола, иннæ анз ба æрвист æрцудæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Фиццаг рæстæгути службæ кодта Беларусий 24-аг бæхгин дивизий эскадронтæй еуеми. Адулгери, зæрдæргъæвд уогæй,

хъæбæр рæхги базудта Морзей азбукæ, минкъий фæстæдæр ба иссæй бастдзийнади дивизиони хуæздæр æма арæхстгиндæр телеграфисттæй еу.

Финнти хæццæ тугъд ку райдæдта, уæд 24-аг бæхгин дивизи уордæмæ æрвист æрцудæй, ку фæцæй, уæдта сæ рагæлстонцæ г. Кировобадмæ. Уоми ’й æрæййафта Фидибæсти Устур тугъд дæр.

– Аракси цæугæдонбæл, – зæгъуй æ имисуйнæгти Адулгери, – бахизтан аразгæ хедтæбæл. Раст зæгъун гъæуй, Ирани æфсæдтæ нæ уотæ хъæбæр нецæмæй багъигæ дардтонцæ. 30 августи сæ шахи бардзурдмæ гæсгæ сæ тохæнгæрзтæ æрæвардтонцæ. Нæ æфсæдтонтæ æрбунæттон æнцæ уони гарнизонти къазармати, сæрмагондæй ба горæттæ Урмил æма Резайни.

Ирани адæми фулдæр хай нæмæ кастæнцæ хæлар цæстæй, иннемæй ба ма нæ социалистон цардæвæрдæй пайдагæнгæй, гъавтонцæ мах фæрци сæ гъæздугути зæнхитæ сæ медастæу бадехтæ кæнунбæл дæр.

Рæхги шах Реза Пехлеви æ бунат исуæгъдæ кодта æма хуæдтæхæги ратахтæй АИШ-мæ, æ бæсти ба ниууагъта æ æвддæсанздзуд фурти. Иран æргомæй балæдæрун кодта дуйнеуон æхсæнадæн, фашистон Германий хæццæ сæ бастдзийнæдтæ ке ихалунцæ, æма сæ нихмæ ка æй, еци бæстити фарс ке хуæцунцæ, уой тухæй. Фал ма си адтæй уæддæр сæ хецауади уæхæн бæрнон косгутæ, кæцитæ архайдтонцæ Иран æма ССР Цæдеси æхсæн, цæмæй æмбæлгæ рахастдзийнæдтæ ма ирæзтайдæ, уой нихмæ. Гъе уомæ гæсгæ нæ бакалдтонцæ Иранмæ.

Дууæ паддзахадей æхсæн рахастдзийнæдтæ сæ уагæ ку иссердтонцæ, уæд цæдесон æфсæдтæ дæр фæстæмæ сæхе раздæри бунæттæбæл исæмбалдæнцæ.

Тæссаг нæбал адтæй Бакуй нефтдæттæг кустуæттæн фехалун æма байсунæй.

1941 анзи фæззæги тæссаг уавæр исæвзурстæй Кавкази. Тæссаг ба адтæй, Ростовæрдиги æма Керчи сакъадахбæлти ку æрбалæгæрстайуонцæ, уомæй. Уомæ гæсгæ 44–46-аг æма 47-аг æфсæдтæ уордæмæ фæстæмæ бакалдтонцæ.

– Мах 23-аг бæхгин дивизи ба фæстæмæ Иранмæ багæлстонцæ. Декабри мæйи уæллæй телеграммæ райста нæ

эскадрони командир: «Телеграфист Икъай-фурти цубурræстæгмæ 15-аг бæхгин корпуси штабмæ исæрвететæ», – зæгъгæ. Уотемæй бахаудтæн еци штабмæ æма си фæдтæн тугъди кæронмæ.

Службæй ку ’суæгъдæ ’й Адулгери, уæд 1945 анзи фæстæмæ исæздахтæй æ райгуræн гъæумæ. 1947 анзи ба æхецæн бийнойнагæн æрхудта Батæрти Тæйбæти æма 1956 анзи сæ цæрæнбунат æрбаййивтонцæ Чиколамæ.

Адулгери æма Тæйбæтæн исæнтæстæй цуппар кизги æма фондз биццеуи. 1961 анзи, гъулæггагæн, сæ биццеутæй еу фæммард æй (немуцаг фæшисттæй ци минитæ байзадæй, уæхæн ибæл фехалдæй).

Райгуræн бæстæ агкаг аргъ искодта Икъай-фуртæн, – лæвæрд ин æрцудæй «Фидибæсти тугъди» орден æма берæ майдантæ.

1998 анзи Икъати Сарæбийи фурт Адулгери æ цардæй рахецæн æй. Æвæрд æй Чиколай уæлмæрдти.

ТАУАСИТИ Л.

ТАУАСИТИ
Дзандари фурт Хангерий

Сталингради бунмæ тугъд нимад цæуй тæккæ егъаудæрбæл. Еци-еу рæстæг дуурдигæй кæрæдзей нихмæ лæудтæй дууæ миллион адæймагей бæрцæ. Уонæй ба еу адтæй дигорайаг Тауасити Хангерий дæр.

Æ фидæ Дзандар адтæй рæстбæлтохæг, нимади лæг. Фæммард æй уорсгвардионти къохæй.

Гъуддаг уотæ адтæй. Шкурой сæркъуæртæ Киристонгъæуи Гæмати Дасой хæдзарæмæ балæбурдтонцæ æма син фудмиутæ кодтонцæ. Сæ æртæанздзуд биццеуи син, арт кæми гургур кодта, еци пецмæ багæлстонцæ уодæгасæй, иннæ биццеуи ба сæ æхсаргæрдтæй листæг къуæхтæ никкодтонцæ. Еци æбуалгъ нивтæмæ кæсгæй, сæ мадæ Сидолæ æхе багæлста лæгмармæ æма ин бæргæ æ хорхмæ балæбурдта, фал уой дæр кардæй æркъуæхтæ кодтонцæ.

Уæдмæ сæ дзахъуламæ фæммедæг æй сæ синхонти лæг Тауасити Дзандар æма сæ хæццæ фæннихæй-нихмæ æй. Сæ еуей си кардæй бæргæ барæхуста, фал сæ тухтæ æмхузон н' адтæнцæ. Дзандар еунæг, етæ ба къуар, æма 'й мудзуратæй листæг сихирна никкодтонцæ. Еци тæхсгæ маст æ зæрдæ нæ бауорæдта Дзандари бийнойнаг Марийян æма æруатон уогæй, цубур рæстæги фæсте рацох æй е дæр æ цардæй.

Фондз æнагъон сувæллони седзæрæй райзадæнцæ æма сæ сæхемæ хæссунмæ райстонцæ сæ фиди æнсувæр Николай æма æ бийнойнаг Черкес. Хангерий ма сабий адтæй, уотемæй æй æ фиди æнсувæр Сослæмбег æ хæццæ Мæскумæ фæххудта. Мæскуй Хангерий астæугкаг скъола хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæууогæй, бацудæй Ленингради уæлдæр авиацион скъоламæ. Уой каст ку фæцæй, уæд æй æфсæдтон службæ кæнунмæ рарвистонцæ фæстæмæ Мæскумæ.

Фидибæсти тугъди рæстæги Хангерий æрвист æрцудæй Сталинградмæ æма архайдта уæлдæфон тугъдтити, бурсæг полки эскадрилий командир уогæй.

Тæккæ фиццаг бонтæй фæстæмæ Хангерий æхе равдиста арæхстгин командирæй, тас ци ’й, уой лæдæргæ дæр нæ кодта, адтæй сабурзунд æма хебæлхуæцгæ.

Райдайæни фанеринбазур хуæдтæхгутæбæл тæхгæй, мæхуонтæмæ н’ адтæй æхсæвигон тæхуни фæлтæрддзийнадæ, уомæ гæсгæ ба арæх бахауиуонцæ зениткити фатадзагъдмæ æма æрхауиуонцæ, нæ сæмæ адтæй ракетитæ, цæмæй немуцаг тæхгути цæститæмæ рохс кодтайуонцæ, мадтаræуæг бомбитæ ба хуæдтæхгутæй рагæлдзиуонцæ къохтæй, развæлгъау сæ сæ фарсмæ къæбини исцурхгæй. Бомбитæ сæмæ фагæ ку нæ уидæ, уæдта знагбæл бунмæ æркалиуонцæ къохæйæхсгæ гранаттæ. Æма кæд нæ хуæдтæхгутæ хъумац æма фанерæй конд адтæнцæ, уæддæр сæмæ адтæй хецæн хуарз минеугутæ дæр. Сæ бон адтæй, кæми фæндуй дæр æрбадун æма медæхсæвæ истæхун дæр. 1942 анз ба тæхгутæн лæвæрд æрцудæй нæуæг хуæдтæхгутæ, æндæр хузи арæзт, фиццæгти хузæнræуæг, фал цурддæр тæхагæ. Нур сæ немуц «хъумацин» хуæдтæхгутæ нæбал худтонцæ, уомæн æма сæбæл алли æхсæвæ дæр сæдæгай бомбитæ æрæгъзалиуонцæ мах тæхгутæ.

Тауасий-фурти дæлкъуар алли æхсæвæ дæр уæлдæфи уидæ 7-9 сахаттей бæрцæ, 5-6 хатти ратæхидæ алли тæхæг дæр. Сабуртæхæг У-2 нимад цудæй, раййевæн кæмæн нæййес, уæхæн хуарз хуæдтæхæгбæл. Тæхгутæ сæ берæ уарзтонцæ сæ истæхуни æма æрбадуни хумæтæгдзийнади тухæн, уæдта сæ бомбитæ евгъаугæ ке некæд кодтонцæ, нисанбæл алкæддæр ке исæмбæлиуонцæ, уомæ гæсгæ. Немуци къохи не ’фтудæй еци хуæдтæхгути аэродромтæ ниппурх кæнун, уомæн æма, цæмæй истахтайуонцæ, уомæн сæ рохсæн гъудæй æдеугурæй дуурæ дзиппидаргæ фанари.

Æхсæвигон ратахтити рæстæг Тауасий-фурт уæлдай хъæбæрдæр тæрсидæ æригон тæхгутæн. Уонæй еске уæлдæфи ку уидæ, уæд алкæддæр уидæ сæ къæдзелæрдиги æма сæ гъæуай кодта знаги хуæдтæхгутæй. Мæнæ «мессершмитт» фæззиндтæй. Тауасий-фурт æ фæсте нийййарцæ ’й, фал ма Хангерийи фæсте ба æртæ немуцаг хуæдтæхæги бафтудæй.

Мæнæ ин хуæрзхæстæгмæ уинуй æ къæдзелæ. Хангерийи сæри фæззиндтæй еу гъуди, – æ къæдзелæ ин цæвон æма уæд æнæбари дæр хаудзæй, – зæгъгæ.

Минкъий усмæ, æма æ хуæдтæхæг хæрдмæ фесхъиудтæй уæлдæфи.

– Еу бал си цæттæ ’й, – райгъустæй имæ фæстегæй е ’мбали гъæлæс. Немуцаг хуæдтæхгутæ бабæй имæ æрбалæгæрдунцæ. Хуæдтæхæги артаг кæронмæ фæуд кæнуй, знаги нимæдзæ ба фулдæрæй-фулдæр кæнуй. Ци киндæуа? Æ фæсте цуппар æригон советон тæхæги, немуц ба сæбæл æртеголæ ’нцæ. – Аци хатт дæр бабæй нихæй-нихмæ ниццæвун гъæуй, – рагъуди кодта Хангерий, æрмæст ма æхуæдæг фæййервæздзæнæй, е ба си нæбал æруагæс кодта. Æрмæстдæр еунæг гъуди зелдох кодта æ сæри: «Нуртæккæ немуцаги хуæдтæхæг ниццæвдзæй, уæдмæ иннетæ фæппурх уодзæнцæ, æма мæ фæсевæд фæййервæздзæнæнцæ». Райгъустæй тухгин дзæхст. Хуæдтæхæг Тауасий-фурти коммæ нæбал кастæй, бунмæ æ фий исаразта, уой хуæдразмæ ци немуцаг хуæдтæхæг æргæлста, уой фæсте. Хуæдтæхæг фæрсмæ никъкъолæ ’й, тæхæг æй скъæргæ нæбал кодта, фал хæр-хæрласæ...

Уæззау цæфти хæццæ бахаудтæй госпитæлмæ Тауасий-фурт. Æхебæл æ зæрдæ куддæр фæддардта, уотæ бабæй нæуæгæй æхе полкмæ æрæздахтæй æма тох кодта Сталингради.

Тугъди фæсте Хангерий нæуæгæй службæ кодта Мæскуй 954-аг авиацион полки штаби сæргълæууæгæй. 1950 анзи æй рарвистонцæ Таджикистанмæ Гиссари авиацион полки командирæй, фæстæдæр ба нисангонд æрцудæй 333-аг бурсæг дивизий штаби сæргълæууæгæй.

Тауасий-фурт отставки ку рацудæй, уæд куста Сталинабади аэропорти хецауæй, æндæр бæрнон бунæтти. 1966 анзи ба, Ташкенти ци устур зæнхæнкъуст æрцудæй, уордæмæ æрвист æрцудæй «Ташкентарæзтади» къабазæмæ. 1967 анзи Тауасити Хангерий æ цардæй рахецæн æй.

Тауасий-фурт æгæрон уарзтæй уарзта æ райгурæн бæстæ, некæд ибæл исустурзæрдæ æй. Æ еци устур уарзондзийнадæ рахизтæй æ фæдонтæмæ дæр.

БАТÆРТИ Урусбий

ЧИБИТИ
Сламæрзай фурт Хизир

Фидибæсти Устур тугъд ку райдæдта, уæдмæ Чибити Хизир адтæй фæлтæрдгун бæхбæлбадæг. 1937 анзи инсæйанздзуд лæхъуæнмæ фæдздзурдтонцæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ службæмæ, æма тугъди райдайæнмæ каст фæцæй Сталинабади 20-аг бæхгин дивизий 124-аг полки бæхбæлбадгути курситæ. Уой фæсте ма каст фæцæй анз æма æрдæги курситæ æма иссæй кæстæр лейтенант.

1941 анзи апърели кæстæр лейтенант Чибий-фурт нисангонд æрцудæй 51-аг бæхгин эскадрони командæгæнæги æнхусгæнæгæй. Тугъди фиццаг бонти сæ эскадрони командир фæццæф æй, æма командæкæнунадæ æхемæ райста.

Еу бон ба Хизир бардзурд райста, цæмæй æ дæлбарæ хъаритæй знаги бауорæдтайдæ, æма сæйраг тухтæн фæндаг лæвæрд æрцудайдæ. Мæскуй бунмæ еу гъæугæрон Хизири къуар бафтудæй еу æнæном обаумæ. Командир цуппар пулемети уотæ æрæвæрун кодта, цæмæй аллирдæмæ дæр æхсæн адтайдæ. Немуц ку æрбалæгарстонцæ, уæд сæбæл фатадзагъд исаразтонцæ. Фæстæдæр ма сæ къуарæй æрмæстдæр байзадæй 4 адæймаги. Хизир æхуæдæг æрбадтæй арæсæни æма райдæдта пулеметæй æхсун. Уотемæй, знагæн нæ бантæстæй арæсæн бæрзæндæ байсун. Ихæслæвæрд æнхæстгонд æрцудæй. Сæйраг тухтæн фадуат фæцæй сæхе æдасдæр рауæнмæ байсунæн.

Уæхæн æскъуæлхтдзийнадæ ке равдиста, уой туххæн Чибий-фуртæн исагкаг кодтонцæ майдан «За отвагу». Хизирæн еци майдан уæлдай зинаргъдæр æй, уомæн æма тугъди фиццаг дууæ анземи, лæгдзийнадæ ка равдесидæ, уонæн æстæн хатт лæвардтонцæ хуæрзеугутæ.

Тугъди хабæрттæ цудæнцæ арви нидздзæхститау, фал, гъулæггагæн, мах пайдайæн нæ уионцæ. Немуцаг фашистти æрдонгтæ хъæбæр æрбахæстæг æнцæ Ленинградмæ, нигулæн æрдиги байахæстонцæ горæттæ Витебск, Смоленск, хонсар æрдиги бахъæрттæнцæ Мелитополь, Запорожье, Красногради тугъдон ханхæмæ. Сæхе цæттæ кодтонцæ Мæску байахæссунмæ.

30 сентябри немуц райдæдтонцæ Мæскумæ æмпурсун. 3 октябри знаги танкитæ бабурстæнцæ г. Орелмæ, 6 октябри – Брянскмæ, 12 октябри ба – Калугæмæ, æрмæстдæр ноябри райдайæни бацæй нæ бон уони размæцуд бауорамун, æма сæ фæстæмæ рансонун.

– Æз айдагъ цалдæр хатти нæ фембалдтæн нæ цитгин æмзæнхон Плити Исси хæццæ, фал ма æнæгъæнæ дууæ анзи тухтæн æ дæлбарæ дæр, – зæгъуй Чибий-фурт. – Л. М. Доватор ку фæммард æй, уæд уой бæсти нисангонд æрцудæй Иссæ. Еу бон нæ Можайски бунмæ рæнгъистадæй ралæуун кодтонцæ, æма ’й уæд фиццаг хатт фæууидтон. Уой фæсте ма цалдæр хатти, фæййеу-уогæй, дзурдтан нæхердигонау.

Æ гъос лæмбунæг дардта æ дæлбарæ æфсæдтонти цигъæуæгтæмæ. Махмæ, е ’мзæнхонтæмæ, уæлдай цæстæй нæ кастæй, уойхигъд æ домæнтæ махмæ нигки карздæр уиуонцæ. Нæ «гъун» нин хъæбæр æрцæгъдидæ æнæтæрегъæдæй. Гъæр некæд некæбæл кодта, фал æй сабурæй уотæ баздухтайдæ, æма æ дзурд адæймаги цæхгæрфаст ракæнидæ. Некæд неке æфхуардта, неке дæлдæр кодта, фал нæхуæдтæ æфсæрми кодтан æ цори.

Уой фæсте ба адтæй Мæскуй зундгонд Парад 1941 анзи 7-аг ноябри. Уомæй къуæре фæстæдæр бабæй немуц нæуæг тухтæй рагъавтонцæ Мæскумæ æрбатомар кæнунмæ, фал сæ нисантæ аци хатт дæр фæггуз æнцæ. 1941 анзи 5-аг декабрмæ немуци æфсæдтæ еугур уорæд æрцудæнцæ Мæскумæ бацæуæнти. Æма еци уæлахези адтæй Чибий-фурти бæхти æфсади байвæрд дæр.

Сурхæфсæдтонтæ немуци Мæскуйæй фæстæмæ ку сурдтонцæ, еци тохти Чибити Хизир уæззау цæф фæцæй, æма ’й госпитæлмæ рарвистонцæ. Феврали кæрони ба ’й рафинстонцæ æма ’й снисан кодтонцæ 29-аг хецæн сгарæг бæхгин эскадрони командирæй. Арæх архайдта сгарæн рейдти. Калинини

бунмæ еу уæхæн тугъдон ихæс æнхæстгæнгæй бабæй Хизир нæуæгæй фæццæф æй, фал æ ихæслæвæрд ба исæнхæст кодта.

Сгарæг къуари командир уогæй бабæй Чибий-фурт фæццæф æй æртиккаг хатт. Æрмæстдæр æй нур ба 29-аг æфсæдтон госпитæли багъудæй 3 мæйи хуссун. Уой фæсте дæр ма æнæгъæнæ 4 мæйи æ бон тохун нæма адтæй. Уотемæй Чибий-фурт, тохгæнгæй, бахъæрттæй сауæнгæ Берлини уæнгæ, аллихузон бæхгин къуæрдтæн командæгæнгæй.

Чибити Хизир æртæ хатти фæццæф æй тугъди, еу хатт ба райста контузи. Фал уæддæр æнæнивæ ба н' адтæй. Бахъæрттæй сауæнгæ Берлинмæ æма Рейхстаги цæгиндзитæй еуебæл æвзалуйæй ниффинста: «Капитан Чибий-фурт уæддæр бахъæрттæй Берлинмæ», – зæгъгæ.

Чибити Сламæрзай фурт Хизирæн лæвæрд æрцудæй «Фидибæсти тугъди» I-аг къæпхæни дууæ ордени, II-аг къæпхæни орден, берæ майдантæ. Уони хæццæ æнцæ «За Отвагу», «Мæску багъæуай кæнуни тухкæй», «Варшавæ исуæгъдæ кæнуни тухкæй», «Берлин райсуни тухкæй» æма æндæртæ.

Цалдæр хатти райста Сæйраг Командæгæнæг И. В. Сталини номæй арфи гæгъæдитæ.

Чибити Хизир архайдта 1945 анзи Уæлахези Паради, ами бабæй нæуæгæй исæмбалдæй номдзуд инæлар Плити Исси хæццæ.

1945 анзи октябри Хизир – гвардий капитан, æрвист æрцудæй æ цæттæдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунмæ Мæскуй Сурхтурусахæссæг афицерти скъоламæ. 1946 анзи 26 январи ба уæгъдæгонд æрцудæй æфсæдтон службæй, е 'нæнездзийнадæ ке фæллæмæгъ æй, уомæ гæсгæ, æма фæстæмæ æриздахтæй æ райгуræн гъæу Хæзнидонмæ æ хуæртæ æма е 'нсувæртæмæ. Гъæуи коммунисттæ 'й исæвзурстонцæ сæ разамонæгæй, фæстæдæр ба Хизир куста Хæзнидони гъæусовети сæрдарæй. Уой фæсте ма дзæвгарæ æнзтæ фæккуста Ираефи райони гъæди хæдзаради.

1947 анзи Хизир æ цард баеу кодта Елхъанти Майрæни кизгæ Аминæти хæццæ. Еумæ исгъомбæл кодтонцæ кизгæ æма æртæ фурти.

ГОКЪОТИ Хаджи-Мурат

СЕОЙТИ ÆНСУВÆРТÆ

Изæйрон фæлмæ æрæмбарзта æфсæнвæндагон станци фалдзос хæдзæрттæ. Нигулæнæй искæсæнæрдæмæ ци поездтæ гъæуама раевгъудайдæ, етæ еугурæй дæр раги рандæ ’нцæ. Æрмæстдæр ма си еу ба рафæстеуат æй.

Перронбæл æзмæлæг нæбал адтæй. Æрмæстдæр ма ибæл лæудтæй еу каргун силгоймаг, фудхузгомау, сау сæрбæттæн ибæл.

Райгъустæй поезди уасунгъæр. Рельситæн сæ хъис-хъис иссудæй, фæлабулай поезди хæтæли тулфæй байдзаг æй, æппунфæстаг ба æрлæудтæй станци. Вагæнттæй рахизтæй берæ адæм, фал си силгоймаг ба агурдта, æрмæстдæр æфсæдтон дарæси ка адтæй, уони, лæмбунæг син никкæсидæ сæ цæсгæнттæмæ.

Уалинмæ поезд ранæхстæр æй, силгоймаг ба ма уæддæр лæудтæй æ медбунати. Æ билтæ гæзæмæ æзмалдæнцæ. Еци усми силгоймаг æ меднимæр кодта, æ зæрдæн æгæрон хъазар ка адтæй, еци нæмтти кой: Коля, Мишæ, Серго, Барис, Балеккæ...

Алли бон дæр Сеойти Любæ æнæрбацæугæ нæ уидæ станцæмæ, сæрдæй-зумæгæй. Сæумицъæхтæбæл фестидæ æма изæрдалингти уæнгæ æнгъæлмæ кастæй. Мæздæгæй Черноярскмæ над идард нæ ’й, фал сæ бонгай, анзгай ку ранимайай, се ’хсæн ци ампъезтæ ракодта силгоймаг аст анзей дæргъи, уæдта радаргъ уодзæнцæ. Поездтæ æрбацæуиуонцæ æма рандæуиуонцæ. Вагæнттæй рахезиуонцæ, тугъди фæндæгтæбæл мæрдвæллад ци салдæттæ ниццæй, етæ. Алли рауæн дæр сæбæл хъæбæр устур æхцæуæндзийнади хæццæ исæмбæлиуонцæ адæм. Æрмæст Сеойти фондз æнсувæремæй ба еу дæр нæ рахизтæй вагонæй, некебал си нихъхъури кодта е ’схæссæг мади.

Сауæнгæ æ фæстаг исуолæвди уæнгæ дæр ма æнгъæлмæ кастæй æ фурттæмæ незæфхуæрд силгоймаг. Сауæнгæ æ фæстаг цæсти æрцъунди уæнгæ дæр ма æ зæрдæ дардта, мæ фурттæй мин еске мæ дуар æрбахуайдзæй, зæгъгæ.

1923 анз. Гъæуи цæргутæ зеу ракодтонцæ æма æмбæрзтитæ кодтонцæ Сеойти хæдзарæ. Бæргæ уонæхсар æма бæзæрхугтæарæзт лæг адтæй Геуæрги, бæргæ кадгин æма дзурддзæугæ адтæй, фал хъисмæтæн ци загъдæуа. Æмгъудæй раздæр бацудæй е ’цæг дуйнемæ, æндæр Сеойти хæдзарæ фæккæсунгъæуагæ некæд адтайдæ. Æхе хузæн лæгæмдухæ адтæй Геуæргийæн æ цардæмбал Любæ дæр. Еумæ гъомбæл кодтонцæ æхсæз фурти æма дууæ кизги. Еци рæстæг бийнонтæ адтæнцæ берæсуваллонгин. Уомæ гæсгæ ба зин иссерæн адтæй се ’хсæн магоса, уорскъохгинтæ, се ’гас дæр фæлтæрд адтæнцæ хæдзари куститæбæл, сæхе хъиамæтæй æрзайун кæниуонцæ тиллæг, уомæ гæсгæ ба хуарз лæдæрдтæнцæ къæбæри аргъ.

Сæ фидæ ку фæззиан æй, уæд биццеути хестæр Николайбæл цудæй æдеугурæй æртиндæс анзи. Еци кари райдæдта косун будури, хестæрти хæццæ цудæй гъонгæс, мадта мадæн дæр æнхус кодта хæдзари кустити. Куст ба берæ адтæй, сæ еугурей кæстæрбæл уæд цудæй 3 анзи.

Фиццаг бакастæй уотæ зиндтæй, цума сæ фидæ Геуæрги æностæмæ цæрдзæй, фал е æндаг бакастæй уотæ зиндтæй. Геуæргий развæлгъау рамардта Фиццаг Дуйнеон тугъд. Æздæхгæ бæргæ æркодта сæрæгасæй, фал æ бауæр ба адтæй еугур цæфтæ.

Æрмæстдæр æ кæлæтдзаг хæдзарæмæ базелун ба æ бон нæбал бацæй. Еунæгæй райзадæй æ берæ цæуæт æма æ уæззау фудти хæццæ Любæ. Мæгур саугустгæнæг силгоймаг æррæстæ æ къох нивварун дæр нæ зудта, уотемæй гъомбæл кодта æ зæнæг.

Æма æ кæстæртæ ахур дæр кодтонцæ, уæдта сæ кусти хай дæр бидтæй хæдзарæбæл.

Черноярскийи колхоз арæзт ку æрцудæй, уæд имæ Сеойти бийнонтæ дæр бацудæнцæ фиццæгти хæццæ. Уæдмæ Николай æма Мишæ бадæргъомбæл æнцæ æма райдæдтонцæ шофиртæй косун. Серге ба – трактористæй. Сæ фидау адтæнцæ хуæдæфсармæ, мадзора, фал кусти ба раззаг. Мадта Балеккæ ба фæсевæдæн адтæй сæ зæрдинцойнæ.

Фæллойнадон сабат исаразун, спортивон еристæ бацæттæ кæнун, кенæ æндæр ести уæхæн гъуддæгти Балекки худтонцæ «арт, цæхæр». Сæударæй фестидæ, е ’мбæлттæбæл разелидæ æма еумæ игъæлдзæгæй ниффардæг уиуонцæ колхози будуртæмæ кустмæ. Сæ раз син неке ахæста.

Владимир, фиццаг хатт бæрзонд тиллæгæрзади фæдбæл ци преми райста, уомæй æ мадæн балхæдта гъар хизæ:

– Сæдæ анзи мин фæццæрæ, нæ мадæ, – загъта ин Балеккæ.

Уой бафæнзтонцæ иннæ æнсувæртæ дæр. Любæн æ фурцийнæй æ цæстисугтæ æруадæнцæ, уæхæн косагæ, лæгигъæдгун фурттæ ке исгъомбæл кодта, уомæй æхецæй адтæй сæрустур.

Уæдмæ сæбæл сæ синхонттæ дæр æрæмбурд æнцæ æма Любæмæ сæхе бахадтонцæ:

– Любæ, дæ фæндур райсай æма нин, зæрдæбæл ка æмбæла, уæхæн рагон цæгъдтитæ æркæнай, – зæгъгæ.

Любæ ниццагъта, Балеккæ ба æ къахи фийтæ æрсагъта æма тургъи æрзилдæй, æ фæсте иннæ æнсувæртæ дæр.

– О, Хуцау! Аци амонд нин дæ цæстæ бауарзæд, – Люби цъухæй æнæнгъæлти исхаудтæнцæ цийни дзурдтæ.

– Ам-менæ! – райгъустæнцæ кæстæрти зæлланг дзурдтæ.

Хæдзарæ амондæй идзаг, дзурдмæигъос, фæнзуйнаг кæстæртæ. Хуæздæр ма ци гъæуй нийййерæг мади.

– Биццеутæ, нæ хæдзари фарнæ æ билтæй кæлуй, æрмæстдæр си киндзитæ нæ фагæ кæнуй, – æхе бахатта æ бæдæлттæмæ Любæ. – Æнæбийнойнаг цард думгæмæдарди хузæн æй, ревæд. Æз дæр ма мæ кæстæрти-кæстæрти кæд барæвдауинæ...

Тугъди унæр ба хæстæгæй-хæстæгдæр кодта...

Еугай-дугай, кæрæдзей фæсте æрвиста мадæ æ фуртти. Уонæй алкедæр, мадæн æ цæстисугтæ сæрфгæй, дзурдта, нифситæ æвардта:

– Нæ мади хай, æрхæндæгæй ма ко! Мæнæ немуцаг цъаммарти ниддæræн кæндзинан æма дæмæ фæстæмæ зиндзинан. Нæ цард никки рæсугъддæр ке фæууодзæй, уобæл æууæндæ!

Мадæн дæр хуæздæр ци гæнæн адтæй, æ кустæфхуæрд къохтæ арвмæ исесгæй, зæрдибунæй никковидæ Хуцаумæ: «Мæ бæдæлттæ де ’уазæг, дæ фæдзæхст», – зæгъгæ.

1941 фуд анз. Тугъди цирен бахъæрттæй Киевмæ. Содзунцæ гъæунгтæ, ихæлунцæ рагон аргъауæнтæ, цæфсуй Днепри цæугæдон.

Кунæгæй-кунæгдæр кæнуй сæ нимæдзæ, Михал æма Серго ци роти тохунцæ, уонæн, фал сæ арæн ба нæ уæгъдæ кæнунцæ, цалдæр сахатти ма гъæуй æдеугурæй знаги тухтæ бауорамун, цæмæй нæхеуонтæ раеуварс кæнонцæ сæхе. Содзунцæ салдæтти цинелтæ, тайунцæ сæ цулухъти бунтæ, етæ ба хуссунцæ уæлгоммæ метбæл. Ами хуссунцæ фæрсæй-фарсмæ смоленскаг, прибалтиаг, фæскавказаг салдæттæ. Хуссунцæ Сеойти дууæ æнсувæри дæр. Фæстæдæр, 1942 анзи ба Украини æгæрон будуртæй еуеми знаги фат исæмбæлдзæй сержант Сеойти Николаййи æндон реубæл дæр. Сауæнгæ сæ фæстаг исуолæвди бонмæ дæр сæмæ æнгъæлмæ кæсдзæй сæ нийййерæг, дуар си кæд еске æрбахуаидæ, зæгъгæ.

Цæуй тугъди æртигкаг анз. Сталингради бæрзæйсæттæн цæфтæ фæстегæй райзадæнцæ. Кубани зæнхæ исуолæфтæй кæдзос уæлдæфæй фæсхъуæцæ.

Цæуй размæ, æнсæндуй, Сеойти Барис ци роти тох кæнуй, е дæр, еу станицæ, уæдта инней знаги дзæмбутæй уæгъдæгæнгæ.

Æ зæрдæ рохс кæнуй Барисæн. Рæхги еугур Кавказ дæр уæгъдæгонд æрцæудзæй. Уомæ гæсгæ лæгæрдуй размæ. Фал знаги фат æнæхатир æй. Уæззау цæф фæцæй Барис æма станицæ Крепостнойи æфсæдтон госпитæли æ цардæй рахецæн æй. Тæходуй æма Люби бон ку адтайдæ æ бæдæлтти æ реуæй багъæуай кæнун, уæд æ цардбæл, æ уодбæл нæ бааурстайдæ.

Е ба æ хæдзари алли бон дæр æнгъæлмæ кастæй æ фуртти æрæздæхтмæ...

Тугъди размæ еске Балеккæн уотæ ку загътайдæ, бастдзийнади косæг уодзæнæ, зæгъгæ, уæд ибæл æууæндгæ нæ, фал æхе ходæгæй рамардтайдæ. Еу бунати бадун ка нæ зудта, е нур ба æцæгæйдæр иссæй уæхæн косæг. Хестæр лейтенант адтæй фиццæгти хæццæ, Латвимæ знаг ку бампурста, уæд фиццаг цæф æхемæ ка райста, уонæй. Бастдзийнади взводи командир архайдта горæттæ Лиепай æма Ригæ багъæуай кæнуни тохти. Уой фæсте адтæнцæ Ленинград æма Волхови тугъдтитæ...

Мæнæ телефони тæнæг тел. Кæмидæр раскъудæй. Гъæуй æй æвæстеуатæй иссерун. Буруй æ фазæбæл Сеой-фурт. Тагъддæр... Цурддæр... Еци бастдзийнадæй берæ аразгæ æй. Мæнæ æ кæрон. Цурд косунцæ салдæттæ, цалинмæ сæ немуц нæма æрæстæфтæнцæ, уæдмæ гъæуй дуурæ кæрони баеу кæнун. Уавæр фæрræвдзæ ’й. Командир æхе райвазуй, е ’мдæрхцæ фестадæй, æ гимнастерки сæрккаг цæппæртæ рафтудта, æхсицгон исуолæфтæй. Уæдмæ ба цидæр гупп фæццудæй, æма Балеккæн æ уæргутæ бадонзонуг æнцæ, нецибал балæдæрдтæй. Кæцæйдæр идардæй имæ игъустæй: взводи командир фæццæф æй...

1943 анзи декабри еу сæумигон Сеойти колдуар кадæр бахуаста. Любæ æ медбунати никкинзелæ кодта, æ фур адæргæй къæхтæ къалостæ ергæ дæр нæбал кодтонцæ. Уæдмæ æ кизгæ Евгения фæрраздæр æй æма фендæбилæ æй.

Дуармæ лæудтæй Балеккæ, – фудхуз, ивад æма фæллад цæстингас дзорæг адтæнцæ, аци тугъдон дзæвгарæ зинвæндæгтæбæл ке рауадæй, уобæл.

Любæй не ’руагæс кодта, æ бæдолæ имæ сæрæгасæй æриздахтæй, е æма ибæл æ фуцъулуз цæнгтæ радауæ-бадауæ кодта.

Æрмæстдæр дæс бони фæцæй Черноярскийи Балеккæ госпитæли фæсте. Дæс бони фагæ дæр не ’ссæнцæ, цæмæй æ хеуонтæ, æ зонгити хæдзæрттæбæл æрзилдайдæ, уомæн.

Цубур усмау ратахтæнцæ Любæбæл еци дæс бони. Æма бабæй мæнæ нæуæгæй фæстæмæ æрветуй æ фурти тугъдмæ. Æ цæстисугæй æ развæндаг дæр нæ уинуй.

– Уæлахези хæццæ дæмæ зиндзæнæн, мам! – сдзурдта ма Балеккæ æ мадæмæ æма къæсæрæй рахизтæй.

Æрмæстдæр аци хатт фæссайдта фурт æ мади. Нæбал фæууидта уæлахез. Румыний зæнхæ знагæй уæгъдæгæнгæй, фæммард æй Сеойти Валерий. Æ мард ин байвардтонцæ гъæу Ойтози. Капитан Сеой-фуртæн Райгурæн бæстæ исагкаг кодта «Фидибæсти тугъди» II-аг къæпхæни орден.

Сеойти фондз фурти сæ сæртæ нивондæн æрхастонцæ райгурæн бæсти сæрбæлтау. О, нæбал æриздахтæнцæ. Етæ рандæ ’нцæ се ’носон фæндагбæл, – кади фæндагбæл...

САБИЙТИ ФУЙНЕ

БÆГЪАТÆР НАРТÆ

(Идарддæр. Æрмæг мухур кæнæн 2017 анзи журнал «Ирæф»-и 4-аг номерæй фæстæмæ)

Сирдони мард

Сирдон ку мардæй, уæд æ уосæн загъта:

– Æгъдау куд æй, гъеууомæ гæсгæ мæбæл сау дардзæнæ, фал дин фæдзæхсун дууæ гъудтаги: медгъун кæрцæ ма бадарæ, тæвдæ хуæруйнаги фæсте уазал дон макæд баниуазæ, – уæд дугкаг мард ракæндзæнæн.

Рамардæй Сирдон æма си æ уосæ ба арази кæми адтæй: æ царди медæгæ ин берæ зинтæ фæууинун кодта, мæстгун имæ адтæй æма фудæнæн медгъун кæрцæ фæддардта. Силгоймаги бауæр уотемæй ниссистæ ’й, исцола æй. Уой хæццæ ба тæвдæ хуæруйнаги фæсте уазал дон ниуазгæ, ку нæ ’й гъæуидæ, уæддæр æма æ коми дæндаг нæбал байзадæй.

Сирдон æ мæлæти разæй æ гъæуæн дæр бафæдзахста: «Нихæс-æнгæрон мæ ма байвæретæ». Етæ баздахтæнцæ æма ’й тæгкæ нихæси хурфи байвардтонцæ фудæнæн.

Естæбæл загъд ку цæуидæ лæгти ’хсæн, е еске æлгъетгæ ку кæнидæ, е ба æндæр ести, уæдта æууæндун ку кæнидæ еу инней, уæддæр фæлдистонцæ Сирдонæн сæхе, уомæн æма æ мард хæстæги ивæрд адтæй: «Кæд мæнгæдтæ дзорун, уæд мæ Хуцау мæнæ Сирдонæн бæхæй фæххæтун кæнæд!» Кенæ ба: «Сирдонæн фæлдист фæууо, Сирдонæн бæхæй фæххæтæ!» – æма æндæртæ. Уæд Нартæй кадæр æргъуди кодта, а Сирдонæн е ’гасæй нæбал фæразтан, нур ба ма ин æ мардæн дæр нæхе фæлдесæн, – донмæ ’й рагæлдзун гъæуй, зæгъгæ. Искъахтонцæ ’й æма ин е стгутæ дони багæлстонцæ.

Сирдони истгутæ дони ку багæлстонцæ, уæд фæстæмæ æригас æй æма исæздахтæй Нарти ’хсæнмæ. Еугур мард гæнæн н’ адтæй Сирдонæн.

Сирдон куд æригас æй

Сирдон адтæй Донбеттири фурт æма ин æ мард дони ку багæлстонцæ, уæд æригас æй. Дон æй фæлласта æма еу таграæбун сормæ рахизтæй.

Нарти гъæумæ фæццæуй æма сæмæ исхъæрттæй.

Дзоруй сæмæ:

– Уæ бон хуарз, Нарти зæрæндтæ!

Етæ дæр имæ никкастæнцæ:

– Мæнæ дессаг! А Сирдон ку æй æма бабæй ку фæззиндтæй, фусти дзоги хæццæ.

– Æгас цо, Сирдон! Цирдиги, ани кæми фæффонс кодтай? – зæгъгæ ’й фæрсунцæ Нарти зæрæндтæ.

Сирдон сæмæ дзоруй:

– Уой ба ци хонетæ? Мæнæ мæ дони ку гæлстайтæ, уæд мæ исафгæ кодтайтæ, æз ба дони рацудтæн æма, гъе, атæ фæффонс кодтон!

– Корæн ди, Сирдон, махæн дæр дæ цæстæ бауарзæд, е ба мах дæр кæд фæффонс кæнианæ.

Уæд сæмæ Сирдон дзоруй: «Цæмæннæ уин æй байамондзæнæн, нуртæгкæ дони минкъий фонс ес? Сумах дæр уæхе дони бакалетæ æма уæ цæй бæрцæ гъæуа, уой бæрцæ истæрдзинайтæ. Мæн фулдæр нæ гъудæй, æндæра истардтайнæ».

Нарти адæм, уоми к’ адтæнцæ, етæ еугурæй дæр сæхе дони бакалдтонцæ.

Сирдон дзенетмæ куд бахаудтæй

Сирдони зæрди дзахана фæййинун æрæфтудæй, тæрегъæдгунтæ кумæ цæунцæ, зæгъгæ, æма ’й Барастур дзаханамæ бахудта, æма ин фиццаг уой фæййинун кодта, уæдта ’й дзенетмæ бахудта, æма ин алци фæййинун кодта. Уæдта фæстæмæ ку раздахтæнцæ, уæд Сирдон еци хийнæ æримиста æма æ басмухътæ дзенети ниууагъта, æма, æндæдуар ку фæцæй, уæдта загъта:

– Æллах, æллах, мæ басмухътæ ку байронх дæн!

Барастур ин зæгъуй:

– Æз дин сæ радавдзæнæн!

Сирдон ба: «Нæ сæ иссердзæнæ, мæхуæдæг сæ радавдзæнæн», – зæгъгæ.

Æма ку фæммедæг æй, уæд ибæл дуар рахгæд æй, æма уоми æгасуодæй байзадæй. Кæд Нартæн берæ фудæбæнттæ фæййинун кодта, уæддæр æ зæрдихатт хуарз адтæй.

Фудиронхгæнæн дор

Нартæн бæстæзнаг æма адæмæзнаг некæмибал байзадæй. Сæ хъал бон кæбæл калдтайуонцæ, уæхæн нæбал ирдтонцæ. Уой адæбæл кæрæдземæ итинггæнгæ цудæнцæ, гегæ кæнун байдæдтонцæ. Дзурд дзурдбæл нæбал бадтæй, се ’хсæн федуд нæбал адтæй. Кæрæдзей æлгъистонцæ изæдтæ ’ма идаугути аммени сахати.

Хуцаумæ сæ кувд фæйнæхузи хæссун байдæдтонцæ. Хуцау ба син сæ миутæ Æносон Киунуги финста. Æгæр ку кодтонцæ, уæд сæмæ Уасгергий ниммийнæвар кодта.

Уасгерги Нартæмæ æртахтæй, æ сугъзæрийнæ базуртæй уацæ рохс уадзгæй, æма син загъта: «Ци кæнтæ, куйти Нартæ?! Хевидхуар ун уин агкаг ку нæ ’й! Фæццотæ Фудиронхгæнæн Дормæ æма уæ тæрегъæдтæ исесетæ, уæдта ци уа, е уодзæнæй!»

Уотæ исдзоргæй, Уасгерги арви æрфитæмæ ниффардæг æй.

Еци Дор ба уæхæн дессаги Дор адтæй, Нартæн сæ уоди фарнæ уой медæгæ æвæрд куд адтæй, уомæ гæсгæ. Тæрегъæдгунтæ, фæсмонгæнгутæ, устурвудонтæ æма уæззау сæйгитæ имæ цудæнцæ агъазмæ. Уотемæй и Дор æхуæдæгка, мæститæй æма риститæй идзагæй, туппурæскъудтæ ниууидæ.

Гъема и Нартæ нирраст æнцæ Фудиронхгæнæн цъæх Дормæ, æма æ цори нистадæнцæ. Дор сæмæ фæсмони уагæй неци æрæстæфтæй, мæстæй æ бунтæй низмалдæй æма фæрки-фæркгай ниццæй. Уой адæбæл сæ æхемæ æнгæрон не ’руагъта. Нарти адæм ба, устуртæ дзоргæй, æздахтæнцæ сæ хæдзæрттæмæ.

Нарти тох Хуцауи хæццæ

Нарти адæм ку исхъал æнцæ, уæд Хуцауи хæццæ буцæу кæнун байдæдтонцæ. Сæ хæдзæртти дуæртти тæрвæзтæ нæбал кодтонцæ, Хуцау нæ æхецæн ковун æнгъæл уодзæнæй, зæгъгæ, дуæрттæбæл бацæугæй нæ сæр ку рагубур кæнæн, уæд. Сауæнгæ ма уой дæр сæ сæрмæ нæбал хастонцæ.

Уотемæй сæхебæл Хуцауи зæрдæ фæхходун кодтонцæ.

Стонг æнзтæ сæбæл растадæй. Зæнхæбæл тиллæги муггаг нæбал задæй. Айдагъ ма син æхсæвигон уæларвбæл разиннидæ хуар, цирагъи хузæн содзгæ. Нарти адæм сагъиндахъæй æхстонцæ еци хуар æхсæвæй æма ин бонæ ба æ нæмуг уигътонцæ, æма уомæй ма цардæнцæ...

НÆ ФИДДÆЛТИ ИСТОРИЙÆЙ

ЦАКЪОТИ Руслан

ТЪÆПÆН ДИГОРИ ÆХСÆНАДÆ

(16-аг – 19-аг æностæ)

19-аг æноси райдайæни уæнгæ дигорон адæм сæйрагдæр цардæнцæ Дигоргоми. Фал сæ цалинмæ тæтæр-манголтæ нæ ниссастонцæ, уой агъоммæ ба алантæ-дигорæнттæ ахæстонцæ дзæвгарæ бунæттæ – Нигулæн Аланийæй ба сауæнгæ Кубани сæргкаг рауæнтæмæ. Куд Цæгат Иристони иннæ рауæнти, уотæ Дигори æхсæнадæ дæр ирæзун æма федар кæнун райдæдта 15-аг æноси кæрæнтти. Фиццаг Дигорæ дех кодта дууæ хаййебæл: Тъæпæн Дигорæбæл æма Устур Дигорæбæл.

Вахушти куд финсуй, уомæ гæсгæ ба 18-аг æноси Дигорæ дех кодта цуппар хаййебæл: Тъæпъæн Дигорæ, Уæллагком, Стур-Дигорæ æма Донифарси зилд. Фиццæгтæн æлдареуæг кодтонцæ – баделиатæ, дугкæгтæн – Цæргæсатæ, Донифарсæн ба – Гагуатæ.

Дигоргоми тæккæ устурдæр æхсæнадæ адтæй Тъæпъæн Дигорæ. Е ахæста комидумæгæй ба Фæснæли уæнгæ, Ирæфи рахесфарс цидæриддæр зæнхитæ адтæй, уони. 1884 анзи си адтæй 12 гъæуи æма си цардæй 245 хæдзари. Цæргути нимæдзæ хъæрттæй 2184 адæймагемæ, сæ зæнхити гæппæлтæ ба 236 дæстини.

Археологон раертæститæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй Тъæпæн Дигори берæ ес материалон культури циртдзæвæнтæ. Уони еу хай хауй бронзи, иннетæ скифаг-аланти догæмæ.

Берæ бунæттæ ба си баст æнцæ сауæнгæ Нарти тауæрæхъти хæццæ дæр. Е ба дзорæг æй, ами рагæй ардæмæ дæр адæм ке цардæй, уæдта Дигори æхсæнадæ ами ке ирæзтæй, уобæл. Уобæл дзорæг æнцæ баделиати хæццæ баст хабæрттæ дæр.

Тауæрæхъмæ гæсгæ Бадели Дигоргоммæ ку æрбафтудæй, уæд æрбунæттон æй Мæхчески. Мæхческæ еци рæстæг нимад адтæй Тъæпъæн Дигори астæубунатбæл, æма ин адтæй устур нисанеуæг æгас Дигоргоми æхсæн дæр. Аци гъæу устур нимади адтæй алантæмæ дæр. Уомæн æвдесæн æнцæ, ци берæ алайнаг циртдзæвæнтæ си ес, уæдта царцати уæлмæрдтæ æма Къубуси тегъæбæл Абисалти цæрæнтæ æд устур мæсуг, етæ дæр.

Еци мæсуги фæлабулай раги кæддæр адæм ке цардæй, е бæрæг æй уомæй æма си абони уæнгæ дæр байзадæй хæдзæртти ихæлдзæнтæ. Еци рауæн æрцардæй Бадели, адтæй ин æртæ фурти: Абисал, Туйгъан æма Хъубади. Фæстæдæр сæ муггæгтæ сæхе номбæл искодтонцæ æма си равзурдæй зундгонд муггæгтæ: Абисалтæ, Туйгъантæ æма Хъубадтæ.

Зундгонд профессор Б. А. Скитский куд финста, уомæ гæсгæ Дигоргоми æлдареуæг ка кодта, етæ адтæнцæ авд муггаги: Туйгъантæ, Абисалтæ, Хъубадтæ, Хъарадзаутæ, Хъабантæ, Битутæ æма Чегемтæ.

Вахушти (18-æнос) Дигори хонуй баделиати бæстæ, уæлдæр ранимад муггæгтæ ба адтæнцæ гъæздугутæбæл нимад. Уонæй алкæмæн дæр Дигоргоми гъæути адтæй сæ дæлбарæ ихуæрститæ. Тауæрæхъмæ гæсгæ Бадели фиццагдæр хатт Дигоргоми фæззиндтæй 800 анзей агъоммæ, иннæ тауæрæхъмæ гæсгæ ба 18-аг æноси.

Еу тауæрæхътæмæ гæсгæ Бадели адтæй Мадзарæй, иннемæ гæсгæ ба Венгрийæй. В. Ф. Миллер æма М. Ковалевский ци тауæрæхътæ ниффинстонцæ, уонæмæ гæсгæ ба Бадели адтæй Ассийæй. Уоми ма ин адтæй æнсувæр Басиат, цардæнцæ цæугæдон Хъуми билгæрон. Фæстæдæр фæххецæн æнцæ æма Басиат цæргæ байзадæй Кунимай æма иссæй æссон æлдæртти рагфидтæл, Бадели ба æрбафтудæй Дигоргоммæ. Иннæ тауæрæхъмæ (1870 анзи Пфаф ке ниффинста), уомæ гæсгæ ба дигорæнттæ рацудæнцæ, æ ном Дигор кæмæн хундтæй, уæхæн лæгæй. Æ фурт Дзамболат æрцардæй Ирæфи къабазæ Дигордони билгæрон, уой фурт – Астан ба æхецæн

галауан исаразта Мæхческæй нигулæнæрдæмæ Къубуси тегъæбæл æма уоми цардæй.

Собити И. ци тауæрæхътæ финста, уонæмæ гæсгæ ба дигорæнтти рагфидтæл адтæй Астан. Уой фурт Дзамболатæн ба адтæй æртæ фурти: Гагуа, Æргъæца æма Гулон.

Фиццагæй исæнтæстæнцæ Донифарси уæздæнттæ – Гæгуатæ, иннæ дууемæй ба Тъæпæн Дигори æхсæнадæ. Ес ма еу тауæрæхъ дæр (ниффинста æй Калоти Б.). Уомæ гæсгæ Дигори рагфидтæл адтæй Астан. Е æрцардæй Мæхчески, æхецæн бийнойнагæн æрхудта нузайлаг Мзокти кизги. Уомæй ин исæнтæстæй аст фурти æма уонæй исæвзурдæнцæ Дигоргоми цæрæг адæм.

Цалинмæ баделиатæ æлдареуæг кæнун нæма райдæдтонцæ, уæдмæ Дигорæ адтæнцæ сæребарæ адæм, адтæй сæмæ республикон цардарæзт. Сæхе æхсæнæй исæвзаруонцæ хуæрзæгъдаудæр æма бæгъатæрдæрти тæрхони лæгтæн. Уотемæй сæ æййевгæ цудæнцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Фал баделиати фæндæ ку æрфедар æй, уæд сæ нæбал æвзурстонцæ. Баделиатæ Дигоргомæн æфцæггæс ниллæудтæнцæ æма сæ гъæуай кодтонцæ адæгон лæборгутæй. Бунæттон цæргутæ син лæвардтонцæ хуæруйнаг, фонс сæ кусти миздæн. Фæстагмæ сæхебæл фæххуæстæнцæ æма сæхуæттæ тухæ кæнун райдæдтонцæ адæмæн. Уотемæй исæлдар æнцæ æгас Дигорæн дæр.

Цидæриддæр зæнхи гæппæлтæ адтæй хумзæнхæй, игуæрдæнæй, фонси хезнæй, етæ се ’гас дæр адтæнцæ уони къохи.

Уотемæй 19-аг æноси райдайæни уæнгæ Дигори æхсæнадæ дех кодта дууæ хаййебæл: æлдæртæ æма косгутæбæл:

1. Баделиатæ, Цæргæсатæ, Гагуатæ.

2. Хехезтæ, фæрсæгтæ (фæрсаглæгтæ), хъумайæгтæ æма кæвдæси игурдтитæ, цагъартæ.

а) Хехезтæ адтæнцæ æндæр рауæнтæй æрбацæуæг, адтæнцæ сæребарæ адæм;

б) Фæрсаглæгтæ дæр адтæнцæ æндæр рауæнæй æрбафтуйæг адæм, зæнхкосгутæ, фал бустæги сæребарæ ба н’ адтæнцæ;

в) Хъумайæгтæ æма кæвдæси игурдтитæ адтæнцæ æлдари номбæл уоси цæуæт. Етæ комкоммæ адтæнцæ æлдари дæл-

барæ. Æлдари бон син рауæйæ кæнун н' адтæй, фал æ бон адтæй уони нæмун, æфхуæрун.

г) Цагъартæ ба бустæги æгади бунати адтæнцæ.

Æлдари бон адтæй æ цагъари рауæйæ кæнун, куд ести дзаумау, уотæ, кенæ ба сæ ескæмæн балæвар кæнун, æ бон адтæй уони нæмун дæр. Сæ уæззау хъиамæтбæл син федгæ неке неци кодта, кустонцæ æрмæстдæр губуни хуæрдæбæл.

Цагъайраги бон н' адтæй бийнонтæ искæнун, уотемæй ин æнæзакъонæй ка сæнтæсидæ, етæ ба бахауионцæ комкоммæ æлдари дæлбарæмæ.

Устур-Дигори æхсæнадæ

Устур-Дигори æхсæнадæ ахæста Дигоргоми Ирæфи фæлабулай уæллаг хæйттæ. Мæцутæй ба сауæнгæ цъететæмæ хъæрттæнцæ æ арæнтæ. Æ ном баст æй гъæу Устур-Дигори хæццæ. Æма æцæгæйдæр 1884 анзи Устур-Дигори гъæу адтæй медком тæккæ устурдæртæй еуебæл нимад. Адтæй си 67 хæдзари, цардæй си 883 цæрæги. Нигулæнæрдиги Стур-Дигори арæнтæ еу кодтонцæ Ассий хæццæ, хонсарæрдиги ба Гурдзий хæццæ. Дех сæ кодта Таймази æфцæг.

Устур-Дигори адтæй фондз гъæуи: Стур-Дигорæ, Одола, Москæ, Æхсæргин æма Къуссу.

Ами дæр цæргутæ дех кодтонцæ фондз хаййебæл. Фиццæгтæмæ хаудтæнцæ æлдæрттæ – Цæргæсатæ, дугкæгтæ – уæздæнттæ, æртигкæгтæ – хъумайæгтæ, цуппæрæймæгтæ – хехезтæ æма фæстæгтæ – цагъартæ, косгутæ. Цæргæсатæ кутемæй сæнтæстæнцæ, уобæл ес цалдæр тауæрæхъи.

Цæргæс æрбафтудæй Дигорæмæ æма берæ фæххаттæй гъæдти, æрдозти æхецæн цæрæнбунат агорæг. Фурфæллад æма фурæстонгæй æ бон нæбал адтæй æма кæрдæгбæл æдухæй æрхъан æй. Еци рæстæг æ хуæдсæрмæ рацæйтахтæй устур цæргæс, æ дзæмбути зумаргъ, уотемæй. Уæдмæ зумаргъ æ дзæмбутæй фæууæгъдæ 'й æма тæккæ Цæргæси къæхтæмæ æрхаудтæй. Уотемæй фæййервазтæй стонгæй лæг æма еци рауæн æрбунат кодта. Фæстæдæр си æхецæн хæдзарæ исаразта æма бийнонти гъуддаг бакодта. Куд фæстæмæ, гъæу

идзаггæнгæ цудæй фæрсаг гъæутæй æрбаледзгутæй æма си адæм, хæдзæрттæ нибберæ æнцæ.

Цæргæси иннæ æнсувæр Шарваш ба Абхазимæ рафтудæй æма иссæй зундгонд муггаг Шарвашидзей рагфиддæл.

Цæргæсæн адтæй æртæ фурти: Хъæрæбугъа, Таймаз æма Хъантемур. Уонæй ба исæвзурстæнцæ хецæн муггæгтæ: Хъæрæбугъатæ, Таймазтæ æма Хъантемуртæ. Иннæ тауæрæхъмæ гæсгæ ба Стур-Дигорæмæ æрбафтудæй гурдзийæй æртæ æнсувæри: Цæргæс, Хæмиц æма Азнаур. Ами син Астанти Дзамболат зæнхи гæппæлтæ радех кодта. Тауæрæхъмæ гæсгæ Цæргæс адтæй сабур лæг. Стур-Дигорæй некумæ цудæй. Нæуæггъæуæй æхецæн бийнойнаг æрхудта æма зæнхи, фонси куст кодта. Хæмиц æма Азнаур ба æстæйрон лæгтæ адтæнцæ, арæх цудæнцæ балци.

Азнаур æхецæн цæрæнбунатæн равзурста Кæсæги бæстихай æма уордигæй рацудæй Азнаурти гъæздугути муггаг.

Хæмиц дæр арæх цудæй Кæсæгмæ, æхецæн æрхудта уосæ Тасолтантæй еу æлдари кизгæ, фал æй æ бийнойнаги æнсувæртæ рамардтонцæ. Ес ма æндæр тауæрæхътæ дæр Цæргæсати туххæн.

Цæргæсатæ ци устур бунат ахæстонцæ, уомæн æвдесæн æй мæнæ ауæхæн гъуддаг дæр: 18-аг æносæй фæстæмæ Цæргæсатæ адтæнцæ гурдзиаг паддзæхтæ, Багратионити хæццæ æмцæдесон æндæр бæститæй æрбалæборгути нихмæ. Уомæ гæсгæ ба син гурдзиаг æлдæрттæ берæ аллихузон зинаргъ дзаумæуттæ балæвар кæниуонцæ.

Хуæдехуарзæй байахæстонцæ Хæреси хезнитæ. Етæ ахæстонцæ 3370 дæстини æма адтæнцæ хуарз игуæрдæнтæ æма фонсхезнитæ.

1861 анзи райарæзти фæсте Дигори æлдæрттæн сæ фулдæр бартæ ист æрцудæнцæ. Уони хæццæ адтæнцæ Цæргæсати æлдæрттæ дæр. Сæ еу хай фæллигъдæй Туркмæ, иннетæ ба ма сауæнгæ 20-аг æноси райдайæнмæ дæр тох кодтонцæ сæ фиццагон бартæ райсунбæл.

Донифарси æхсæнадæ

Донифарси æхсæнадæ æвæрд æй Дигоргоми цæгат-нигулæнæрдиги. Скæсæн æрдиги æнцæ Задæлескæ æма Нари арæнтæ, Ираæф, хонсарæрдиги – Билæги ком, цæгатварс – хуæнхтæ, Уаза, Хæзникоми рахесфарс зæнхитæ.

Донифарси зилди адтæй æртæ гъæуи: Донифарс, Къумбултæ æма Лезгорæ. Нимад æнцæ бунтон рагон гъæутæбæл. Уомæн æвдесæн æнцæ, абони уæнгæ ма си ци рагон уæлмæрдтæ, обæйттæ, циртдзæвæнтæ, федæрттæ æма галауантæ байзадæй, етæ.

Куд дзорунцæ, уотемæй рагдзамани аци зилди цардæй Царцати адæмихат. Еминæ ку систадæй адæмбæл, уæд сæ фулдæр фæццагъди æнцæ нез æма æстонгæй. Обæйтти циуавæр адæмихат æвæрд æрцудæй, уой неке зонуй.

Истори куд зæгъуй, уомæ гæсгæ аланти бæстихæйттæмæ рагæй фæстæмæ дæр арæх лæбурдтонцæ æндæр адæмихæттитæ: гуннтæ, тæтæр-мангойлæгтæ, кипчактæ, ногъайæгтæ, 1395 анзи ба къулух Тимур.

Тимури æрдонгтæ нæ бааурстонцæ Дигоргоми гъæутæбæл дæр, уомæ гæсгæ ба Донифарси зилди еу рæстæгутæ цæрæг нæбал адтæй. Фæстæдæр Донифарс, Къумбултæ æма Лезгорæмæ алли рауæнтæй ледзун райдæдтонцæ адæм. Ардæмæ æрбафтудæнцæ Ассийæй, Гурдзийæй æма æндæр рауæнтæй дæр. Уотемæй гъæутæ нийвулдæнцæ æма кодтонцæ сæребарæ цард. Зилди æртæ гъæуей цæргутæ дæр æмхузонæй райстонцæ пусулмон дин, уомæ гæсгæ ба сæ царди уагæ дæр фендæрхузон æй. Иннæ дигорон гъæути хæццæ сæ рахастдзийнæдтæ уотæ федар нæбал адтæнцæ æма се ’хсæн арæх рауаидæ хъаугъатæ, буцæутæ.

Цалдæр æносей дæргъи кодтонцæ хуæдбарæ цард, нæ хæлæмулæ кодтонцæ иннæ адæмти хæццæ, хъалон нæ фистонцæ баделиатæ æма Цæргæсатæн, сæхемæ æнгæрон нæ уагътонцæ æндæр æлдæрттæ æма æрбацæуæг адæм. Æндæр хузи арæзт адтæй сæ царди уагæ дæр. 18-аг æноси, В. Штедер Дигоргоми бæлци ку адтæй, уæд финста: «Донифæрсæгтæ иннæ адæнти хæццæ нæ хæлæмулæ кæнунцæ, ес син сæхе сæрмагонд цардарæзт».

1807–1808 æнзти академик Ю. Клапрот Дигоргоммæ балци уогæй, донифæрсæгти тухχæн уотæ финста: «Ираæфи уæлвахс, донифæрсæгтæ æма лезгойрæгтæ иннæ дигорæнттæй игъаугидæр цæрунцæ еппардæй, багъæуай кодтонцæ сæ хуæдбарæдзийнадæ, хъалон нæ федунцæ баделиатæн. Багъæуаги сæхе гъæуай кæнунцæ сæ федæртти».

Донифарси æхсæнадæмæ, æнæуой хуæдбарæ уогæй, адтæй сæхе гъæздугутæ Гагуай цæуæтæй исæнтæсгæ: Кобегкатæ, Хъабантæ, Хъанухътæ, Найфонтæ, Алийтæ, Асетæ, Хорантæ æма Елбийтæ. Еци муггæгтæ æлдæрттæ н' адтæнцæ, фал уæздæнттæбæл нимад уогæй, дзæвгарæ рæстæг унафгæр адтæнцæ иннæ муггæгтæн. Етæ иннæ донифæрсæгтæй дзæвгарæ бонгиндæр адтæнцæ æма сæмæ бунæттон цæргутæ игъустонцæ.

Дигоргоми 17-аг æноси уæнгæ æвзурст ка цудæй, уони нæмттæ:

Тъæпæн Дигори

Дигор-Хъамболат
|
Гулон Гормон — Дигор – Æргъæй — Дигор Хъабан —
Айдарухъ — Астан
|
Тæрæз (Тæрæзонтæ) – Дзандар (Астантæ)
|
Астанти Дзамболат
|
Бадели
|
Абисал, Туйгъан, Хъубади

Стур-Дигори

Цæргæс
|
Хъæрæбугъа, Хъантемур, Таймаз

Донифарси

Гагуа (Гагуатæ)
|
Хъанухъ — Кобек — Хъабан — Али —

Асе — Хоран — Елбий

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ДЗИДЗОЙТИ Валерий,
историон наукити доктор,
профессор

ЗИНВÆНДÆГТÆБÆЛ РАЦÆУÆГ



Бесати Урусбийи фурт Тазе (1910–1981 æнзтæ), Аркъаути хуæрифурт.

Тазе райгурдæй 1910 анзи 27 июни, Цæгат Иристони Дигоргоми Мæстиноки гъæуи зæнхкосæги хæдзари. Тазейæй уæлдай ма Урусбийи хæдзари ирæзтæнцæ хуæртæ æма æнсувæртæ: Урузмæг, Сатана, Заурбег, Хъаурбег, Данæ, Сапархан, Аминæт, Аслæнгери æма Мæдинæ. Се ’гасей кæстæр адтæй, федæни зундгонд ирон финсæг Тазе. Финсæг арæх æ уадзимисти буни бафинсидæ фæсномуг «Бестау». «Бес» - æ муггаги райдайæни æртæ дамугъай, «та» – æ номи фиццаг дууæ мури æма «у» ба æ фиди номи фиццаг дамугъа.

Зин æма гургъахъ фæндæгтæбæл рацудæй Тазе, уомæн æма ци доги цардæй, е айдагъ вазуггин н’ адтæй, фал ма адæймаги цардæн дæр тæссаг адтæй.

1917 анзи революци. Граждайнаг тугъд, нæуæг экономикон политикæ, æстонг, æгудзæг æнзтæ, гъæууон хæдзаради коллективизаци, Советон Цæдеси тæккæ устурдæр æма зиндæр фæлварæн – Фидибæсти Устур тугъд, ихæлд промышленност æма адæмон хæдзарадæ æ фæсте къæхтæбæл ислæуун кæнун æма уотæ идарддæр.

1956 анзи адтæй СЦКП-й ХХ-аг съезд, уæдта СЦКП-й ЦК-и историон пленум. Уоми лæмбунæг æвзурст æрцудæнцæ И. В. Сталини политикон рæдудтитæ. Еци рæстæгути айдагъ Тазе не ’рцудæй æстъæлд, фал берæ мингай советон дзиллитæ дæр. Етæ баст адтæнцæ советон æхсæнади демократизацион змæлди хæццæ. Уони сæргъи лæудтæй Н. С. Хрущев. Идзаг сикъайæй кæлæгау калдæнцæ æхсæнадæбæл еу рæдуд инней фæсте, æнæрагъудигонд унаффитæ. Зæгъæн, 1954 анзи Хъирим бафтудæй Украинæмæ. Н. Хрущеви рæстæг федар нихкъуæрд цудæй сæребарæ æма æндæр хузи гъуди кæнуни фæззиндтитæн. 1962 анзи æхст æрцудæнцæ г. Новочеркасски демонстраций архайгутæ. Еци рæстæг советон интеллигенций скасти барæ нæбал адтæй, нæбал адтæй æргом сдзурди барæ дæр адæми.

Уæддæр абони ба Н. С. Хрущев цæмæдæргæсгæ нимад цæуй демократий сæрбæл хуæцæгбæл.

ССР Цæдеси разамунд еци рæстæгути æ фий тъунста фæсарæйнаг хуæдбарæ паддзахæдти медгъуддæгти. Уомæ гæсгæ ба нæ рахастдзийнæдтæ фæннихмæвæрд уиуонцæ æндæр фæсарæйнаг паддзахæдти хæццæ. Зæгъæн, Венгрий 1956 анзи ци цаутæ æрцудæй, кенæ 1961 анзи Берлини æма 1962 анзи Кариби тæссаг цаутæ. Н. С. Хрущев æвардта зæрдитæ адæмæн: «Америкæ раййафун æма ’й нæ фæсте фæууадзун», «1980-аг анзмæ ССР Цæдеси коммунизм исаразун». Æ рæдудтитæн банимайæн дæр нæййес.

Фæстæдæр Л. И. Брежнев нæ паддзахади сæргъи ку æрлæудтæй, уæд уавæр еу цæйдæрбæрцæ æ гакки сбадтæй. ССР Цæдеси миллионгай адæмтæ сæ реуидзаг исуолæфтæнцæ, кæд бæсти уавæр ма нерæнги вазуггин адтæй, уæддæр, ахсгиаг лухгæнуйнаг фарстатæ минкъийдæр нæ фæцæнцæ.

Гъе, уæхæн уавæрти айдагъ цæрун нæ гъудæй, фал ма сфæлдистадон куст кæнун дæр. Еци æнзти киунугæ рауадзун хъæбæр зин гъуддаг адтæй. Берæ партион-идеологон цæлх-

дортæ лæудтæй сфæлдистадон косгути цори, мадта цензури цæстдард дæр минæгдæр нæ кодта.

Нуриккон æригон финсгутæ, журналисттæ æма ахургæндтæ мæлæти тагъд феронх кодтонцæ, евгъуд æнзти ци дирзæг уаварти кустонцæ нæ сфæлдистадон интеллигенций хестæр мийнæвæрттæ, еци рæстæгутæ.

Фал сæ Тазе ба æ зæрдæбæл хуарз бадардта, цидæриддæр зиндзийнæдтæ, æхгæд фæндæгтæ æма сæрæй рауадзгæ, хатгай æдули, кенæ ходæг унаффитæ рацæуидæ, уони.

Æма кæд цийфæндуй къохтæ æма къæхтæбæттæг унаффитæ уиуонцæ, уæддæр сæ гъудæй æнхæст кæнун царди, кенæдта адæймаг æфхуæрд баййафтайдæ.

Гъе, уæхæн нихмæвæрд уаварти ирæзтæй æма федар кодта Бесай-фурти характер.

Æз Бесати Тазей лæгæй-лæгмæ хуарз фæсмардтон, кæд ми е дзæвгарæ хестæр адтæй æнзтæй, уæддæр.

Евгъуд æноси 70-аг æнзти мин фадуат фæцæй æ хæццæ базонгæ унæн. Зонгæ ба бацан журнал «Мах дуг»-и редакций. Нæ ’й римæхсун, уой агъоммæ дæр мæн рахаст Таземæ адтæй хъæбæр хуарз, кадгин æма бæрзонд æвæрд адтæй мæ цæсти. Хуарз зудтон, æ царди берæ зинтæ ке бавзурста, берæ æнæраст тæрхæнттæ ке баййафта æ сæр, уой. Фал уæддæр Тазе адтæй, æригон советон литератури авдæнæ ка узта райдайæни, уони астæугкаг цæгиндзитæй еу. Берæ хæттити фегъосинæ нæ зундгонддæр интеллигенций мийнæвæрттæй Тазей устур æскъуæлхтдзийнæдти туххæн, æ федар æма æнæййевгæ цæстингаси, æ уоди, лæгдзийнади туххæн, дзубандитæ. Ка ’й зонуй, мæ гъудитæ кæмидæр раст уиуонцæ, кæмидæрти ба рæдудтæн, фал мæ зæрди ба Тазе байзадæй оригиналон, устур, æ царди кæронмæ æ цæстингас ка некæд исæййивта æ принциптæбæл, уæхæн финсæгæй.

Алли хатт дæр, кæми «Рæстдзинад»-и, кæми нæ республики финсгути Цæдеси, кенæ наукон конференцити ку фембæлианæ, уæд архайдтон æ хæццæ Дур-Дури, кенæ Туйгъанти муггаги туххæн лæмбунæгдæр радзубанди кæнунбæл. Зудтон æй, еци хабæрттæ е мæнæй берæ хуæздæр ке зудта, уой. Алкæддæр мæ деси æфтудтонцæ æ хебæлхуæцундзийнадæ, æ арфгъудикæнунадæ, уæдта, дигорон адæни истори цæйбæрцæбæл хуарз зудта, е. Хъæбæр мæ фæндæуидæ мæ

зундгонд æмзæнхони 30–50-аг æнзти туххæн бафæрсун, кенæ æвудæй адæми ку ахæстонцæ, уоци хабæрттæ бæлвурддæр базонун, фал имæ некæд бандиудтон. Фæндæ мæ уидæ, еци рæстæгути зундгонд ирон финсгути æма ахургæндти хъисмæт уотæ трагикон цæмæ рауадæй, уой анхосæгтæ бæлвурддæр базонун, фал си æфсæрми кæнинæ. Фæндæ мæ адтæй базонун, æхуæдæг еци финсгути ’хсæн «сау номхигъдмæ» цæмæн æма цæй туххæн бахаудтæй, уой дæр æхе цъухæй фегъосун.

Нигки хъæбæрдæр ба мæ деси æфтудта дигорон æвзаги хъисмæт, гъома, мæхуæдæг дигорон ке дæн, айдагъ уомæ гæсгæ нæ, фал куд профессионалон историк, уотæ гъæуама лæмбунæгдæр зонон, еци фарстай хæццæ баст «сосæг æма листæг» гъуддæгтæ.

Берæ дзурддзæугæ адæймæгтæй фегъустон, Бесати Тазей хузæн сфæлдистадон косгутæ карз æфхуæрд ке баййафтонцæ, дигорон æвзагбæл сæ финсун ке фæндадтæй, уой туххæй, еци хабæрттæ.

Уогæ, «дигорæнттæ-ирæнтти» фарста абони дæр ма берæ кедæрти зæрдитæ æнцад косун нæ уадзуй. Нæ æвзагертасгутæ абони дæр дигорон æвзаги хæццæ баст фарста ниллух кæнуни гъуддаги еу хатдзæгмæ нæма æрцудæнцæ. Абони дæр ма ирон интеллигенций еуæй-еу мийнæвæрттæй фегъосæн ес, гъома, Дигорæ æма дигорæнттæ «сосæг бадзурд» аразунцæ еумæйаг Иристони нихмæ, зæгъгæ. Ке зæгъун æй гъæуй, е рæдуд гъуди æй, æма ин æ анхосæгтæ æндæр фæзи агорун гъæуй.

Тазей хæццæ цал хатти фембæлинæ, уал хатти мæ фæндидæ лæмбунæг æй бафæрсун, еци лухгæнуйнаг фарстай туххæн ци зонуй æцæгдзийнадæй, уобæл. Цæмæдессаг мæмæ кастæй, куд æма ци хузи æфхуæрд æййафта Тазе еци гъуддаги фæдбæл, е дæр. Фал еци фарстатæ дæттæ уæхæн цитгин хестæрмæ, нигки ба ма ирон литератури уодæгас классикмæ, е мæмæ аййев нæ кастæй.

1979 анзи æз Тазей хæццæ фембалдтæн журнал «Мах Дуг»-и редакций. Тазе æнгъæлмæ кастæй кæцидæр финсæги æрбацудмæ æма нин дзæвгарæ рæстæг фадуат фæцæй æ хæццæ радзубанди кæнунмæ. Уæхæн уаварæй гъæуама куд нæ испайда кодтайнæ.

Нæ дзубанди райдæдтан Дур-Дури гъæуи историй хæццæ

баст фарстатæй. Ба ин лæдæрун кодтон, мæ зæрди ке ес нæ гъæуи истори ниффинсун, æрмæст уæлæнгай дзубандитæй нæ, фал адæмæн зæрдæмæдзæугæ куд рауайа, ци фарстатæбæл си цæуа дзубанди, етæ цæмæдессаг куд уонцæ, еци хузи.

Еци хъæппæрес Тазей зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй æма ’й хуарзбæл банимайгæй, куд фæстæмæ нæ дзубанди рахизтæй дигорон æвзагбæл уадзимистæ финсуни фарстамæ.

Æз имæ равардтон фарста: «Ирон æма дигорон æвзæгтæ зонуни ести хецæндзийнæдтæ ес», – зæгъгæ, æма мин дзуапп равардта: «Æз дууæ диалектебæл дæр хуарз дзорун, фал мæ мадтæлон æвзагбæл ба алкæддæр нимадтон дигорон. Уомæ гæсгæ ба мин финсун дæр æма гъуди кæнун дæр дигоронау æнцондæр æй. Советон репрессити рæстæг мин дигорон æвзагбæл финсуни барæ ку адтайдæ, уæд мæ къохи дзæвгарæ науæргундæр уадзимистæ ниффинсун бафтудайдæ, уæлдайдæр ба поэзий». Раст ку зæгъон, уæд мæмæ æ дзуапп хъæбæр цæмæдессаг фæккастæй. Сувæллонæй абони уæнгæ зудтон, не ’взаг территориоиалон хецæндзийнæдтæмæ гæсгæ ке дех кæнуй, уой. Уой тухкæн зундгонд ахургонд Исати Мæхæмæт финста: «Тæккæ сæйрагдæр æма уæзгæдæр æнцæ дууæ диалекти: ирон æма дигорон. Æма рагæй фæстæмæ дæр ахурдзийнадæ кæмæ хъæрттæй, етæ финстонцæ дууебæл дæр. Мадта сæмæ ахургæндтæ дæр æмхузон цæстæй кастæнцæ. Зæгъæн, ирон æвзагзонунади бундорæвæрæг, зундгонд уруссаг ахургонд, академик Андрей Шегрен дууæ æвзаги дæр æмхузон ахур кодта. Уæхæн цæстæй ма кастæнцæ еци фарстамæ ирон æвзагзонунади тæккæ устурдæр ахургæндтæ В. Ф. Миллер æма Абайти Васо дæр. Фал е еу æрдиги. Иннердиги ба ХХ-аг æноси 30-аг æнзти фæззиндтæй æндæр хузи гъудикæнунадæ дæр. Уомæ гæсгæ еу æвзагæн дууæ литературон хузи нецæмæн гъудæнцæ. Адæймаги дууæ хузи уæледарæс цæмæн гъæуй? Еунæг æвзаг дæр фагæ ’й. Уотемæй нин æнцондæр цæрæн уодзæй».

Абони цæстæй кæсгæй, нуриккон филологи ци æмвæзадæмæ исхизтæй, еци бæрзæндæй аргъгæнгæй, зин балæдæрæн æй, 30-аг æнзти Иристони партион советон оргæнти архайд æма цæстингас нæ культурон царди уæхæн фæззиндмæ. Зин

балæдæрæн æй, дигорон æвзагбæл ци финсгутæ æма поэттæ ниванстонцæ сæ алæмæттаг гъудитæ, етæ еци бюрократон уагæвæрдтити дæлбарæ кутемæй иссæнцæ, е. Еци æнæраст унаффити амæттаг берæ финсгутæ бацæнцæ, беретæ ба си зæрдæсастæй рандæ ’нцæ се ’цæг дуйнемæ. Еци æгъатир æнзти берæ финсгутæ сæ астæутæ тасун кодтонцæ, цæмæй партий уæхæн рахаст унаффитæ царди уагъд цудайуонцæ, уобæл.

Хорх кодтонцæ, æ мадтæлон-дигорон æвзагбæл ка архайдта финсунбæл, уони. Æма син æнтæсгæ дæр кодта. Æма уæд дигорон æвзаги хъисмæтбæл мæтæ дæр неке кодта, неке сагъæс кодта æ райрæзт æма æнхæстдæр кæнунбæл. Беретæ нæ лæдæрдтæнцæ, дигоронау ка финста, етæ «марксизми» нихмæлæугутæ, «адæми знæгтæ», «буржуазон националисттæ» ке н’ адтæнцæ, уой. Неке æууæндтæй, дигорæнттæ сæ киунугутæ мухури рауадзунбæл тохи бацæугæй, Цæгат Иристонæй сæхе ке нæ хецæн кодтонцæ ирон адæмæй, уобæл. Уогæ уæхæн таустæ дæр арæх рапарахат уиуонцæ адæми æхсæн. Кæнгæ ба сæ кодтонцæ, дигорон æвзаги хорхбæлхуæцгутæ. Гъуддаг еугур хæлхъоййаг исуидæ. Нæ æвзæгти еу къабазæ – дигорон æвзаг – евгъуд æноси 30-50-аг æнзти иссæй «буржуазон национализми» ратæдзæн, зæгъæн, 30-аг æнзти дугкаг æмбеси Цæгат Иристони Компартий бюрой æвзурстонцæ дигорон æвзаги æма Дигори райони фарстатæ. Архайдтонцæ си бюрой уæди иуæнгтæ: Лемаев, Хъулати Хъ., Миркин, Кодзури-фурт æмæ иннетæ. Зæгъæн, бюрой иуонг Лемаев дзурдта:

«Дигори районæн «Дигори» ном равардтонцæ «буржуазон националисттæ», цæмæй Иристони дууæ адæмихатти кæрæдзей нихмæ фæууонцæ, уой тухxæн, уомæ гæсгæ ба Дигори райони ном æййивд æрцæуæд, «Дзержинский»-и районæй».

Æма рахастонцæ унаффæ: «Беслехъой æма Хъулай-фурттæн ихæсгонд æрцæуæд Дигори районмæ фæццæун æма ин æ центри ном раййевуни фарста бунати ниллух кæнун». Бафеппайун æмбæлуй, е еунæг рахаст унаффæ н’ адтæй, дигорæнттæ æма дигорон æвзаги нихмæ ка цудæй, уæхæн. Иристони еци рæстæги адтæй уæхæн зундгонд финсгутæ дæр, кæцитæ комкоммæ æргомæй дзурдтонцæ: «Тæвдæ æфсæйнагæй гъæуй содзун, «къæдзал-мудзул дигорон-ирон æвзаг-

бæл ка финсуй, еци финсгути, зæгъгæ. Еци финсгутæ абони дæр хъæбæр зундгондбæл нимад цæунцæ, сауæнгæ ма сæ номбæл гъæунгтæ, скъолатæ дæр ес, айдагъ г. Владикавкази нæ, фал нæ республики æндæр горæттæ æма гъæути дæр. Етæ айдагъ скурдиадгун, ахургонд æма зундгондбæл нимад нæ цæунцæ, фал ма æвæрд æнцæ уæхæн бунæтти дæр, æма сæмæ айдагъ ирæнттæ нæ, фал ма дигорæнттæ дæр гъæуама «табу» кæнонцæ.

Советон знаггади рæстæги «дигорæнттæ-ирæнтти» фарстамæ нæуæгæй здæхгæй, мæн фæндуй уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнун: дигоронау цидæриддæр киунугутæ уагъд цудæй, уони æррæстæ исафтонцæ. Æнауæрдонæй сæ сугъ-тонцæ Малити Геуæргий «Ирæф»-и хузæн. Малити Геуæргий æмдзæвгити тухкæн æ рæстæги ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат, зундгонд советон ахургонд Абайти Васо финста: «Говоря о роли музыки в романтической поэзии Г. Малиева, не могу не сказать о музыкальности самих стихов поэта. Она – уникальна в дигорской поэзии. Именно Малиев, и только он сумел раскрыть и показать во всей полноте, какие красоты ритма, напевности, свободного и плавного течения таит в себе дигорская речь». Цард идзаг æй æнæнгъæлæги фæззиндтитæ æма нихмæвæрдтитæй. Скурдиадгун ахургонд – æвзаги дæсни, Иристони æвзæгти листæг минеугутæ æма фæззелæнтæ æнхæстæй ка зудта, еци Абай-фурт дигорон æвзаг нимадта æмбарæ æма æнхæстбæл. Уой тухкæн еу æма дууæ хатти нæ дзоридæ, уой уæлæмхасæн ба ма æнхæстæй дзурдта, куд иронау, уотæ дигоронау дæр, уæдта кæсгæ дæр кодта.

Хуарз зудта, айдагъ Къостай æма Геуæргий сфæлдистадæ нæ, фал ирон литературæ еумæ райсгæй. Уобæл махмæ гæсгæ гурусхæ неке кæнуй.

Еци рæстæг Цæгат-Иристони партий обкоми разамонгутæ «гъæйтт, мардзæй» архайдтонцæ дигорон æвзаг æд уедæгтæ исæскъунунбæл.

Иристони культурæй Малити Геуæргий сфæлдистадæ бунтондæр исесгæй, нæ республики уæди разамонгутæн сæ фæсонирхæги дæр не ’рцудæй, – рæстæг рацæудзæнæй æма сæмæ дигорон скурдиадгун поэт нæуæгæй уæлахезæй ке æрцæудзæнæй. Куд зонæн, уотемæй абони Малити Геуæргий номбæл ес г. Владикавкази гъæунгæ, Бутырини номбæл

гъæунги (30-аг æнзти медгъуддæгти адæмон комиссариати азгъунст кæми адтæй, уомæ хæстæг), æвæрд æрцудæй циртдзæвæн цитгин поэтæн. Циртдзæвæни автор æй скурдиадгун скульптор Гадати Лазæр.

Бæрзондæй нæмæ кæсуй, æ нифс æма хъарæ кæмæн нæ басастонцæ, еци поэт æма гражданин.

Малити Г., Къосирати С., Æбати Ш., Барахъти Г., Гатути Дз., Бесати Т. æма уони хузæн æмзунд адæймæгти нихмæ карз тох ци хецауадон косгутæ исаразтонцæ, етæ гъавтонцæ балæдæрун кæнун еугуремæн дæр, литературон сфæлдистадæ кæддæриддæр паддзахадон чиновникти дæлбарæ ке уодзæй, уой.

Еугур еци æнæраст гъуддæгутæ уæззау пъæзуйау бадтæнцæ Бесати Урусбийи фурт Тазей зæрдæбæл, Малити Геуæргий æмдогон, кæмидæрти ба æ фæсте, уой традицитæ идарддæр хæссæгбæл. Æ бон ци адтæй, уомæй архайдта æ еугур хъауритæй дæр, цæмæй «дигорон æвзаги» фарста ирон литературæй ист æрцудайдæ, уобæл. Уогæ еци фарста комкоммæ аразгæ, æргъудигонд ке адтæй, уобæл дузæрдуг неке кодта. Кенæ ’й лæдæргæ нæ кодтонцæ, кенæ ба барæй, дигорæн ести фулдæр фуддзийнæдтæ исаразуни тухxæн конд цудæнцæ еци куститæ.

Уæлдæр куд банисан кодтан, уотемæй Бесай-фурт æмхузон хуарз æма æнхæстæй зудта куд ирон, уотæ дигорон æвзаг дæр. Дууæ æвзагебæл дæр ин бантæстæй æмхузон зæрдæмæдзæугæ уадзимистæ æма киунугутæ ниффинсун. Уомæн æвдесæн æнцæ: «Радзурдтæ» (Ордж., 1955), «Радзурдтæ æма таурæхътæ» (Ордж., 1958), «Царды суадон» (Радзурдтæ иронау, Ордж., 1962), «Азтæ» (Ордж.. 1968). Радзурдтæ æма уацау, «Нифс» (роман, 1949) æма æндæртæ. Етæ сæ еугур дæр финст æрцудæнцæ дигоронау æма иронау. Уæдта, ирон æвзагбæл ке ниффинста, еци уадзимисти нимæдзæ дзæвгарæ фулдæр æй. Мæнмæ уотæ косуй, цума æ еци архайдæй Тазе архайдта «дигорон æвзаги» фарста еуцæйдæрбæрцæ ниллух кæнунбæл.

Дигорон æвзагбæл къума æвæрд ку æрцудæй, уæддæр ма æстæнхатт мухури фæззинниуонцæ Багъæрати Созури, Бесати Тазей, Хъазбегти Хъазбеги æма ма нигкидæр еу дууæ-æртæ авторей киунугутæ, етæ дæр хуæрзминкъий нимæдзæй.

Уотемæй, дигорон æвзаг сæ уодтæн хъазар кæмæн адтæй, уони бон сæ мадтæлон æвзагбæл кæсун адтæй æрмæстдæр райони газзетти: «Сурх Дигорæ» (Дигори район) æма «Социалистон Дигорæ» (Ирæфи район). Еци дууæ газзетеми дигоронау мухургонд цудæнцæ дигорон финсгутæ æма поэтти уадзимистæ. Дигоронау ка финста, уони хецæн уадзимистæ ба ма сауæнгæ ахургæнæн киунугутæмæ дæр бахауиуонцæ.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнун, мæ зинаргъ кæсгутæ, Бесати Тазе æма Абайти Васо кæрæдземæ арæх ке финстонцæ финстæгутæ, уой. Се ’хсæн исæвзурдæй федар хæлар æма гъуддагон рахастдзийнæдтæ. Сæ дууæ дæр адтæнцæ Иристони еузæрдиуон патриоттæ, кæрæдзей зонгæ кодтонцæ се ’сфæлдистадон, сосæг гъудитæ æма мадтæлон æвзаги фæдбæл гъудити хæццæ. Зундгонд куд æй, уотемæй, Абайти Васо, æ «Ирон æвзаги историон-этимологион дзурдуат» ку цæттæ кодта, уæд ин æнхус кодтонцæ айдагъ Иристони æвзагзонунади специалисттæ нæ, фал ма ахургæндтæ Цхинвалæй, Тифлисæй, Бакуйæй, Ереванæй, Ленинградæй æма æндæр наукон центртæй. Устур æнхус ин кодта еци ахсгиаг кусти Бесати Тазе дæр, дигорон дзурдти нисанеуæг æнхæстдæр фæббæлвурддæр кæнуни гъуддæгти. Еци-еу рæстæг Абай-фурт дæр е ’нхуси хай кодта Бесати Тазейæн е ’сфæлдистадон фарстати. Абайти Васо, куд устур æма скурдиадгун ахургонд, ирон адæми еузæрдиуон патриот, æппунæдзох дæр æ гъос лæмбунæг дардта, Тазей царди ци лухгæнуйнаг гъуддæгутæ исæвзуридæ, уонæмæ.

Иристони разамунддæттæг оргæнти хæццæ Тазей рахастдзийнæдтæ алкæддæр адтæнцæ итинггомау. Айдагъ Иристонæн нæ, фал æгас Уæрæсейæн дæр уæззау рæстæгутæ ку адтæй, еци доги райгурдæй Тазе Дигори коми Мæстиноки гъæуи. Федæни финсæг ци устур бийнонти æхсæн исæнтæстæй, уонæн сæ фулдæр хай адтæй æнахургонд. Фал уойхигъд раги базудтонцæ æ хестæртæ зæнхкосæги хъисмæт. Æ сабибонти Тазе арæх цæуидæ уæлигæс, фиййау, гъонгæс. Æма ци хузи куститæ ба нæ кодта æ хæдзари: фаста сог, хуасæ карста, хумæ кодта. Федæни финсæг раги бавзурста æхе усхъитæбæл хуæнхæгти æгудзæг цард æма гъезæмæрттæ. Æ сæбидогæ фулдæр адтæй царди – раервæзунбæл тох. Граждайнаг тугъди рæстæги ба, биццеу ма уогæй, æхе цæститæй

уидта дигори партизанти тох уорсгвардионти хæццæ. Цубурдзурдæй, каст фæцæй «хуæнхаг царди университети æнхæст курситæ». Æ сабибонтæй фæстæмæ Тазей уоди ниффедар æнцæ принципиалондзийнадæ, аллибони куст, адæймаги сæребарæбæл тох, лæгæхсарæ æма æндæр уæхæн минеугутæ.

Филологон наукити доктор, профессор Исати Мæхæмæт куд финста, уотемæй: «Тазе фиццагидæр скъолай къæсæрæй бахизтæй, фараст анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд, фал си æдеугурæй цуппар анзи исахур кодта, уæдта ниуугъта скъола æма бабæй нæуæгæй фæстæмæ гъонгæсæй ниллæудтæй. 1925 анзи Бесати бийнонтæ Мæстинокæй ралигъдæнцæ Дур-Дури гъæумæ æма ами нæуæгæй бацудæй Тазе 5-аг къласмæ. 1923-1930-аг æнзти Тазе каст фæцæй Цæгат Иристони педагогон техникум Владикавкази. Куста газзет «Æригон большевик»-и редакций литературæ æма аййевади хайади сæргълæууæгæй, 1932–1937 æнзти ба куста Дигори окружкоми ФЛКЦ-и секретарæй. Устур зунди хецау уогæй, Бесай-фурт кæддæриддæр тунстæй æ зонундзийнæдтæ фулдæр кæнунмæ. Е адтæй æ царди уæди сæйрагдæр нисан. Уомæ гæсгæ ба еци-еу рæстæг ахур кодта Мæскуй историкон-философон институти æма ’й каст фæцæй 1937 анзи. Философон факультет каст фæууогæй, косун райдæдта Цæгат-Иристони наукон ертасæн институти наукон косæгæй æма си бакуста Фидибæсти Устур тугъди райдайæнмæ. Уой фæсте куста газзет «Æригон большевик»-и редактори хуæдæййевæгæй, журнал «Пионер»-и бæрнон секретарæй, журнал «Мах дуг»-и прози хайади сæргълæууæгæй. Литературон кустмæ ’й æ зæрдæ æппунæдзохдæр ке амидин кодта, уомæ гæсгæ Тазе раги райдæдта финсун æмдзæвгитæ, радзурдтæ, таурæхътæ, растдæр зæгъгæй ба, – 1920 æнзти кæронæй фæстæмæ. Активонæй архайдта аллихузон литературон къуæртти кусти æма æхе равдиста цæмæдессаг, алцилæдæрагæ æригон финсæгæй.

Уотемæйти, Бесати Тазей æмдзæвгитæ, радзурдтæ, уацаутæ сæхемæ æркæсун кодтонцæ Иристони аййевадæ æма литературæуарзгути. Цубур рæстæги фæсте ба мухури цæун райдæдтонцæ æ хецæн киунугутæ дæр.

Поэтæн æ фиццаг æмдзæвгити æмбурдгонд «Дзилли зарæг» дуйней рохс фæууидта 1931 анзи. Куд иннæ советон

райдайгæ финсгутæ, уотæ Тазе дæр заруй æ райгуæн бæстæбæл, фæллойнæбæл, адæм капиталистон цагъайради къæлæтæй куд исуæгъдæ æнцæ, уобæл, нийиергутæмæ зæрдирай рахастбæл æма у. ид. Æ зæрдæмæ хæстæг иста, нæ бæсти социализми нивæхæссæг фарстатæ, гъæууонхæдзарадон арæзтадæ æма нæ адæни моралон-психологон уавæри хæццæ баст гъуддæгутæ. Тазе адтæй, æ рæстæги ци царди цардæй, уой æвдесæг финсæг. Еци уавæртæ 'й искодтонцæ советон финсæг, æхе хуарз æууæлтæ æма æппæрццæг минеу-гути хæццæ.

Зæгъæн, Тазе зардта райгурæн æрдзæбæл, социалистон арæзтадæбæл, культурон революцибæл, адæмти 'хсæн социалон лæдæрунадæбæл, еугур дæр гъæуама фæллойнæ кæнонцæ æхсæнади пайдайæн, колхозтæ æма совхозти арæзтадæбæл. Абони цæстæй сæмæ ку æркæсай, уæд, ке зæгъун æй гъæуй, еци темитæ актуалон нæбал æнцæ. Нецибал нæуæгдзийнадæ æма си ахсгиагдзийнадæ фæууин-дзæнæ. Социалистон арæзтадæ æ тæккæ тæмæни ку адтæй, уæд сæ уæзæ уæзгæ адтæй. Нуртæккæ ба райгурæн бæстæн кæдзос уодæй хъиамæти хай дæдтун, еузæрдиуон ибæл ун, адæнти 'хсæн хæлардзийнадæ итауни фарстатæ кæмидæр фæсвæди байзадæнцæ, æргомæй сæбæл ходунцæ, дæладзуг сæ кæнунцæ æма син еци гъуддаг æнтæсгæ дæр кæнуй. Е ба нæ æхсæнадæн хуарзæй æппундæр неци хæссуй, уой хигъд хъæбæр устур æй æ тæссагдзийнадæ.

Абонигкон царди уæлдай устурдæр æргом здæхт цæуй, дин адæми 'хсæн никки хъæбæрдæр рапарахат кæнунбæл. Алли рауæнти арæзт цæунцæ аргъауæндæнттæ, мæзгиттæ, ковæн хæдзæрттæ.

Етæ, ке зæгъун æй гъæуй, хуарз гъуддæгутæ æнцæ, фал, кæмидæрти цума еци 'рдæмæ архайд æгæр фæкъкъæлосгонд цæуй, уотæ мæмæ кæсуй, уæлдайдæр ба дини ранæуæгдзийнадæмæ æргомæздæхт, скъолати фарстати хæццæ ку рабарай, уæд. Æнæбафеппайгæ нæ фæууодзинайтæ, скъолати хæццæ баст фарстатæ, дин райрæзун кæнуни кусти хæццæ рабаргæй, фиццæгтæ фæстегæй идард кæмидæр ке байзадæнцæ, уой.

Раст æй, финсæг Бесати Тазе дæр æргомæй дзурдта дини нихмæ, советон адæймаги зундрахаст куд амудта, куд гъом-

бæлгонд адтæй, советон æхсæнадæ куд домдта, уотæ. Тазе седтæй адæммæ: «Ниууагътæ аргъауæни саугинти зардмæ гъирнун, – уæхе раздахетæ рохсадæмæ». Никкидæр ма æрхæссæн ес дзæвгарæ дæнцæгтæ, Тазе атеистон зундбæл хуæст ке адтæй, уомæн. Фал гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн, – Тазе адтæй æ доги финсæг, коммунистон æхсæнадæ аразæг.

Тазей сфæлдистадæн аргъгæнгæй, иронх кæнун нæ гъæуй, ци доги цардæй æма финста, уой.

Фæстаг рæстæгути нæмæ хъæбæр берæ иссæй «фурзундгинти нимæдзæ». Æз мæхуæдæг берети зонун, кæцитæ нæ æууæндун кæнунцæ, гъома, Советон Цæдес ке фехæлдзæй, коммунистон цардарæзтадæ рæстæгмæ ке адтæй, Кавкази адæмихæттити ’хсæн тугъдтитæ ке æрцæудзæй, уони, дан, зудтон. Æгæр берæ «идардмæуингутæ» нæмæ исæвзурстæй а фæстаг рæстæг. Уотемæй ба сæмæ лæмбунæг ку байгъосай, уæд æй бафеппайдзæнæ, – сæ фиййæй идарддæр ке неци уинунцæ, уой. Сæ дзубандитæ æнцæ æрмæстдæр хесайæн. Нæ фалæ ма не ’хæсбæл гъæуама нимайæн, ескæми сфæлдистадон адæймаги цардбæл финсгæй, ци доги æма ци уаварти куста æма цардæй, уой æнхæстдæрæй, объективондæрæй равдесун. Уæлдæр ци гъудитæ зæгъæн, етæ комкоммæ хаунцæ Бесати Урусбийи фурт Таземæ дæр.

Бесати Т. У. – дигорон буржуазон националист

Хъæбæр цæмæдессаг мæмæ кæсуй, нæ республики партион разамунд 1930–1950-аг æнзти ирон финсгутæбæл цитæ финстонцæ, е. Зæгъæн 1937 анзи газет «Социалистическая Осетия»-й мухугонд æрцудæй уац: «Финсгути рæнгъитæ искæдзос кæнун гъæуй буржуазон националисттæй», зæгъгæ, уæхæн сæргонди хæццæ. Уоми финст адтæй (дæдтæн æй уруссагау, куд æй, уотемæй): «В правлении Союза советских писателей Северной Осетии, пользуясь политической беспечностью, продолжительное время орудовали троцкистские мерзавцы Фарнион, (ирон зундгонд финсæг Фæрниати Солтъий фурт Къостай фæсномуг – В. Дз.), æма Дзести Кудзæг (1905 анзи игурд, большевикти Еугурцæдесон Коммунистон партий иуонг 1927 анзæй фæстæмæ – В. Дз.), фашистский

выродок Косирати (зундгонд ирон финсæг æма ахургонд). – В. Дз.), буржуазный националист Шамиль Абаев (зундгонд ирон революционер, публицист æма поэт, 1937 анзи æй æрахæстонцæ. – В. Дз.). Всем этим врагам покровительствовали бывший заведующий отделом пропаганды и агитации обкома К. Бадоев, бывший завшкольным отделом горкома ВКП(б) С. Галаев...» Куд уинæн, уотемæй адæм исафæн тæссаг æнзти партион-советон оргæнтæ, советон цардиуагæ æвæрæг идеологтæ бустæги тæндзæсгом нæ разиндтæнцæ, ескæбæл фаутæ æнхуæрсгæй, дзурдтæ æвзаруни гъуддаги, «адæми знæгтæ» сæ æвудæй рахонгæй.

Уотемæй, зундгонд финсгутæ Фæрнион Къ. æма Дзести К. «троцкисттæ» разиндтæнцæ, ирон интеллигенций нимаддæртæй еу Къосирати С. ба «Фашистти фæсдзæуийнæй» рагæпп кодта. Уони хæццæ рабаргæй, æ уавæр хуæздæр разиндтæй «буржуазон националист» Æбати Шамилæн. Аци æрмæги ма цæуй Бесати Тазей кой дæр. Тазе дæр бустæги «æвуд» нæ разиндтæй. Уацгъуди куд финст цæуй, уомæ гæсгæ «финсæг Бесати Тазе 1931 анзи мухури рауагъта е ’мдзæвгити æмбурдгонд, «буржуазон националист» Дзагурти Губадий раздзурди хæццæ. (Дзагурти Губади Алексейи фурт – профессор, евгъуд æноси 30-аг æнзти ахæст æрцудæй æвудæй. – В. Дз.). Еци æмдзæвгити раздзурди Дзагури-фурт цъифкалæнтæ кæнуй партибæл, Советон хецауадæбæл, цардмæ хæссуй «авербаховщинæ».

(Авербах Леопольд Леониди фурт, 1903–1939 æнзтæ, Коммунистон партий иуонг 1919 анзæй фæстæмæ, 1917 анзæй фæстæмæ фæсевæдон змæлди активон архайæг. 1919 анзи иссæй Уæрæсей фæскомцæдеси Центрон Комитети иуонг. 1922–1924 æнзти адтæй журнал «Молодая гвардия»-й сæйраг редактор. Ниммухур кодта куститæ: «Вопросы юношеского движения и Ленин» (1924 анз) æма «За пролетарскую литературу» (1926 анз). Фæстæдæр ахæст æрцудæй æма ’й фехстонцæ. Æ фæсмæрдæ растгонд æрцудæй. – В. Дз.).

1936 анзи Бесати Т. ниффинста критикон уац Малити Геуæргий киунуги тухх æн. Еци «зианхæссæг» киунугæн критикон цæстæнгасæй аргъ искæнгæй, Бесай-фурт, махмæ гæсгæ, гъавта æ редактор, – «фашистти фæсдзæуийнæ», «буржуазон националист» Къосирати Сæрмæти багъæуай кæнунмæ.

Æмбурдгонди уадзимистæ критикæгæнгæй, Бесай-фурт загъта æ фæндон, цæмæй Къосирати С. ниффинстайдæ «хебæлхуæцгæдæр раздзурд». Уæд, Тазей гъудимæ гæсгæ, «киунугæ дзæвгарæ фулдæр пайда æрхастайдæ».

Еухатт дæр ма æй зæгъæн, Бесай-фурти æрмæг финст æрцудæй, Сæрмæти ку нийййахæстонцæ, уомæй анз раздæр: «Æма дзæгъæли хумæтæги нæ 'й».

Дзæгъæли хумæтæги ба нæ 'й, уомæн æма Тазе æхуæдæг дзурдта Къостай нихмæ, гъома, дан, Къоста ирон литератури бундорæвæрæг нæй, Бесати Тазе æнгом баст æй буржуазон националист Дзагури-фурти хæццæ.

Газзет «Социалистическая Осетия»-й ци æрмæг мухургонд æрцудæй, е адтæй беретæн карз тæрхони хузæн. Уогæ си сæ фагæ æрхаудтæй иннæ зундгонд ирон финсгутæмæ дæр: Хъайтухъти Геормæ, Мамсурати Дæбемæ, Боцити Баронмæ æма иннетæмæ. Зин балæдæрæн нæй, еци газзети фæрстæбæл уæхæн хузи критикæн циуавæр фæстеугутæ адтайдæ, е. Еци-еу рæстæг Тазе æхуæдæг дæр, æвæццæгæн, бустæги кæдзос æма раст н' адтæй иннæ финсгутæмæ. (Ка 'й зонуй, æнæ уотæ уæн дæр ин н' адтæй).

Уобæл нæ æууæндун кæнуй, Малити Геуæрги 1935 анзи г. Орджоникидзей ци æмдзæвгити æмбурдгонд рауагъта, «Ирæф», зæгъгæ, е дæр. Рецензий Тазе фаутæ хæссуй Малий-фуртмæ «колхозтæ, совхозтæ, фабриктæ, заводти» тухæн си ке неци финст ес, уой туххæн. Тазей гъудимæ гæсгæ, Геуæрги азумгингонд цæуй «листæг буржуазон æнкъарддзийнади» туххæн. Нигки ма азумгингонд цæуй «Ирæф»-и автор, социалистон революций æма косæг къласи æгæрон тухæ ке нæ уинуй, «марксизм-ленинизми» генералон ханхæй идард ке лæууй, уой фæдбæл. Уотемæй Малити Геуæрги бафтудæй унгæг национaлон къæлæтти, сæйуй, «Буржуазон романтизм» ке хонунцæ, еци незæй. Уогæ айдагъ киунуги автор нæ цæуй критикæгонд, æ фагæ си æрхаудтæй редактор Къосирати Сæрмæтмæ дæр. Бустæги æнæхатир ба Тазе разиндтæй, киунуги автор æма æ редактормæ: «Геуæргий хецæн æмдзæвгитæ хæссунцæ реакцион комуолæвд, ес си фæууинæн «контрреволюцион характер», зæгъгæ, кæми зæгъуй, уæхæн рауæнтæ.

1935 анзи, дзиллон репрессити хуæдагъоммæ, «реакци-

онер» кенæ «контрреволюционер» исхонгæй, еци адæймаги федæни хъисмæт бустæги æгъиццаг ке адтайдæ, уой нин истори бавдиста æхуæдæг æма æцæгæй дæр уотæ рауадæй. Малити Геуæрги, Къосирати Сæрмæт æма иннæ дигоронирон интеллигенций уæхæн раззагдæр мийнæвæрттæ æвудæй æстъæлд æрцудæнцæ евгъуд æноси 30-аг æнзти дугкаг æмбеси. Лæдæрд æй, Бесати Тазе арази н' адтæй, Малити Геуæрги æма Къосирати Сæрмæт ци политикон æма цардиуагон принциптæбæл хуæст адтæнцæ, уони хæццæ. Уомæн циуавæр анхосæгтæ адтæй, уобæл абони махæн зин дзорæн æй. Æвæццæгæн, си ести анхосæгтæ адтæй.

Гæнæн ес, æма дууæ адæймагемæ адтайдæ кæрæдземæ æнæуинондзийнадæ. Уæхæн рахастдзийнæдтæ арæх исæвзуруй сфæлдистадон косгути æхсæн. Фал, уæддæр Бесайфурт ци тæрхон рахаста «Ираæф»-и авторæн, е ба адтæй æгæр карз. Тазе Геуæргий азумгин кæнуй, æмдзæвгити æмбурдгонди революцион тематикæ фагæ ке нæййес, уой туххæн. Æндæр даутæ дæр ма хаст цæуй дигорон скурдиадгун поэтмæ никкидæр. Зæгъæн, азумгингонд цæуй, автор «евгъуд догæбæл ке æрхун кæнуй, уоми æ цардиуагæ хуæздæр ке адтæй, советон доги хæццæ рабаргæй», уобæл. Геуæргий сфæлдистади нæййес «пролетарон æцæгдзийнадæ», уойхигъд хæстæгдæр лæуд æй «буржуазон æцæгдзийнадæмæ». Тазей гъудимæ гæсгæ Малий-фурт «царди равзурста рæдуд фæндаг æма 'й е ба къуммæ тæруй. Уотемæй автори зундирахаст рахезуй рæдуд надмæ». Рецензент цалдæр хатти баханхæ кодта гъуди, гъома, æмдзæвгити æмбурдгонд «Ираæф» мæгур æй революцион тематикæй», зæгъгæ. Фал «революцион тематикæмæ» кæми раздæхуй автор, уоми дæр «æгæр берæ рæдудтитæ уагъд æрцæуй».

Тазе финсуй: 1934 анзи Малий-фурт ниффинста æмдзæвгæ «Тæходуй, æна». Уоми Геуæрги кæнуй мæгур кизги кой. Æма 'й фæрсуй, – цæмæй æй мæгур? Æ гъуди уотæ æй æма социалистон æхсæнади гъæуама мæгур кизгуттæ æма лæхъуæнтæ мабал уа. Уотæ нимад цудæй, æма советон æхсæнади адæм мæгур нæбал æнцæ, уомæн æма фæййервазтæнцæ капитализми къæлæтæй.

Хецæн партион æма советон чиновниктæмæ уотæ кастæй, капиталисттæ æма гъæздугути цардæй, æхсæнадæй раеу-

варс кæнæ, никки хуæздæр ба сæ ниццæгъдæ, æма амондгун цард рахæлеу уодзæй адæми æхсæн. Ке зæгъун æй гъæуй, еци рæдуд гъуди æппундæр неци барæ дардта марксизм-ленинизми теоримæ. Уæдта, сфæлдистадон коллективтæмæ сæ цæстæ ци партион æма советон оргæнтæ дардтонцæ, етæ, социалистон цардарæзтади, мæгур цардæй еске цæра, еци гъуди кой кæнун дæр нæ уагътонцæ.

Уомæ гæсгæ Тазе дæр фæрсуй Геуæргий – скурдиадгун дигорон финсæги, – цума цæмæй æй мæгур еци кизгæ, царди ин ци нæ фагæ кæнуй, зæгъгæ.

Бауу æндун æмбæлуй, – финсуй Тазе, цума еци кизгæ бахаудтæй революций агъоммæ фæстезад æхсæнади дæлбарæ. Æма æрцæуй уæхæн хатдзæгмæ: «Хуæздæр адтайдæ, рагон фæстезад, романтизми», фæййерв æзун кæмæй гъæуй, уой бæсти, Геуæрги лæмбунæгдæр ку æркæсидæ царди нуриккон уавæрмæ, уæд æхе цæстæй фæууинидæ, абони дигорон силгоймаг нæуæг социалистон культури фæрци федæни рохс фæндæгтæбæл цæунмæ куд нифсгин къахдзæфтæй цæуй, уой. Фал Малити Геуæрги уони нæ уинуй, уомæн æма нæ æстæфуй, нæ царди ци устур æййивддзийнæдтæ цæуй, ци историон æнтæститæ арæзт цæуй, уони». Идарддæр дæр уацгъудий автор дæрæн кæнуй киунуги автори æма финсуй: «Геуæрги æ поэмæ «Гудзуна»-й гъавта равдесун 1919 анзи революцион цаутæ». Рецензенти гъудимæ гæсгæ поэмæ «туххæй финст æй». Рауадæй лæмæгъ, уæдта берæ политикон рæдудтити хæццæ. Поэмæ нин æвдесуй, æ автор бустæги дæр ке нæ лæдæруй пролетарон революци æма большевизми нисанеуæг, уой». Поэмæ «Гудзуна»-й нæййес революцион сюжеттæ». «Гудзуна» – куд литературон уадзимис, – рауадæй мæгургомау, æ сæйраг архайæги ин æвдесуй «уодæй тухст адæймагæй». Сауæнгæ ма ибæл силтæ дæр ходунцæ, уæдта имæ автор æхуæдæг дæр билæскъелæй кæсуй. Идарддæр, Бесай-фурт æвзаруй поэмæ æма ин æ авторæн рахæссуй æхе тæрхон. Тазе уайдзæф кæнуй Геуæргийæн, гъома, дан, е финсуй, цума 1919 анзи, Иристони Граждайнаг тугъд ку цудæй, уæд Дигорæ æмдухæй, еумæ æмхузонæй исистадæнцæ уорсгвардионти нихмæ.

Малий-фурт финста:

«Æрбацæунцæ æфсæдтæ,
Сæ сæргъи цæуй Мулдар...
Рафæдес унцæ Дигорæ.
Далæ коммæ æнгурфæй.
Æрцæйистунцæ тæрхони
Далæ Морги æмбурдæй...»

Рецензент, æхуæдæг Дигори граждайнаг тугъди цаутæн æвдесæн уогæй, уайдзæф кæнуй поэтæн: «Рæдуйуй финсæг. Геуæрги куд финсуй, Дигорæ уотæ æнгон æма æмзунд н' адтæнцæ уорсгвардионти нихмæ тонхи. Меддигори минкъий н' адтæй, уорсгвардионти фарс ка хуæстæй, уæхæнттæ. Е адтæй къласон тугъд, Геуæргий сæр ба еци къласон тох нæ ахæссуй».

Рецензенти устур деси æфтауй, Дигоргоммæ уорсгвардионтæ ку æрбампурстонцæ, уæд медбæсти цæрæг адæм ци æмбурд исаразтонцæ, уоми «Гудзуна æвваст дзорæгæй ке рагæпп ласта», еци гъуддаг.

Нигки устурдæр деси ба рецензенти æфтауй, Гудзунамæ æвеппайди уæхæн хъаурæ æма уæхæн нифс кæцæй фæззиндтæй, е. Поэмæ фæууй уомæй æма Дигори партизантæгъæуайгæнгутæ æртæ бони фæттухтæнцæ уорсгвардионти нихмæ. Поэмæмæ гæсгæ Гудзуна дæр фудæзнагæй цалдæрей барвиста мæрдтæмæ, фал æхуæдæг дæр фæммард æй.

Еци еугур цаутæ æма хабæрттæ, мæн цæстингасмæ гæсгæ, Геуæрги равдиста рæсугъд, æцæгдзийнадæй æма лирикон æрмдзæфæй æнхæстæй. Фал нимайун, – рецензент æгæр берæ æма нæгъæугæ уайдзæфтæ хæссуй автормæ, растдæр зæгъгæй, ба Тазе Геуæргий киунугæ «Ираæф»-æн искодта хирургион операци æнæ наркозæй. Сæрмагондæй автори уайдзæфтæ хæссунцæ идеологион тæвагæ, поэзимæ æппундæр ка неци барæ даруй, уæхæнттæ. Æ рецензий кæрон Тазе финсуй: «Адæймагмæ нæ гъарунцæ, Малий-фурт хъайтарти революцион тохи змæлдмæ ци мотивтæ æркæнунцæ, етæ. Еци мотивтæ поэт æхуæдæг дæр нæ лæдæруй, уомæн æма нæ уинуй къласон нихмæлæуддзийнæдтæ».

Гудзунай экономикон-политикон уавæртæ не 'ркодтонцæ революционерти рæнгъитæмæ, фал æ анхосаг уой медæги

æй æма ма ибæл сауæнгæ æхе хузæн сæгъгæс дæр билæскъелтæ кæнуй. Уотемæй, Тазей гъудимæ гæсгæ, поэмæй рауадæй сфæлдистадон æгъдауæй мæгур уадзимис, политикон цæстингасæй имæ ку кæсай, уæдта рæдудтитæй идзаг.

«Аци киунугæ дуйней рохс цæй тухxæн фæууидта, кæд æма знаггади идеологи хæссуй, уæд? Уомæн æма æ редактор Къосирати Сæрмæт æхуæдæг æй буржуазон националист æма знаггадæ хæссæг идеологи ка хæсса, уæхæн уадзимистæ ’й гъæунцæ». Гъе, уæхæн хатдзæгтæмæ æрцæуй Тазе æ уацгъудий. Æгæр уаззау фаутæ хæссуй Тазе Геуæргимæ. Е адтæй æцæг тæрхони хузæн. Æнæмæнгæ, Тазе æнæзонгæ н’ адтæй, еци доги уæхæн рецензийæн циуавæр фæстеугутæ адтайдæ, уой. Тазе æнæзонгæ н’ адтæй, евгъуд æноси 30-аг æнзти дугкаг æмбеси нæ бæсти циуавæр политикон уавæр исæвзурстæй, уой дæр. Мадта ’й хуарз зудта, Иристони æгъдаугъæуайгæнæг оргæнтæ интеллигенций раззагдæртæбæл «цауæн» кæнун ке райдæдтонцæ, уой дæр, уæлдайдæр ба, æхсæнади æ уæзæ уæззаудæр кæмæн адтæй, уонæбæл.

Тазе хуарз зудта, æ рецензий ке дæрæн кодта, еци Малити Геуæрги æма Къосирати Сæрмæт Иристони дзурддзæугæ лæгтæбæл нимад ке адтæнцæ, сæ загъди уæзæ кæмæн адтæй, уæхæнттæ ке адтæнцæ, уой дæр.

Абони зин равзарæн æй, Тазе Геуæрги æма Сæрмæтмæ уæхæн цæстингас цæмæ гæсгæ дардта, е. Гæнæн ес, æма рецензий автор æнхæст кодта «уæлдæр хецауади» бардзурд. Советон цардарæзти еци æнзти уæхæн мадзалæй арæх пайда кодтонцæ. Аци статьямæ æрмæгутæ æмбурдгæнгæй, берæ газзеттæ æма журналтæ, уæдта архивон æрмæгутæ фæкъкъахтон. Деси мæ бафтудтонцæ, Тазе «Ираф»-бæл ци рецензи ниффинста æма газзет «Социалистическая Осетия» 1937 анзи 27 сентябри ци уацгъуди ниммухур кодта, уони нихмæлæуддзийнæдтæ (газзетти уацгъудий автор бæрæггонд нæ ’й). Уотæ мæмæ кæсуй, цума Малити Геуæргий киунугæ «Ираф»-æн уæхæн ниддæрæнгæнæн рецензи ратгæй, Тазе æхемæ иста Сæрмæти багъæуай кæнуни ихæс. Уомæ гæсгæ си курдта æмбурдгондæн хебæлхуæцгæ раздзурд ниффинсун. Тазе куд банисан кодта, уотемæй æмбурдгонд уæд фулдæр пайда æрхастайдæ, ахедгæдæр адтайдæ адæми цæсти.

Къосирати Сæрмæт 1937 анзмæ нимад адтæй «адæми ци-

фуддæр знагбæл, æ гамходæ ист кæмæн æрцудæй, уæхæнбæл». Кæд Тазе фæттарстæй Сæрмæти хъисмæтæн? Æндæр 1935 анзæй 1937 анзмæ Сæрмæтмæ æ гъуди куд тагъд фейййивта, æви ибæл æндæр есге тæвагæ исæмбалдæй?

Евгъуд æноси нæ республики финсгути æхсæн ци рахастдзийнæдтæ исæвзурдæй, уони цæмæй исбæлвурд кæнай, уой тухкæй еунæг автори куст фагæ нæ ’й, уомæн гъæуй æнæгъæнæ наукон-ертасæн институти коллективи куст, фал, мæнмæ гæсгæ, уæддæр кæронмæ æртæст не ’рцæудзæнцæ. Уотæ ’й, евгъуд æноси нæ бæсти 30–50-аг æнзти ци уавæр исæвзурстæй, уой хабар.

Евгъуд æноси 30–50-аг æнзти советон-партион разамонгути «сау номхигъдмæ» ка бахауидæ, уони фулдæр хай нимад адтæнцæ «буржуазон националисттæбæл», «марксизми нихмæ цæугутæбæл», «троцкисттæ», æма «Бухарини фæсдзæуинтæбæл».

Партион-советон разамонгутæ берæ финсгутæ æма поэтти азумгин кодтонцæ «авербаховщини». Уотæ мæмæ кæсуй, цума дзурд «авербаховщинæ» беретæ лæдæргæ дæр нæ кодтонцæ. Уотемæй ба еци дзурд равзурстæй литературон критик, 20–30 æнзти фæсевæдон змæлди активон архайæг Леопольд Леониди фурт Авербахи муггагæй. Адтæй дзиуиттаг, Я. М. Свердлови хеон (æ уоси æнсувæр Г. Г. Ягодæн). Л. Л. Авербах куста журнал «На посту»-й сæйраг редакторæй, 1925 анзи саразта «Апрели тезистæ». Уоми бафæлвардта, советон литературæ зæууатмæ цæй фæрци æрхаудтæй, уой анхосæгтæ исбæлвурд кæнун. 1926 анзи журнал «Большевик»-и ниффинста æрмæг æма си æргомæй æвдесуй, ССР Цæдеси культури къабази къласон тугъд нигки карздæргæнгæ цæуй, зæгъгæ, уæхæн гъуди карзæй дзурдта мухури Л. Д. Троцкийи нихмæ. Авербах адтæй, 1934 анзи ахæститæ «Беломор-Балтиаг канал» куд «зæрдиагæй» аразтонцæ, уой æвдесæг æмбурдгонди редактортæй еу. Л. Л. Авербах гъавта литературикъабази архайгути æхе дæлбарæ бакæнунбæл æма æ фарс ка нæ рахуæцидæ, уони ба дæræн кодта æ уацгъудий. Фал 1937 анзи ба Л. Авербах æма е ’мхъозонтæ ахæст æрцудæнцæ. Авербах, Киртон æма Афиногенови, уæдта сæ фарсхуæцгути къуар нимад æрцудæнцæ «литературикъуарбæл». Æ фарсхуæцгутæй беретæ цохгонд æрцудæнцæ ССР

Цæдеси финсгути рæнгъитæй, Л. Авербахæн æхе ба фехстонцæ. Еци рæстæги финсгутæй есге «Авербаховщинæй» ку азумгин кæниуонцæ, уæд æй кенæ ахæстъони исмедæг кæниуонцæ, кенæ ба ’й фехсиуонцæ.

Абайти Васо æма Бесати Тазей финстæгутæ

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уотемæй Абайти Васо æма Тазе кæрæдземæ финстæгутæ финстонцæ дæргъвæтийнæ рæстæг. Финстæгутæй бæрæг æй, дууæ устур лæги æмхузонæй ке сагъæс кодтонцæ дигорон æвзаги федæни хъисмæтбæл, е. Зундгонд куд æй, уотемæй Абай-фурт дигорон æвзаг нимадта æмбарæ, æнхæст литературон æвзагбæл, æма æ бон цæйбæрцæбæл адтæй, уойбæрцæ архайдта, цæмæй дигорон æвзаг ахургонд, ирæзгæ æма пропагандæгонд цудайдæ, уобæл.

Тазе ба, уæлдæр куд фæннисан кодтан, уотемæй æмхузон арæхстгинæй дзурдта æма финста, куд ирон, уотæ дигоронау дæр. Берæ зæрдæмæдзæугæ романтæ, уацаутæ, радзурдтæ ниффинста Тазе иронау, фал Иристони культури историй ба байзадæй, куд дигорон æвзаги сæрбæл тохгæнæг, уотæ. Уой тухæн æфхуæрдтитæ дæр баййафта æ мæгур уод, фал уæддæр æнæфæккеугæй ба æууæндтæй, æ мадтæлон æвзаг дигорон ке æй, уобæл. Тазе бæлдтæй алкæддæр дигорон æвзагбæл финсунмæ æ уадзимистæ. Æма ин æ еци хъæппæрес хуарзбæл æма растбæл нимадта Абайти Васо дæр. Васо æ еу финстæги финста Таземæ: «Мæ зинаргъ Тазрет! Хъæбæр устур зæрдæхцæуæндзийнади хæццæ бакастæн, журнал «Мах дуг»-æй мæмæ ци цалдæр номери æрæрвистай, уоми дæ дигорон уадзимистæ. Цалдæр дзурди си иссердтон, кæцитæн сæ нисанеуæг бустæги æнхæст нæ лæдæрун:

1. Сендзох: «сендзохæй базмалдæнцæ е ’уæнгтæ».
2. Бæрнæ: «бæласбæрнæбæл мæхе æруагътон».
3. Идæд: «Хуаси идæдбæл».
4. Тæхсал: «тæхсал биццеу».
5. Ранидзæстæй: «фат си некæбæл ранидзæстæй».

Мах дуг, 1958 анз, № 3

Кæд е миуææвдесæг «ранидзæвунæй» цæуй, уæд гъæуама адтайдæ «ранидзæвдæй». Æви æндæр ести хузи миуææвдесæгæй æй?

Хъæбæр бозæй ди байзайдзæн, еци дзурдти нисанеуæг мин ку балæдæрун кæнай, уæд. Хатир ди корун, ке дæ бахъор кодтон, уой тухкæн. Дæхе Васо. 1959 анз 2 апърел».

Бафеппайун æмбæлуй, скурдиадгун æвзагертасæг ахургонди фарстатæн Тазе кæддæриддæр æнæзийнадæй раттидæ æнхæст дзуапп. Абайти Васо æ иннæ финстæги финста Таземæ: «Мæ зинаргъ Тазрет! Зæрдиагæй дин арфæ кæнун, журнал «Мах дуг»-и номертæ мæбæл ке исæмбæлун кодтай, уой тухкæн. Æз дæ хæццæ комкоммæ арази дæн, дигорон æвзагбæл уадзимистæ мухургонд ку нæбал цæуа, уæд е зианæй фæстæмæ пайда неци æрхæсдзæнæй нæ культурæн. Дæ финстæги исæмбалдтæн еу дзурдбæл æма ин æ нисанеуæг æнхæст нæ лæдæрун: «рæгафæн». Кæд дин зин нæй, уæд мин æ гъуди фæббæлвурддæр кæнæ, ци нисан кæнуй, уой! Дæхе Абай-фурт. 1959 анзи 24 мартъи».

Æ иннæ финстæги бабæй Абайти Васо финста Таземæ: «Мæ зинаргъ Тазрет! Нæуæгæй бабæй мæ фæндуй дæ хæццæ раунаффæ кæнун. Дигорон тексти мæбæл исæмбалдæй уæхæн дзурд: нæутæг силоси мæсгутæ. «Нæутæг» ци амонуй, уомæн ести зонис?» Иннæ хатт дæр бабæй Васо æхе бахатта Таземæ: «Дæу бабæй батухсун кæнон еу цалдæр æнæзундгонд дзурдей нисанеуæгей тухкæн: 1. Талгъæр; 2. Дæлмагуртæ; 3. Рæдæнцæ, ниррæдæй.

1. Миллери дзурдуатмæ гæсгæ, дзурд талгъæр нисан кæнуй гъолон. Мæ æрмæгути финст æй: талгъæр гъог, «бурая с полосами корова». 1949 анзи журнал «Мах дуг»-и ба 2-аг номери ес уæхæн дзурд: «Талгъæрæй æ хъур ивазта». Ами имæ дзурд «гъолон» ци барæ даруй?

2. «Дæлмагуртæ» Миллери дзурдуати нисан кæнуй «æцæг дуйней цард». Нигки ма мæмæ ес еу ма хузи æрмæг дæр (кæмæй æй финстон, уой нæбал гъуди кæнун) «гъæугæрæнттæ». 1940 анзи «Мах дуг»-и 3-аг номери 60-аг сифæбæл ес уæхæн дзурд: «Елсиратмæ куддæр баампъез кæна, уотæ имæ дæлуймон æ гъунтъуз къах бадардзæнæй æма тæрегъæдгун дæлмагурти ахæсти бауй». Ами Елсират æма дæлмагуртæ куд растдæр ес истæлмацгæнæн. Кенæ куд растдæр истæл-

мацгæнæн ес: «Æртæ тæрегъæдей дæлмагуртæ» (Мах дуг, 1940 анз № 3, 49-аг фарс)?

3. 1940 анзи «Мах дуг»-и 3-аг номери 53-аг фарсбæл ес бакæсæн уæхæн дзурдтæ: сугъзæринæ гъолтæй еунæг дæр нæ ниррæдæй думæггаги (...ни один не удержался...).

4. Сæ бæхтæ уотæ истентег æнцæ æма сæ буни дæр нæбал рæдæнцæ. «Ниррæдæй» – е ци хузи миуææвдесæг æй, уæдта æ нуриккон формæ куд æй?

Хатир корун, арæх дæ ке тухсун кæнун, уомæй. Саламти хæццæ Абайти В. 1957 анзи октябрь.

P.S. Фæууидтон «Ираæф»-и нæуæг рауагъд. Гъулæг мин æй, фиццаг рауагъди æрмæгутæ имæ ке нæ бахаудтæнцæ, е».

Уæ зæрдæбæл ма уин еу хатт дæр ма лæуун кæнун, Абайти Васо æцæгæйдæр æ гъос лæмбунæг ке дардта дигорон æвзаги хецæн сосæгдзийнæдтæмæ, еци гъуддаг. Æма æ еци архайди алкæддæр æнцойнæ кодта мæ уацгъуди бæгъатæрбæл.

Æ иннæ финстæги Васо курдта Тазейæй, цæмæй ин балæдæрун кæна дзурд «ивæрзун»-и нисанеуæг. Ахургонд финста: «Гурдзибети Бласкамæ, æ пьесæ «Æдули»-й æмбæлуй миуææвдесæг «Ивæрзун» (даритæй мæ ивæрзуй мæ мадæ). Мæн гъудимæ гæсгæ е иронау æй зæрдæ ивæрун. Раст æй мæ гъуди æви нæ? Еци миуææвдесæгæн ци нисанеуæг ес? Кæд дин фадуат ес, уæд мин еу къуар дзурди исаразай еци дзурди хæццæ. Развæлгъау дин арфæ кæнун. Абайти В. 1957 анз 2-аг апрел».

1957 анзи Абайти Васо журнал «Мух дуг»-и редакцимæ æрбарвиста финстæг æма си коруй, цæмæй æ фæрстæбæл мухургонд æрцæуа зундгонд дигорон историк, историон наукити доктор, профессор Кокити Александри фурт Геуæргий пьесæ «Æфсæн мæсуг». Уоми æвдист цæуй ирон адæми евгъуд истори. Абай-фурти гъудимæ гæсгæ, пьесæ финст æй бæрзонд идейон-аййевадон æмвæзадæбæл æма раст æвдесуй ираæ æма кæсæги медрахастдзийнæдтæ, дууæ бæстихайи гъæздугутæ дæр куд гъезæмарæй мардтонцæ мæгур фæллойнæгæнæг адæми. Пьесæ финст адтæй дигоронау æма ахургонди гъудимæ гæсгæ «хецæн кодта берæ цæмæйдæрти». Васо сæ радех кодта цуппар хаййебæл:

«1. Пьесæ кæрæй-кæронмæ арæзт æй документалон æрмæги бундорбæл, уомæ гæсгæ ба æй цæмæдессаг, уодæгас фæлгонцти æвдесуй ирон историй ахсгиаг фæззелæнтæ.

2. Пьеси сæйраг медес æй ирон фæллойнæгæнæг адæни тох æвдесæг бунæттон æма кæсгон æлдæртти, æфхуæргути нихмæ.

3. Историон æцæгдзийнадæмæ гæсгæ, ирон адæн се ’фхуæргути нихмæ тохгæнгæй, кæддæриддæр сæ зæрдæ дардтонцæ Уæрæсебæл, уидтонцæ си, федарæй сæ ка багъæуай кæндзæй, уæхæн тухæ («Æфсæн мæсуг»).

4. Пьесæ финст æй хумæтæг, æнцонлæдæрæн æма фæлгонцгун æвзагæй. Алли дзурд дæр си æй æ бунати.

Цæмæй æ ниффинсти ахедундзийнадæ ма фæммæгурдæр уа, уомæ гæсгæ ба ’й нæ гъæуй ирон æвзагмæ тæлмаци кæнун, мухур кæнгæ ’й дигорон æвзагбæл.

Абайти Васо. 1957 анз, 4 ноябрь».

Аци финсти уинæн, Абай-фурт дигорон æвзаги фарстамæ ци цæстингас дардта уой, сæрмагондæй ба Иристони литературон сфæлдистадæмæ.

Иннæ хатт Васо финста Таземæ: «Мæ хъазар Тазе! Дæ финстæг дин райстон дигорон æмдзæвгитæ æма прози хæццæ. Хъæбæр зинаргъ æрмæг мин æнцæ етæ. Никки цæмæдессаг ба мин æнцæ, куд литературон, уотæ æвзаги фæззелæнтæ ’рдиги дæр. Æз сæмæ еу æма дууæ хатти нæ раздæхдзæн, уомæн æма раздæр дæр арæх æнцойнæ кæнинæ дæ мухургонд уадзимистæбæл.

Дæ дууæтомон киунугæ ку рацæуа, уæд е устур цау уодзæнæй нæ литературон царди. Уомæ гæсгæ ба имæ æз хъæбæр зæрдиагæй æнгъæлмæ кæсдзæнæн устур цæмæдесдзийнади хæццæ. Зæрдиаг арфитæ дин кæнун.

Абайти Васо. 1976 анз, 13 июль».

Еци анз ма Васо еума финстæг дæр æрæрвиста Таземæ: «Мæ зинаргъ Тазе! Устур цæмæдесдзийнади хæццæ дин кæсун дæ киунугæ. Уæлдай хъæбæрдæр æма лæмбунæгдæр ба дин кæсун дæ дигорон уадзимистæ. Гъулæггагæн, уотæ берæ нæ ’нцæ. Гъулæг мин æй, радзурд «Арти рохсмæ» имæ хаст

ке не ’рцудæй, е. («Мах дуг», 1956 анз №7). Æз æй нимайун дæ прози тæккæ устурдæр æнтæститæй еуебæл. Гъулæг мин æнцæ, типографион рæдудтитæ си уагъд ке æрцудæй, етæ дæр: 62-аг фарсбæл кæсæн сæргонд «РИХАН», «Хари-хан»-и бæсти. Ес ма си нигкидæр уæхæн аййеппитæ. Æнæнез æма мин хъаурæгинæй косæ! (Желаю тебе здоровым и сильным работать. – Авт.).

Абайти В. 1979 анз, 2 февраль».

Тазей радзурд «Арти рохсмæ»-æн Васо устур аргъ искодта уой размæ дæр 1957 анзи. Æ финстæги имæ финсуй: «Дæ цæмæдессаг радзурд «Арти рохсмæ» кæсгæй (Мах дуг, 1956 анзи №7), æз исæмбалдтæн дууæ æнæзонгæ дзурдебæл: 1. Къæстæн («къæстæнидзаг дон», 54-аг фарс); 2. Бакъинзтæй (54-аг фарс). Хъæбæр æхцæуæн мин уидæ, еци дзурдти нисанеуæг мин лæмбунæгдæр ку балæдæрун кæнисæ, уæд. Нæуæг анзи арфитæ райсæ мæнæй.

Абайти Васо. 1957 анз, 6 январь».

Еци анз, 17 январи бабæй Абайти Васо нæуæгæй арфитæ кæнуй Тазейæн, – дигорон æвзаги æстæн хатт ка æмбæлуй, уæхæн дзурдтæ: «къæстæн» æма «къинзун»-и нисанеуæг ин ке балæдæрун кодта, уой фæдбæл. Васо финста: «Арфæ дин кæнун, еци дзурдти нисанеуæг мин ке балæдæрун кодтай, уой туххæн. Нур сæ мæ бон æй дзурдуатмæ бахæссун.

Радзурд «Арти рохсмæ» æцæгæйдæр мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр ба рауадæй гъонгæс Томайи фæлгонц. Мæ зæрдæ дин зæгъуй нæуæг æнтæститæ литератури, уæлдайдæр ба дигорон æвзагбæл».

Бафеппайун æмбæлуй, Абайти Васо дигорон æвзаги хъисмæтбæл берæ хъæбæрдæр мæтæ кодта, дигорон финсгутæ æма ирон культури архайгути хæццæ еумæйагæй рабаргæй. Æ нæуæг финстæги бабæй Васо финста Таземæ: «Зæрдиаг арфитæ дин кæнун дæ нæуæгбони арфити фæдбæл, уæдта, хъæбæр зинаргъ мин ка ’й, уæхæн дигорон радзурдтæ ке рарвистай, уой туххæн. Мæхе ’рдигæй дин мæ зæрдæ зæгъуй нæуæг сфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæ нæуæг анзи. Самелий радзурд «Къæсхурти Исмел»-и туххæн неци зонун.

Æ рæстæги мæмæ ци æрмæгутæ равардта, уоми уæхæнæй неци ес. «Дзилли зарæг» æнæмæнгæ райсдзæнæ фæстæмæ, куддæр си къопи исесон, уотæ, мæнмæ исæфгæ некæд неци кæнуй.

Дигорон æвзагбæл аййевадон литературæ мухур кæнуни фарстабæл дзубанди кодтан Тетцойти Таймурази хæццæ (зундгонд ирон поэт, Фидибæсти Устур тугъди архайæг, финста дигоронау. В. Дз.). Кæд æй фæууинай, уæд дин е бæлвурддæр радзордзæй, нæ зæрди ци бакæнун ес, уой. Нæуæгæй ма дин нæуæг анзи арфитæ».

Уæлдæр финстæгутæй ци скъуддзæгтæ æрхастон, етæ дзорæг æнцæ, зундгонд ахургонд-æвзагертасæг, профессор Абайти Васо æма Бесати Тазей æхсæн ци хæлар рахастдзийнæдтæ адтæй, дигорон æвзаг багъæуай кæнунбæл еумæйагæй куд мæтæ æма сагъæс кодтонцæ, нæ культурæ дигорон æвзаги гъæздуг æвæрæнтæй куд æма ци хузи фæгъгъæздугдæр гæнæн ес, уобæл. Сæ медастæу рафинсæ-бафинсæ дæр дзорæг æй, Абайти В. куд лæмбунæг дардта æ гъос, «Рæстдзинад» æма «Мах дуг»-и ци еугай æрмæгутæ фæззиннидæ дигорон æвзагбæл, уонæмæ дæр. Æрмæстдæр æцæг егъау ахургонд, æрмæстдæр Абайти Васой хузæни бон адтæй дигорон æвзаг айдагъ арф æма листæг исахур кæнун нæ, фал ма хецæн дзурдтæ æма дзурдиздæхти минеугутæбæл дæр æ цæстæ æрæвæрун.

Тазей æрахæст æма æ зинæвзарæнтæ

Тазе æ царди æхе нимадта амондгун адæймагбæл. Уарзта æгæрон уарзтæй, æхецæй дзæвгарæ кæстæр ка адтæй, уæхæн дигорайаг кизгæ Созаонти Гæбузай кизгæ Зарети.

Сæ устур уарзт, кæрæдзей хæццæ рахастдзийнæдтæ æма нимайундзийнади тухxæн кæд роман нæ, уæддæр уацау ба æмбæлуй ниффинсун, уомæн æма æнцæ уой агкаг.

Сæ киндзæхсæвæр арæзт æрцудæй 1940 анзи 13 октябри г. Орджоникидзей. Тазей фурти кизгæ Бесати С. куд финста, уотемæй: «Мæхчески скъола Тазейæн раргом кодта царди нæуæг арæнтæ. Алли бон дæр, фæнди хор уа, фæнди къæвда лæдæрса, кенæ мет, цудæй скъоламæ. Ка ’й зонуй, уоми исæвзурстæнцæ æ зæрди бæгъатæр лæппоти сорæт-

тæ: Æхсар («Æвзестæ идонæ»), Гетæ («Гетæ»), Ханафи æма Омарбий («Дуурæ биццеуи»). Тазе адтæй, æ райгуræн гъæуи нæуæгдзаути организаци фиццагдæр ка исаразта, уонæй еу. Фæстæдæр Бесати бийнонтæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ будурмæ Дур-Дури гъæумæ. Ами еци рæстæг берæ дигорон интеллигенций мийнæвæрттæ бакъуар æй. Алцæмæдæр цæмæдес æма æвзигъд биццеу, зудæй ниуазта, сауæдони дон ниуазæгау, адæмон сфæлдистадæ, зонундзийнæдтæ».

Идарддæр Бесати С. финсуй: «Тæккæ тугъди хуæдразмæ Тазей æрахæстонцæ, æ къохфинститæ ин æрæмбурд кодтонцæ æма сæ фæлластонцæ. Фудгин æй кодтонцæ национализми туххæн, уомæн æма кæддæриддæр дзурдта дигорон æвзаги сæрбæл, – нимадта æй мадтæлонбæл, тох кодта, цæмæй ин барæ адтайдæ æ уадзимистæ æхе æвзагбæл финсунбæл. Мæ фидæ райгурдæй (Тазей фурт Казбек), Тазе ба ин зонгæ дæр неци кодта. Ахæстдони уотæ фæлахс иссæй, фал æй уæддæр зиндзийнæдтæ не ’ртасун кодтонцæ. Некæд некæбæл бахаста цъух, цæмæй æхе уод исуæгъдæ кодтайдæ, уой фæдбæл. Æма рæстдзийнадæ еу афони исбæрæг æй – æппунфæстаг æй иссæребарæ кодтонцæ. Самарканди! Тазей кумæ рарвистонцæ, уоми базонгæ æй æцæг хуарз ирон лæги хæццæ, – фустæдарæн кустуати директори хæццæ. Е ин загъта, цæмæй æд бийнонтæ раййева æ цæрæнбунат уордæмæ. Фал нæ фиди фидæ цæхгæр дзуапп равардта, уомæн æма æнæ æ райгуræн бæстæ æ бон н’ адтæй, уæдта æхе бафæсвæд кæна ескæми, уæхæн тогихатти хецау дæр н’ адтæй.

Тазе айдагъ хуарз финсæг н’ адтæй, фал ма адтæй æцæг уоди хецау дæр». Мæхецæй ма мæ бафтаун фæндуй, Тазе, кæд ци ’й фæндуй федар адтæй, уæддæр æй ахæстдонæ ба хъæбæр рауурста. Æ дессаг ба уой медæги адтæй æма ’й кæд партион-советон разамонгутæ «дигорон, буржуазон националист» исхудтонцæ, уæддæр тох кодта, æ радзурдтæ, поэмитæ, æмдзæвгитæ дигорон æвзагбæл цæмæй финстайдæ, уобæл.

Абони уæнгæ ку æрхъæрттайдæ Тазе, уæд цийнæй мардайдæ, табуафси, финсæ æма мухур кæнæ дигоронау, цæйбæрцæ дæ зæрдæ зæгъуй, уой бæрцæ, уомæн æма уæхæн фадуæттæ фæззиндтæй. Куд зонæн, уотемæй нæ республики уагъд цæунцæ: журнал «Ираæф», газзет «Дигорæ». Банисан

кæнун æмбæлуй: аййевадон-æхсæнадон политикон журнал æма газзет нур цæунцæ 30 анземæ хæстæг æма уони фæрци дигорон литературæ дзæвгарæ фæгъгъæздугдæр æй. Фал евгъуд æноси 30–60-аг æнзти ба дигорон финсгути бартæ хъæбæр æлхъивд цудæнцæ, уой дæр æргом-æргомæй. Фулдæр хатт, цума дигорон æвзаг уогæ дæр нæййес, уæхæн цæстингасæй имæ каст цудæй.

Цæгат-Иристони советон æма партион оргæнтæ дигорон финсгутæ æма поэтти уадзимистæ размæ ку нæ уагътонцæ, уæд æхе сраст кæнунæн нæ республики партий обком æргъуди кодта уæхæн æдули гъуди, гъома, дан, дигоронау киунугутæ уадзун ку райдайæн, уæд дигорæнтти æрфæнддзæнæй сæхе бунтондæр ирон адæмæй рахецæн кæнун. Æма еци рæдуд гъуди беретæй байрагæс æй, берети фæттæрсун кодта, æрмæстдæр Тазей нæ. Куд ахургонд æма интеллигентон адæймаг, уотæ финсæг хуарз лæдæрдтæй, нæ адæн кæд хецæн этникон къуæрттæбæл дехтæ кæнунцæ, уæддæр еу адæмихатт æнцæ, еу хъисмæт æма историон культурæ син ес. Зæнхи цъарæбæл уæхæн сæрмагонд хецæндзийнæдтæ берæ адæмихæттитæмæ ес, уони хæццæ ба махмæ дæр. Уонæмæ хаунцæ Иристони адæми еу хай – дигорæнттæ дæр. Тазей, «дигорон буржуазон националист» исхонгæй, Цæгат Иристони хецауадæ гъавтонцæ дигорон æвзаги уедæгтæ бундзарæй исрæдовун, бахускъæ кæнун фæди-фæдмæ.

Уæлдæр куд банисан кодтан, уотемæй Бесати Тазе 1940 анзи октябри мæйи æ цард баеу кодта Созаонти Гæбузай кизгæ Зарети хæццæ. Заретæ æхуæдæг дæр æгæрон зæрддагон уарзтæй уарзта æ цардæмбали. Фал зундгонд финсæг Тазе дæр зæрдæй æхе исбаста еци силгоймагбæл – æ царди кæронмæ. Æ цард ба адтæй уæззау æма къæдзал-мудзул фæндæгтæбæл рацуд.

Тазейæн адтæй фондз æнсувæри æма фондз хуæри. Æхуæдæг финсæг ба адтæй бийнонтæн сæ тæккæ кæстæр. Сæ киндзæхсæвæрмæ æрæмбурд æй берæ адæм, хеуонтæ, къабæзтæ, иуазгутæ. Финсгутæй си адтæнцæ: Нигер, Мамсурати Дæбе, Епхити Тæтæри, иннетæ. Ирон литератури классик Мамсурати Дæбе уæхæн дзурдтæ загъта: «Гъулæггагæн, рентгени тунти бон нæ ’й адæймаги уоди æвæрæнтæ равде-

сун, æндæра ’й равдистайуонцæ, Бесати Тазе не ’хсæн тæккæ кæдзосдæр æма зæрдуарзондæр финсæг ке æй, уой».

Фидибæсти Устур тугъд ку райдæдта, уæд Тазе куста журнал «Ногдзау»-и. Еу изæр имæ фæззиндтæнцæ медгъуддæгти адæмон комиссариати косгутæ. Гъуддаг лæдæрд адтæй, етæ æрбацудæнцæ «буржуазон националист» Бесати Тазей ахæссуни фæдбæл. Æрахæссуни тухæй ордер имæ бавдесгæй, хæдзари къумти бадеголæ кодтонцæ, усхъуммæ исхаттонцæ, цидæриддæр си адтæй, уой, æ къохфинститæ ин райстонцæ æма ’й ракодтонцæ сæ хæццæ. Уой фæсте райдæдтонцæ сæ зинæвзарæн бæнттæ айдагъ сæхецæн нæ, фал ма æ бийнойнагæн дæр. Фиццаг рæстæгути Тазе бадтæй г. Орджоникидзей ахæстдони æма, ке зæгъун æй гъæуй, уадзгæ имæ неке кодтонцæ.

Бадæдтун имæ неци уагътонцæ, сауæнгæ ма æ хæццæ радзорæн, фембæлæн дæр н’ адтæй – фæстæдæр ба Заретæн барæ лæвæрд æрцудæй, æртæ мæйемæ еу хатт æ лæгæн продукттæ бахæссунæн. Финсæги ку нийййахæстонцæ, уæд еу цæйдæрбæрцæ рæстæг медгъуддæгти адæмон комиссариати косæг цардæй Бесати хæдзари. Тазей ахæстони исмедæг кодтонцæ, фал æй цæмæй æма цæй фæдбæл азумгин кæнунцæ, уомæн ба æ сæрæн неци лæдæрдтæй. Æвæдзи ин ахæстдони сойнитæ нæ цъирун кодтонцæ, дзæвгарæ гъезæмæрттæ ин бавзарун кодтонцæ, æма лæг æхемæ игъосунбæл фæцæй. Фæстæдæр, Заретæн фадуат ку равардтонцæ Тазей хæццæ фембæлунæн, уæд æй фиццаг фæсмæргæ дæр нæбал бакодта. Еци хабæрттæ мин Заретæ дзурдта 2002 анзи райдайæни.

Уæд æз кустон ЦИНИ-и Кавкази историй æма этнографий хайади сæргъæууæгæй, Заретæ ба арæх æрбацæуидæ филологон наукити кандидат, фольклори хайади сæргъæууæг Хæмицати Тамарæмæ (хæстæг адтæнцæ кæрæдземæн), æма уоми æртемæй бадгæй, сахæттæ фæккæнидæ æ лæги хабæрттæ. Æ цæстисугтæмæ кæсун мæ бон нæ уидæ. Уотæ мæмæ кæсидæ цæмæдæр гæсгæ, цума Заретæ æ цардæмбали æррæстæ уарзгæ нæ кодта, фал æй уæларвонбæл нимадта, æма адтæй, цæй тухæн уотæ бæрзонд æвæрд адтæй æ цæсти, уæхæн гъуддæгутæ.

Уæлдæр куд загътан, уотемæй Тазе зонгæ дæр нæ кодта,

фурт син ке исæнтæстæй, уой, æма ин Заретæ еци хабар ку фегъосун кодта, уæд лæги цидæр нифс бацудæй. Фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй Тазе æма иннæ ахæстити астæуккаг Азимæ г. Самаркандмæ рарвистонцæ. Æрмæстдæр 1943 анзи базудта Заретæ, æ цардæмбали ин ке исраст кодтонцæ, уой. Фал ахæстдони уавæртæ æнæфæззингæ нæ фæцæнцæ Тазей æнæнездзийнадæбæл. Бустæгидæр исфудхуз æй, æ сæри гъунтæ фæууорс æнцæ. Фал дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ: «Нæ дуйней æнæ хуæрзтæй нæ федауй», зæгъгæ. Тазей хъисмæтбæл дæр хуæрзæрдæмæ фæззиндтæнцæ уæхæн дууæ хуарз лæги: ахæстдони хецау æма профессор Бегизати Константин – ирон. Ахæстдони хецау зудта, Тазе ирон ке æй, уой æма ’й базонгæ кодта Бегизи-фурти хæццæ. Фæстæдæр еци дууæ адæймаги уотæ балимæн æнцæ æма арæх æмбалдæнцæ. Бегизи-фурт сæхемæ иуазæгуати æрбахудта Тазей æма ин æцæг ирон хинст исаразта.

Зарети дзубандитæмæ гæсгæ, Бегизати бийнонтæ уотæ хуарз хеуони цæстæй ракастæнцæ Таземæ, æма ин зæгъæн дæр нæййес. Константинæн æ бийнойнаг дохтур адтæй æма байархайдта, цæмæй Тазе æхебæл фæххуæстайдæ, уобæл. Сауæнгæ ма ин къахæй сæрмæ фæлуст дæр балхæдтонцæ. Хуæруйнагæй ба имæ уотæ фæккастæнцæ, æма ма сауæнгæ æ уæзæбæл æфтуйун дæр райдæдта. Бегизатæ курдтонцæ Тазейæй, цæмæй æ бийнонти хæццæ Самарканди цæргæй байзайа, фал Тазей не ’сфæндадтæй.

Нуртæккæ зин зæгъæн æй, Тазей Иристонмæ исæздæхун уотæ хъæбæр цæмæ гæсгæ фæндадтæй, е. Фал æцæгдзийнадæй ба Тазе фæстæмæ иссудæй æ райгурæн бæстæмæ, берæ къеутæ ци Иристони бауилдта, уордæмæ.

Тазей ку нийййахæстонцæ, уæд ин æ фатер дæр райстонцæ хецауадæ. Фæстæмæ Иристонмæ ку исæздахтæй Тазе, уæд еу рæстæг æ бийнойнаги хæццæ цардæнцæ Нигермæ. Еци тухст рæстæгути сæмæ æ фарс бадардта ирон советон литературы классик Мамсурати Дæбе дæр. Еци рæстæг е куста Горбазаради æма ин фадуат адтæй Тазей бийнонтæн хуæлци паектæ дæдтунæн. Сæ царди кæронмæ дæр Бесати бийнонтæ некæд феронх кодтонцæ Нигери, Дæбей æма иннети хуарздзийнæдтæ, аргъ син кодтонцæ хъæбæр устур. Мадта Бегизати бийнонти ба Тазе нимадта æхе бийнонти ху-

зæн æма æ царди кæронмæ дæр æ зæрдæ нæ исæййивта еци рахастдзийнæдтæбæл. Æ дзубандитæмæ гæсгæ, уони фæрци раервазтæй, уодæгасæй уони фæрци байзадæй. Бесати Тазе Иристонмæ ку æздахтæй, уæд ин Бегизати бийнонтæ балæвар кодтонцæ шляпæ æма цалдæр фусдзари. Еци фусдзæрттæ син сæ батухсти сахатти хъæбæр фæййагъаз æнцæ. Ци шляпæ ин балæвар кодтонцæ, уой ба Тазе ниввардта Коцойти Арсени кирæбæл 1944 анзи. Уой хæццæ ’й бакодтонцæ æвæргæ дæр.

Бесати бийнонтæн хуарз рахастдзийнæдтæ адтæй Хъойбайти Николаййи бийнонти хæццæ. Сæ дууетæ дæр тугъди агъонмæ цардæнцæ Дур-Дури. Уæд дууетæ дæр нæма зудтонцæ, Николай «адæми знаг» ке исуодзæй, Тазе ба – «буржуазон националист», уой. Фал сæ хъисмæт уотæ рауадæй. Евгъуд æноси 30-аг æнзти Тазе лимæнæй цардæй Мæскуй Паддзахадон Университети профессор Кокити Геуæргий хæццæ, зундгонд финсæг Мугути Хаджи-Мурати, Зæнгиати Владимири æма æндæр уæхæн зундгонд лæгти хæццæ. Тазе адтæй æцæг патриот, æма æ ’фæсонæрхæги дæр некæд фæззиндтæй райгурæн бæстæбæл гадзирахаттæй рацæуни гъуди. Таземæ æлкæддæр адтæй æхе цæстингас æ раппæлуйнаг æма æппæрццæг минеугути хæццæ.

Бесати Тазей сфæлдистадæбæл рафæлгæст

Тазе е сфæлдистадон кусти æппунæдзохдæр æвдиста нæ адæни цард. Уæлдай хъæбæрдæр ба ин еци нивтæ æвдесун æнтæстæй æ прози, куд иронау, уотæ æ дигорон радзурдтæ æма уацаути дæр. Æ уацау «Ка ке»-й æвдист цæунцæ, Иристони социалистон æхсæнадæ æрфедар кæнунбæл тох ку раеудагъ æй, еци рæстæгутæ. Финст æрцудæй 1935 анзи. Уацау финст æрцудæй дигоронау æма нимад адтæй дигорон прози зингæ фæззиндбæл. Кæсгутæ ин устур аргъ ке скодтонцæ, е Тазей нигки хъæбæрдæр фæрразæнгарддæр кодта прозаикон уадзимистæ финсунмæ. 1940 анзи ма ин бантæстæй дигорон радзурдти киунугæ рауадзун. Æма уоййадæбæл дигорон прозæн дзæвгарæ рæстæгути æ фæндаг æхгæд æрцудæй. Еци рæстæгути дигорон æвзаги сæрмæ ауигъд æрцудæй Дамокли æхсаргард æма ку еу дигорон финсæги бастъалидæ, ку ба инней.

Тазейæн дæр æ зинæвзарæн бонтæ ралæудтæнцæ. Уæхæн уаварæтæ æма къæппæгмæ бахаудтæй, æма уæди политикон цаутæмæ гæсгæ гъæуама æгас мабал байзадайдæ. Æма кæд раздæр «æнæууæнкæ» адæймагбæл цудæй нимад æррæстæ, уæд нур ба еци номхигъди иссæй сæ фиццæгтæй еу. Финсгути иуæнгти 'хсæнæй ин беретæ уайдзæф кодтонцæ, æгæр принципиалон ке æй, дигорон æвзаги сæрбæл æппунæдзохдæр ке хуæцуй, уой тухæн. Цæгат Иристони финсгути Цæдеси æмбурдти ин еу æма дууæ хатти нæ бауайдзæфтæ кодтонцæ, гъома, дæ бон æй нæ еумæйаг литературон æвзагбæл финсун, æма уобæл финсæ, зæгъгæ. 1940 анзи ци радзурдти æмбурдгонд рауагъта, уордæмæ бахаста 12 уадзимиси, куд иронау, уотæ дигоронау дæр, растдæр зæгъгæй ба дууæ иронау, дæс ба дигоронау. Профессор Исати Мæхæмæт куд зæгъуй, уотемæй, æмбурдгонди ин ци дууæ уадзимиси адтæй иронау, етæ авторæн рауадæнцæ дзæвгарæ лæмæгъдæр. Зундгонд æвзагертасæг æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: «Ци 'й фæндуй ку уа, уæддæр литературон сфæлдистади мадтæлон æвзагæн баййевæн нæййес, уомæн æма е адæймагмæ бахезуй æ мади æхсири хæццæ!» Зин æй уæхæн хатдзæги нихмæ ести нихмæвæрд дæнцæг æрхæссун.

Специалистти зæрдитæмæ хъæбæр фæццудæнцæ повесть «Марфæ» æма радзурд «Хари-хан». Бафеппайун æмбæлуй, æ хуæздæр уадзимисти Тазе дигорон-ирон прози бæрзæндтæмæ ке исхизтæй, уой. Фал уæддæр цæргæ- цæрæнбонти Тазей хорхæй мардта еци еунæг фарста, – «дигорон финсæг уогæй ин барæ цæмæннæ адтæй дигоронау финсунмæ. Ке зæрди æрæфтудæй еу литературон æвзагбæл финсуни гъуди». Дигорон æвзаги фарстатæ, мæнмæ гæсгæ, аразгæ гъуддæгутæ адтæнцæ, фал уæддæр еци фарста адтæй æхгæд æма æ ратонунмæ ба гъудæй хъауритæ.

Нæуæг литературон фæлгонцтæ саразуни куст автори æргом раздахта революцион тематикæмæ. Еци гъуддаги æ фиццаг къахдзæф адтæй æ роман «Нифс». Ами Тазейæн бантæстæй 1905–1907 æнзтæй сауæнгæ 1917 анзи Октябри революций агъоммæ ци цаутæ адтæй, уони æнхæстæй равдесун, уæдта советон хецауадæ куд æрфедар æй фæсреволюци Иристони, уой.

Таземæ адтæй еу минеуæг. Ци 'й фæндуй темæ ку райси-

дæ, уæддæр пайда кодта бæлвурд æрмæгæй. Æ зæрдæмæ хæстæг æвæрд адтæнцæ адæймаги хуæздæр æма бæрзонд-дæр æууæлтæ: сæребарæмæ турнундзийнадæ, адæмти ’хсæн æмбарæдзийнадæ, адæймаги ном æма кади кæдзосдзийна-дæ, райгурæн бæстæбæл еузæрдиуон ун, фæлмæнзæрдæ ун, сæребарæ фæллойнæ æма æндæртæ, Тазей уадзимисти устур æма æгкаг бунат ахæссуй лæгдзийнадæ, бæгъатæр-дзийнадæ, ирон адæми тох сæ æфхуæргути нихмæ.

Куд банисан кодтан, уотемæй Тазейæн берæ æнтæстæй сфæлдистади.

Дууæ æвзагебæл дæр ин бантæстæй хуарз æма цæмæ-дессаг уадзимистæ исфæлундун, адæймаги зæрдæ ка агайуй, кæсæг æхемæ ке райста, уæхæнттæ. Фал æ уавæртæ ба уотæ рауадæнцæ, æма ’й багъудæй фæстагмæ æрмæстдæр иро-нау финсун, уомæн æма е нимад цудæй Иристони «еумæйаг литературон æвзагбæл», финсæги тематикæ дæр æййевгæ цудæй. Уогæ уоми дессагæй дæр неци ес.

Финсæги сфæлдистади революцион-историон тематикæ дзæвгарæ рæстæг ахæста сæйраг бунат. Фæстугъд ба Тазей сфæлдистади зингæ бунат æрахæста тугъдон тематикæ.

Уомæн æвдесæн æнцæ æ уацаутæ æма радзурдтæ «Ихæс», «Бæгъатæр биццеутæ», «Хъарабас» æма æндæр-тæ. Æз сæ мæхуæдæг дæр кæсинæ устур цæмæдесдзийна-ди хæццæ æригон уогæй. Сæ фулдæрей кæсгæй, райсинæ устур æхцæуæндзийнадæ. Бакастæн ин æ уацау «Цæй зин æй цæргæсæн» дæр, граждайнаг тугъди бæгъатæр Гетъоти Хаджеумари тухxæн.

Зæгъæн, æ радзурд «Хъарабас»-и дзубанди цæуй мæгур, æвæрæз биццеуи тухxæн. Финсæг æ радзурд райдайуй уæ-хæн фæззелæнæй: «Дигоргоми ма абони дæр хуарз гъуди кæ-нунцæ зæронд Хъарабаси. Нæма феронх æнцæ адæмæй æ зартæ, тауæрæхътæ, арти фарсмæ бадгæй ке дзоридæ, етæ, нæма феронх æнцæ адæмæй æ зин æма дæргъвæтин царди хабæрттæ, æ бæгъатæр мæлæт. Æруагæс ми кæнуй, нур ма дзæвгарæ рæстæгутæ нæма феронх уодзæнцæ адæмæй æ царди хабæрттæ, уомæн æма адтæй æцæг лæг, кæдзос æма бæгъатæр, æ цард равардта адæми амонди сæраппонд.

Абони хузæн ма исистуй мæ цæстити рази...

Хъарабас лæууй айнæги риндзæбæл, æ къæдзæ лолæй

цæуй хъуæцæ, æ цæстæ даруй, æмпурсæнтæ ци Ираæф кæнуй, уой билгæрон дзогæмæ. Хор ба нигулæнæрдæмæ фæццæуй, æ ирд тунтæ æрттевæнтæ калунцæ бæрзонд цъетети сæртæбæл. Рæууадæ цæхъалтау базмæлун кæнуй деденæггун игуæрдæнтæ. Адæймагмæ уотæ фæккæсуй, цума деденгутæ æма кæрдæгутæ сæ медастæу сосо-босо исесунцæ, еу бæстæй иннемæ хабæрттæ игъосун кæнунцæ кæрæдземæн. Сосо-босо кæнунцæ игуæрдæни бæрзонд техæлттæ, фæбборуæвæг сифтæртæ – фæззæги фæдесонтæ. Зелдохгæнгæ хаунцæ зæнхæмæ, æма уони сæбар-субури æхсæн уæллæй, бæрзондæй кæцæйдæр гъос ахæссуй зарæги зæлтæ. Заруй Хъарабас... Дунгæмæ æзмæлунцæ æ сау нимæти кæрæнттæ. Ираæфи цæхъалтæ цума фæрсаг кæнунцæ лæги зарæн, уотæ кæсуй адæймагмæ. Мæнæ æ сæрмæ зелдох кæнуй цæргæс, æхецæн агоруй хуали. Хъарабас имæ æ фиййаулæдзæгæй февзиста æма æ базуртæ фæйнердæмæ урух райтиндзгæй, гъæдбуни фæстети фæйййауон æй.

Идарддæр финсæг дзоруй Хъарабаси зарти туххæн. Æригон цæппо-лæппотæ имæ игъосунмæ æрæмбурд уиуонцæ. Берæ уарзтонцæ фæсевæд Хъарабаси æ фиддæлтиккон таурæхъти æцæгдзийнади туххæн. Хъарабасмæ ци фарстатæ радтиуонцæ, уонæбæл алкæддæр истонцæ бæлвурд дзуæппитæ.

Сæ фарстатæй ку сфæлмæцидæ, уæдта райдаидæ æхе царди хабæрттæ кæнун. Тазейæн бантæстæй арæхстгинæй еци нивæ бавдесун: «Мæхе зæнхи гæппæл мин некæд адтæй мæнæн. Мæ бон фуркъа исæргъувун ку иссæй, раст еци кари ниууагътон мæ фиди уæзæг æма фæсхуæнхтæ Ассимæ лæскъдзæрæни ниффардæг дæн. Мæ зæрдæ дардтон, æцæгæлон бæсти исгъæздуг уодзæн, зæгъгæ, уобæл. Хæдзарæмæ, раст зæгъун гъæуй, æхца неци æрбахастон, фал уойхигъд æрбахастон нæуæг ном – Хъарабас. Мæ нийййергутæ мæ ци номæй худтонцæ, уой сумахæй зонгæ дæр неке кæнуй, уæдта ’й мæхуæдæг дæр, куд фæстæмæ байронх дæн: – «Хъарабас æма Хъарабас».

Уотæ мæ худта, лæскъдзæрæни ци æссон гъæздуг лæгмæ кустон, е. Хъарабас æссон æвзагбæл амонуй «саусæр». Уидæ æма мæмæ нигъгъæр кæнидæ: «Гъей, Хъарабас, цо æма гъæдæй къæдæратæ æрбахæссæ», кенæ «цо æма аци цалдæр бæхи бæхæргъаубæл исæмбæлун кæнæ», «Хъара-

бас, сигитæй лæхудзæ искæнæ æма скъæти фарс байсæрдæ». Æма, ме ’мзæнхонтæй ма уоми ка куста, етæ дæр мæмæ еци фæсномугæй дзорун райдæдтонцæ. Нур нæдæр мæ сæрбæл, нæдæр ба мæ рехи еунæг сау æрдой морæ дæр нæбал байзадæй, уæддæр ма мæмæ еци фæсномугæй дзорунцæ – «Хъарабас æма Хъарабас».

Лæмбунæг финст си цæунцæ Хъарабаси лимæн, æригон биццеуи, Туйгъантæ куд рамардтонцæ, еци цау, уæдта æлдæрттæ хумæтæг зæнхкосгути куд æфхуардтонцæ, еци хабæрттæ дæр.

Уой фæсте ралæудтæй Советон догæ, æма зæнхкосгути цард дзæвгарæ фæххуæздæр æй. Фæстæдæр ба райдæдта Фидибæсти устур тугъд, кæци иссæй айдагъ Советон Цæдесæн нæ, фал еугур адæмæн дæр зинæвзарæн, уони хæццæ ба нæ республики адæнæн дæр. Финсæг лæмбунæг æрлæудтæй, немуцаг-фашистон тухгæнгутæ ци фудмиутæ бавзарун кодтонцæ советон дзиллитæн, уонæбæл. Æ тæккæ цæмæдессагдæр ба æй радзурди кæрон. Хъарабас, æ кари уогæй, гъавуй немуцæй æ маст райсун. Ес ма имæ хъаурæ, нифс, æ бон ма æй знагæн нихкъуæрд радтун: «Хъарабаси бауæри цума нæуæг тог бауагъдæй, уотæ тагъд ампъезтæй æ цуд исаразта гъæумæ къахнадбæлти.

Гъæугæронмæ ку бахъæрттæй, уæд фæсдзæхæратæ нæ ракодта æ фæндаг, фал комкоммæ цудæй гъæуи сæйраг гъæунги бæрæгастæути. Куд арфдæр цудæй, уотæ æ зæрдæ унгæгдæр кодта. Сауæнгæ ма карки цъеубæл дæр æ цæстæ некæми æрхуæстæй. Адæн сæхе бафæсвæд кодтонцæ хæдзæртти, пъадвалти, тæрсунцæ æдасæй æндæмæ ракæсунæй. Гъæунги фæйнæ фæрсти сугъд хæдзаруæттæ». Хъарабас æ них исаразта гъæусовети азгъунстмæ. Уоми æ сæрбæл фелудта, цæстæн æнæуинон ка адтæй, еци немуцаг туруса. Хъарабас си æвдист цæуй æ даргъ уорс рехи хæццæ, цæргæси æмæнгæс, æ хъаурæ ма е ’уæнгти кæмæн æй, уæхæнæй. Куд фулдæр æстæфтæй сугъд æма ихæлд хæдзæрттæ, уотæ æнæуинондæр цæстæй кастæй немуцаг фашисттæмæ, уотæ фулдæр ирадæй æ маст. Уотæ рæхги Хъарабас бахъæрттæй комендатурæмæ: «Гъæуайгæс нæ уагъта медæмæ Хъарабаси. Зæронд лæг медæмæ бакастæй æма фæкъкъех æй. Азгъунсти немуцаг афицерти æхсæн æрæстæфтæй дуурæ зон-

гæ адæймаги. Сæ уæле æскъудтæ уæледарæс нæбал адтæй, фал нæуæг кæдзос пъæлицайти хъæппæлтæ. Уæйгæнгутæй сæ еу æрæстæфтæй Хъарабаси. Базудта æй æви нæ, е бæрæг нæ ’й, фал къæразгæмæ æхе хæстæгдæр æрбайста æма зæронди бафарста:

– Ци дæ гъæуй, зæронд?

– Сумах партизанти агоретæ, – дзуапп ин равардта Хъарабас. Æз уин сæ баамондзæн.

Пъæлицай хъæбæр бацийнæ кодта æма дуаргæсмæ фæдздзурдта, цæмæй лæги медæмæ æрбауадзонцæ.

Зæронд лæг æ фусдзарходæ æ сæрæй есгæ дæр не ’скодта, уотемæй уатмæ бахизтæй æма комкоммæ пъæлицаймæ бацудæй. Пъæлицай немуцагау цидæртæ радзурдта афицерæн, фал си зæронди гъос æрахæста: «Партизан, партизан», зæгъгæ, еци зонгæ дзурдтæ.

– Партизан, партизан, – сдзурдта зæронд лæг æма уæйгæнæгмæ никки хæстæгдæр бацæугæй, æ хъæма фелваста æма ин æй æ реуи ниссагъта.

Æма, цалинмæ немуцæгтæ сæ кеми нæма æрцудæнцæ, уæдмæ иннемæ дæр багæпп кодта æма уой дæр мæрдтæмæ барвиста.

– Партизан æз дæн, – нигъгъæр кодта зæронд.

...Æ тоги мæцгæй, бастæй лæудтæй Хъарабас комендатури тургъи. Зудта, æ мæлæти усмæ ке æрхъæрттæй, уой. Æрмæстдæр æй деси æфтудта, нури уæнгæ ’й ке нæма рамардтонцæ, е. Маргæ ба ’й нæ кодтонцæ уомæн, æма тæлмацгæнæгмæ æнгъæлмæ кастæнцæ. Æндæр гъæуæй имæ тæлмацгæнæг ку æрбакодтонцæ, уæд имæ цалдæр фарстай равардта, фал ин е дзуапп не ’скодта. Тæлмацгæнæг архайдта Хъарабасæн балæдæрун кæнун, гъома, ку неци зæгъай, уæд дæ ауиндзгæ кæндзæнцæ, зæгъгæ. Е адтæй немуцаг афицери унаффæ. Зæрдæбæл æмбæлуй, Хъарабаси ма фæстаг хатт гъæунгти куд фæццæй кодтонцæ, еци нивæ дæр. Къуари адтæй даргъзæнгæ афицер, цуппар автоматæйæхсæги æма тæлмацгæнæг. Етæ худтонцæ Хъарабаси ауиндзæнмæ. Сæ фæсте цудæнцæ, гъæуи ма цæунгъон ка адтæй, еци цæргутæ. Немуцмæ адтæй уæхæн закъон, æма æртигкаг рейхи нихмæ ка цудæй, уони ку ауиндзиуонцæ, уæд гъæуи еугур цæргути дæр æрæмбурд кæниуонцæ кæсунмæ, цæмæй

уинонцæ æма тæрсонцæ. Еу усми ба Хъарабас цæхгæрлæуд фæккодта æма тæлмацгæнæгæн балæдæрун кодта: «Зæгъæ дæхеуонтæн: Цæргæс æ хуали риндзæбæл фæххуæруй. Æрмæстдæр тæрсагæ гъæддаг къæбистæ бахæссунцæ сæ хуали фæскъумтæмæ. Фæндуй мæ, цæмæй мæ бæрзонд риндзæбæл нийййауиндзонцæ».

Немуцаг афицер æ фурдесæй æ усхъитæ базмæлун кодта.

– Фæууæд уотæ дæр. Уадзæ æма ’й идардæй уинонцæ, мах нихмæ ка тох кæнуй, уомæ ци æнгъæлмæ кæсуй, уой.

Хъарабас нæ фæккиудтæй æ мæлæти размæ. Е ’мгъæуг-кæгтæ идардæй уидтонцæ, Хъарабаси хъурбæл æрвæдзæг куд багæлстонцæ, уой. Сæ цæстæ дæр си некебал никъулдта. Рацæргæ зæронд лæг лæмбунæг цæстингасæй гъæуæйттæ кодта æ райгуræн бунæттæбæл, идæрдтæмæ уидта æ риндзæй. Уидта, Ираæф куд æмпурсæнтæ кæнуй, цъететæ тæмæнтæ куд калунцæ, уонити.

Хъарабас æхе нæуæгæй бахатта тæлмацгæнæгмæ æма ин балæдæрун кодта: «Зæгъæ дæ хецæуттæн, сæ адзали сахат ку ралæууа, уæд етæ ауæхæн рæсугъд рауæн нæ есдзæнцæ сæ уод, фал ахæстдони унгæг къумти. Нигки дæр ма син зæгъæ лæгæй-лæгмæ, Хъарабас мæлæтæй нæ тæрсуй, мæрдтæмæ цæуй сæрбæрзондæй, боз æй æхецæй, адæми тог ке райста, уомæй».

Тæлмацгæнæг æ дзурдтæ кæронмæ дæр нæма фæцæй тæлмацгонд, Хъарабаси ба Ираæфи уолæнтæ уæдмæ сæ хæццæ раскъафтонцæ. Цалдæр боней фæсте ба ин æ мард билгæронмæ рагæлстонцæ. Е ’мгъæугкæгтæ ин æ мард байвардтонцæ игуæрдæни, фæндаггæронмæ хæстæг. Нæ адæнмæ ес уæхæн æгъдау: циртдзæвæнбæл къох байвæрун. Фæндаггонæй кадæриддæр рацæуй, етæ некæд евгъуйунцæ Хъарабаси циртбæл æнæ сæ къох байвæргæ».

Е ’мгъæугкæгтæ арæх уинунцæ Хъарабаси сæ фуни. Еуети цæстити рази æристуй æригон, саудзигкогин биццеуæй, иннетæ ба ’й уинунцæ зæронд рехгун лæгæй. Гъе, уотемæй байзадæй Хъарабаси сорæт адæми зæрдити Тазей фæрци.

Финсæги хецæн уадзимисти хæццæ раги базонгæ æнцæ Советон Цæдеси кæсгутæ дæр. Цæмæдессаг æма автори æскъуæлхтбæл нимайун Тазей документалон уацау «Цæй зин

æй цæргæсæн». Финст æрцудæй Граждайнаг тугъди бæгъатæр Гетъоти Хаджеумари цардбæл.

1937 анзи советон æфсæдтон архайæг Роберт Эйдеман финста: «Тайгай туппуртæ фæсмæрунцæ дууæ номи: Сергей Лазой æма Гетъоти Хаджеумари. Лазо – Граждайнаг тугъди лирикæ, æ уод, æ стратеги. Гетъой-фурт ба партизанти æндон нифс.» Бесай-фурти киунуги документалон бундорбæл æвдист æрцудæй бæгъатæр революционери сорæт, Идард Хорискæсæни Граждайнаг тугъди сæйраг архайгутæй еу, не ’мзæнхон Гетъоти Хаджеумари цард æма тох.

Куд зонæн, уотемæй Хаджеумар адтæй Сергей Лазой тæккæ еузæрдиуондæр æмтохгæнæг æма æмбал. Лазой япойнаг интервенттæ уодæгасæй басугътонцæ поезди артгæнæни. Р. П. Эйдеман æхуæдæг хуарз зудта сæ дууей дæр æма син кодта устур аргъ, фал, гъулæггагæн, 1937 анзи ахæст æрцудæй æма æ æрмæгутæ дæр фесавдæнцæ. Фæл бæлвурд бæræг æй еци гъуддаг – Гетъоти Хаджеумар адтæй устур лæг, бæгъатæр æма кæдзосзæрдæ адæймаг. Æхе агкаг тугъдонæй равдиста Идард Хорискæсæни. Уой туххæн ма финстонцæ æндæр публицисттæ дæр. Уорс æфсади инæлар Г. М. Семенови тугъдон къуари хæццæ хуæцгæй, уацари бахаудтæй æма 1918 анзи æхст æрцудæй. Мæнмæ гæсгæ, Тазей сфæлдистади еци уацау адтæй устур æскъуæлхтдзийнадæ.

Айдагъ Тазе нæ, фал рауагъдадæ «Современник» дæр райстонцæ дзæвгарæ арфи финстæгутæ. Кæсгутæ арфæ кодтонцæ рауагъдадæн, уæхæн уацау ке ниммухур кодтонцæ, уой фæдбæл. 1979 анзи 28 феврали газзет «Социалистическая Осетия» ниммухур кодта финстæг. Æ автор киеваг З. Дубовик финста: «Бесати Тазей уацау «Цæй зин æй цæргæсæн»-и æвдист цæуй зундгонд æма бæгъатæр революционер Гетъоти Хаджеумари цард æма тох. Фиццаг хатт уагъд æрцудæй киунугæуадзæн «Ир»-и, фæстæдæр ба 1977 анзи еци уацау уруссаг æвзагбæл ниммухур кодта мæскуйаг рауагъдадæ «Современник». 1978 анзи ба финсæг райста финстæг рауагъдадæй. «Посылаю вам чрезвычайный сюрприз, – финсуй æ редактор В. Сергонова, – письмо дочери Вашей героини Юлии Закусилло. Нас оно просто растрогало, думаю, и Вас не оставит равнодушным». З. Дубовик куд финсуй, уотемæй цалдæр боней размæ Киеви киоски балхæдта Тазей киунугæ æма

си зонгæ нæмттæ ку бакастæй, уæд æ цийнæн кæрон нæбал адтæй. «Гъуддаг уой медæги æй, æма киунуги архайгутæй еу, Юлия Иосифи кизгæ Закусилло-Гетъоти, мæн мадæ æй. Хаджеумар адтæй æ фиццаг лæг. Мæ мадæ рамардæй 1958 анзи г. Киеви. Киунуги куд загъд æй, уомæ гæсгæ 1918 анзи æцæгæйдæр Хаджеумари фехстонцæ г. Читай.

Цидæриддæр цаутæ æма хабæрттæбæл си цæуй дзубанди, етæ æнцæ æцæг. Тазей бон бацæй дессаги æрмæгутæ иссерун». Идарддæр З. Дубовик финсуй: «Фæндуй мæ еци киунуги авторæн мæ сæрæй ниллæг раковун. Æма кæд хъæбæр байрæгæмæ æй, уæддæр мæ фæндуй, финсæги, ци æрмæгутæ мæмæ байзадæй мæ мадæй, уони хæццæ базонгæ кæнун. Ес мæмæ дессаги хузæ, – мæ мадæ мæ хестæр æнсувæр Кермени хæццæ (уруссагау – Вадим), æвæццæгæн, ист æрцудæй 1913 анзи, никкидæр ма иннæ революционертæ сæ фæххасти рæстæг. Сæ хæццæ Валя Лаврова дæр, – мæ мадæ æ революцион архайди ке фæдбæл цудæй, еци силгоймаг. Мæнмæ гæсгæ, еци документтæ цæмæдессаг фæккæсдзæнцæ автормæ. Бесати Тазей киунугæ æррæстæ революционертæбæл финст нæ ’й, фал, цидæр уæлдæр æмвæзадæмæ ка исхизтæй, уæхæн æрмæг. Уадзæ æма ’й зононцæ: Гетъоти Хаджеумар адтæй дигорон, мæ мадæ ба уруссаг, владикавказаг аристократи кизгæ, æппундæр неци гъæуагæ адтæй, е ба æхецæн равзурста революцион фæндаг, æмтох кодта фæллойнæгæнæг адæни ’ссæребарæ кæнунбæл, æма æппунфæстаг ахæстдæнттæ, идард Сибир, тухст бонтæ». З. Дубовик цалдæр хатти баханхæ кодта æ финстæги, æ мадæ, æцæгæйдæр, Тазе æй куд иснивæ кодта, уотæ адтæй «рæсугъд, хуæрзконд кизгæ». Идарддæр З. Дубовик финсуй: «Юлия Гетъоти-Закусиллой зæнæгæй ма æгасæй еунæг æз байзадтæн, цæрун г. Киеви, косун Украини Госснаби сæргълæууæги хуæдæййевæгæй. Ес ма мин хуæрæ æма æнсувæр мæ мади дугкаг лæгæй.

Кермен-Вадим, Хаджеумар æма мæ мади фурт райгурдæй 1913 анзи, фæммард æй Фидибæсти Устур тугъди. Беслæни цæруй æ бийнойнаг Катя æ фурти хæццæ, Дур-Дури ба æ кизгæ Лидæ æ бийнонти хæццæ. Не ’хсæн ес федар бастдзийнæдтæ. Ергæ ба сæ тухххæйти искодтон 1967 анзи». Уæди уæнгæ син сæ хабæрттæн неци зудта.

Уæлдæр куд бавдистон, уотемæй Тазе адтæй устур скурдиади хецау, устур финсæг. Æ уадзимисти æцæг хузи æвдиста е ’снивæнст сорæттæ. Куд æ дигорон æмдзæвгитæ, уотæ æ прозаикон уадзимистæ дæр адтæнцæ хъæбæр бæрзонд аййевадон уагæбæл финст. Финста драматургион уадзимистæ дæр. Етæ дæр, специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй дæлдæр нæ лæудтæнцæ. Нерæнги ма Тазей сфæлдистадæмæ се ’ргом ке раздахдзæнцæ литературæертасгутæ, е дузæрдуггаг некæмæн æй, нерæнгæ син фагæ аргъгонд нæма æрцудæй. Е сфæлдистадæ ба æй æнæгъæнæ монографий агкаг.

Тазе айдагъ поэт æма прозаик н’ адтæй, фал ма адтæй литературæ ертасæг æма критик дæр, æ къохæй дзæвгарæ статьятæ рацудæй Къостай, Багъæрати Созури, Нигери, Гулути Андрейи, Хъамбердиати Мисости, Епхити Тæтæрий, Плити Гриши, Мамсурати Дæбей, Муртазти Бариси æма иннæ ирон финсгути тухæн. Тазей уадзимистæ тæлмацигонд цудæнцæ украинаг, гурдзиаг, азербаджайнаг, цæцæйнаг, мæхъæлон æма æндæр æвзæгтæмæ, æма, ке зæгъун æй гъæуй, уруссаг æвзагмæ. Тазей сфæлдистадæ агкаг бунат ахæста айдагъ ирон-дигорон литератури нæ, фал еугур советон литератури æхсæн дæр. Æ хуæздæр уадзимистæй беретæ тæлмацигонд æрцудæнцæ французаг, испайнаг, италиаг, венгриаг æма æндæр бæстити æвзæгтæмæ.

Нæ цори æристуй дзурди устур хузгæнæг, скурдиадгун финсæг æхе уæлахезтæ æма лæмæгъдзийнæдти хæццæ. Æ къулумпидзийнæдтæмæ хаунцæ, советон-партион оргæнтæ ин ци уодмарæн гъезæмæрттæ бавзарун кодтонцæ, етæ дæр.

Абони цæстæй ку кæсай, ци анхосæгтæ ибæл нинхуæрстонцæ æ рæстæги, уæд адæймагмæ ходæгау дæр ма кæсунцæ сæ æдулидзийнадæй. Фал Тазе еунæг н’ адтæй, уæхæн фудуаварти ка бахаудтæй, уони æхсæн.

Тазе финста алæмæти рæсугъд æвзагæй. Уомæн æвдесæн æнцæ: «Цард тох æй алкæддæр», «Тæходуй», «Седзæр», «Ку ’рхуссун». Мадта 1931 анзи ци кадæнгæ ниффинста Тухайти Æргæсгæбæл, уой ба ма адæми хестæр фæлтæр абони дæр цъухæй-цъухмæ дзорунцæ. Гъулæггагæн, абони уæнгæ дæр Тазей сфæлдистадæ кæронмæ ертæст нæма æрцудæй. Мæн фæндадтæй æрмæстдæр е ’сфæлдистадæн æма цардæн анализ искæнун, уомæн æма Тазе адтæй, Дур-Дури гъæуæй ци еунæг устур классик рацудæй, е.

МÆРЗОЙТИ Ислам-Бек
МАЛХЪАРТИ Натэллæ

ИРИСТОНÆЙ – АРВИ КÆРÆНТТÆМÆ[1]

Хабити Андрей Дзабой фурт. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Æвæрд æй АЕШ-и.

Хадати Берди Дзабой фурт. 1887 анзи игурд. Уæхъæццаг. 1912 анзи рафтудæй е ’мбæлтти хæццæ Цæгат Америкæмæ. Е ’мбæлццон Тауитти Гуйман куд дзурдта, уотемæй г. Галифакси ку рахизтæнцæ науæй, уæд сæ æртæ бони карантини бауорæдтонцæ. Кастæнцæ сæмæ дохтуртæ æма Берди, уæдта е ’мбалмæ цæстити нез исбæрæг кодтонцæ æма сæ фæстæмæ Лондонмæ рарвистонцæ.

Хадати Бекир. Мæхчески приходæй. Адтæй ин бийнонтæ. 1910 анзи бафтудæй кустагор Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 27 анзи.

Хадати Бринкъа. Мæхчески приходæй. 1914 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хадати Гæбис. Мæхчески приходæй. 1914 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

[1] Кæрон

Хадати Данел Майрæнхъули фурт. Мæхчески приходæй. Адтæй ин бийнонтæ. 1909 анзи бахъæрттæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 28 анзи.

Хадати Кермен. Мæхчески приходæй. 1911 анзи бахъæрттæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 18 анзи.

Хадати Сандир. Уæхъæццаг. Адтæй ин бийнонтæ. 1909 анзи куста Цæгат Америки. Цудæй ибæл 25 анзи.

Хадати Сарæбий. Мæхчески приходæй. 1909 анзи куста Канади. Уæд ибæл цудæй 29 анзи.

Хадати Темболат Губадий фурт. 1895 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1914 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Рамардæй АЕШ-и.

Хадати Томай. 1911 анзи рахизтæй Канади. Уæд ибæл цудæй 24 анзи.

Хадати Угъу (Семен) Гуймани фурт. 1869 анзи игурд. Мæхчески приходæй. ХХ-аг æноси райдайæни рафтудæй Канадæмæ кустагор. Уæд ибæл цудæй 44 анзи.

Хадати Ф. Уæхъæццаг. 1912 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. 1922 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгуræн бæстæмæ.

Хадати Хаджимурзæ Гамæзай фурт. 1868 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1911 анзи бахъæрттæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 44 анзи.

Хадати Хазбий Майрæни фурт. 1888 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1914 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Хадати Хадзи (Харитон). 1871 анзи игурд. 1911 анзи рафтудæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 22 анзи.

Хуадонти Бадзай Заурбеги фурт. 1859 анзи игурд. Донифарси приходæй. 1911–1914-аг æнзти куста Цæгат Америки.

Хуадонти Борхъан. Пусулмонгъæугкаг. 1912–1921 æнзти куста Цæгат Америки.

Хуадонти Гадзо. 1882 анзи игурд. 1916 анзи куста Канади. Уæд ибæл цудæй 34 анзи.

Хуадонти Гаврил. Мæхчески приходæй. 1909 анзи куста Канади. Уæд ибæл цудæй 25 анзи.

Хуадонти Геуæрги. 1822 анзи игурд. 1912 анзи куста Канади. Уæд ибæл цудæй 20 анзи.

Хуадонти Гидро. Кириcтонгъæугкаг. 1910 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. 1922 анзи, фæстæмæ æрбаздæхгæй, æ хæццæ æрбаласта трактор.

Хуадонти Смали Иласи фурт. 1887 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1914 анзи кустагор рафтудæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 27 анзи. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгуræн бæстæмæ.

Хуадонти Сослæнбег Базай фурт. 1893 анзи игурд. Нарон. 1914 анзи куста Канади. Æ мадæ Басилхъæз, æнсувæртæ: Сæхмæт, Хаджеумар, Хаджимæт, Михал, хуæртæ – Хуре, Нагъуæ æма Борæхан.

Хуадонти Тазæрет. Нарон. 1909 анзи рахизтæй Канади. Уæд ибæл цудæй 30 анзи.

Хуадонти Хаджимæт. Секераг. 1911 анзи бафтудæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 22 анзи.

Хуадонти Хæмиц. Донифарси приходæй. 1911–1921 æнзти куста Цæгат Америки. Æ райгуræн бæстæмæ æрæздæхгæй, цардæй Хæзнидони гъæуи.

Хуадонти Харитон Сланихъой фурт. 1883 анзи игурд. 1912 анзи куста Цæгат Америки.

Хути Бенигор Мæхæмæти фурт. 1891 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи Цæгат Америкæмæ рафтудæй кустмæ. Цардæй Сан-Франциской, Калифорний. 1934 анзи æрбаздахтæй Иристонмæ, фал фæстæмæ рандæ ’й Америкæмæ æма нæбал æрбаздахтæй. Рамардæй АЕШ-и.

Хути Даукуй Гæбузай фурт. 1877 анзи игурд. Лескейнаг. 1908 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. 1921 анзи исæздахтæй Иристонмæ, шахтери дæсниадæ райсгæй.

Хути Къæбуци Аслæмбеги фурт. 1891 анзи игурд. Лескейнаг. 1908–1921 æнзти куста Америки, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгуræн гъæумæ.

Хути Маши Дзахой фурт. 1898 анзи игурд. Лескейнаг. 1913 анзи куста Цæгат Америки, уæдта фæстæмæ æрбацудæй. Цардæй Лескени.

Хути Хæмæт Айдарухъи фурт. 1891 анзи игурд. Донифарси приходæй. Куста Аляски 1917–1918 æнзти.

Хайманти Секер. Стур-Дигори приходæй. 1910 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй АЕШ-и. Рамардæй 1954 анзи.

Хайманти Тæтæри Музухъи фурт. 1873 анзи игурд. Стур-Дигори приходæй. 1910 анзи куста Цæгат Америки.

Хайманти Тæтæрхъан Умари фурт. Секераг. 1892 анзи игурд. 1910 анзи куста Канади. Бийнонтæ ин уæд нæма адтæй. Секери ин цардæй æнсувæртæ: Ахъберди æма Садулæ, уæдта хуæртæ: Сæлимæт æма Заретæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй æма куста АЕШ-и.

Хæллати Александр. 1887 анзи игурд. Адтæй ин бийнонтæ. 1915 анзи куста Канади.

Хæллати Хамбий. Дур-Дуйраг. ХХ-аг æноси райдайæни куста Цæгат Америки. Иристони ин байзадæй хуæртæ æма æнсувæртæ.

Хæллати Циган. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ кустагор. 1928 анзи æнхус кодта ССР Цæдеси уæлдæфон флот райрæзун кæнуни фондæн. Фæстæмæ æ райгуræн бæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй æма куста АЕШ-и, мæлгæ дæр уоми ракодта.

Хамати Бабу. 1884 анзи игурд. 1914 анзи 24-аг октябри рахизтæй Канади. Косгæ æма цæргæ дæр кодта уоми.

Хамати Бæбаллæ. 1881 анзи игурд. 1909 анзи куста г. Сиэтли, АЕШ.

Хамати Геуæрги Габой фурт. 1834 анзи игурд. Гæлиати приходæй. Къæмунтæй. Куста Канади. Къæмунти ин адтæй æнсувæр Тате æма дууæ хуæри: Гуте æма Дзахе. 1917 анзи фæлвардта фæстæмæ æрбаздæхунбæл.

Хамати Геуæрги. 1885 анзи игурд. 1915 анзи 24-аг февраля рафтудæй Канадæмæ. Адтæй гæлиаттаг.

Хамати Габриэль. 1887 анзи игурд. 1909 анзи куста АЕШ-и г. Сиэтли.

Хамати Гудрон. Синдзигъæугкаг. ХХ-аг æноси райдайæнти кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Экономикон æгудзæгдзийнади рæстæг фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгуræн бæстæмæ е ’мбæлттæ Æфсæрæгти Дафа æма Зугъутати Хъазий хæццæ.

Хамати Ала. 1887 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Хамати Тате. 1889 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади, фæстæдæр, 1915 анзи ба æ цæрæнбунат раййивта АЕШ-мæ.

Хамихъоти Æфсимайхуæ. Стур-Дигори зилдæй. 1914 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ.

Хамихъоти Беслæн Бæзай фурт. Стур-Дигори зилдæй. 1914 анзи уæнгæ куста Цæгат Америки, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хамихъоти Дзанхот Такъой фурт. 1871 анзи игурд. Лескейнаг. 1908 анзи куста Цæгат Америки.

Хамихъоти Дзима Какой фурт. 1882 анзи игурд. Стур-Дигори приходæй. 1914 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма си фæццардæй 52 анзи. 1919 анзи бацудæй АЕШ-и Коммунистон партий рæнгъитæмæ. 1966 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ æма цардæй г. Орджоникидзей.

Хамихъоти Иван. Нæуæггъæугкаг. 1913 анзи кустагор рафтудæй г. Сан-Францискомæ, штат Калифорни. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Хамихъоти Урусбий. XX-аг æноси райдайæнти куста Цæгат Америки. Фæцæй си цалдæр анзи, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хамихъоти Хазбий Байцуй фурт. 1867 анзи игурд. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Райста гъæдгустгæнæги дæсниадæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Æвæрд æй г. Дигорай.

Хамихъоти Хамбий Байцуй фурт. 1881 анзи игурд. 1914 анзи рафтудæй кустагор Цæгат Америкæмæ. Цалдæр анзи си фæцæй, уæдта æрбаздахтæй фæстæмæ.

Хæмицати Иван Бадзай фурт. 1876 анзи игурд. Стур-Дигойраг. Адтæй ин бийнонтæ. Æ уосæ – Марфæ, фурттæ Мухарбег æма Алексей. 1914-1923 æнзти куста Цæгат Америки. Æвæрд æй Сурх-Дигори. Адтæй ин æнсувæртæ Дзабай æма Абай, хуæрæ Даухан.

Хæмицати Сослан Хуасцауи фурт. 1875 анзи игурд. Стур-Дигойраг. 1910–1927 æнзти куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хæмицати Нæуæг Хуасцауи фурт. Стур-Дигойраг. 1907–1912 æнзти куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хæмицати Хакъиассæ Михели фурт. Стур-Дигойраг. 1910-1914 æнзти куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ. Æвæрд æй Сурх-Дигори.

Хæтæгти Афæхъо. 1889 анзи игурд. Донифæрсаг. Адтæй ин бийнонтæ. 1912 анзи 15 лæгей хæццæ бафтудæй кустагор Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 23 анзи.

Хæтæгти Гæбула. 1893 анзи игурд. 1915 анзи рафтудæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 22 анзи.

Хæтæгти Гæбуц Фацбайи фурт. 1911-1914 æнзти куста Цæгат Америки. Фæммард æй фиццаг Дуйнеон тугъди.

Хæтæгти Дафа Хаджимæти фурт. 1885 анзи игурд. 1914 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгуræн бæстæмæ.

Хæтæгти Дзандар. Мæхчески зилдæй. Адтæй ин бийнонтæ. 1909 анзи куста Канади. Цудæй ибæл уæд 25 анзи. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгуræн бæстæмæ.

Хæтæгти Дзæрдæг Слани фурт. 1884 анзи игурд. Донифæрсаг. 1911 анзи куста Цæгат Америки, 1914 анзи ба сахъатæй æрбаздахтæй æ райгуræн бæстæмæ, фал берæ нæбал рацардæй.

Хæтæгти Дола. 1888 анзи игурд. 1910 анзи рафтудæй Канадæмæ. Цудæй ибæл уæд 22 анзи.

Хæтæгти Долæт. Мæхчески приходæй. 1914 анзи куста Цæгат Америки, уæдта сæздахтæй фæстæмæ.

Хæтæгти Муха Хаджимæти фурт. 1882 анзи игурд. Донифæрсаг. 1908 анзи рафтудæй Канадæмæ. Цудæй ибæл 30 анзи. 1912 анзи сæздахтæй фæстæмæ.

Хæтæгти Налухъ Демури фурт. Мæхчески приходæй. 1914 анзи куста Цæгат Америки, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй.

Хæтæгти Сергей. 1889 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади. Уæд ибæл цудæй 24 анзи.

Хæтæгти Темурхъан. Донифæрсаг. 1914 анзи рафтудæй Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Хæтæгти Хушин Фацбайи фурт. 1880 анзи игурд. 1914 анзи куста Цæгат Америки.

Хатъати Бæдæу. Куста АЕШ-и. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Хатъати Геуæрги. Куста Канади.

Хатъати Сæхмурзæ. Мæхчески приходæй. 1914 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Куста æма цардæй Канади.

Æнхус кодта 1928 анзи ССР Цæдеси уæлдæфон флот райрæзун кæнуни фондæн. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй АЕШ-и.

Хатъати Темирболат. 1912 анзи куста Америки.

Хатъати Тотурбег. 1910 анзи рафтудæй Канадæмæ. Уæд ибæл цудæй 23 анзи.

Хачирти Габис Хъасболати фурт. 1866 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи куста Цæгат Америки.

Хачирти Инал Елмурзай фурт. 1880 анзи игурд. Лескейнаг 1910-1914 æнзти куста Цæгат Америки. Райста курдони дæсниадæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Рамардæй 1968 анзи.

Хачирти Муса. Лескейнаг. 1910 анзи рафтудæй кустагор Цæгат Америкæмæ. 1921 анзи æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Райста трактористи дæсниадæ. Рамардæй 1954 анзи.

Хачирти Хангерий. Лескейнаг. 1909 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. 1914 анзи æрбаздахтæй фæстæмæ. Рамардæй 1917 анзи.

Хидирти Бестъол. Лескейнаг. 1909-1913 æнзти куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хидирти Бицка. Лескейнаг. 1909 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ.

Хидирти Махмуд. Куста æма цардæй Канади. 1910 анзи ибæл цудæй 25 анзи.

Хидирти Мурзабег Хъурмани фурт. Лескейнаг. 1910 анзи рафтудæй Канадæмæ. Райста шахтери дæсниадæ. Рамардæй 1955 анзи.

Хидирти Садулæ. 1913 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Цудæй ибæл 16 анзи.

Хидирти Сарæбий Налухъи фурт. 1885 анзи игурд. 1909 анзи куста Канади. Бийнонтæ ин нæма адтæй.

Хидирти Тазе Хацъай фурт. 1885 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи рафтудæй Канадæмæ. Райста гъæдкустгæнæги дæсниадæ. Цудæй ибæл 25 анзи. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ.

Хидирти Тæтæрхъан Хъурмани фурт. 1885 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи 15 лæгей хæццæ рафтудæй Цæгат Америкæмæ кустагор. Райста шахтери дæсниадæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ.

Хидирти Цæппо. Лескейнаг. 1909-1915 æнзти куста Цæгат Америки. Райста фæндæгтæ аразæг мастери дæсниадæ.

Хоранти Афай Хъасболати фурт. 1890 анзи игурд. Лескейнаг. 1910 анзи куста Цæгат Америки. Адтæй АЕШ-и Коммунистон партий активондæр архайгутæй еу. 1921 анзи æрбаздахтæй Иристонмæ. Фæммард æй 1937 анзи.

Хоранти Дафа. Донифарси зилдæй. 1910-1921 æнзти куста Цæгат Америки.

Хоранти Хъанцау Мæхæмæти фурт. 1883 анзи игурд. Лескейнаг. Куста Канади. Цудæй ибæл уæд 27 анзи.

Хоранти Саухал Мæхæмæти фурт. 1881 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи куста Канади. Цудæй ибæл 30 анзи.

Хоранти Сафар Хъасболати фурт. Лескейнаг. 1879 анзи игурд. Куста Канади. Фæстæмæ æрбаздахтæй Лескенмæ.

Хоранти Табе. Куста Канади.

Хоранти Темболат Хъасболати фурт. 1876 анзи игурд. Лескейнаг. Цудæй ибæл 33 анзи, Канадæмæ ку бафтудæй, уæд.

Хортити Саукуй Гуймани фурт. 1884 анзи игурд. 1908 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ.

Хортити Налухъ Нæуæги фурт. Стур-Дигори приходæй. 1910 анзи куста Цæгат Америки.

Хортити Тубу Бзий фурт. Стур-Дигори приходæй. 1908-1921 æнзти куста Цæгат Америки. Фæммард æй Фидибæсти Устур тугъди 1945 анзи.

Хосироти Абдурахман. Задæлескаг. 1909 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хосироти Александр. Задæлескаг. 1910 анзи куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ.

Хосироти Батæр. Задæлескаг. 1910 анзи рафтудæй кустагор Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй.

Хосироти Бибо. 1873 анзи игурд. 1913 анзи куста АЕШ-и. Фæстæдæр раййивта Канадæмæ.

Хосироти Дзела. Задæлескаг. 1910 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ кустагор. Цардæй г. Сиэтли, штат Вашингтони. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Хосироти Николай. 1891 анзи игурд. 1916 анзи куста АЕШ-и.

Хосироти Иван. 1889 анзи игурд. 1916 анзи куста Канади.

Хосироти Темболат Мартъий фурт. 1879 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Хохти Мæхæмæт. Синдзигъæугкаг. 1913-1921 æнзти куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй хъæрæуæй. Цардæй æ райгурæн гъæуи.

Хохойти Абисал. Уорсдойнаг. 1912 анзи куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ æма цардæй г. Орджоникидзей.

Хохойти Сандир Хъубадий фурт. 1886 анзи игурд. Хæнæзон. 1913 анзи куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хохойти Басил Алексей фурт. Хæнæзон. 1910 анзи куста æма цардæй г. Фресной, штат Калифорни. АЕШ-æй фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Хохойти Бекмурза Мæрзабеги фурт. 1893 анзи игурд. 1913 анзи рафтудæй кустагор Америкæмæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хохойти Бола. Хæнæзон. 1913 анзи цардæй æма куста г. Фресной, штат Калифорни. Цæргæ байзадæй уоми.

Хохойти Хæтæхчихъо (Гадагко). 1872 анзи игурд. Хæнæзон. 1914 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Хохойти Гæлæу Тебой фурт. 1890 анзи игурд. Хæнæзон. 1913 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ исæздахтæй Иристонмæ.

Хохойти Гургъохъ. Хæнæзон. 1913 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй.

Хохойти Амурхан Мæхæмæти фурт. Хæнæзон. 1888 анзи игурд. 1913 анзи куста Америки, уæдта æрбаздахтæй фæстæмæ.

Хоцаонти Абисал. Лескейнаг. 1911 анзи куста Америки. Адтæй АЕШ-и Коммунистон партий активон иуонг. 1921 анзи æрбаздахтæй фæстæмæ. Райста фæндæгтæ аразæг мастери дæсниадæ.

Хромати Данел. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи кустагор рафтудæй Америкæмæ æма фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Худæлти Илас Абисали фурт. 1885 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1909 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ кустагор. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Худæлти Каца. Фæрæскъæттаг. 1909 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй.

Худæлти Тазе Абисали фурт. 1880 анзи игурд. Фæрæскъæттаг. 1909 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Хутъиати Аслæмбек Мæрзабеги фурт. 1881 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1911 анзи куста Канади.

Хутъиати Созур Сарæбийи фурт. 1876 анзи игурд. Мæхчески приходæй. Бийнонтæ ин нæма адтæй. Зæнхкосæг. 1916 анзи куста Канади. Мæхчески ин цардæй æ мадæ Киабæ, адтæй ин æнсувæртæ: Тотурбег, Садуллæ, Турмец, Майрæн, Слангерий æма хуæрæ Козре. Цардæнцæ етæ дæр уоми.

Хутъиати Тотурбег. Мæхчески приходæй. 1910 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Цардæй Канади, уæдта цалдæр анзей фæсте ба æрбаздахтæй фæстæмæ.

Цæукъилти Афæхъо Гæбудий фурт. 1890 анзи игурд. Куста Цæгат Америки, фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Рамардæй 1943 анзи, æвæрд æй г. Сиэтли.

Цагъати Гугъо Абисали фурт. Задæлескаг. 1907 анзи къуари хæццæ куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æма цардæй г. Алагири.

Цагъати Данел. Задæлескаг. 1912 анзи куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ.

Цагъати Хъургъохъ. 1888 анзи игурд. Задæлескаг. 1909 анзи куста Канади.

Цагъати Урбан. 1897 анзи игурд. 1914 анзи куста Кана-ди.

Цæголти Гена. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи рафтудæй Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Цæголти Дзахо. XX-аг æноси райдайæнти рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Æвæрд æй г. Сиэтли.

Цæголти Микъала. Кристонгъæугкаг. Куста æма цардæй г. Сакраментой, штат Калифорни. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Цæголти Федр Гаврили фурт. 1890 анзи игурд. Кристонгъæугкаг. Æдтæй ин бийнонтæ. Куста Канади.

Цакъоти Александр Хазбийи фурт. 1890 анзи игурд. Мæхчески приходæй. 1911 анзи куста Канади.

Цакъоти Александр Гуймани фурт. 1891 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Цакъоти Алексей. 1888 анзи игурд. 1915 анзи куста АЕШ-и.

Цакъоти Басил. 1886 анзи игурд. 1912 анзи куста Канади.

Цакъоти Басилок. 1873 анзи игурд. 1910 анзи куста Канади.

Цакъоти Даукуй. 1914 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Цакъоти Дигорухъ. Куста Канади 1911 анзи. Уæд ибæл цудæй 49 анзи.

Цакъоти Хъарæбий. Куста Канади.

Цакъоти Хъургъохъ Губадий фурт. Уæхъæццаг. Адтæй ин бийнонтæ. Куста Канади. Уæхъæци ин адтæй æнсувæр Тæтæрхъан. Архайдта ССР Цæдеси уæлдæфон флот райрæзун кæнуни кусти.

Цакъоти Мисост. Уæхъæццаг. 1912 анзи кустагор рафтудæй Америкæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй АЕШ-и г. Сиэтли. Рамардæй 1965 анзи.

Цакъоти Михел Басай фурт. Уæхъæццаг. ХХ-аг æноси райдайæни куста Америки. Æрбаздахтæй фæстæмæ Иристонмæ.

Цакъоти Налухъ Хазбийи фурт. Уæхъæццаг. 1912 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æма цардæй Дур-Дури.

Цакъоти Нæуæг Сланбеги фурт. Мæхчески приходæй. 1914-1929 æнзти куста Цæгат Америки, уæдта æрбаздахтæй фæстæмæ.

Цакъоти Николай Степани фурт. Дзæрæстейаг. 1910 анзи куста Цæгат Америки.

Цакъоти Сабазгерий Басай фурт. Уæхъæццаг. Куста Америки. Фæстæмæ исæздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Цакъоти Сандир Туйгъани фурт. 1880 анзи игурд. Уæхъæццаг. Америкæмæ рафтудæй 1912 анзи. Уоми бийнойнагæн æрхудта норвегиаг кизгæ æма ин исæнтæстæй дуурæ кизги æма биццеу. Рамардæй 1971 анзи, æвæрд æй АЕШ-и.

Цакъоти Трофим. 1885 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Цакъоти Хадзимæт. Уæхъæццаг. 1912 анзи рафтудæй АЕШ-мæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй г. Сиэтли, штат Вашингтон.

Цакъоти Хари. 1872 анзи игурд. Куста Канади. Уæд ибæл цудæй 42 анзи.

Цакъоти Хъæрæсе. Куста Канади г. Ванкувери.

Цалити Амурхан Бисай фурт. 1893 анзи игурд. Дур-Дуйраг. 1914 анзи куста Канади. Куста æфсæнвæндæгтæ аразæн кустади. Фиццаг Дуйнеон тугъд ку райдæдта, уæд АЕШ-и зæкъонмæ гæсгæ иммигранттæ дæр хаудтæнцæ, тугъдмæ ке æрвистонцæ, уони номхигъдмæ, æма Амурхан дæр æрвист æрцудæй Французаг æфсæдтон лагермæ ахуртæмæ. 1921 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй Дур-Дурмæ.

Цалити Хаджеумар. 1899 анзи игурд. Куста Канади 1914 анзи. Лескейнаг.

Цæлкости Алимурзæ. Къаматтаг. 1916 анзи рафтудæй цалдæр дигорон лæхъуæней хæццæ Цæгат Америкæмæ. Уонæй еу адтæй Диготи Урусбий Дзæрдæги фурт дæр. Кустонцæ Канади.

Цæлкости Цъах. XX-аг æноси райдайæни куста Цæгат Америки. Фæцæй си цалдæр анзи, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Цæллати Гена. Хæнæзон. 1913 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæцæй си цалдæр анзи, уæдта æрбаздахтæй Иристонмæ.

Цæллати Илас Огъулли фурт. 1879 анзи игурд. Хæнæзон. 1911 анзи куста Канади.

Цæллати Хъаурбег Гъулли фурт. 1878 анзи игурд. 1915 анзи куста Канади.

Цæллати Мали Бимболати фурт. 1870 анзи игурд. Хæнæзон. 1912 анзи куста Америки. Фæстæдæр æрбаздахтæй Иристонмæ.

Цæллати Николай. Хæнæзон, 1912 анзи куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ.

Цæллати Тазе. 1913 анзи куста Америки. Фæстæдæр æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Цæллати Хангерий. Хæнæзон. 1912 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ кустагор. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Цæмæхъати Дабан. Хъабантигъæугкаг. 1912 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æртæ анзей фæсте.

Цæмæхъати Дубала. 1911 анзи куста Канади.

Цæмæхъати Елхъан Алибеги фурт. 1882 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Цæмæхъати Хъансау. Хъабантигъæугкаг. 1912 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй æртæ анзей фæсте.

Цæмæхъати Муса. Лескейнаг. 1909-1914 æнзти куста Цæгат Америки, уæдта æрбаздахтæй фæстæмæ.

Цæмæхъати Огъуллæ Айтеги фурт. 1870 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи куста Цæгат Америки.

Цæмæхъати Хацъа. 1876 анзи игурд. Лескейнаг. 1909 анзи рафтудæй кустагор Цæгат Америкæмæ.

Цæрæкти Æфсадæг. Гæлиати приходæй. 1895-1925 æнзти куста Цæгат Америки.

Цæрæкти Иван. Дунти гъæугкаг. 1912 анзи куста г. Парадиси, штат Калифорни. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Æвæрд æй АЕШ-и. Æнхус кодта ССР Цæдеси уæлдæфон флоти райрæзтæн.

Цæрæкти Бекир Бердий фурт. 1883 анзи игурд. Дунти гъæуи цæрæг. 1912-1914 æнзти куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ æма цардæй г. Алагири. Æвæрд дæр уоми æй.

Цæрæкти Ефим. Гæлиати приходæй. 1895-1925 æнзти куста г. Вермонти.

Цæрæкти Кудзи Хазбийи фурт. 1883 анзи игурд. Дунти гъæугкаг. Адтæй ин бийнонтæ, æ бийнойнаг – Фатимæ, кизгæ Лизæ. 1910 анзи рафтудæй Канадæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Рамардæй АЕШ-и 1954 анзи.

Цæрæкти Пъер. Дунти гъæугкаг. 1912 анзи рафтудæй кустагор Цæгат Америкæмæ.

Цæрæкти Сергей. Дунти гъæугкаг. 1912 анзи куста Америки.

Цæрæкти Хамбий Урусбийи фурт. 1881 анзи игурд. Дунти гъæугкаг. 1912-1914 æнзти куста Америки, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй.

Цæрæкти Харитъон Хъайтухъи фурт. 1882 анзи игурд. Синдзигъæугкаг. 1913 анзи куста Америки.

Цæрæкти Цæрай Хъайтухъи фурт. 1873 анзи игурд. Дунти гъæугкаг. 1912 анзи куста Цæгат Америки.

Цæрикъати Беслæн. Чиколайаг. 1910-1920 æнзти куста Америки.

Цæрикъати Иса Тæтæги фурт. Чиколайаг. 28 анздзуд. Куста Канади 1913 анзи.

Цæрикъати Сулейман Хадой фурт. Чиколайаг. 1914-1917 æнзти куста Америки, уæдта æрбаздахтæй фæстæмæ.

Цæрикъати Темир-Болат Хамбийи фурт. Чиколайаг. 1910-1914 æнзти куста Америки.

Цъебойти Бутæ. Лескейнаг. 1910 анзи куста Америки. 1914 анзи æрбаздахтæй фæстæмæ Лескенмæ.

Цъебойти Дзахо. Киристонгъæугкаг. 1911 анзи куста Америки. Уæд ибæл цудæй 21 анзи.

Цъебойти Дзуцу. Лескейнаг. 1909-1913 æнзти куста Цæгат Америки. Райста гъæдкустгæнæги дæсниадæ.

Цъебойти Дирис. Лескейнаг. 1909-1921 æнзти куста Америки. Райста шофери дæсниадæ.

Цъебойти Геуæрги. Киристонгъæугкаг. 1911 анзи куста Америки.

Цъебойти Замæдин. Лескейнаг. 1909-1913 æнзти куста Америки. Фæстæмæ æрбаздахтæй Лескенмæ.

Цъебойти Хъæрæсе. Лескейнаг. 1909-1913 æнзти куста Америки.

Цъебойти Самæза. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи куста Америки. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй.

Цъебойти Тазæрет Кудзигой фурт. 1879 анзи игурд. 1910 анзи куста Америки.

Цъебойти Тито. 1910 анзи куста Америки æма уоми цæргæ байзадæй.

Цъебойти Цела. Киристонгъæугкаг. 1910 анзи куста Америки.

Цохъти Бирихин Хъасболати фурт. Мæхчески приходæй. 1910 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Куста æма цардæй АЕШ-и.

Цохъти Геуæрги. 1881 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Цохъти Лескен. Лескейнаг. 1910 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Адтæй АЕШ-и Коммунистон партий иуонг. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Рамардæй АЕШ-и 1965 анзи г. Портленти. Æ адзали размæ ниффæдзахста, цæмæй ин æ фæсмæрдæ æ мард Иристонмæ æрбаласонцæ æма ’й Октябригъæуи уæлмæрдтæбæл исæмбæлун кæнонцæ. Нигки ба ма ин бантæстæй, ци æхцатæ фембурд кодта цæрæнбонти, уони ардæмæ æрбарветун æма сæ æ муггагбæл байуарун. Æхецæн бийнонтæ н’ адтæй. Еци æхцатæй Цохътæ балхæдтонцæ дæс рæуæг хуæдтолгей бæрцæ.

Цохъти Налухъ. 1889 анзи игурд. 1917 анзи куста Канади.

Цохъти Налухъ Афæхъой фурт. 1888 анзи игурд. Пусулмонгъæугкаг. Бийнонтæ ин нæма адтæй. 1916 анзи куста Канади, фæстæдæр ба Америки. Æ райгурæн гъæуи ма ин байзадæнцæ: фидæ, мадæ – Фæрдæ, æнсувæртæ: Гæлæу, Алихан, Амурхан, хуæрæ Хулимæт.

Цохъти Рамазан. Гæлиати приходæй. 1912 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми бийнонти гъуддаг бакодта. Адтæй ин æртæ сувæллони. Фæстæмæ Иристонмæ нæбал æрбаздахтæй.

Цохъти Саулох. 1912 анзи куста Америки.

Цохъти Хадзимæт Сламæрзай фурт. Мæхчески приходæй. 1910 анзи куста Цæгат Америки. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Цардæй г. Сиэтли.

Цопанти Андрей. Къæмунти гъæугкаг. 1910 анзи куста Цæгат Америки. Адтæй АЕШ-и Коммунистон партий иуонг. 1914 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Цопанти Дирис Нæуæги фурт. Стур-Дигори приходæй. Бийнонтæ ин нæма адтæй. Æфсæдтон служби лæуд адтæй 1908 анзæй фæстæмæ. 1913 анзи куста Канади. Адтæй ин æнсувæр Гæвдий æма хуæрæ Киабæ.

Цопанти Иван Михели фурт. 1879 анзи игурд. Къæмунти гъæугкаг. 1910-1914 цардæй æма куста Цæгат Америки.

Цопанти Павел Михали фурт. 1883 анзи игурд. Къæмунти гъæугкаг. 1910-1914 æнзти куста Цæгат Америки.

Цопанти Фидар. Къæмунти гъæугкаг. 1910-1914 æнзти куста Америки, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Цъопбойти Геуæрги Хæритъой фурт. 1882 анзи игурд. Уорсдойнаг. Бийнонтæ ин нæма адтæй. 1910 азни рафтудæй Канадæмæ. Цæргæ байзадæй г. Фресной. 1928 азни æнхус кодта ССР цæдеси уæлдæфон флот райрæзун кæнуни змæлдæн.

Цъопбойти Дигорухъ Гаппой фурт. 1890 анзи игурд. Хæнæзон. 1910 анзи куста Америки, уæдта æрбаздахтæй фæстæмæ æ райгурæн бæстæмæ.

Цъопбойти Хъубади Гаппой фурт. Хæнæзон. 1916 анзи куста Канади.

Цъопбойти Мæхæмæт Бæппийи фурт. 1886 анзи игурд. 1911 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми цæргæй байзадæй. Цардæй г. Фресной, штат Калифорни. Рамардæй 1970 анзи. Æвæрд æй АЕШ-и.

Цъопбойти Николай Хуасдзауи фурт. Хæнæзон. 1871 анзи игурд. 1914 анзи куста АЕШ-и.

Цъопбойти Сафар. Киристонгъæугкаг. 1909 анзи кустагор рафтудæй Канадæмæ.

Цорити Берди. Пусулмонгъæугкаг. 1910 анзи куста Цæгат Америки.

Цорити Данел Науæги фурт. 1884 анзи игурд. 1912 анзи куста Канади.

Цорити Гена. 1889 анзи игурд. 1914 анзи куста Канади.

Цорити Сослæмбег Ехйай фурт. 1883 анзи игурд. Чиколайаг. 1910 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Цориони Бæтæрбег. Лескейнаг. 1910 анзи куста Цæгат Америки. 1913 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Райста гъæдкустгæнæги дæсниадæ.

Цориони Хъæмбол. Лескейнаг. 1909-1912 æнзти куста Цæгат Америки.

Цориони Мимболат. Лескейнаг. 1909 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. 1912 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ. Райста шахтери дæсниадæ.

Цориони Темболат. Лескейнаг. 1910 анзи рандæ ’й Цæгат Америкæмæ кустагор.

Цъугкити Алексей. 1891 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Цъугкити Николай Хъудайнати фурт. 1886 анзи игурд. 1913 анзи кустагор рафтудæй Канадæмæ.

Цъугкити Хамбий Гудай фурт. 1877 анзи игурд. 1913 анзи куста Канади.

Чегати Губади Гадзой фурт. 1884 анзи игурд. Къуссуйаг. 1910-1913 æнзти куста Цæгат Америки.

Чегати Майли Гадзой фурт. 1877 анзи игурд. Къуссуйаг. 1910-1913 æнзти куста Цæгат Америки.

Чегати Паца. Къуссуйаг. 1911-1913 æнзти куста Цæгат Америки, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй. Рамардæй 1970 анзи.

Чегати Дзандар Бадей фурт. 1880 анзи игурд. Къуссуйаг. 1911 ази рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми байзадæй.

Чекойти Александр. 1896 анзи игурд. 1914 анзи куста Цæгат Америки.

Чекойти Алихан. XX-аг æноси райдайæнти рафтудæй Америкæмæ. Куста г. Сан-Франциской полиций.

Чекойти Гузур. Гæлиати приходæй. 1912-1922 æнзти куста Америки.

Чекойти Матвей. 1910 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ.

Чекойти Муха Дзамболати фурт. Донифарси приходæй. 1911 анзи рафтудæй Цæгат Америкæмæ.

Чихауити Барис. Киристонгъæугкаг. 1897 анзи игурд. 1910 анзи куста Канади.

Чихтисти Алексей Басяти фурт. Стур-Дигойраг. 1897 анзи игурд. Бийнонтæ ин нæма адтæй. 1913 анзæй фæстæмæ куста Канади.

Чихтисти Андрей. Киристонгъæугкаг. 1911 анзи куста Цæгат Америки æма уоми байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Чихтисти Басят Музухъи фурт. 1865 анзи игурд. Стур-Дигойраг. 1914 анзи куста Канади. Иристони ин байзадæй бийнонтæ. Æ цардæмбал – Хуре, фурт Алексей, кизгуттæ: Гуарæ, Оля, Милидкæ.

Чихтисти Елхъан. Цардæй æма куста Канади.

Чихтисти Налухъ Гуатдзий фурт. 1882 анзи игурд. Кристонгъæугкаг. 1911 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ.

Шехинати Сарæбий. Уорсдойнаг. 1912 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми байзадæй. Æвæрд æй АЕШ-и.

Икъати Александр. ХХ-аг æноси райдайæни кустагор рафтудæй Америкæмæ. Цардæй æма куста Канади.

Икъати Аслæмурзæ. 1912 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ æ райгурæн бæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Фæстæмæ ’здахтæй 1921 анзи Японибæл, фал фæссæйгæ ’й æма фæндагбæл рамардæй. Æвæрд æрцудæй Японий. 1997 анзи 14-аг ноябри газзет «Рæстдзинад»-и мухургонд æрцудæй æ марди бони хузæ. Уоми берæ адтæй е ’мбæстæгтæй.

Икъати Дагко. ХХ-аг æноси райдайæни кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæккуста си цалдæр анзи, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Икъати Джим. 1912 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ нæбал æрбаздахтæй. Рамардæй АЕШ-и г. Сиэтли.

Икъати Евгений Слангерий фурт. Мæхчески приходæй. 1914 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ.

Икъати Знаур. 1912 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. 1919 анзи г. Сиэтли бацудæй АЕШ-и Компартий рæнгъитæмæ. Фæстæдæр æ цæрæнбунат раййивта Канадæмæ. 1922 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй Иристонмæ. Америки райста хуæнхаг десятники дæсниадæ. Нæхемæ куста завод «Электроцинк»-и директори æнхусгæнæгæй.

Икъати Ислам. 1912 анзи рафтудæй кустагор Цæгат Америкæмæ. 1922 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Фæммард æй 1937 анзи.

Икъати Кирилл. 1912 анзи кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ æма уоми цæргæ байзадæй г. Сиэтли.

Икъати Кудзи. ХХ-аг æноси райдайæни кустагор рафтудæй Цæгат Америкæмæ. Фæцæй си цалдæр анзи, уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй.

Икъати Лади Василий фурт. 1912 анзи куста Цæгат Америки. 1914 анзи фæстæмæ æрбаздахтæй æ райгурæн бæстæмæ. Фесавдæй 1937 анзи.

Икъати Хаджимæт. Уорсдойнаг. 1910 анзи куста Цæгат Америки.

Икъати Чермен. Гæлиати гъæугкаг. Куста æма цардæй Канади. Уæд ин бийнонтæ нæма адтæй.

Икъати Хакъиассæ. 1906–1912 æнзти куста Цæгат Америки. Райста шахтери дæсниадæ.

Икъати Хангерий. 1912 анзи куста Америки. Фæстæмæ 1921 анзи, сæхемæ здæхгæй, фæссæйгæ ’й æма рамардæй. Æвæрд æй Японий.

КÆРОНБÆТТÆН

Иристонæй æндæр бæститæмæ кустагор ка рафтуидæ, уони биографион бæрæггæнæнтæ бæлвурд кæнгæй, æрцудан уæхæн хатдзæгтæмæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй се ’гас мæгур æма æнахургонд н’ адтæнцæ. Се ’хсæн адтæй, аллихузон ахурадон уагдæнттæ каст ка фæцæй, уæхæн адæмтæ, зæгъæн, дини косгутæ, ахургæнгутæ. Сæ социалон уаварттæ дæр адтæнцæ фæйнæхузон – зæнхкосгутæ, горæти цæргутæ, уæздан муггагæй рацæугутæ.

Америкæмæ фæндаггаг хъæрттæй 200 сомемæ. Уой уæлæмхасæн ба ма гъæуама дæ хæццæ адтайдæ 100 соми, цæмæй Америки зæнхæмæ рахизтайсæ, уой тухxæн. Уомæ гæсгæ си беретæ банктæй райсиуонцæ æхца, кенæ ба сæ хеуонтæй.

Америкæмæ ка цæуидæ, етæ сæйрагдæр цудæнцæ наулæууæнтæ: Либавæ, Гамбург, Роттердам, Ливерпуль, Глазго, Триест, Пирей, Владивосток, Харбинбæлти.

Дзæуæгигъæуæй Владивостокмæ фæндаг хъæрттæй 20 суткемæ, уордигæй Америкæмæ ба ма 12 сутки. Цудæнцæ еугæйттæй, кенæ минкъий къуæрттæй. Сæ фулдæребæл цæуидæ, рæстæмбес нимадæй, 20-30 анзи. Сæ фулдæр адтæнцæ, æ хъаури ка бацæуидæ, уæхæн фæсевæд. Алли гъæуагæдзийнæдтæн дæр фæразон, зинтæбæл фæлтæрд.

Беретæ си кустагор цудæнцæ, цæмæй æруæд бафистайуонцæ. Уомæ гæсгæ ба сæ фулдæремæн æцæгæлон бæстити сæ æнæнездзийнадæ хъæбæр æрлæмæгъ уидæ, кæми ба сæ адзал дæр иссериуонцæ.

Сæ гæгъæдитæ син бацæттæ кæнунбæл кустонцæ сæрмагонд ахургонд лæгтæ. Етæ хуарз зудтонцæ фæсарæйнаг æвзæгутæ. Уони ихæс адтæй дигорæнттæ æма ирæнтти кустмæ амидин кæнун. Уæхæнттæ адтæнцæ: Карсанти Хъæвдун æма Габо, Хъарати Темирихъо, Гамахарти Нæуæг. Уидæ уæхæнттæ дæр æма сæмæ нæ уидæ гъæугæ гæгъæдитæ, фал уотемæй æнæ закъонæй бахезиуонцæ арæнтæбæл.

1909 анзи 3-11 июли газет «Хабар» финста: «Америкæгти деси æфтаунцæ ирон-дигорон фæсевæд сæ уæледарæсæй». Фал хуæрзцубур рæстæгмæ еци фæсевæд сæ цохъатæ америкаг уæледарæсæй раййевиуонцæ.

Еци рæстæг, нæуæг уавæрти цæргæй, нæ адæни минæвæрттæ некæд иронх кодтонцæ се ’гъдæуттæ. Иристонæй идарди уогæй, алкæддæр балæууиуонцæ кæрæдзей фарсмæ батухсти сахатти. Иристонæй нæуæг æрбацæуæг лæхъуæнтæн æнхус кодтонцæ куст иссерунмæ, аразтонцæ, æрмæстдæр дигорæнттæй æма ирæнттæй ка адтæй, уæхæн хецæн косæг къуæрттæ.

Зæгъæн, г. Ванкувери гæгъæдиаразæн фабрики куста цалдæр мин адæймаги, уонæй ба 200 адтæнцæ дигорæнттæ æма ирæнттæ. Кустонцæ хецæн бригæдтæй, – алкæми дæр си уидæ 25-30 адæймаги. Цæргæ дæр кодтонцæ хецæн къуæрттæй. Зæгъæн, г. Сиэтли æнæгъæнæ квартали цардæнцæ æрмæстдæр нæхеуæнттæ. Ес син сæхе хуæрæндæнттæ, сæхе ниуазæндæнттæ.

Идард бæсти дæр нæхеуæнттæмæ хъæрттæй тог есуни цитæ. Зæгъæн, цъæййаг Мæрзойти Циппу Америки бафедаун кодта, дæргъвæтийнæ рæстæг тоггинтæбæл нимад ка адтæй, уæхæн дууæ адæймагей.

Тауитти Дзæмбег куд финста, уотемæй, æцæгæлон бæсти ци дигорæнттæ-ирæнттæ цæруй, етæ сæ кæрæдзей хуарз фæсмæрунцæ, арæх фембæлунцæ еумæ. Еске си ку фæззиан уй, уæд сæхемæ райсунцæ æгъдау, уомæн æма еунæги бон нæ фæууй зиани хæрзтæ бафедун. Уогæ

си мæлгæ ба беретæ ракæнидæ незтæй, фургустæй, уæззау уавæрти косгæй. Фæстæмæ Иристонмæ сæ фулдæр хай здахтæнцæ Японибæл, Корейæбæл, уомæн æма уæд Уæрæсей цудæй революци. Беретæ си сæ хæццæ æрбаласиуонцæ гъæууонхæдзарадон техникæ: трактортæ, итауæнтæ, мæнæугæрдæнтæ, куройни хæйттæ, хуари хуæрзмуггæгтæ æма сæ уой фæсте итудтонцæ ами нæхемæ.

Æцæгæлон бæстæмæ ка рафтудæй, уонæй беретæ фæстæмæ нæбал æрбаздахтæнцæ, фал уомити цæргæ байзадæнцæ. 1934 анзи Аляски уруссаг къамиси иуæнгтæ исæмбалдæнцæ дигорæнттæ-ирæнтти æнæгъæнæ колоннæбæл. Етæ кустонцæ сугъзæрийнæ къахæнти. Беретæ си уоми сæхецæн скодтонцæ бийнонтæ, беретæ ба фæстæмæ æрбаздæхун æнгъæлдзауæй æнæ уоститæй байзадæнцæ. Фал уæддæр сæхе æгъдæуттæ ба некæд иронх кодтонцæ.

Уогæ си, Октябри революций фæсте фæстæмæ ка æрбаздахтæй, етæ дæр берæ зинæвзарæнти бахаудтæнцæ. Революций фæсте æхцай уæзæ дæлæмæ æрхаудтæй. Цудæй Граждайнаг тугъд, фæстæдæр ба коллективизаци, беретæ цудæнцæ кулакгонд.

Раздæри эмигранттæ ахæст æрцудæнцæ 30-аг æнзти æма сæ царди бонтæ æрвистонцæ лагерти. Уоми, Америки ка байзадæй, уонæй ба 60-аг æнзти еуæй-еуетæн бантæстæй сæ райгурæн бæстæ фæууинун, куд туристтæ, уотæ.

Гъе, уæхæн хъисмæт æрхаудтæй Иристони фæсевæдмæ XX-аг æноси райдайæнти.